Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# TARIYXTAN GU'RRIN'LER

*Uluwma worta bilim beriw mekteplerinin'*
*5-klasi' ushi'n sabaqli'q*

*Wo'zbekshe yekinshi basi'li'mi'na sa'ykes*
*qaraqalpaqsha basi'li'm*

*O'zbekistan Respublikasi' Xali'q bilimlendiriw*
*ministrligi ta'repinen tasti'yi'qlang'an*

**Sholpan ati'ndag'i' baspa-poligrafiyali'q do'retiwshilik u'yi**
**Tashkent – 2015**

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

UO‘K: 372.893=512.121(075)
KBK 63.3(5O‘zb-6Kar)ya72
J 96

**Avtorlar:**

**U. Jurayev, Q. Usmonov, A. Nurqulov, G. Jurayeva**

*Sabaqli'qti'n' metodikali'q quri'lmasi'* ***G. Jurayeva*** *ta'repinen islengen.*

**Juwapli' redaktorlar:**

***O. Mawlenov*** *— Avlani'y ati'ndag'i' XTXQTMOMI tariyx kafedrasi' professori', tariyx ilimlerinin' doktori'.*

**Pikir bildiriwshiler:**

***A. Hazratqulov*** *— tariyx ilimlerinin' doktori';*
***Sh. Ergashev*** *— Tariyx ilimlerinin' kandidati';*
***A. Xidirov*** *— O'zbekistan Milliy universiteti O'zbekistan tariyxi' kafedrasi'ni'n' u'lken woqi'ti'wshi'si'.*

**Sha'rtli belgiler**

**Wo'zin'izdi si'nan'.**

**Teksti woqi'p, tu'sinip u'yrenin'.**

***Tekstte ushi'rasatug'i'n tariyxi'y shaxslar, wori'nlar ha'm atamalardi' bilip ali'n'.***

***Tema boyi'nsha ali'ng'an bilimlerdi si'nap ko'riw ushi'm sorawlar.***

**«Respublikali'q maqsetli kitap qori' qa'rejetleri yesabi'nan basi'p shi'g'ari'ldi'».**

© U. Jurayev ha'm basqa., 2015
© Sholpan ati'ndag'i' BPDU', 2015

ISBN 978-9943-05-739-5

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



## KIRISIW: TARIYXI'Y WO'TMISHSIZ KELESHEK JOQ

**Watan ta'riypi:** Watan! Bul so'zdin' to'rkininde bir du'nya mag'ana jati'r. Watan — a'ziz ha'm muqa'ddes jurt.

**Yeste saqlan'!**

«Watan» — arabsha so'z boli'p, ana jurt degen ma'nini an'latadi'.

Watan — biz tuwi'lg'an ma'kan. Kindik qani'mi'z tamg'an topi'raq. Watan — bul alti'n besik. Ata-anami'z, tuwi'sqanlari'mi'z ha'm doslari'mi'z benen birge jasap ati'rg'an jerimiz. Babalari'mi'zdi'n' izleri qalg'an jer.

Insanni'n' qa'lbi, arzi'w-u'mitleri, quwani'shlari' ha'm keleshegi Watan menen ti'g'i'z baylani'sli'. Watan — jasap ati'rg'an qalan'i'z ha'm awi'li'n'i'z.

Muqa'ddes «Watan» so'zi qa'dirdan «ana» so'zi menen ten'dey turadi'. Sebebi, ha'rbir adamni'n' anasi' bir adam bolg'ani'nday, Watani' da birew.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Siz kinofilmlerde ha’r tu’rli sebepler menen uzaq mu’ddet shet yellerde boli’p, wo’z Watani’na qaytqan adamlardi’n’ samolyottan yaki poyezddan tu’sken waqi’tlari’nda dize bu’gip ana Watani’ni’n’ topi’rag’i’n su’yip ha’m ko’zlerine su’rtkenin ko’rgensiz. Bul ko’rinis wolardi’n’ Watang’a bolg’an muhabbati’ni’n’, Watanni’n’ ta’jim yetip si’yi’natug’i’n muqaddes yekenliginin’ ayqi’n u’lgisi boli’p tabi’ladi’.

**O’zbekistan — bizin’ Watani’mi’z.** O’zbekistan wo’tmishte Turan, Mawarawnnahr ha’m Tu’rkstan atlari’ menen atalg’an. Mi’n’ ji’llar dawami’nda ma’mleketimiz aymag’i’nda ha’r qi’yli’ dinler ha’m ma’deniyatlarg’a iye bolg’an insanlar ti’ni’sh-tati’w jasag’an. U’lkemiz wo’zinin’ go’zzal ta’biyati’, wo’nimdar topi’rag’i’, tawsi’lmaytug’i’n bayli’qlari’ menen ba’rhama ha’mmenin’ di’qqati’n tarti’p kelgen.

*Ten’i-tayi’ joq bul go’zzal bostan,*
*Da’stanlar tilinde gu’listan,*
*O’zbekistan dep wol atalar,*
*Woni’ su’yip ha’mme tilge alar.*

*(H. Alimjan)*

Ha’tte Watani’mi’zdi’ basi’p alg’anlar da xalqi’mi’z jaratqan bay ma’deniyati’na ta’n bergen. Mine usi’ jerde ko’p a’sirler dawami’nda ja’ha’n ma’deniyatlari’ bir-birin bayi’tqan.

Watani’mi’z u’sh mi’n’ ji’lg’a shamalas tariyxqa iye. Bul da’wirlerde ma’mleketimizden du’nya ju’zi iliminin’ rawajlani’wi’na biybaha u’les qosqan ulli’ ilimpazlar, ali’mlar jetisip shi’qti’. Siz woqi’wshi’lar bolsa Watani’mi’z O’zbekistanni’n’ keleshegisiz. O’zbekistan du’nyani’n’ aldi’ng’i’ ma’mleketlerinin’ biri boli’wg’a umti’lmaqta.

Bul ulli’ maqsetlerdin’ a’melge asi’wi’nda Watani’mi’z Sizge ha’mme ha’wes yetkendey perzent boli’p jetilisiwin’izge isenim menen qaraydi’.

**«Tariyxi’y wo’tmishsiz keleshek joq».** Du’nya ju’zindegi basqi’nshi’ ku’shler qaysi’ bir xali’qti’ wo’zine bag’i’ndi’rmaqshi’,



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

boysi'ndi'rmaqshi' bolsa, da'slep woni'n' u'lken bayli'g'i' milliy qa'diriyatlari', tariyxi' ha'm ruwxi'y bayli'g'i'nan ayi'ri'wg'a uri'nadi'. Jurtbasshi'mi'z Islam Karimov wo'zinin' «Joqari' ma'nawiyat — jen'ilmes ku'sh» kitabi'nda, «Wo'z tariyxi'n bilmeytug'i'n, keshegi ku'nin umi'tqan millettin' keleshegi joq» dep biykarg'a aytpag'an. Prezidentimiz Islam Karimov ta'repinen ayti'lg'an bul hikmetli so'zler Sizdi Watani'mi'zdi'n' tariyxi'n teren' u'yreniwge bag'darlaydi'. Watani'mi'zdi'n' wo'tmishi ulli', woni'n' keleshegi de ulli'. Wo'tmishtegi ulli'li'q nelerden ibarat yekenligin ha'm keleshektegi ulli'li'q joli'nda qanday quri'li's jumi'slari' a'melge asi'ri'li'p ati'rg'anli'g'i'n tariyx pa'nin basqi'shpa-basqi'sh u'yreniw arqali' bilip alasi'z.

**«Tariyxtan gu'rrin'ler» sabaqli'g'i' menen islesiw.** Qoli'n'i'zdag'i' sabaqli'q sizdi tariyxti'n' si'rli' a'lemine sayaxatqa jetekleydi. Siz temalardi' u'yreniwden aldi'n wolardi'n' bas atamasi'na itibar berip woqi'n'.

*«Yeste saqlan'»* dep tuwri' to'rtmu'yeshlik ishine jazi'lg'anlardi' yeslep qali'wg'a ha'reket yetin'.

*«Di'qqat penen woqi'n'»* tapsi'rmasi' Sizdi tuwri' to'rt mu'yeshlik ishindegi tekstti di'qqat penen woqi'wg'a bag'darlaydi'. Woqi'p shi'qqannan keyin woni'n' mazmuni' haqqi'nda pikir ju'rgizin'.

Sabaqli'qtag'i' *«Wo'zin'izdi si'nan'»* tapsi'rmasi' Sizin' sabaqta alg'an bilimin'izdi bekkemlewge xi'zmet yetedi.

Sabaqli'qtag'i' *«Wo'z betinshe jumi's»* ushi'n berilgen tapsi'rmasi'nan qanday maqset ko'zde tuti'lg'ani'na itibar berin'. Wol bilimin'izdin' aynasi' yekenligin umi'tpan'.

*«Atamalar mazmuni'n bilip ali'n'»* tapsi'rmasi' biykarg'a kirgizilmegen. Atamalardi' wo'z worni'nda qollani'w ushi'n wolardi'n' ma'nisin bilip ali'wi'n'i'z za'ru'r boladi'. Sizin' wa'ziypan'i'z atamalardi'n' ati'n ha'm mazmuni'n puqta bilip ali'w boli'p tabi'ladi'.

Sabaqli'qti'n' *«Soraw ha'm tapsi'rmalar»* bo'limi Sizdi kelesi sabaqqa tayarlani'wi'n'i'zg'a ja'rdem beredi.

Sabaqli'qti' abaylap uslan'. Sebebi, sizden keyin bul sabaqli'qtan u'kelerin'iz paydalanadi'. Bul Sizin' woqi'wshi'li'q wazi'ypan'i'zdi'n' biri yekenligin barqulla yeste saqlan'.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. *«Watan» tu'sinigin ta'riyplep berin'. Siz sabaqta berilgen tu'sinikke ja'ne nelerdi qosqan bolar yedin'iz?*
2. *«Tariyxi'y wo'tmishsiz keleshek joq» degen ibiratli' so'zdin' mazmuni' haqqi'nda nelerdi ayta alasi'z?*
3. *Watan haqqi'nda qanday qosi'qlardi' yadladi'n'i'z?*
4. *Mektebin'iz kitapxanasi'nan Watani'mi'zdi' du'nyag'a tani'tqan ulli' tulg'alar, watandi' su'yiwshi qaharmanlar haqqi'ndag'i' kitaplardan woqi'n' ha'm wolardi' ayti'p berin'?*

## WO'Z BETINSHE JUMI'S

U'yde ata-anan'i'zdan ispan jazi'wshi'si' Migel de Servantestin' to'mendegi so'zlerinin' ma'nisin tu'sindirip beriwin soran': «Tariyx — xi'zmetlerimizdin' g'a'ziynesi, wo'tmishimiz guwasi', bu'gingi ku'n ushi'n wo'rnek ha'm wa'siyat, keleshek ushi'n yeskertiwshi».



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



# I bap. TARIYX PA’NI NENI U’YRETEDI?

## 1-§. TARIYXI’Y DEREKLER

**Tariyx pa’ni haqqi’nda.** Tariyx wo’tmish haqqi’ndag’i’ pa’n.

**Yeste saqlan’!**

«Tariyx» arabsha so’z boli’p, «wo’tmish», «wo’tken waqi’yalar haqqi’nda gu’rrin’» degen ma’nini an’latadi’.

Tariyx adamlardi’n’ yen’ a’yyemgi zamanlardan bu’gingi ku’nge shekem basi’p wo’tken wo’mir joli’, bu’gingi turmi’sti’ qalay qurg’anli’g’i’ haqqi’nda mag’luwmat beredi. Tariyxti’ u’yreniw arqali’ adamlardi’n’ uzaq ha’m jaqi’n wo’tmishte ne menen shug’i’l-lang’anli’g’i’n, qalay jasag’anli’g’i’ ha’m de qanday tariyxi’y waqi’yalar ju’z bergenligin bilip alasi’z.

**Tariyxi’y derek**. Tariyx pa’ni tariyxi’y derekler tiykari’nda jarati’ladi’.

Xosh, tariyxi’y derek degennin’ wo’zi ne?

**Di’qqat penen woqi’n’!**

Tariyxi’y derek tariyxtan mag’luwmat beriwshi ha’mme tariyxi’y na’rseler ha’m jazi’p qaldi’ri’lg’an ha’r tu’rli hu’jjetler ha’m kitaplar boli’p tabi’ladi’.

Tariyxtani’wshi’ ilimpazlar wolardi’ teren’nen izertleydi ha’m tariyx pa’ni ushi’n za’ru’r mag’luwmatlar toplaydi’.

Tariyxi’y derekler, wo’z gezeginde bar zatlar ha’m jazi’p qal-di’ri’lg’an dereklerge bo’linedi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Tastan islengen miynet qurali'.



Diywalg'a sali'ng'an su'wret.



Tasqa aylang'an iz.



Xat jazi'lg'an sopol.




Su'wretlerdin' sha'rtli belgilerge aylani'wi'.

**Zatlay derekler**. A'yyemgi adamlardi'n' su'yek qaldi'qlari', wolar jasag'an ma'kan, turaq jaylardi'n', sonday-aq, qorg'an ha'm qalalar, su'wg'ari'w quri'lmalari'ni'n' u'y-ruwzi'ger buyi'mlari'ni'n' ha'm de tag'i'nshaqlar qaldi'qlari' basi'lg'an ten'geler, gerbler, mo'rler ha'm miynet qurallari' zatlay dereklerdi quraydi'.

Bunday dereklerdi arxeologlar ji'ynaydi'. Wolar wo'tmishte adamlar jasag'an dep shamalang'an ma'nzillerde qazi'w jumi'slari'n ali'p baradi'. Usi' usi'l menen materialli'q dereklerdi payda yetiwshi ha'r tu'rli zatlardi' tabadi'. Wolardi'n' jarati'lg'an waqti'n ha'm jasi'n ani'qlaydi'.

**Jazba derekler.** Jazba derekler tariyxi'y dereklerdin' a'hmiyetli ha'm tiykarg'i' tu'ri. Bunnan derlik bes mi'n' ji'l buri'n ayi'ri'm xali'qlar jazi'w ushi'n wo'z aldi'na belgiler jaratti'. Taslarg'a ha'm qatti' buyi'mlarg'a woyi'p tu'sirilgen jazi'wlar, haywan terisi, ag'ashti'n' qabi'g'i', keyinirek qag'azg'a jazi'lg'an jazi'wlar, ha'r tu'rli da'wirlerdegi qol jazbalar, kitaplar ha'm arxivlerde saqlani'p turg'an tariyxi'y hu'jjetler jazba derekler boli'p yesaplanadi'.

O'zbekistan tariyxi'na tiyisli yen' a'yyemgi jazba derek «Avesto» kitabi'. Wonda a'yyemgi tariyxi'mi'zg'a tiyisli qi'mbat bahali' mag'luwmatlar bar. A'yyemgi Xorezm sog'd, baktriya ha'm tu'rkiy



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

jazi'wlari'nda jazi'lg'an jazba derekler de Watani'mi'z tariyxi'n u'yreniwde u'lken a'hmiyetke iye. Sonday-aq, a'yyemgi Iran hu'kimdarli'g'i'ni'n' jazbalari', a'yyemgi Greciya, Rim ha'm Qi'tay ilimpazlari'ni'n' shi'g'armalari'nda da Watani'mi'z tariyxi'na baylani'sli' bahali' mag'luwmatlar jazi'p qaldi'ri'lg'an.

**Wo'zin'izdi si'nan'**

- Zatlay derek bul ... .
- Jazba derek bul... .

**Atamalardi'n' mazmuni'n bilip ali'n'**

**Arxiv** — yeski hu'jjetler, jazba yestelikler saqlanatug'i'n wori'n.[1]

**Tariyxi'y hu'jjet** — tariyxi'y waqi'ya ha'm ha'diyseler haqqi'nda gu'wali'q beriwshi arxivlerde saqlani'p turg'an jazi'wlar, su'wretler.[2]

**Soraw ha'm tapsi'rmalar**

1. *Tariyx pa'ni haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?*
2. *Tariyxi'y derekler degen ne ha'm wolar tariyx pa'ni ushi'n qanday a'hmiyetke iye?*
3. *Zatlay ha'm jazba dereklerdi sali'sti'ri'n'. Uqsasli'q ha'm ayi'rmashi'li'q ta'replerin ani'qlan'.*
4. *Watani'mi'zdi'n' a'yyemgi tariyxi' haqqi'nda jazi'p qaldi'ri'lg'an jazba derekler haqqi'nda ayti'p berin'.*

## 2-§. KALENDARLAR TARIYXI'NAN

**Kalendar tariyxi'.** «Kalendar» lati'nsha so'z boli'p, bizin' tilimizde «ha'r aydi'n' birinshi ku'ni» degen ma'nisti an'latadi'. Turmi'si'mi'zda bolsa kalendar waqi'tti' ku'nlerge, ha'ptelerge, aylarg'a ha'm ji'llarg'a bo'lip yesaplaw ushi'n qollani'ladi'. Kalendarda ji'l, ay ha'm ku'nlerdin' ati' jazi'p qoyi'ladi'.

**Di'qqat penen woqi'n'!**

Ji'l — Jerdin' Quyash a'tirapi'nda bir ma'rte aylani'p shi'g'i'w ushi'n ketetug'i'n waqi't wo'lshem birligi. Wog'an bola bir ji'l 365 ku'nge, ha'r to'rt ji'lda bolsa bir ma'rte 366 ku'nge ten' boli'p keledi.

[1] O'zbek tilining izohli lug'ati (keyingi wo'ri'nlarda: O'TIL). — T.: «ЎзМЭ». 2007. 1-tom. 102-bet .

[2] O'TIL. — T.: «ЎзМЭ». 2004. 5-tom. 556-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ha’zir du’nyani’n’ ko’p ma’mleketlerinde, sonday-aq, O’zbekistanda da paydalani’p ati’rg’an kalendar «Grigoriy kalendari’» dep ataladi’.



Yuliy Cezar.

**Kalendardi’n’ watani’**. Da’slepki kalendar a’yyemgi Mi’srda jarati’lg’an. Mi’srli’lar wo’zleri ushi’n tirishilik ha’m apatshi’li’q ma’selesi bolg’an Nil da’ryasi’ni’n’ qashan tasi’ytug’i’ni’n baqlag’an. Mi’srli’lar Nil da’ryasi’ni’n’ tasi’wi’ aldi’nan kanallardi’ tazalap, bo’getlerdi ashi’p qoyi’wi’ kerek yedi. Ku’ndelikli baqlaw da’ryani’n’ yendigi toli’wi’ni’n’ arasi’ 365 ku’n yekenligin ani’qlag’an. Sol sebepli mi’srli’lar 365 ku’ndi 30 ku’nlik yetip, 12 ayg’a bo’lgen. Qalg’an bes ku’ndi bayram si’pati’nda ji’l aqi’ri’na qosi’msha si’pati’nda jaylasti’rg’an. Usi’layi’nsha da’slepki kalendar payda boldi’. Biraq, mi’srli’lar ji’l yesabi’nda 6 saatqa jan’i’li’sqan yedi. Bul alti’ saatli’q parq ha’r 4 ji’lda 1 sutkali’q qa’telikti keltirip shi’g’arg’an.




Grigoriy kalendari’.

**Yuliy kalendari’**. A’yyemgi Rim ma’mleketinin’ hu’kimdari’ Yuliy Cezar b.e.sh 46-ji’li’ jan’a kalendar ja’riya yetti ha’m ji’l basi’n 1-yanvarg’a ko’shirdi. Jan’a kalendar Yuliy kalendari’ dep ataldi’.[1]

Mi’srli’lar kalendari’nda ha’r 4 ji’lda toplani’p qalatug’i’n bir ku’ndi joq yetiw ushi’n fevral ayi’ to’rt ji’lda bir ma’rte 29 ku’n bolatug’i’n yetip belgilendi. Fevral ayi’ 29 ku’nde pitetug’i’n ji’li’ bir ji’l 366 ku’nnen ibarat boladi’. Biraq, Yuliy kalendari’ boyi’nsha ali’p

---

[1] *Q. Rajabov* va bosh. Jahon tarixining muhim sanalari (keyingi wo’ri’nlarda: JTMS). – T.: «Sharq» NMAK. 2011. 85-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

bari'latug'i'n ji'l yesabi'nda da qa'telik bar yedi. Bul qa'telik sebepli du'nyada ji'l yesabi' ha'r 400 ji'lda 3 ku'nge izde qali'p bardi'.

Kalendardag'i' bul qa'telik bizin' erami'zdi'n' 1582-ji'li'na kelip 10 ku'nge jetti. Aqi'betinde 1583-ji'li' ba'ha'rgi ku'n menen tu'n-nin' ten'lesetug'i'n ma'ha'li 21-martta yemes, 11-martqa tuwri' kelip qali'w qa'wpi tuwi'ldi'.

**Grigoriy kalendari'**. Bul qa'teni saplasti'ri'w maqsetinde Rim papasi' Grigoriy XIII basshi'li'g'i'nda jan'a kalendar yengizildi. Wol joqari'da ayti'lg'anday, Grigoriy kalendari' dep ataldi'. Bul kalendardi' yengiziwshilerdin' usi'ni'si' menen 1582-ji'ldi'n' 4-oktyabr ku'ni tamamlani'wi' menen birden 15-oktyabrge wo'tildi, yag'ni'y, wortadag'i' won ku'n tu'sip qaldi'ri'ldi'.[1] Yuliy kalendari' boyi'nsha ji'l yesabi'nda ju'zege kelgen 10 ku'nlik ayi'rmashi'li'q sol jol menen saplasti'ri'ldi'. Ba'ha'rgi ku'n menen tu'nnin' ten'lesiwi ja'ne 21-martqa tuwri' keletug'i'n boldi'.

Da'slepki qa'telik ja'ne ta'kirarlanbawi' ushi'n fevral ayi'ni'n' ha'r 400 ji'lda 100 ma'rte worni'na 97 ma'rte 29 ku'n, ha'r 400 ji'lda 300 ma'rte yemes, 303 ma'rte 28 ku'n boli'p keliwi belgilep qoyi'ldi'.

### Wo'zin'izdi si'nan'

- Kalendar — bul ... .
- Mi'sr kalendari'ndag'i' qa'telik ... ku'nge ten' bolg'an.
- Yuliy kalendari'ndag'i' qa'telik ... ku'nge ten' bolg'an.
- Grigoriy kalendari' ... ji'li' qabi'l yetildi.

### Atamani'n' mazmuni'n bilip ali'n'

**Ku'n menen tu'n ten'ligi** — ku'ndiz de, tu'n de 12 saatqa ten' bolatug'i'n ku'n.

### Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. *Kalendar ha'm woni'n' a'hmiyeti haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?*
2. *Ne ushi'n bir ji'l 365 yaki 366 ku'nnen ibarat yekenligin tu'sindirip berin'.*
3. *A'yyemgi mi'srli'lar kalendardi' qalay payda yetken yedi ha'm bul kalendardag'i' qa'telik neden ibarat bolg'an?*
4. *Yuliy kalendari'n mi'srli'lar kalendari' menen sali'sti'ri'n'.*
5. *Grigoriy kelandarlari'ni'n' yengiziliwine ne sebep boldi' ha'm wonda Yuliy kalendari'ndag'i' qa'telik qalay saplasti'ri'ldi'?*

[1] *Q. Rajabov* va bosh. JTMS. – T.: «Sharq» NMAK. 2011. 197-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

### WO'Z BETINSHE JUMI'S

**Kalendarlardi' sali'sti'ri'n' ha'm kesteni tolti'ri'n'**

| Kalendarlar | Kalendarlarda ji'l yesabi'nda jol qoyi'lg'an qa'telikler | Qa'teliklerdi du'zetiw ushi'n neler islendi? |
|---|---|---|
| Mi'srli'lar kalendari' | | |
| Yuliy kalendari' | | |
| Grigoriy kalendari' | | |

## 3-§. TARIYXTA JI'L YESABI'

**«Era» tu'sinigi.** Ha'zir du'nya ju'zi ma'mleketlerinin' ko'pshiliginde, soni'n' ishinde O'zbekistanda da bizin' erami'z ji'l yesabi' qollani'ladi'. Siz benen biz jasap ati'rg'an ji'l bizin' erami'z ji'l yesabi'na kiredi. Bizin' erami'z ji'l yesabi'na Isa payg'ambar tuwi'lg'an ji'l tiykar yetip ali'ng'an.




**Ji'l yesabi'.**

**Yeste saqlan'!**

«Era» (arabsha so'z boli'p, bizin' tilimizde, «tuwi'li'w» degen ma'nisti bildiredi.) — ha'zirgi ji'l yesabi'mi'zdi'n' basi'. Tariyx kitaplari'nda «era» so'zi qollani'ladi'. «Era» so'zi «baslang'i'sh san», yag'ni'y ji'l yesabi'ni'n' basi' degendi an'latadi'.[1]

Bizin' erami'zdi'n' ji'l yesabi'nda 1-yanvar ji'l basi' dep qabi'l yetilgen. Wol ha'zirgi ji'li'mi'z baslang'an birinshi ku'n. Tariyx kitaplari'nda, Isa payg'ambar tuwi'lmastan buri'n boli'p wo'tken

[1] O'TIL. — T.: «ЎзМЭ». 2006. 5-tom. 45-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

waqi’yalarg’a «bizin’ erami’zg’a shekemgi» (qi’sqasha B.E. Sh.) so’zi qosi’p jazi’ladi’. (Ma’selen: «Bizin’ erami’zg’a shekemgi IV—III a’sirlerde lati’n a’lipbesi jarati’lg’an»).

**Bizin’ erami’zg’a shekemgi ji’l yesabi’**. Bizin’ erami’zg’a shekemgi ha’r tu’rli xali’qlar ji’l yesabi’n ha’r tu’rli ali’p barg’an. Ma’selen, da’slep ji’l yesabi’n yeginlerdi ji’ynap-terip ali’w waqti’nan baslang’an ha’m woni’ ji’ldi’n’ birinshi ku’ni dep belgilegen. A’yyemgi greklerde bolsa ji’l yesabi’ birinshi Olimpia sport woyi’nlari’ wo’tkizilgen ji’ldan baslag’an. Rimliler bolsa Rim qalasi’na tiykar sali’ng’an ji’ldan baslag’an.

Siz tariyxti’ u’yreniwde ja’ne bir jag’daydi’ yeste saqlan’, tariyx pa’ninde tariyxi’y waqi’ya ha’m ha’diyseler ju’z bergen a’sir Rim cifri’nda jazi’ladi’. Ma’selen, I (1), II (2), III (3), IV (4), V (5), VI (6), VII (7), VIII (8), IX (9), X (10), XI (11), XII (12), XIII (13), XIV (14), XV (15), XVI (16), XVII (17), XVIII (18), XIX (19), XX (20), XXI (21) a’sir. XXI (21) a’sir 2001-ji’ldi’n’ 1-yanvari’nan baslang’an.




**Rim cifrlari’.**

**Wo’zin’izdi si’nan’**

- Era — bul ... .
- Era — bul ... .
- Bizin’ erami’zg’a shekemgi — ... .

Yelimizde ata-babalari’mi’z sog’diy, xorezmiy, mu’shel ha’m hijriy si’yaqli’ ji’l yesaplari’nan paydalang’an.

**Hijriy ji’l yesabi’.** Du’nyani’n’ bir qatar ma’mleketlerinde hijriy ji’l yesabi’ da qollani’ladi’. Bul Arabiyada jarati’lg’an. Bul ji’l yesabi’na Muhammed payg’ambardi’n’ bizin’ erami’zdi’n’ 622-ji’li’ 16-iyulinde Ma’kke qalasi’nan Madina qalasi’na ko’shken waqti’ tiykar yetip ali’ng’an. Usi’ sa’neden hijriy birinshi ji’l baslanadi’.

O’zbekistan Respublikasi’nda hijriy ji’l yesabi’nan diniy ma’seleler ha’m bayram ku’nlerin belgilewde paydalani’ladi’.

**Xronologiya tu’sinigi**. Tariyxta ju’z bergen waqi’ya ha’m ha’diyselerdin’ waqti’n ani’qlaw ju’da’ a’hmiyetli. Buni’si’z toli’q tariyx pa’nin jarati’p bolmaydi’. Tariyxta bolg’an waqi’ya ha’m



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ha'diyselerdin' waqti'n ani'qlawda tariyxshi' ilimpazlar xronologiya pa'nine mu'raja'a't yetedi.

**Yeste saqlan'!**

«Xronologiya» so'zi grekshe «xronos» — waqi't ha'm «logos» — pa'n so'zlerinin' birikpesinen ibarat boli'p, tariyxi'y waqi'ya ha'm ha'diyseler ju'z bergen waqi'tti' ani'qlawshi' pa'n boli'p tabi'ladi'.

Xronologiya wa'ziypasi'na bola tariyx pa'nine ja'rdemshi pa'n boli'p yesaplanadi'. Usi' pa'nnin' ja'rdeminde ilimpazlar qaysi' tariyxi'y waqi'ya ha'm ha'diyse qashan ju'z bergenligin ani'qlaydi', wolardi'n' dizimin islep shi'g'adi'.

### Atamani'n' ma'nisin bilip ali'n'

**Payg'ambar (xabar beriwshi)** — allani'n' so'zlerin, ko'rsetpelerin bendelerge (adamlarg'a) jetkeriwshi wa'kil, yelshi.[1]

### Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. *Era tu'siniginin' mazmuna tu'sinik berin'.*
2. *«Bizin' erami'zg'a shekemgi» so'zi neni an'latadi'?*
3. *A'yyemgi ji'l yesabi' qalay ju'rgizilgenligi haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?*
4. *Bizin' erami'z ha'm hijriy ji'l yesaplari'na qanday waqi'yalar tiykar yetip ali'ng'anli'g'i'n sali'sti'ri'n', wolardi'n' uqsas ha'm ayi'rmashi'li'qlari'n ani'qlan'.*
5. *Xronologiya degen ne ha'm wol tariyx pa'ni ushi'n qanday a'hmiyetke iye?*

### WO'Z BETINSHE JUMI'S

Mektebin'izdin' 1-klasi'na kelgen ji'li'n'i'zdan baslap ha'zir jasap ati'rg'an ji'li'n'i'zg'a deyingi arali'qta wo'tken ji'llardi'n' xronologiyasi'n du'zin'. Wonda wo'zin'iz ha'm mektebin'iz turmi'si'nda ju'z bergen wo'zgeris ha'm waqi'yalardi' ko'rsetiwdi umi'tpan'.

### QOSI'MSHA MAG'LUWMATLAR

**Mu'shel ji'l yesabi'.** Mu'shel ji'l yesabi' «qa'siyetli» ha'm «muqaddes» dep yesaplang'an 12 haywanni'n' ati' (ti'shqan, si'yi'r, jolbari's, qoyan, uli'w, ji'lan, ji'lqi', qoy, meshin, tawi'q, iyt, qara kiyik) menen atalg'an 12 ji'lli'q da'wirlik ji'l yesabi'.

Ata-babalari'mi'z bul ji'l yesabi'nan wo'zlerinin' jasi'n ani'qlawda da paydalang'an. Adamlar jasi'n ani'qlawda bul ji'l yesabi'nan ha'zir de paydalani'p kelmekte.

---

[1] O'zME. — T.: «ЎзМЭ». 2003. 6-tom. 646-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Bunnan 2300 ji'lday aldi'n qollani'la baslag'an mu'shel ji'l yesabi'ni'n' negizinde adamlardi'n' tuwi'lg'an ji'llari'n haywanlardi'n' ati' menen ataw ha'm wolardi'n' ha'r 12 ji'lli'q jasi'n bir mu'shel jas dep yesaplaw belgilengen. Siz de mu'shel jasi'n'i'zdi' belgileysiz.

Mu'shel ji'l yesabi' boyi'nsha jan'a ji'l ba'ha'rgi ku'n menen tu'nnin' ten'lesken ku'ninen baslang'an.

## 4-§. DU'NYA JU'ZI KARTASI'NI'N' TARIYXI'

**Da'slepki kartalar.** Sonday pa'nler boladi', wolardi' kartasi'z u'yreniw ju'da' qi'yi'n. Tariyx ha'm geografiya pa'nleri sonday pa'nlerden yesaplanadi'.

**Yeste saqlan'!**

Karta Jer ju'zi, aspan deneleri yaki aspan gu'mbezinin' qag'azg'a kishireytip tu'sirilgen ko'rinisi.

Ha'r tu'rli xali'qlar wortasi'nda sawda baylani'si'ni'n' wo'siwi, a'skeriy ju'risler ha'm uzaq u'lkelerge bari'li'wi' kerek bolg'an sayaxatlar kartani'n' jarati'li'wi'na sebepshi bolg'an Bizin' erami'zg'a shekem III a'sirde a'yyemgi grek ilimpazi' Eratosfen birinshi boli'p jer meridiani' ko'sheri uzi'nli'g'i'n yesaplap shi'qqan ha'm jer ju'zinin' kartasi'n du'zgen.[1] Bul kartada Qubla Evropa, Arqa Afrika ha'm Bati's Aziya su'wretlengen. A'yyemgi grek ilimpazi' Ptolomey, ulli' babalari'mi'z Muxammed al-Xorezmiy, Abu Rayxan Beruniy ha'm Maxmud Qashg'ariylar da wo'z da'wirleri ushi'n a'hmiyetli kartalar jaratqan yedi.



Globus.

**Globusti'n' jarati'li'wi'.** Globus — jer shari'ni'n' kishkene masshtabtag'i' shar si'yaqli' nusqasi'. Tariyx ha'm geografiya pa'nlerin u'yreniwde globusti'n' da a'hmiyeti u'lken.

**Yeste saqlan'!**

Globus — lati'nsha so'z boli'p, bizin' tilimizde «shar» degen ma'nisti an'latadi'.

[1] O'zME. — T.: «ЎзМЭ». 2005. 10-tom. 240-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




**Ptolemey kartasi'.**




**Abu Rayxan Beruniy kartasi'.**

Globusta jer ju'zi ju'da' kishireytilgen ta'rizde su'wretlenedi. Ulli' babami'z Abu Rayxan Beruniy wo'z da'wiri ushi'n birqansha toli'q globus jarati'wg'a yeristi. XV a'sirde Samarqandta — Mi'rza Ulug'bek observatoriyasi'nda ja'ne de toli'g'i'raq globus jarati'ldi'. Wo'kinishlisi, bul globus Ulug'bektin' wo'liminen keyin joq yetip jiberildi. XV a'sirdin' aqi'rlari'nda bolsa nemis geografi' ha'm sayaxatshi'si' Martin Bexaym «Jer almasi'» dep atalg'an globus jaratti'. Bul globus wo'zinde Amerika materiginin' ashi'lg'an da'wirindegi jer ju'zin sa'wlelendirgen.

**Wo'zin'izdi si'nan'**

- Karta — bul ... .
- Du'nyada birinshi toli'q globusti'... jaratqan.

**Zamanago'y kartalar.** Ha'zirgi tariyx ha'm geografiya sabaqlari'nda zamanago'y kartalardan paydalani'ladi'. Bul kartalardi'n' zamanago'y dep atali'wi'na sebep, wolar karta jarati'w ushi'n za'ru'r bolg'an barli'q talaplardi' wori'nlag'an halda jarati'lg'anli'g'i'nda boli'p yesaplanadi'. Sonli'qtan, wolar ha'r ta'repleme toli'q kartalar



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

boli'p tabi'ladi'. Tariyx sabaqlari'nda, tiykari'nan, «Du'nya ju'zinin' siyasiy kartasi'»nan, tema (wol yaki bul tariyxi'y ha'diyseni sa'wlelendiriwshi kartalar; wol yaki bul ma'mlekettin' ha'r tu'rli a'sirlerdegi jaylasi'wi', du'nya ju'zinin' belgili bir tariyxi'y da'wirdegi siyasiy jag'dayi'n sa'wlelendiriwshi) kartalardan, sonday-aq, «O'zbekistan Respublikasi'ni'n' siyasiy administrativlik kartasi'»nan paydalani'ladi'. Siyasiy kartalar du'nyadag'i' ma'mleketlerdin' materikler boyi'nsha bu'gingi jaylasi'w jag'dayi'n sa'wlelendiriwshi kartalar boli'p tabi'ladi'. Siyasiy kartada ma'mleketlerdin' ati', shegeralari' ha'm ma'mleket paytaxtlari' ko'rsetiledi.

«Siyasiy-administrativlik karta»da bolsa ma'mlekettin' qanday quramli'q bo'limler (wa'layatlar, rayonlar ha'm wolardi'n' woraylari') bo'lingenligi ko'rsetilgen kartalar tu'siniledi Ma'selen, O'zbekistan Respublikasi'ni'n' siyasiy-administrativlik kartasi'nda Qaraqalpaqstan Respublikasi' ha'm 12 wa'layat, wolardi'n' woraylari', sonday-aq, rayonlardi'n' woraylari' ko'rsetilgen. Ha'zirgi waqi'tta ma'mleketimizdin' shegaralari' belgilep qoyi'lg'an.




**Ha'zirgi du'nya ju'zinin' kartadag'i' ko'rinisi.**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




**O'zbekistan Respublikasi' aymag'i'ni'n' kartadag'i' ko'rinisi.**

## Atamani'n' mazmuni'n bilip ali'n'

**Observatoriya** — arnawli' a'sbaplar ja'rdeminde aspan denelerin baqlaw menen shug'i'llanatug'i'n ilimiy wori'n.[1]

## Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. *Karta degenimiz ne ha'm wol tariyx pa'nin u'yreniwde qanday a'hmiyetke iye?*
2. *Da'slepki kartalar qay jerlerde ha'm kimler ta'repinen jarati'lg'an?*
3. *Globus degen ne ha'm wol ne ushi'n za'ru'r?*
4. *Qanday kartalar zamanago'y kartalar delinedi? Wolarg'a mi'sallar keltirin'.*

## WO'Z BETINSHE JUMI'S

Geografiya sabag'i'nda ali'p ati'rg'an bilimin'izge su'yenip, jasap ati'rg'an u'yin'izdin' (ha'wlin'izdin') kartasi'n si'zi'n'. Bul jumi'sti' wori'nlaw da geografiya mug'allimin'izden ma'sla'ha't sorawdi' umi'tpan'.

---

[1] O'TIL. – T.: «ЎзМЭ». 2003. 3-tom. 351-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



# II bap.
# YEN' A'YYEMGI DA'WIRLERDE DU'NYA JU'ZI XALI'QLARI'

## 5-§. YEN' A'YYEMGI ADAMLAR HA'M WOLARDI'N' JASAG'AN JERLERI

**Afrikadag'i' a'yyemgi jasag'an jerler.** Adamzat bu'gingi ko'rinisine, aqi'l-woy ha'm rawajlani'w da'rejesine birden yerisken yemes. Bul birneshe million ji'lli'q rawajlani'wdi'n' na'tiyjesi boli'p tabi'ladi'.

Arxeolog ilimpazlar adamzatti'n' yen' a'yyemgi babalari'ni'n' su'yek qaldi'qlari'n da'slep Qubla ha'm Shi'g'i's Afrikadan tabadi'. Antropolog ilimpazlar bolsa adamlardi'n' su'yek qaldi'qlari'nan wolardi'n' si'rtqi' ko'rinisin tikledi. Bul adamlardi'n' jasag'an jerlerinen yen' a'piwayi' miynet qurallari' qaldi'qlari'da tabi'ldi'.

Ilimpazlar a'piwayi' bolsa da da'slepki miynet qurallari'n islegen adamzatti'n' ata-babalari'n «isbilermen (uqi'bi' bar) adam» dep atadi'. «Isbilermen adam» da'slepki miynet qurali'n tas (shaqmaq tas)tan jasag'an. Soni'n' ushi'n da adamzat tariyxi'ni'n' baslanawi' tas a'siri (tas da'wiri) dep ataldi'. Tas a'siri adamzat tariyxi'nda ju'da' uzaq waqi't dawam yetken.

**Aziyadag'i' a'yyemgi adamlar jasag'an jerler.** Aziyada a'yyemgi adamlardi'n' jasag'an jerler Indoneziya ha'm Qi'tay aymaqlari'nan tabi'lg'an. Ilimpazlar su'yek qaldi'qlari' Indoneziya aymaqlari'nan tabi'lg'an adamzat ata-babalari'n pitekantrop (yaki Yava adami'), Qi'tay aymaqlari'nan tabi'lg'an ata-babalari'n bolsa sinantrop (Qi'tay adami') dep atadi'. Wolar bir-birinen si'rtqi' ko'rinisi, jaratqan miynet qurallari', wolardi'n' sapasi' ha'm miynetke iykemliligi menen aji'rali'p turg'an.

Sinantroplar ta'biyiy wottan paydalani'wdi' bilip alg'an. Wolar bug'an jasi'n tu'siw sebepli tog'aylarda payda bolatug'i'n wo'rt



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

na'tiyjesinde kelip shi'qqan wotti' saqlap qali'w joli' menen yerisken. Bul adamzat yerisken yen' u'lken jetiskenliklerden biri boldi'. Jurti'mi'zda sinantropqa zamanlas adamlardi'n' su'yek qaldi'qlari' ha'm wolar jaratqan miynet qurallari' Ferg'ana alabi'ni'n' Selung'ur u'n'girinen tabi'lg'an.



**Neondertal adam. (Tesiktash u'n'giri).**



**Kramonyon adam.**

**Evropadan tabi'lg'an a'yyemgi adam izleri.** Da'wirler wo'tiwi menen adamni'n' si'rtqi' ko'rinisi, aqi'l-woyi' ha'm miynet qurallari'n jasaw uqi'bi' barg'an sayi'n jetilisip bardi'.

Germaniyani'n' Neondertal alabi'nan tabi'lg'an ha'm tariyxqa «neondertal adami'» ati' menen kirgen adamlar wo'miri buni' tasti'yi'qlaydi'.

Neondertal adamni'n' si'rtqi' ko'rinisi bu'gingi adamlarg'a ju'da' jaqi'n bolg'an. Neondertallar bizin' erami'zg'a shekemgi 100 — 40 mi'n' ji'lli'qlar arali'g'i'nda jasag'an[1].

Wolar jasag'an da'wirde Evropada klimat suwi'ti'p ketti. Suwi'qtan saqlani'w za'ru'rligi na'tiyjesinde wolar haywan terisinen kiyim worni'nda paydalani'w ha'm go'shin wotta pisirip jewdi u'yrengen.

**O'zbekistan aymag'i'ndag'i' a'yyemgi jasaw wori'nlari'.** O'zbekistan aymag'i'nda jasag'an neondertal adam ko'rinisindegi su'yeklerinin' qaldi'qlari' Surxanda'rya wa'layati'nda Tesiktas u'n'girinen tabi'ldi'.

Bizin' erami'zg'a shekemgi 40 — 12-mi'n' ji'lli'qlar arali'g'i'nda jasag'an adam su'yeklerinin' qaldi'qlari' Franciyani'n' Kramonyon u'n'girinen tabi'ldi'.[2] Wog'an «kramonyon adami'» degen at berildi. Kramonyon adami' si'rtqi'

[1] *A. Asqarov.* «O'zbekiston tarixi» (Yen' a'yyemgi da'wirlerden erami'zdi'n' V a'sirine shekem). — T.: 1994. 25-bet.
[2] *Q. Rajabov* va bosh. JTMS. — T.: «Sharq» NMAK. 2011. 8-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ko'rinisi boyi'nsha bu'gingi ko'rinistegi adam yedi. Ilimpazlar kramonyon adami'n «aqi'l-yesli adam», «sanali' adam» dep atadi'.

**Wo'zin'izdi si'nan'**

- Isbilermen adam ... .
- ... aqi'l-yesli adam yedi.

O'zbekistanda kramonyon adamlari' zamanlaslari'ni'n' jasag'an wori'nlari' Samarqandtag'i' Siyobsha sayi'ni'n' boyi'nda ha'm Tashkent wa'layati'ni'n' Ko'lbulaq (Angren) jerlerinen tabi'lg'an.

### Atamalardi'n' mazmuni'n bilip ali'n'

**Antropolog** — adamni'n' payda boli'wi' ha'm rawajlani'w basqi'shlari'n, dene du'zilisindegi wo'zgerislerdi, sonday-aq, bas su'yek qaldi'qlari'nan adamni'n' si'rtqi' ko'rinisin tiklep u'yrenetug'i'n ilimpaz.[1]

**Yava** — Indoneziyadag'i' atawlardan birinin' ati'.

### Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. *Adamzatti'n' yen' a'yyemgi ata-babalari' haqqi'ndag'i' mag'luwmatlar qalay ji'ynalg'an?*
2. *Adamzatti'n' yen' a'yyemgi ata-babalari'ni'n' atlari'n ayti'p berin'.*
3. *Adamzatti'n' uzaq rawajlani'w basqi'shi'ni'n' ha'r tu'rli da'wirlerinde jasag'an ata-babalari' bir-birinen qaysi' ta'repleri menen aji'ralg'an?*
4. *Qanday faktor adamzat ata-babalari'ni'n' jasap qali'wi'nda ha'm bu'gingi ko'rinistegi adamg'a aylani'wi'nda sheshiwshi rol woynag'an?*
5. *O'zbekistan aymag'i'nda jasag'an yen' a'yyemgi ata-babalari'mi'z haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?*

## WO'Z BETINSHE JUMI'S

**Adamzatti'n' yen' a'yyemgi ata-babalari' ha'm wolardi'n' turmi'si'**

*(Kesteni tolti'ri'n')*

| T/n | Sorawlar | Sinantrop adamlari' | Neondertal adamlari' | Kramonyon adamlari' |
|---|---|---|---|---|
| 1. | Su'yek qaldi'qlari' tabi'lg'an wori'n | | | |
| 2. | Jasap wo'tken da'wirleri | | | |
| 3. | Nelerdi u'yrenip alg'an? | | | |

[1] O'TIL. — T.: «ЎзМЭ». 2003. 1-tom. 89-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 6-§. A’YYEMGI ADAMLARDI’N’ TURMI’S TA’RIZI

**A’yyemgi adamlardi’n’ miynet qurallari’.** A’yyemgi adamlar tasti’ joni’p, woni’ miynet qurali’na aylandi’rg’an. Islew na’tiyjesinde badam ko’rinisine iye bolg’an ha’m paydalani’lg’an tas qurallardi’n’ uzi’nli’g’i’ 10 — 20 santimetrdi qurag’an. Awi’rli’g’i’ bes ju’z grammnan bir kilogrammg’a deyin jetken. Bul da’slepki miynet qurallari’ni’n’ yeki ta’repi basqa tas penen islew berilgen. Wonnan bir zatti’ uri’w, kesiw, woyi’w ha’m go’zlegen arali’qqa i’laqti’ri’w maqsetinde paydalani’lg’an. A’yyemgi adamlar wo’z miynetlerin jen’illestiriw maqsetinde miynet qurallari’n ja’ne de jetilistirip barg’an. Ma’selen, sinantroplar aldi’ng’i’ ata-babalari’na qarag’anda qi’rlari’ wo’tkir ushli’ ha’m uslaw ushi’n buri’ng’i’dan qolayi’raq qurallar jarata alg’an. Bul qurallardan paydalani’w birqansha qolayli’ bolg’an.



Tastan ha’m tayaqtan islengen miynet qurallari’.

Neondertal adami’ tastan nayza ushi’ ja’ne de ushqi’ri’raq jumi’s qurali’n jaratqan. Su’yekten bolsa ku’ndelikli turmi’s mu’ta’jlikleri ushi’n za’ru’r bolg’an ha’r qi’yli’ wo’tkir ushli’ mayda miynet qurallari’n jasag’an.

Kramonyon adami’ tastan pi’shaq, nayza ha’r qi’yli’ keskish, qi’rg’i’sh, biz, su’yekten bolsa iyne, qarmaq, shani’shqi’ islegen. Su’yekten iyne islep tigiwdi woylap tapti’. Jasalma wot payda yetiwdi u’yrendi. Keyin woq-jaydi’ woylap tapti’. Bul adamzat tariyxi’ndag’i’ u’lken woylap tabi’wshi’li’q yedi. Sol waqi’tta adamlar iytti qolg’a u’yretip, ku’ndelikli iship-jemnen ti’sqari’ haywanlar awlana baslang’annan keyin jabayi’ haywanlardi’ u’y haywanlari’na aylandi’ra basladi’. Na’tiyjede an’shi’li’q ju’zege keldi.



Tas nayza ushi’.

Bara-bara adamlar gu’lalshi’li’qti’ u’yrendi ha’m wo’zlerinin’ baqlawshi’li’g’i’ na’tiyjesinde



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ta'biyatta ushi'rasatug'i'n mi's, qalayi', qorg'asi'n ha'm bronzadan miynet qurallari'n tayarlawdi' u'yrendi. Sonday-aq, do'n'gelekli arba, wo'zlerine i'layi'q qol digirmani', shi'g'i'r woylap tabi'ladi'. Waqi'tlar wo'tiwi menen insan temir ushli' gu'nde, temir balta ha'm basqa za'ru'r miynet qurallari'n jaratadi'.


An'shi'.

**Wo'zin'izdi si'nan'.**

- Woq jay... woylap tabi'lg'an.
- Adam temirden ... si'yaqli' miynet qurallari'n jasag'an.

**A'yyemgi adamlardi'n' shug'i'llanatug'i'n jumi'slari'.** A'yyemgi adamlar da'slep qollari'ndag'i' a'piwayi' miynet qurallari' ja'rdeminde (tas ha'm tayaq) ta'biyattag'i' tayar wo'nimler menen turmi's keshirgen. Ushi' wo'tkirlestirilgen tas ja'rdeminde mayda haywanlardi' awlag'an. Ushi' wo'tkirlesken tayaq ja'rdeminde bolsa ha'r tu'rli wo'simliklerdin' tami'rlari'n qazi'p alg'an. Uzi'n tayaqlar ja'rdeminde ag'ashlardi'n' miywelerin qag'i'p jegen. Usi'layi'nsha, azi'q-awqat tabi'w ha'm an' awlaw adamlardi'n' yen' a'yyemgi shug'i'llanatug'i'n jumi'slari' boli'p qalg'an yedi.

**Yeste saqlan'!**

Terip-sho'pshep aqi'z-awqat tabi'w ha'm an'shi'li'q wo'zlestiriwshi xojali'q dep ataladi'.

Wo'zlestiriwshi xojali'q arqali' turmi's keshiriw ju'da' uzaq ji'llar dawam yetti. Awlang'an haywanlardi'n' paydalani'wdan arti'qshasi'n saqlap u'y haywani'na aylandi'ri'w sharwashi'li'qti'n' payda boli'wi'na tiykar jaratti'. Adamlar bara-bara woti'ri'qshi' turmi'sqa wo'te basladi'.

Bul diyqanshi'li'q ha'm sharwashi'li'qti'n' ja'ne de rawajlani'wi'na ali'p keldi. Usi' taqlette, terip-sho'plewden diyqanshi'li'q, an'shi'li'q ha'm haywanlardi' qolg'a u'yretiwden bolsa sharwashi'li'q, yag'ni'y islep shi'g'ari'wshi' xojali'q ju'zege keldi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Yeste saqlan'!**

Adamlardi'n' bir jerde turaqli' jasawi'n woti'ri'qshi' turmi's dep ataladi'. Woti'ri'qli' turmi'sti'n' tiykari'n — diyqanshi'li'q quraydi'.



Wo'nermentshi.

Usi'layi'nsha adamlar wo'z turmi'si' ushi'n za'ru'r wo'nimlerdi wo'zleri islep shi'g'aratug'i'n boldi'. Bul wo'nermentshilikti keltirip shi'g'ardi'.

Waqi'tti'n' wo'tiwi menen adamlar diyqanshi'li'q, sharwashi'li'q ha'm wo'nermentshilik penen shug'i'llana basladi'. Bul ha'diyse adamzat du'nyasi'ni'n' rawajlani'wi'n ja'ne de tezlestirdi.

**Wo'zin'izdi si'nan'**

- ... wo'zlestiriwshi xojali'q boli'p yesaplanadi'.
- Diyqanshi'li'q ha'm sharwashi'li'q.... delinedi.



A'yyemgi adamlardi'n' u'y-jayi'.

**A'yyemgi adamlardi'n' jasaw wori'nlari'.** A'yyemgi adamlar da'slep u'lken daraqlardi'n' geweklerinde ha'm u'n'girlerde jasag'an. U'n'girler adamlardi' jawi'n, samal ha'm suwi'qtan saqlag'an. Tu'nde qorqi'ni'shli' ji'rtqi'sh haywanlar hu'jiminen qorg'ani'w ushi'n u'n'girdin' kiretug'i'n awzi'na wot jag'i'p qoyg'an.

U'n'girler joq jerlerde bolsa adamlar da'slep yari'm jer to'le quri'p u'stin topi'raq penen ko'mgen. Wol qi'sta baspana bolg'an. Ku'n ji'li'wi' menen kishigirim da'rya boylari' ha'm bulaq a'tirapi'nda su'yeklerden, mamontlardi'n' qazi'q tislerinen ha'm ag'ash qadalardan a'piwayi' baspana islep alg'an.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

### Atamani'n' mazmuni'n bilip ali'n'

**Bronza** — mi's ha'm qalayi'dan tayarlang'an aralaspa.

### Soraw ha'm tapsi'rmalar

*1. Ne ushi'n adamlar miynet qurallari'n barqulla jetilistirip barg'an?*
*2. Tastan islengen da'slepki miynet qurali'na ta'n wo'zgeshelikti ayti'n'.*
*3. Neondertal ha'm kramonyon adamlari' soqqan miynet qurallari'n sali'sti'ri'n'. Uqsasli'g'i'n ha'm ayi'rmashi'li'g'i'n ani'qlan'.*
*4. «Wo'zlestiriwshi xojali'q» qanday xojali'q?*
*5. «Islep shi'g'ari'wshi' xojali'q» dep nege aytqan ha'm wol qalay ju'zege kelgen?*
*6. A'yyemgi adamlardi'n' jasaw wori'nlari' haqqi'nda nelerdi bildin'i'z?*

### WO'Z BETINSHE JUMI'S

*(Kesteni tolti'ri'n')*

| T/n | Adamlar ta'repinen jarati'lg'an miynet qurallari' | T/n | Wo'zlestiriwshi xojali'q | T/n | Islep shi'g'ari'wshi' xojali'q |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | |

## 7-§. ARXEOLOGIYA TARIYXI'NAN

**Arxeologlar qalay isleydi?** Arxeologiya — wo'tmishti tariyxi'y zatlar derekleri yestelikler tiykari'nda u'yreniwshi pa'n.

**Yeste saqlan'!**

Arxeologiya so'zi lati'nsha «arxeo» ha'm «logos» so'zlerinen ibarat boli'p, «wo'tmishtani'w» degen ma'nisti an'latadi'.

Arxeologiya pa'ni menen shug'i'llani'wshi' ilimpazlar *arxeolog* (wo'tmishtani'w) lar dep ataladi'. Tariyxta hesh-na'rse izsiz jog'ali'p ketpeydi. Mine, sol izdi tabi'w arxeologiyani'n' wazi'ypasi' boli'p tabi'ladi'.



**Arxeologlar jumi's procesinde.**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Tabi'lg'an jazi'w.



Temirden islengen qurallar.



Yaxiya G'ulomov.

Arxeologlar wo'tmishke tiyisli, ha'r tu'rli tabi'lmalar (miynet qurallari', u'y-ruwzi'ger buyi'mlari', qural-jaraqlar, tag'i'nshaqlar, u'y-jay, ustaxanalar, suwg'ari'w quri'lmalari' ha'm basqalar)di'n' qaldi'qlari'n u'yrenedi. Sol tiykarda wo'tmish haqqi'nda mag'luwmatlar ji'ynaydi'. Barli'q tabi'lmalar arxeologiya yestelikleri.

Arxeologiya yestelikleri adamzat ja'miyetinin' jazba tariyxi'na deyingi da'wirdi u'yreniw de za'ru'r a'hmiyetke iye.

Wolar qazi'lma jumi'slari' wo'tkeriletug'i'n wori'nlardi' belgilep, son' qazadi'.

Tabi'lg'an yesteliklerdin' jarati'lg'an da'wiri ha'm ji'li' ani'qlanadi'.

O'zbekistan ilimpazlari' arxeologiyali'q qazi'lmalar na'tiyjesinde tabi'lg'an yesteliklerdi u'yreniw arqali' Samarqand qalasi'ni'n' 2750, Qarshi' ha'm Shaxrisabz qalalari'ni'n' 2700, Buxara ha'm Xiywa qalalari'ni'n' 2500 ha'm Tashkent qalasi'ni'n' 2200 jasta yekenligin ani'qladi'.

O'zbekistanda arxeologiya pa'nin rawajlandi'ri'wda ilimpazlar Muwsa Saydjanov, Yaxiya G'ulomov basshi'li'g'i'ndag'i' arxeologlardi'n' miynetleri u'lken boldi'.

Ha'zirgi ku'nde Yaxiya G'ulomov ati'ndag'i' arxeologiya instituti' da u'lken jumi'slardi' a'melge asi'rmaqta.

**Yeste saqlan'!**

«Akademik Yaxiya G'ulomov wo'z da'wirinin' pidayi' ali'mi' bolg'an».[1]

[1] *Islam Karimov.* «Joqari' ma'nawiyat — jen'ilmes ku'sh» — T.: «O'zbekiston» NMIU. 2008. 166-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Arxeologlar suw asti'nda.

**Suw asti' arxeologiyasi'.** Suwasti' arxeologiyasi' arxeologiya pa'ninin' ja'rdemshi tarawi'.

Woni'n' tariyxi' XX a'sirdin' basi'nda grek bali'qshi'lari' ta'repinen a'yyemgi yestelik mu'sindi ali'p ketip barati'rg'an keme sho'gip ketken jer tabi'lg'an waqi'ttan baslandi'.

Francuz ali'mi' Jak Iv Kusto ta'repinen akvalangni'n' jarati'li'wi' insaniyatti'n' suw asti' miyraslari'n u'yreniwdi ja'ne de jen'illestirdi. Suw asti' arxeologiyasi' ten'iz yaki da'ryalar qa'ddinin' ko'teriliwi aqi'betinde suw asti'nda qali'p ketken yesteliklerdin' qaldi'qlari'n izlep tabi'w arqali' wo'tmishtegi adamlar turmi'si', wolardi'n' turmi's qa'lpi ha'm ma'deniyati'n u'yrenedi.

### Atamani'n' mazmuni'n bilip ali'n'

**Akvalang** — adamni'n' suw asti'nda yerkin dem ali'p ju'ziwine ha'm islewine imkan jarati'wshi' hawa tolti'ri'lg'an ballonlardan tayarlang'an arnawli' u'skene.[1]

### Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. *Arxeologiya neni u'yretedi?*
2. *O'zbekistanni'n' arxeolog ali'mlari'ni'n' jumi'slari' haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?*
3. *Suwasti' arxeologiyasi'ni'n' a'hmiyeti haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'iz?*
4. *Siz jasaytug'i'n aymaqta arxeologiyali'q qazi'w jumi'slari' wo'tkerildi me? Wo'tkerilgen bolsa, wol haqqi'nda qi'sqasha mag'luwmat toplan'.*

### WO'Z BETINSHE JUMI'S

Wo'zin'izge belgili arxeologiyali'q yestelikler ha'm wolardi'n' jaylasqan jerlerin jazi'p, kesteni tolti'ri'n'.

| T/n | Arxeologiyali'q yestelik ati' | Jaylasqan aymag'i' |
|---|---|---|
| | | |
| | | |

[1] O'TIL. — T.: «ЎзМЭ». 2007. 1-tom. 61-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



# III bap. ADAMZAT MA’DENIYATI’NI’N’ QA’LIPLESIWI

## 8-§. JARTASTAG’I’ SU’WRETLER

**Da’slepki ko’rkem wo’ner u’lgileri.** A’yyemgi ata-babalari’mi’z jartaslarg’a si’zi’p qaldi’rg’an su’wretler da’slepki ko’rkem wo’ner u’lgileri boli’p yesaplanadi’. Wolar tariyx ushi’n ju’da’ bahali’ tariyxi’y yestelikler boli’p tabi’ladi’. Jartaslardag’i’ su’wretlerdin’ wo’zine say ta’repi sonda, wolar insaniyat ta’repinen yele jazi’w payda bolmastan buri’n jarati’lg’an. Bul wo’ner u’lgileri ilimpazlardi’n’ a’yyemgi da’wir tariyxi’n jarati’wda a’hmiyetli derek yesaplanadi’. Wolarda babalari’mi’zdi’n’ ku’ndelikli turmi’si’, turmi’s ta’rzi, diniy isenimi, shug’i’llanatug’i’n jumi’slari’ ha’m a’detleri su’wretlengen. A’sirese, ata-babalari’mi’zdi’n’ yen’ a’yyemgi shug’i’llang’an jumi’si’ — haywanlardi’ an’law ko’rinisi ko’p ushi’rasadi’. Bul su’wretler tariyx ushi’n sol da’wirde adamlar qanday haywanlardi’ awlag’anli’g’i’ ha’m wolar buni’ qanday usi’lda islegenligi haqqi’nda qi’zi’qli’ mag’luwmatlar beredi.



**Xudojnik jumi’s u’stinde.**



**Altamir u’n’girindegi su’wretler.**

**Altamira, Kapovaya ha’m Lasko u’n’girleri.** Jartas su’wretlerin b.e.sh. 15 — 8-mi’n’ ji’lli’qlarda da’slep kramonyon adamlari’ salg’an.[1]

[1] O‘zME. — T.: «ЎзМЭ». 2003. 5-tom. 376-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Lasko u'n'girindegi su'wretler.**

Arxeologlar ta'repinen tabi'lg'an bul da'wirdegi su'wretlerdin' ko'pshiligi jartasqa woyi'p islengen. Wolardi'n' bir bo'legi Ispaniyadag'i' du'nyag'a belgili Altamira ha'm Franciyadag'i' Lasko u'n'girlerinen ha'm de Bashqurtstandag'i' Kapovaya u'n'girinen tabi'lg'an. Sol zamanni'n' su'wretlew wo'nerinin' ustalari' haywanlardi' su'wretlewde ha'r tu'rli elementler aralaspasi'nan tayarlang'an ren'li boyawlardan tas diywallardag'i' su'wretlerdi boyawda bolsa tayaqsha yaki haywan ju'ninen tayarlang'an qi'lqa'lemnen paydalang'an.

Bul bolsa su'wretlerdin' derlik hesh birinin' ha'zirgi ku'nge deyin wo'zgerissiz saqlani'p qali'wi'na sebepshi bolg'an.Wolardi' u'yreniw a'yyemgi haywanat du'nyasi'n yele de jaqsi'raq tu'siniwge mu'mkinshilik beredi.

**O'zbekistan aymag'i'ndag'i' jartas su'wretleri.** O'zbekistanda usi' siyrek ushi'rasatug'i'n ko'rkem-wo'ner tu'ri ju'da' a'yyemnen payda bolg'an. Su'wretler tiykari'nan, yeki tu'rli usi'lda — uri'p sho'kkishlew ha'm ta'biyiy boyawlar ja'rdeminde islengen. Keyin su'wretler ushi' wo'tkir temir ti'yi'q ha'm polat a'sbaplar menen taslardi' woyi'p islegen. Bul usi'l ilimde *noqatli' usi'l* dep ataladi'. Yekinshi usi'lda da'slepki ren'li su'wret ustalari'ni'n' sheberligi ko'zge taslanadi'. Wolar ha'r tu'rli zatlardi'n' aralaspasi'nan boyaw tayarlawdi' bilgen. Su'wretlerge sho'p, qami's, su'yek ha'm quslardi'n' pa'ri menen bezelgen. O'zbekistanda 100 den zi'yat



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

mine usi'nday siyrek usharasatug'i'n ko'rkem wo'ner u'lgileri ani'qlang'an.

A'sirese, Nawayi' wa'layati'ndag'i' Qarataw dizbeklerinin' Sarmi'shsay ji'rasi'nan tabi'lg'an ari'slan, jolbari's, bari's si'yaqli' ji'rtqi'sh haywanlardi'n' ayqaslari', an'shi'ni'n' kemnen-kem jag'dayda qolg'a u'yreniletug'i'n geopard ja'rdeminde jabayi' bug'ani' awlawi' su'wretlengen.

Da'slepki ko'rkem wo'nerdin' siyrek usharasatug'i'n yesteligi si'pati'nda «Qi'zi'l kitap»qa kirgizilgen biyta'krar jartas su'wretleri bu'gin shet yellerde de tilge ali'nbaqta. 2008-ji'li' Zaraotsay, Sarmi'shsay si'yaqli' biybaha ma'deniy yesteliklerdi qorg'aw, wolardi'n' jog'ali'p ketiw qa'wpinin' aldi'n ali'wg'a baylani'sli' hu'kimetlik qararlar qabi'l yetildi. Yen' basli'si', Sarmi'shsay su'wretleri pu'tkil du'nyaju'zi miyrasi'ni'n' tapti'rmaytug'i'n u'lgisi si'pati'nda YUNESKO ta'repinen dizimge ali'ndi' ha'm «Ashi'q aspan asti'ndag'i' muzey» dep ra'smiy tu'rde ja'riyalandi'.

### Atamalardi'n' mazmuni'n bilip ali'n'

**YUNESKO** — Birlesken Milletler Sho'lkeminin' ilim, bilimlendiriw ha'm ma'deniyat isleri menen shug'i'llani'wshi' sho'lkemi.

**Altamira** — Ispaniyadag'i' u'n'gir.

**Lasko** — Franciyadag'i' u'n'gir.

**Kapovaya** — Ural tawi'ni'n' Bashqurtstan aymag'i'nda jaylasqan u'n'gir.

**Qi'zi'l kitap** — jog'ali'p ketiw qa'wpi bar wo'simlik ha'm haywanatlardi'n' ati' kirgiziletug'i'n kitap.

### Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. *Jartaslarg'a sali'ng'an su'wretlerdin' a'hmiyeti nede?*
2. *O'zbekistanni'n' qaysi' aymaqlari'nan jartasqa sali'ng'an su'wretler tabi'lg'an?*
3. *Evropadag'i' Altamira, Kapovaya ha'm Lasko u'n'girlerindegi su'wretler nesi menen a'hmiyetli?*
4. *Da'slepki su'wretlew wo'nerinin' u'lgilerin jarati'wda ata-babalari'mi'z qanday qurallardan paydalang'an?*
5. *Su'wretlerde, tiykari'nan, neler su'wretlengen?*
6. *Jartastag'i' su'wretlerdi saqlaw boyi'nsha O'zbekistanda qanday jumi'slar a'melge asi'ri'ldi'?*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**TAPSI'RMA**

*(Kestege sabaqli'qta berilgen su'wretlerde neler su'wretlengenligin jazi'n')*

| T/n | U'n'girdin' ati' | Su'wretlerde berilgen haywanlar ati' |
|---|---|---|
| 1. | | |
| 2. | | |

## 9-§. JAZI'W — ADAMZATTI'N' ULLI' WOYLAP TABI'WLARI'

**Da'slepki jazi'wdi'n' payda boli'wi'.** Jer ju'zinde tun'g'i'sh jazi'w belgileri da'slep Aziya ha'm Arqa Afrika (a'y-yemgi Mi'sr) xali'qlari' ta'repinen jarati'lg'an.

Wo'tmish tariyx, adamlar jaratqan turmi'sli'q ta'jiriybe ha'm bilimler woylap tabi'li'wlar ata-babalardan a'wladlarg'a jazi'w arqali' jetip keldi.




Mi'sr ieroglifleri.

**Yeste saqlan'!**

Jazi'w — adamlar arasi'ndag'i' baylani'sqa xi'zmet yetetug'i'n jazba belgiler sistemasi'.

Jazi'w bu'gingi tu'rdegi ko'riniske iye bolaman degenshe uzaq rawajlani'w joli'n basi'p wo'tti.




A'yyemgi mi'srli'lar sandi' mine usi'nday an'latqan.

Ilimpazlar da'slepki jazi'wlardi' uzaq waqi'tqa shekem woqi'y almadi'. Sebebi, bul jazi'wlar bu'gingi jazi'wlardan keskin parq qi'latug'i'n yedi. Wolar tiykari'nda ha'rip bolmay qandayda bir ma'nisti an'latatug'i'n belgilerden ibarat bolg'an. Yekinshiden, wolar bu'gingi ku'nde heshkim so'ylespeytug'i'n tillerde jazi'lg'an. Sog'an qaramastan, ilimpazlar ti'ni'msi'z izleniwleri na'tiyjesinde keyin wolardi'n' ko'pshiligin woqi'wg'a miyasar bolg'an.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Su'wretli jazi'w.




Qi'tay ieroglifleri.

**Wo'zin'izdi si'nan'**

- Jer ju'zinde da'slepki jazi'w belgileri ... ta'repinen jarati'lg'an.

**A'yyemgi jazi'wlar ha'm wolardi'n' tu'rleri.** Ilimpazlar a'yyemgi jazi'wlardi' birneshe tu'rlerge bo'lgen. Wolardan da'slepkisi «yesletiwshi belgiler» dep atalg'an. Bunday belgiler ani'q mug'dardi' belgilewde, qandayda bir xabardi' uzaq ma'nzilge jetkiziwde qollani'lg'an. Ma'selen, qandayda bir mug'dardi' an'lati'w ushi'n ha'r tu'rli ko'lemdegi tastan paydalani'lg'an. Ata-babalari'mi'z jazi'wdi'n' «Buyi'mli' jazi'w» tu'rin de qollang'an. Ma'selen qorg'an su'wreti marhumni'n' ko'milgen jerin, nan-duz dosli'qti' bildirgen. A'yyemgi jazi'wdi'n' ja'ne bir tu'ri «su'wretli jazi'w» yedi. A'yyemgi ata-babalari'mi'z ha'r tu'rli haywanlardi'n' su'wretlerin taslarg'a, su'yeklerge, u'n'girlerdin' diywallari'na woyi'p islegen. Wolar tek su'wret boli'p g'ana qalmay, qandayda bir jag'daydi' an'lati'wshi' xabar da yedi.

Turmi's rawajlani'p barg'an sayi'n su'wretli jazi'wlar adamlardi'n' talaplari'n qanaatlandi'ra almadi'. Wolar toli'g'i'raq ani'q jazi'wlarg'a za'ru'rlik seze basladi'. Na'tiyjede jazi'wdi'n' jan'a tu'ri — «So'z jazi'wi'» qa'liplesti. A'yyemgi Mi'sr ha'm Qi'tay ieroglifleri Shumer mixxati' ha'm basqalar buni'n' da'slepki u'lgileri boldi'.

Biraq, ieroglifler menen jazi'w an'sat yemes, sebebi, ko'p mug'dardag'i' ieroglifl erdi yeste saqlap qali'w awi'r yedi. Turmi's yendi «a'lipbeli jazi'w»di' woylap tabi'li'wi'n talap yete basladi'.

**Wo'zin'izdi si'nan'**

- Jazi'w — bul ... .
- To'mendegiler jazi'wdi'n' to'rt tu'rin quraydi'... .



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**A'lipbenin' payda boli'wi'.** Siz mektebin'izdin' 1-klasi'na qabi'l yetilgenin'izde qoli'n'i'zg'a uslag'an birinshi kitabi'n'i'z «A'lipbe» yekenligin biletug'i'n shi'g'arsi'z. Wol baslang'i'sh sawat ashi'w kitabi' yedi. A'lipbe arabsha «A'lip» ha'm «be» ha'riplerinin' qaraqalpaq tilinde qosi'p ayti'li'wi'.

| ha'rip formasi' | qaysi' so'zden | |
|---|---|---|
| 𐤂 | tu'ye | Г |
| 𐤃 | yesik | Д |
| 𐤊 | alaqan | К |
| 𐤌 | suw | М |
| 𐤓 | bas | Р |

**Finikiy a'lipbesi.**

> **Yeste saqlan'!**
>
> A'lipbe — qayndayda bir tildin' jazi'wi' ushi'n qabi'l yetilgen ha'm qatan' izbe-izlikte jaylasti'ri'lg'an jazba belgiler. Bul belgiler ha'rip delinedi. «A'lipbe» so'zi arab a'lipbesinin' birinshi ha'ribi (a'lip) ha'm yekinshi ha'ribi (be)nin' qosi'li'p ayti'li'wi'nan payda bolg'an so'z.

| formasi' | ma'nisi |
|---|---|
| Г | Г |
| Δ | Д |
| К | К |
| М | М |
| Р | Р |

**Kirill a'lipbesi.**

Du'nyada birinshi a'lipbeni, yag'ni'y, ha'ripli jazi'wdi' bizin' erami'zg'a shekemgi 2-mi'n' ji'lli'q wortalari'nda a'yyemgi finikililer jaratti' ha'm wol finikiy jazi'wi' dep atadi'.[1] Finikiy a'lipbesi 22 ha'ripten ibarat boli'p, wol won'nan shepke qaray jazi'lg'an. Finikiy tilindegi so'zlerdi usi' 22 ha'rip penen jazi'w u'lken ha'diyse yedi. Finikiy jazi'wi' basqa ma'mleketlerde de tez tarqala basladi'. Wolar finikiy a'lipbesin wo'z tillerine maslasti'ri'p aldi'. Du'nyadag'i' ha'zirgi jazi'wlardi'n' besten to'rt bo'leginin' ko'biregine usi' finikiy jazi'wi' tiykar boli'p yesaplanadi'.

Ha'tte ha'zirgi ku'ndegi lati'n ha'm kiril jazi'wlari' da finikiy jazi'wlari'nan kelip shi'qqan.

**Wo'zin'izdi si'nan'**

- Du'nyada birinshi a'lipbeni ... jaratqan.

Bizin' erami'zg'a shekemgi IV — III a'sirlerde lati'n a'lipbesi jarati'ldi'.[2] Wol birneshe a'sirlerden keyin Bati's Evropani'n' ko'plegen xali'qlari'ni'n' jazi'wi'na tiykar boli'p xi'zmet yetti. Keyin

[1] O'zME. — T.: «ЎзМЭ». 2002. 3-tom. 469-bet.
[2] O'zME. — T.: «ЎзМЭ». 2003. 5-tom. 315-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

bolsa arab a'lipbesi jarati'ldi'. Rus a'lipbesi kirillica dep atalg'an yeski slavyan a'lipbesi tiykari'nda payda boldi'. Yeski slavyan a'lipbesin Greciyali' ag'ali'-inili Kirill ha'm Mefodiyler IX a'sirde a'yyemgi grek a'lipbesi tiykari'nda jaratqan yedi. Payda bolg'an jan'a a'lipbe Kirilldin' hu'rmetine *kirillica* dep ataldi'. X a'sirdin' aqi'rlari'nda a'yyemgi Kiev Rusi' ma'mleketi de bul jan'a a'lipbeni qabi'l yetti ha'm wol rus tiline sa'ykeslestirildi. Ha'zirgi zaman kirill-rus a'lipbesinde 33 ha'rip ha'm yeki belgi bar.

**O'zbekistanda jazi'w.** Wo'zbek xalqi' a'yyem zamanlardan berli ha'r tu'rli jazi'wlardan paydalani'p keldi. Bular xorezm, sog'd, arqun-enisey[1], arab, kirill-rus ha'm lati'n a'lipbesine tiykarlang'an jazi'wlar boli'p tabi'ladi'.

Xorezm ha'm sog'd jazi'wlari'nan ata-babalari'mi'z derlik mi'n' ji'l dawami'nda paydalani'p kelgen. Sog'd a'lipbesi da'slep 23 ha'ripten ibarat bolg'an. Bul a'lipbede so'zler won'nan shepke qarap jazi'lg'an. O'zbekistanda bu'gingi ku'nde lati'n jazi'li'wi'na tiykarlang'an wo'zbek a'lipbesinen paydalani'lmaqta.

**Wo'zin'izdi si'nan'**

- A'lipbe — bul ... .
- Finikiy a'lipbesinde ... ta ha'rip bolg'an.

**Atamalardi'n' mazmuni'n bilip ali'n'**

**Ieroglif** — su'wretli, belgili jazi'w.[2]

**Mixxat** — shege yaki kletkalarg'a uqsag'an belgilerdi i'lay taxtashalarg'a woyi'p tu'sirilgen jazi'w tu'ri.[3]

**Soraw ha'm tapsi'rmalar**

1. *Jazi'w degen ne? Jazi'wdi'n' adamzat turmi'si'nda tutqan worni' haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?*
2. *A'yyemgi jazi'w tu'rlerinin' atlari'n keltirip wo'tin' ha'm wolardi'n' bir-birinen ayi'rmashi'li'g'i' haqqi'nda ayti'p berin'.*
3. *Qanday faktorlar a'lipbenin' payda boli'wi'na sebep bolg'an?*
4. *Finikiy a'lipbesi adamzat tariyxi'nda qanday rol woynadi'?*
5. *Lati'n, arab ha'm kirill-rus a'lipbeleri haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?*
6. *O'zbekistan xali'qlari' buri'n qanday jazi'wlardan paydalang'an?*

---

[1] O'zME. – T.: «ЎзМЭ». 2005. 9-tom. 131-bet.
[2] O'zME. – T.: «ЎзМЭ». 2006. 2-tom. 175-bet.
[3] O'zME. – T.: «ЎзМЭ». 2006. 2-tom. 603-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

### WO'Z BETINSHE JUMI'S

| T/n | A'lipbeler | Qashan jarati'lg'an? | Ha'ripleri sani' | Jazi'li'w ta'rtibi |
|---|---|---|---|---|
| 1. | Finikiy | | | |
| 2. | Sog'd | | | |
| 3. | Lati'n | | | |
| 4. | Arab | | | |
| 5. | Kirill-rus | | | |

## 10-§. «AVESTO» — ATA-BABALARI'MI'Z JARATQAN TUN'G'I'SH TARIYXI'Y JAZBA DEREK

**«Avesto» haqqi'nda.** Bizin' erami'zg'a shekemgi IX — VIII a'sirlerde a'yyemgi Xorezm u'lkesinde jaqsi'li'q dini — zardushtiylik du'nyag'a keldi.[1]

Bul dinnin' ati' wog'an tiykar sali'wshi' Zardushtti'n' ati'nan ali'ng'an. Zardushtiylik dininin' muqaddes kitabi' «Avesto» dep ataladi'. Kitapta Axuramazda («dani'shpan», «ulli'», «ko'sem») du'nyani' jaratqan quday dep tu'sindiriledi.



Zardusht.

**Yeste saqlan'!**

«Avesto» bizin' tilimizde «qatan' wornati'lg'an ni'zam-qag'i'ydalar» degen ma'nisti bildiredi. «Avesto» 2700 ji'l buri'n Xorezmde jarati'lg'an.

Iran axamaniylerinin' patshasi' Doro III da'wirinde «Avesto» 12 mi'n' qara maldi'n' terisine alti'n menen jazi'ldi' ha'm g'a'ziyne de saqlandi'. Keyin,

[1] O'zME. — T.: «ЎзМЭ». 2002. 3-tom. 683-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

makedoniyali' Aleksandrdi'n' basqi'nshi'li'q ju'risi payi'ti'nda woni'n' u'lken bir bo'legi wo'rtep jiberildi. Astronomiya ha'm medicina ilimlerine tiyisli bo'limleri bolsa grek tiline awdari'ldi'. Aradan birneshe a'sirler wo'tip, jurti'mi'zda islam dini ken' tarqalg'annan keyin, «Avesto» umi'ti'ldi'.

«Avesto» Worta Aziya, birinshi gezekte, O'zbekistanni'n' wo'tmish tariyxi', sonday-aq, ata-babalari'mi'zdi'n' u'rp-a'detleri haqqi'ndag'i' yen' a'yyemgi jazba derek si'pati'nda u'yreniledi.

**Wo'zin'izdi si'nan'.**

- «Avesto» — bul ... .

**«Avesto»ni'n' mazmuni'.** «Avesto»da ayti'li'wi'na qarag'anda, du'nya jaqsi'li'q ha'm jawi'zli'q tiykari'na quri'lg'an. Barli'q jawi'zli'qlardi' (wo'lim, qaqaman qi's, zi'yanli' ja'nlikler ha'm sol si'yaqli'lar) jawi'zli'qti'n' qa'wenderi Axriman jiberedi.

Axuramazda bolsa wo'mirdi, jaqsi'li'qti', jaqti'li'qti' ha'm a'dalatti' qorg'aydi'. Jaqsi'li'q ha'm jawi'zli'qti'n' arasi'ndag'i' gu'reste aqi'r-aqi'betinde jaqsi'li'q jen'iske yerisedi. Biraq, buni'n' ushi'n adamlar wo'tirik so'ylemewi, bergen wa'delerinin' u'stinen shi'g'i'wi' ha'm insanlarg'a tek jaqsi'li'q yetiwi kerek. Insandag'i' bul u'sh wo'zgeshelik jetiskenlik belgisi yesaplang'an. Bul u'sh wo'zgeshelikti wo'zinde qa'liplestirgen adamlar Axuramazda ta'repdarlari' boli'p yesaplanadi':

Jawi'z ku'shler zi'yan keltirmewi ushi'n adamlar jer aydap, diyqanshi'li'q yetiwge, g'a'lle jetistiriwge sharwashi'li'q penen shug'i'llani'wg'a iytermelegen ha'm bunday miynet hu'rmetlengen.

Jaqsi' pikir joqari' da'rejedegi woy-pikir, jaqsi' so'z ha'm jaqsi' isler (qayi'rli' isler) zardushtiylik dininin' bas ideyasi'n quraydi'.

**Di'qqat penen woqi'n'!**

«Jaqsi' pikir, jaqsi' so'z, jaqsi' is degen principke ha'zirgi zaman ushi'n da ibrat bolg'an sabaqlar barli'g'i'n ko'riw mu'mkin.[1]

---

[1] *Islam Karimov.* «Joqari' ma'nawiyat — jen'ilmes ku'sh». — T.: «O'zbekiston» NMIU. 2008. 32-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Zardushtiylik dininde wot, topi'raq, suw ha'm hawa muqaddes yesaplanadi'. Bug'an wotti'n' jaqti'li'q, topi'raqti'n' (jerdin') i'ri'sqi'-nesiybe, suw menen hawani'n' bolsa tirishilik deregi yekenligi tiykar yetip ali'ng'an. Sol waqi'tta, bul to'rt muqaddes zat ha'mme tirishilik du'nyasi'ni'n' tiykari' yekenligi tu'sindirilgen.

**Wo'zin'izdi si'nan'**

- Zardushtiylik bas ideyasi'ni'n' tiykari'n ... quraydi'.

**«Avesto»ni'n' 2700 ji'lli'g'i'.** «Avesto» tek bizin' yemes, al du'nya ju'zi ma'deniyati'ni'n' da miyrasi' yesaplanadi'. Soni'n' ushi'n da xali'qarali'q YUNESKO sho'lkemi O'zbekistan hu'kimetinin' baslamasi' menen 1999-ji'li' «Avesto»ni'n' 2700 ji'lli'g'i'n belgilew haqqi'nda qarar qabi'l yetti. 2001-ji'li' bolsa bul qutli' sa'ne belgilendi.[1]

### Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. *Zardushtiylik dini ha'm «Avesto» haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?*
2. *Zardushtiylik dininin' mazmuni' haqqi'nda ayti'p berin'.*
3. *Ne ushi'n zardushtiylikte wot, jer, suw ha'm hawa muqaddes dep yesaplang'an?*
4. *Zardushtiylik a'dep-ikramli'li'g'i'ni'n' u'sh tayani'shi'n ayti'p berin'. O'zbekistan Prezidenti Islam Karimovti'n' wolar haqqi'nda aytqan pikirlerin keltirip wo'tin'.*
5. *«Avesto»ni'n' 2700 ji'lli'g'i'ni'n' belgileniwi neni an'latadi'?*

### WO'Z BETINSHE JUMI'S

**Zardushtiylik dini haqqi'nda nelerdi bilesiz?**

*(Kesteni tolti'ri'n')*

| Zardushtiylik qashan ha'm qay jerde payda bolg'an? | Zardushtiyliktin' muqaddes kitabi' | Zardushtiylik dininin' tiykari'n ne quraydi'? | Zardushtiylik a'dep-ikramli'li'g'i'ni'n' tiregi | «Avesto»ni'n' 2700 ji'lli'g'i'ni'n' belgileniwi |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |

[1] *Q. Rajabov* va boshq. O'zbekiston tarixining eng asosiy sanalari. — T.: «O'zbekiston» NMIU. 2012. 389-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 11-§. MUZEYLER

**Muzeyler ne ushi'n kerek?** Muzeyler tariyxi'y yesteliklerdi saqlawshi', u'yreniwshi ha'm xali'qqa ko'rsetiwshi wori'n boli'p tabi'ladi'. Muzeyler adamlardi'n' wo'zleri ushi'n qa'dirli ha'm yesletik boli'p qalatug'i'n buyi'mlardi' ji'ynap, wolardi' keleshek a'wladlarg'a miyras yetip qaldi'ri'w za'ru'rligi na'tiyjesinde payda boldi'.

**Yeste saqlan'!**

Muzeylerde ji'ynalg'an yestelikler kollekciyalar dep ataladi'.

Muzeylerdin' tu'rleri wog'ada ko'p. Tariyxqa a'debiyat ha'm ko'rkem wo'nerge, texnikag'a, medicinag'a, haywanat du'nyasi'na, a'skeriy qural-jaraq si'yaqli'larg'a tiyisli muzeyler bar. Muzeyler da'slep shirkewlerge sho'lkemlestirilgen.

Evropada ko'plegen muzeylerdin' sho'lkemlestiriliwi XIV — XVII a'sirlerge tuwra keledi.

Muzeylerden wori'n alg'an eksponatlar u'lken ta'rbiyali' a'hmiyetke de iye.

**Du'nya ju'zinin' belgili muzeyleri**. AQSh, Italiya, Franciya, Ulli' Britaniya, Germaniya, Rossiya Federaciyasi' du'nya ju'zinin' belgili muzeyleri jaylasqan ma'mleketlerden yesaplanadi'.



**Ermitaj (Sankt-Peterburg).**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Luvr muzeyi (Parij).**

Rossiyani'n' Sankt-Peterburg qalasi'ndag'i' «Ermitaj», Parijdegi «Luvr», Londondag'i' «Britaniya», Italiyadag'i' «Uffitsi» si'yaqli' du'nyadag'i' dan'qi' ketken muzeylerdin' kollekciyalari' qurami'nda tariyxi'y buyi'mlardi'n' qi'mbat bahali' nusqalari' saqlanadi'. Ma'-selen, 1546-ji'li' quri'lg'an ha'm da'slep korol sarayi' wazi'ypasi'n wo'tegen, wol ha'zirgi waqi'tta du'nyadag'i' yen' u'lken muzey



**«O'zbekistan tariyxi'» ma'mleketlik muzeyi (Tashkent).**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Temuriyler tariyxi' ma'mleketlik muzeyi (Tashkent).**

yesaplang'an Parijdegi «Luvr» muzeyinde a'yyemgi Mi'sr, Greciya ha'm Rimde islengen siyrek ushi'rasatug'i'n ko'rkem wo'ner du'rdanalari'ni'n' tu'p nusqalari' saqlanadi'.

**O'zbekistan Respublikasi'ni'n' muzeyleri**. O'zbekistan Respublikasi'nda da ko'plegen muzeyler bar. Bul muzeydegi eksponatlar du'nya ju'zinin' belgili muzeyleri eksponatlari'nan qali'spaydi'.

Ha'zirgi ku'nde respublikami'zda O'zbekistan tariyxi' ma'mleketlik muzeyi, Temuriyler tariyxi' ma'mleketlik muzeyi, O'zbekistan ko'rkem wo'ner muzeyi, O'zbekistan xali'qlari' ma'deniyat ha'm ko'rkem wo'ner tariyxi' muzeyi, O'zbekistan densawli'qti' saqlaw muzeyi si'yaqli' muzeyler xi'zmet ko'rsetpekte. Bir O'zbekistan tariyxi' ma'mleketlik muzeyinin' wo'zinde 250 mi'n'nan arti'q yestelikler bar. Wolar xalqi'mi'zg'a ha'm si'rt yelli miymanlari'mi'zg'a O'zbekistanni'n' wo'tmish tariyxi'nan so'ylep turadi'. Temuriyler tariyxi' ma'mleketlik muzeyi 1996-ji'li' quri'ldi'. Biyikligi 31 metr bolg'an muzey imarati' u'sh qabattan ibarat.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Muzeydin' ko'rgizbe zali'ni'n' worayi'ndag'i' diywalg'a a'jayi'p suwretlew wo'neri shi'g'armasi' islengen. Wog'an «Ulli' Sahi'p-qi'ran — ulli' quri'wshi'» dep at berilgen. Shi'g'arma «Tuwi'li'w», «Rawajlani'w» ha'm «maqtani'sh»atlari' menen atalg'an u'sh bo'limnen ibarat.

«Tuwi'li'w» bo'liminde Sahi'pqi'ranni'n' (ulli' babami'z Amir Temurdi'n') tuwi'li'wi' menen baylani'sli' u'rp-a'detler su'wretlengen.

«Rawajlani'w» bo'liminde ulli' babami'z turmi'si'nda barqulla ha'rekette bolg'an «Rosti-rusti» yag'ni'y «Tuwri'li'q za'ru'r» degen urani' alti'n ha'ripler menen jazi'p qoyi'lg'an. Sonday-aq, bul bo'limde Amir Temurdi'n' wa'zirler, a'skeriy sa'rkardalar ha'm ilimpazlar menen wo'tkerip ati'rg'an ken'esi su'wretlengen.

«Maqtani'sh» bo'liminde bolsa Amir Temur ha'm temuriyler da'wiri miyrasi'ni'n' a'wladtan-a'wladqa wo'tip kiyati'rg'anli'g'i' ideyasi' su'wretlengen.

Du'nya ju'zi ma'mleketleri muzeyleri xali'q arali'q sho'lkemge birlesken. Bul xali'q arali'q YUNESKO qurami'ndag'i' «Muzeyler xali'q arali'q ken'esi» dep ataladi'.

## Atamalardi'n' mazmuni'n bilip ali'n'

**Eksponat** — muzeylerde ko'rgizbege qoyi'lg'an buyi'mlar, su'wretler, hu'jjetler, kitaplar.[1]

**Kollekciya** — muzeylerde saqlani'p ati'rg'an buyi'mlardi'n' ta'rtipke sali'ng'an toplami'.[2]

## Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. *Muzeyler qanday waziypalardi' atqaratug'i'nli'g'i' haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?*
2. *Da'slepki muzeyler qay jerde sho'lkemlestirilgen?*
3. *Du'nyadag'i' belgili muzeyler haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?*
4. *O'zbekistanni'n' muzeyleri haqqi'nda ayti'p berin'.*

## WO'Z BETINSHE JUMI'S

Wo'zin'iz tamashalag'an yaki kitaplarda woqi'g'an muzeylerden biri haqqi'nda qi'sqasha gu'rrin' tayarlan'.

[1] O'TIL. — T.: «ЎзМЭ». 2008. 5-tom. 28-bet.
[2] O'TIL. — T.: «ЎзМЭ». 2006. 2-tom. 390-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




## 12-§. EVROPA HA'M AMERIKADAG'I' DA'SLEPKI CIVILIZACIYALAR

**Civilizaciya haqqi'nda.** Civilizaciya degenimizde qaysi' bir xali'qti'n' ma'deniyati'ni'n' rawajlani'wi'nda yerisilgen jetiskenliklerinin' da'rejesi tu'siniledi. Soni'n' ushi'n da civilizaciya atamasi'ni'n' worni'na ko'binese «ma'deniyat» so'zi de qollani'ladi'. Miynet qurallari'ni'n' jetilisiwi ha'm wo'ndiris texnikasi'ni'n' woylap tabi'li'wi', qalalardi'n' quri'li'wi', jazi'wdi'n' payda boli'wi', ilim-pa'n, a'debiyat, ko'rkem wo'nerdin' rawajlani'wi' ha'm basqalar civilizaciya yaki ma'deniyatti'n' rawajlani'wi'ni'n' belgisi boli'p tabi'ladi'. Aziya ha'm Arqa Afrika (a'yyemgi Mi'sr) da'slepki civilizaciyani'n' woraylari' bolg'an. Wolardi'n' ta'sirinde Evropada da civilizaciya rawajlang'an.


Diywalg'a woyi'p islengen su'wret.

**Krit — Evropani'n' da'slepki ma'deniyat woshag'i'.** Arxeolog ilimpazlar bu'gingi Greciya ma'mleketine qarasli' Krit atawi'nda b. e. sh. 3 — 2 mi'n' ji'lli'qqa tiyisli qalalardi'n' qaldi'qlari'n tapti'. Qalada quri'lg'an saraylardi'n' diywallari' si'balg'an. Si'baw keppey turi'p wog'an woyi'p su'wretler sali'ng'an. Saraydi'n' to'mengi qabati'ndag'i' ko'pshilik bo'lmelerde ustaxanalar, qural-jaraq saqlaw jayi', qi'mbat bahali' zatlar ha'm azi'q-awqat wo'nimleri saqlanatug'i'n qoymalar jaylasti'ri'lg'an.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Kritliler wo'nermentshilikte u'lken jetiskenliklerge yerisken. Arxeologiyali'q tabi'lmalar wo'nermentshilik, zergerlik, u'y quri'w ha'm kemesazli'q tarawi'ni'n' rawajlang'anli'g'i'n ko'rsetedi. Kemesazli'qta yerisilgen jetiskenlikler kritlilerge sawda ha'm a'skeriy flot du'ziw imkaniyati'n berdi. Sawda floti' Mi'sr ha'm Babil si'yaqli' ma'mleketler menen sawda-sati'q ju'rgiziwge xi'zmet yetedi. Kritliler wo'z jazi'wlari'na da iye bolg'an. Wolar uzi'nli'g'i' 150 — 200, yeni 70 — 150 metr u'lkenliktegi ju'da' suli'w jer asti' saraylari'n da qurg'an. Wolar islegen labirintler ha'zirge deyin adamlardi' tan' qaldi'rmaqta.

**Yeste saqlan'!**

B. e. sh. 2-mi'n' ji'lli'qta Kritta ma'mleket du'zildi. Bul Evropadag'i' birinshi ma'mleket yedi.

Bizin' erami'zg'a shekemgi 2-mi'n' ji'lli'qti'n' wortalari'nda ju'z bergen vulkan ati'li'wi' na'tiyjesinde Krit ma'deniyati' apatshi'li'qqa ushi'radi'. Biraq, bul apatshi'li'q Krit ma'deniyati'n pu'tkilley joq yetip jibermegen yedi. Ko'p wo'tpey Peloponnes yari'm atawi'nda jasawshi' grek qa'wimleri Kritti iyeledi.



**Mikenali'lar sawda kemesi.**

**Mikena ma'deniyati'.** Peloponnes yari'm atawi'nda bizin' erami'zg'a shekemgi 2-mi'n' ji'lli'qta Mikena qala ma'mleketi payda boldi'. Bul qala — ma'mlekettin' kritliler ma'deniyati'ni'n' ta'sirinde rawajlandi'. Arxeologiyali'q qazi'wlar Mikenada wo'nermentshilik ha'm sawdani'n' jaqsi' rawajlang'anli'g'i'n da ko'rsetti. Bronzadan islengen ha'r tu'rli qurallar, alti'nnan islengen tag'i'nshaqlar, sopoldan tayarlang'an i'di's qaldi'qlari' jaqsi' saqlang'an. Mikenali'lar qurg'an qorg'an ha'm tastan quri'lg'an u'yler ju'da' bekkem yedi. Qalani'n' joqarg'i' bo'leginde patsha sarayi' ha'm bayda'wletli aqsu'yeklerdin' u'yleri jaylasqan.



**Bronza miynet qurallari'.**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Mayya piramidasi'. To'rt ta'repindegi teksheler sani' ji'l ku'nleri sanlari' — 365 ge ten' bolg'an.**

Sarayg'a jaqi'n jarli'qqa maqbara quri'lg'an. Maqbaralardan bronza qurallar ha'm alti'n buyi'mlar tabi'lg'an. Qala a'tirapi'nda sawdager, wo'nerment ha'm diyqanlardi'n' u'yleri ti'g'i'z jaylasqan. Mikenali'lar Krit jazi'wi'n wo'zlerine sa'ykeslestirip alg'an.

**Mayya ma'deniyati'**. Worayli'q Amerikani'n' Yukatan yari'm atawi'nda, shen'gelzarlar arasi'nda mayyalar jasaytug'i'n yedi.

Bul xali'q jasag'an aymaq ta'biyati' jag'i'nan jasaw ushi'n ju'da' qolaysi'z bolg'an. Biraq, wolar miynetleri menen bul aymaqti' abat u'lkege aylandi'rg'an. Mayya xalqi' Amerika materiginde yen' rawajlang'an ma'deniyat u'lgilerinen birin jaratti'. Bul wolar qurg'an Tikal qalasi' ti'msali'nda wo'z ko'rinisin tapti'. Qalada u'sh mi'n'g'a jaqi'n ha'r tu'rli imaratlar (shirkew, observatoriya, ma'resimler sarayi' ha'm u'y-jaylar) quri'lg'an. Qala worayi'ndag'i' piramida ha'm saraylar woni'n' ko'rkine ko'rk qosi'p turg'an.

Bizin' erami'zdi'n' birinshi mi'n' ji'lli'g'i'nda mayyalarda qala-ma'mleketler ju'zege keldi. Wolardi'n' hu'kimdarlari' «Ulli' insan» dep atalg'an. Hu'kimdarli'q na'silden-na'silge miyras boli'p wo'tken. Mayyalar 300 belgiden ibarat ieroglifli jazi'wdi' jaratqan. Sonday-aq, wo'z da'wiri ushi'n kalendarda du'zgen.

Ibadatxanalarda «qudaylarg'a xi'zmet qi'li'wshi'lar» — diniy xi'zmetker (kohin) wo'z da'wirinin' yen' woqi'mi'sli' adamlari'



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

yedi. Wolar planetalardi'n' Quyash do'gereginde aylani'wi', Quyash ha'm Ay tuti'li'wi'ni'n' waqti'n aldi'n ala yesaplap shi'g'a alg'an. Mi'n' ji'ldan arti'q jasag'an bul ma'deniyat keyinnen evropali'lar basqi'nli'shi'g'i' aqi'betinde saplasti'ri'ldi'.

**Inklar ma'deniyati'.** Amerikani'n' inklar dep atalg'an xalqi' (da'slep ha'zirgi Peru ma'mleketi aymag'i'nda jasag'an) da wo'z ma'mleketlerin du'zgen. Ma'mleketti joqari' hu'kimdar — Joqarg'i' Inka basqarg'an. Joqarg'i' Inkani'n' jaqi'n tuwi'sqani' bolg'an yer adamlar wo'zlerin «Quyash balalari'» dep atag'an. Bug'an inklardi'n' Quyashti' «bas quday» dep qabi'l yetiwleri sebepshi bolg'an. «Quyash balalari'» ma'mlekette joqari' lawazi'mlardi' iyelegen. Inklar ku'shli suwg'ari'w sistemasi'n qurg'an. U'lken taslardan qorg'ani'w quri'lmalari'n qurg'an. A'sirese wolar qurg'an u'sh qabatli' tas diywalli' Quyash ibadatxanasi' belgili bolg'an. Bul diywallar biyikliginin' yari'mi'na deyin alti'n menen qaplang'an.



**Inklar jazi'wi' — kipu.**

Inklar Korikancha ibadatxanasi'nda «Alti'n bag'» jaratqan. Bul bag' alti'n ha'm gu'misten jasalg'an quslardi'n', ha'r tu'rli haywanlardi'n' ha'm adamlardi'n' formalari' menen bezetilgen. Inklar jiplerdi ha'r tu'rli ko'riniste tu'yiw joli' menen wo'zine ta'n jazi'w jaratqan. Bul jazi'w «kipu» dep ataldi'. Inklar ma'mleketinde yeki tu'rli arnawli' woqi'w worni' xi'zmet ko'rsetken. Wolardi'n' birinshisinde aqsu'yekler til, tariyx, a'skeriy ha'm ma'mleketti basqari'w wo'neri bag'dari'nda bilim alg'an. Yekinshisinde bolsa qi'z balalar woqi'g'an. Wolarda ibadatxana xi'zmetkerleri ha'm wo'z turmi'si'n aq su'yekler menen baylani'sti'ri'wshi' u'y biykeleri ta'rbiyalang'an. Bul woqi'w wori'nda poeziya, muzi'ka ha'm ayaq woyi'n ko'rkem wo'nerinen sabaq berilgen.

### Atamani'n' mazmuni'n bilip ali'n'

**Labirint** — bir-birine uqsas, bo'lmeleri ko'p, adam ju'rse adasi'p ketetug'i'n jollari' ko'p bolg'an u'lken imarat.[1]

[1] O'TIL. — T.: «ЎзМЭ». 2008. 2-jild. 481-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

### Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. *Evropadag'i' da'slepki ma'deniyat woshag'i' — Krit ma'deniyati' haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?*
2. *Krit ha'm Mikena ma'deniyati' woshaqlari'n sali'sti'ri'n'. Uqsas ha'm wo'zine ta'n ta'replerin tabi'n'.*
3. *Mayya ma'deniyati' haqqi'nda ayti'p berin'.*
4. *Inklar ma'deniyati' haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?*

## 13-§. A'YYEMGI QALALARDI'N' PAYDA BOLI'WI'

**Qalalardi'n' payda boli'wi'.** Qala degenimizde u'lken turatug'i'n ma'kanlardi' tu'sinemiz. Qalalardi'n' payda boli'wi' wo'nermentshilik ha'm sawdani'n' rawajlani'wi' menen baylani'sli'. Du'nya ju'zinde qalalar bizin' erami'zg'a shekemgi 5 — 3 mi'n' ji'lli'qlarda da'slep Shi'g'i'sta — Mesopotamiyada, Mi'sr, Worayli'q Aziya, Hindstan ha'm Qi'tay si'yaqli' ma'mleketlerde payda bolg'an.




A'yyemgi Mi'sr qalalari'.

Wo'nermentler ha'm sawdagerler toplani'si'p jasaytug'i'n wori'nlar barg'an sayi'n ti'g'i'zlani'p qalalarg'a aylandi'. Qalalarda u'lken bazarlar sani' ko'beyedi. Waqi'tlar wo'tiwi menen qalalar ilim-bilim beriw worayi'na da aylandi'.

**Memfis qalasi'.** Yen' a'yyemgi qalalardan biri a'yyemgi Mi'sr ma'mleketinin' paytaxti' Memfis qalasi' yedi. Qala Mi'srdi' birden-bir ma'mleketke birlestirgen patsha Menes ta'repinen quri'lg'an. Qala iri ma'deniy ha'm wo'nermentshilik worayi' da yedi. Mi'sr ma'mleketinin' hu'kimdarlari' faraonlar dep atalg'an. Faraonlar wo'zlerinin' qu'diretin ko'rsetiw maqsetinde piramidalar formasi'ndag'i' u'lken maqbaralar qurdi'ra baslag'an. Qayti's bolg'an faraonlar sol maqbaralarg'a



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Sfinks.

jerlengen. Maqbaralar qasi'nda faraonlardan birinin' mu'sini sfinks tu'rinde su'wretlengen. Jartastan islengen sfinkstin' biyikligi 20 metrden zi'yat bolg'an.

Sfinks adamlarda qatti' qorqi'ni'sh woyatqan. Soni'n' ushi'n wol «qorqi'ni'sh atasi'» dep atalg'an. Piramida ha'm sfinks mi'srli'lardi' «Faraonlar qu'diretli qudaylar» degen isenimdi sin'diriwi tiyis yedi. Qalada sawlatli' ibadatxanalar sali'ng'an. Adamlardi' quday ha'm faraonlardi'n' qu'diretine isendiriw maqsetinde ibadatxanalardi'n' aldi'nda yaki ishinde faraonlardi'n' adam boyi'nan 5 — 6 ma'rte uzi'n bolg'an yestelikleri (mu'sinleri) wornati'lg'an. Diywal ha'm su'tinlerge bolsa wolardi'n' su'wretleri woyi'p islengen.

**Bobil qalasi'.** Bobil da a'yyemgi qalalardi'n' biri. Woni'n' quri'lg'an aymag'i' ha'zirgi Irak ma'mleketi qurami'na kiredi.

**Yeste saqlan'!**

Bobil so'zi qudaydi'n' da'rwazasi' degen ma'nini an'latadi'.

Qala a'yyemgi Bobil ma'mleketinin' paytaxti' bolg'an. Ma'mlekettin' ati' da sol qalani'n' ati' menen atalg'an. Qala a'sirese, patsha Xammurapi da'wirinde Aziyani'n' yen' ataqli' qalasi'na aylandi'. Biraq, qala keyinnen si'rtqi' topi'li'slar na'tiyjesinde birneshe ma'rte wayran yetildi.

Navuxadonosor II hu'kimdarli'g'i' da'wirinde Bobil Aziyani'n' yen' qu'diretli ma'mleketlerinin' birine aylandi'. Qala worayi'nda 7 qabatli', biyikligi 90 metrli ibadatxana minarasi' quri'ldi'. Bobilli'lardi'n' tu'siniginshe, bul minara jerdi aspan menen tutasti'ri'p turatug'i'n yedi. Qalani'n' keyingi a'sirdegi ta'g'diri qayg'i'li' boldi'. Wol da'slep Iran, keyinnen bolsa makedoniyali' Aleksandr ta'repinen basi'p ali'ng'an.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Navuxodonosor II.

**Nineviya qalasi'.** Nineviya qalasi' da du'nya ju'zinin' yen' a'yyemgi qalalari'nan biri. Bul qalag'a ha'zirgi Dajla da'ryasi' boyi'nda tiykar sali'ng'an. Bul qalani'n' da worni' ha'zirgi Irak ma'mleketinin' qurami'nda. Qalani'n' sawda joli'ni'n' kesispesinde jaylasi'wi' woni'n' gu'llep rawajlani'wi'na sharyat jarati'p beredi. Qala keyinnen a'yyemgi Ossuriya ma'mleketinin' paytaxti'na aylanadi'. Ossuriya ku'sh-qu'diretke tolg'an da'wirlerde «Du'nya ju'zinin' paytaxti'» degen hu'rmetke miyasar boldi'. Biraq, patshalardi'n' ti'ni'msi'z ali'p barg'an uri'slari' Ossuriyani' haldan taydi'rdi'. Aqi'ri'nda, bizin' erami'zg'a shekemgi 612-ji'li' Bobil ma'mleketi woni' saplasti'rdi'. Nineviya qalasi' qi'yrati'ldi'.



Hayal qudayi' Afina mu'sini.

**Afina qalasi'.** Greciyada quri'lg'an Afina qalasi' bilim ha'm danali'q qudayi' Afinani'n' ati'na qoyi'lg'an. Qala xalqi' Afinani' wo'zlerinin' qa'wenderi dep bilgen. Waqi'tlar wo'tiwi menen Afina Evropani'n' yen' rawajlang'an qalasi'na aylandi'. Qalada ilim-bilimlendiriw joqari' qa'dirlendi. Afinali'lar du'nya ju'zi xali'qlari' ha'wes yetkendey ma'deniyat jaratti'.

**Yeste saqlan'!**

Afina qalasi' ha'zirgi Greciya ma'mleketinin' paytaxti'.

**Sparta qalasi'.** A'yyemgi Greciyani'n' aymag'i'nda quri'lg'an Sparta qalasi' da wo'z da'wirinin' iri qalalari'ni'n' biri yedi. Spartani' aqsaqallar ken'esi basqarg'an. Bul ken'es ag'zalari'



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Rimde quri'lg'an teatrlardi'n' biri. (Kolizey)

spartali'lardi'n' ji'ynali'si'nda saylang'an. Sparta a'skerlerinin' komandirleri de ken'es ag'zali'g'i'na kirgizilgen. Ken'es yen' a'h-miyetli jumi'slardi' sheshken. Ayi'pker adamlardi' da ken'es sudlag'an.

**Rim qalasi'.** Dereklerde ko'rsetiliwine qarag'anda, ha'zirgi Italiya ma'mleketinin' paytaxti' Rim qalasi'na bizin' erami'zg'a shekemgi 753-ji'li' tiykar sali'ndi'. Keyinnen qala Rim ma'mleketinin' paytaxti'na aylandi'. Ma'mleket ha'm qalani'n' ati' menen ataldi'. Waqi'tlar wo'tiwi menen a'yyemgi Rim qalasi' du'nya ju'zinin' yen' rawajlang'an qalalari'ni'n' birine aylandi'.

Ha'tteki qalag'a trubalar arqali' tawlardan bulaq suwlari' ali'p kelindi. Ibadatxanalar, saraylar ha'm yestelikler sali'ndi'. Rim qalasi' ha'zirgi ku'nde Italiya Respublikasi'ni'n' paytaxti'.

### Atamalardi'n' ma'nisin bilip ali'n'

**Sfinks** — gewdesi ari'slang'a, basi' adamg'a uqsati'p tasqa woyi'p islengen a'psanali'q maqluqti'n' mu'sini. Wol faraonlar qu'diretinin' belgisi bolg'an.

**Faraon** — (Ulli' u'y, patsha sarayi') — Mi'sr patshali'g'i'ni'n' ulli'li'g'i'n bildiriwshi ataq.[1]

### Soraw ha'm tapsi'rmalar

*1. Qalalardi'n' payda boli'wi' haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?*
*2. Mempis, Bobil ha'm Nineviya qalalari'n bir-biri menen sali'sti'ri'n'. Uqsasli'q ha'm ayi'rmashi'li'q ta'replerin ani'qlan'.*
*3. Afina ha'm Sparta qalalari' haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?*
*4. Rim qalasi' haqqi'ndag'i' mag'luwmatlardi' Afina qalasi' haqqi'ndag'i' mag'luwmatlar menen sali'sti'ri'n'.*

### WO'Z BETINSHE JUMI'S

A'yyemgi du'nya qalalari':

**1.** Mempis, Bobil, Nineviya, Rim ha'm Afina qalalari'na ta'n uluwmali'q ta'replerin ayti'n'.

*a)* ... ;
*b)* ... .

[1] O'zME. – T.: «ЎзМЭ». 2001. 2-tom. 259-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 14-§. DU’NYA JU’ZININ’ A’YYEMGI MA’MLEKETLERI

**A’yyemgi Mi’sr ha’m Bobil ma’mleketleri.** Ma’mleket — belgili bir aymaqta uyi’mlasqan adamlardi’ (adamlar ja’miyeti) ni’zam ku’shi menen basqaratug’i’n sho’lkem boli’p tabi’ladi’. Ni’zam bolsa ma’mleket ta’repinen belgilep qoyi’latug’i’n ha’m ha’mme boysi’ni’wi’ sha’rt bolg’an ta’rtip-qag’i’ydalar. Ma’mleket da’slep bizin’ erami’zg’a shekemgi to’rtinshi mi’n’ ji’lli’qlar basi’nda Afrika materiginde Mi’sr aymag’i’nda payda boldi’. Wolar kishkene qala — ma’mleketler boli’p, «nomlar», ma’mleket basshi’lari’ bolsa «monarxlar» dep ataldi’. Keyinnen bul ma’mleketler worni’na yeki u’lken ma’mleket du’zildi. Da’wirler wo’tiwi menen bul yeki ma’mleket bir ma’mleketke birlestirildi. Mempis qalasi’ ma’mleket paytaxti’ yetip belgilendi. Ma’mleket hu’kimdari’ faraon dep ataldi’.




**Yeki da’rya arali’g’i’ndag’i’ ma’mleketler.**

Ma’mlekettin’ ishki turmi’si’ wo’zara uri’slarsi’z wo’tpegen. Uzaq dawam yetken bul uri’slar Mi’srdi’ ha’lsiretti. Aqi’betinde, Mi’srdi’ da’slep Iran ma’mleketi, keyinnen makedoniyali’ Aleksandr, wonnan keyin bolsa Rim ma’mleketi basi’p aldi’.

Aziya materiginin’ Mi’srdan wonsha uzaq bolmag’an bo’liminde Frot ha’m Dajla da’ryalari’ bar.

Sol yeki da’rya arali’g’i’ Mesopotamiya dep atalg’an. Mesopotamiya jerleri wog’ada wo’nimdar bolg’anli’g’i’ ushi’n adamlar bul jerlerdi wo’z ma’kanlari’na aylandi’rdi’.

Mesopotamiyada bizin’ erami’zg’a shekemgi 2-mi’n’ ji’lli’qta Bobil ma’mleketi payda boldi’. Patsha Xammurapi hu’kimdarli’g’i’ da’wirinde Bobil yen’ qu’diretli ma’mleketke aylandi’. Wol Mesopotamiyani’n’ barli’q bo’limin Bobilg’a boysi’ndi’rdi’.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**A’yyemgi Qi’tay ha’m Hindstanda ma’mlekettin’ payda boli’wi’.** Bizin’ erami’zg’a shekemgi yekinshi mi’n’ ji’lli’qta Qi’taydi’n’ Xuanxe da’ryasi’ yeteklerinde da’slepki ma’mleketler ju’zege keldi. Waqi’tlar wo’tiwi menen wolardi’n’ sani’ ko’beyip bardi’. Wolardan biri — Cin ma’mleketi hu’kimdari’ Cin Shi Xuandi bizin’ erami’zg’a shekemgi III a’sirde Qi’taydi’ bir ma’mleketke birlestiriwge miyasar boldi’.




A’yyemgi Hindstan.

Qi’tayda astronomiya, diyqanshi’li’q, medicina, geografiya ilimleri rawajlandi’. Ha’mme jaqsi’ ko’rip ishetug’i’n chaydi’ qi’tayli’lar jetilistirgen. Kompasti’ da qi’tayli’lar birinshi boli’p woylap tapti’.

Qi’tay ilimpazlari’ wo’z ma’mleketinin’ tariyxi’n jarati’wg’a shi’ntlap kiristi. Bul isti a’melge asi’ri’w tariyxshi’ ilimpaz Sima Syang’a nesip yetti. (bizin’ erami’zg’a shekemgi II — I a’sir basl ari’nda)




Cifrlar rawajlani’wi’.

Wol wo’zinin’ «Tariyxi’y ji’lnamalar» kitabi’ menen tariyxta wo’shpes iz qaldi’rdi’.

Hindstanda bolsa da’slepki ma’mleket bizin’ erami’zg’a shekemgi birinshi mi’n’ ji’lli’qta payda boldi’. Bizin’ erami’zg’a shekemgi III a’sirde patsha Ashoka Hindstandi’ bir ma’mleketke birlestiriwge yeristi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Hindler ilim tarawi'nda da u'lken jetiskenliklerge yeristi. Atap aytqanda, wolar «0» (nol) menen baslanatug'i'n won sandi' woylap tapti'. Na'tiyjede won san arqali' qa'legen sandi' ko'rsetiw mu'mkin boldi'.

Bul ashi'li'w du'nya ju'zi xali'qlari'na yelege shekem xi'zmet yetip kelmekte.

### Atamalardi'n' mazmuni'n bilip ali'n'

**Astronomiya** — aspan denelerinin' du'zilisin ha'm ha'reketlerin u'yreniwshi ilim.[1]

**Medicina** — adamlardi'n' den sawli'g'i'n saqlaw, keselliklerdin' aldi'n ali'w ha'm yemlew haqqi'ndag'i' bilimler sistemasi'.

### Soraw ha'm tapsi'rmalar

*1. Ma'mleket ne yekenligin tu'sindirip berin'.*
*2. He ushi'n adamzat ja'miyetin ni'zamsi'z basqari'wg'a bolmaytug'i'ni' haqqi'nda pikir ju'rgizin'?*
*3. Ma'mlekettin' payda boli'wi'na qanday faktorlar sebep bolg'an?*
*4. A'yyemgi Mi'sr ha'm Bobil ma'mleketleri haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?*
*5. A'yyemgi Qi'tay ha'm Hindstandi' ma'mleketke birlestirgen tariyxi'y shaxslardi' keltirip wo'tin'.*
*6. A'yyemgi Qi'tay ha'm Hindstanni'n' ma'deniyatta yerisken jetiskenliklerin sali'sti'ri'n'.*

## 15-§. A'YYEMGI DU'NYANI'N' JETI KA'RAMATI'

**Jeti ka'ramat haqqi'nda.** A'yyemgi dereklerde Jer Worta ten'izi a'tirapi'ndag'i' ma'mleketlerde quri'lg'an ha'm wo'zinin' sawlatli', go'zzalli'g'i' menen sol da'wirdin' adamlari'n tan' qaldi'rg'an quri'lmalardi'n' jetiwine «A'yyemgi du'nyani'n' jeti ka'ramati'» dep jazi'p qaldi'ri'lg'an.

**Mi'sr piramidalari'**. A'yyemgi Mi'srda qayti's bolg'an faraonlar ushi'n aldi'n arnawli' «u'y» — (tabi't) islengen. Bunday «u'y» (tabi't) sarkofag dep atalg'an. Faraonlardi'n' mumiyalang'an denesi wog'an sali'ng'an. Keyin bul sarkofag turaqli' wori'ng'a — tastan

[1] O'TIL. — T.: «ЎзМЭ». 2006. 1-tom. 112-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

quri'lg'an maqbaralarg'a qoyi'lg'an. Bul maqbaralar piramidalar dep atalg'an. Mi'sr faraonlari' tiri waqi'tlari'nda-aq wo'zlerine u'lken taslardan piramida formasi'nda maqbaralar qurdi'ri'p qoyg'an. Kitaplarda jazi'p qoyi'li'wi'na qarag'anda piramidalardi'n' yen' u'lkeni faraon Xufu (grekler woni' Xeops dep atag'an) qurg'i'zg'an. Xufu piramidasi'n quri'w ushi'n 2 million 500 mi'n' tas sarplang'an. Yen' kishkene tasti'n' awi'rli'g'i' 2,5 tonna bolg'an. Piramida taslari'na sonday islewler berilgen, birinin' u'stine yekinshisi qoyg'anda wolar ti'g'i'z jabi'si'p turg'an.



**Mi'sr piramidalari'.**

**Semiramida aspa bag'lari'.** A'yyemgi Greciya tariyxshi'si' Gerodotti'n' jazi'wi'na qarag'anda Semiramida aspa bag'lari'n a'yyemgi Ossuriya patshasi' — malika Semiramida (negizgi ati' Shammuramat) b.e.sh. VIII a'sirde quri'lg'an.[1] Bag' si'pag'a uqsas yetip islengen, si'palardi' su'tinler ko'terip turg'an. Si'palardi'n' u'stine topi'raqlar taslani'p, wog'an ra'n'-ba'ren' gu'ller, ha'r tu'rli na'ller woti'rg'i'zi'lg'an. Ha'rbir qabattag'i' bag'qa teksheler arqali' shi'g'i'lg'an. Ha'r ku'ni mi'n'lag'an qullar to'besine suw tasi'g'an. Bag'dag'i' qali'n' tereklerdin' sayasi', joqari'dan to'menge qaray si'rg'anap ag'i'p turg'an suwdi'n' salqi'n lebi haqi'yqi'y ka'ramatti'n' wo'zi bolg'an. Keyin bul bag'di' Bobil patshasi' Navuxodonosor II wayran yetip taslag'an.



**Semiramida aspa bag'lari'.**

**Olimp qudayi' Zevstin' yesteligi**. A'psanalarg'a qarag'anda grek qudaylari' Olimp tawi'nda jasag'an. Zevs qudaylardi'n' joqari' da'rejelisi, qudaylar ha'm de adamlardi'n' «atasi'» yesaplang'an. Woni'n' ati' «jari'q aspan» degen ma'nisti bildirgen. Qu'diretli Zevs hu'rmetine grekler 4 ji'lda bir ma'rte belgili sport jari'slari' — Olimpia woyi'nlari'n wo'tkergen.

---

[1] *P. Zohidov.* «Semiramida — Shammuramat izidan». «Tafakkur» jurnali. 2-san. — T.: 2011. 64—69-betler.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Olimp qudayi' Zevs.



Hayal qudayi' Artemida ibadatxanasi'.

Grekler Zevske arnap ibadatxana ha'm yestelik qurg'an. Qudaylar patshasi' Zevs taxtta woti'rg'an halatta su'wretlengen. Won' qoli'nda — hayal qudayi' Nikani'n' mu'sini, shep qoli'nda — muqaddes bu'rkit qoni'p woti'rg'an patshali'q hasasi', alti'n lipas jami'lg'an, denesi pil su'yeginen joni'lg'an, ko'zleri qi'mbat bahali' taslardan jasalg'an. Zevs mu'sininin' biyikligi 12 metr yedi. Mu'sin sonday da'rejede sheberlik penen islengen, woni' tamasha qi'lg'an adamni'n' ta'shwishleri yesinen shi'g'i'p ketken.

**Hayal qudayi' Artemida ibadatxanasi'.** Hayal qudayi' Artemida hu'rmetine Efes qalasi'nda (bul qala ha'zir Turkiya ma'mleketi aymag'i'nda jaylasqan) ko'rgenlerdi lal qaldi'ratug'i'n ibadatxana quri'lg'an.

A'psanalarg'a qarag'anda, Artemida Zevstin' qi'zi' bolg'an. Wol hasi'ldarli'q, an' ha'm Ay hayal qudayi' yedi. Sol waqi'tta haywanlardi'n' g'amxorshi'si', hayallardi'n' ma'detkeri boli'p ta yesaplang'an. Artemida ibadatxanasi'ni'n' jayi'n jartaslardan islengen 18 metrli bo'reneler su'yep turg'an. Ibadatxana ishine grek su'wretshilerinin' shi'g'armalari' jaylasti'ri'lg'an.

**Quyash qudayi' Gelios mu'sini.** Bizin' erami'zg'a shekemgi III a'sirde Rodos qalasi'ni'n' xalqi' qalani'n' bir ji'lli'q qamaldan azat bolg'anli'g'i' hu'rmetine qalani'n' qa'wenderi



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Quyash qudayi' Geliosti'n' mu'sinin islewge qarar yetti. Biyikligi 35 metr bolg'an bul mu'sin mi'stan islendi.

Mu'sin mu'sinshi Xaros ta'repinen 12 ji'l dawami'nda jarati'lg'an. Mu'sin Quyash qudayi' Geliosti'n' basi' quyashqa tiyip turg'anday yetip su'wretlengen.



**Quyash qudayi' Gelios mu'sini.**

**Aleksandriya mayagi'.** B.e.sh. 283-ji'lda sol zamanni'n' a'jayi'p ka'ramati' — Aleksandriya mayagi' quri'lg'an. Mayak kemelerdin' Aleksandriya qalasi' porti'na kiriw qa'wipsizligin ta'miyinlewge xi'zmet yetken. Mayaktin' biyikligi 120 metr yedi. Woni'n' yen' joqarg'i' bo'limi gu'mbez benen qaplang'an. Gu'mbezdin' u'stine «ten'iz qudayi'» Poseydonni'n' 7 metrlik mu'sini wornati'lg'an.

Gu'mbezdi ji'lti'r granit (taw ji'ni'si') su'tinler uslap turadi'. Woni'n' u'stingi bo'liminde tu'ni menen jani'p turatug'i'n mayak jali'ni' ten'izshilerge uzaqtan ko'rinip turadi'.

Mayak a'tirapi' baqlaw noqati' wazi'ypasi'n da atqarg'an.



**Aleksandriya mayagi'.**

**Galikarnas maqbarasi'**. Kishi Aziyada Kariy wa'layati' bolg'an. Woni'n' worayi' wog'ada bay ha'm suli'w Galikarnas qalasi' yedi. Galikarnas maqbarasi' b.e.sh. 353-ji'li' qayti's bolg'an hu'kimdar Mavsol yeslew hu'rmetine quri'lg'an. Bul maqbara ibadatxana wazi'ypasi'n da atqarg'an.

Maqbarani'n' yeni 66 metr, uzi'nli'g'i' 77 metr, biyikligi bolsa 46 metr bolg'an.

Bizin' da'wirimizge deyin jeti ka'ramatti'n' ishinde tek Mi'sr piramidalari' g'ana jetip kelgen.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

### Atamalardi'n' mazmuni'n bilip ali'n'

**Mayak** — kemelerge jol ko'rsetiw ushi'n ten'iz jag'asi'na quri'latug'i'n ha'm keme bag'i'ti'n ko'rsetip turatug'i'n u'skenelerge iye bolg'an minara ko'rinisindegi quri'lma.[1]

**Maqbara** — qa'bir u'stine quri'lg'an jay.[2]

**Rodos** — Jer worta ten'izindegi atawlardan birinin' ati'. Greciya ma'mleketine tiyisli.



Galikarnas maqbarasi'.

### Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. *A'yyemgi du'nya ju'zinin' qaysi' yestelikleri «jeti ka'ramat» dep ataladi'?*
2. *Mi'srda piramidalar ne ushi'n quri'lg'an?*
3. *Semiramida aspa bag'lari' haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?*
4. *Zevstin' mu'sini haqqi'nda ayti'p berin'.*
5. *Ne ushi'n hayal qudayi' Artemidag'a arnap ibadatxana sali'ng'an?*
6. *Galikarnas maqbarasi' haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?*

## 16-§. O'ZBEKISTAN AYMAG'I'NDAG'I' A'YYEMGI MA'MLEKETLER

**A'yyemgi ata-babalari'mi'z**. Saklar, massagetler ha'm sog'dlar bizin' a'yyemgi ata-babalari'mi'z boli'p yesaplanadi'. Wolardi'n' jasaw ta'rizi ha'm miynet iskerligi haqqi'nda a'yyemgi Greciya ha'm Rim ilimpazlari'ni'n' shi'g'armalari'nda mag'luwmatlar ushi'rasadi'. Soni'n' ishinde, grek tariyxshi'si' Gerodot bi'lay dep jazadi':



Gerodot.

«Massagetlerdin' barli'q buyi'mlari', ha'tte nayza, woq-jay ha'm aybaltalari'da alti'n ha'm mi'stan islengen. Bas kiyimleri, qayi'slari', atlari'ni'n' juwen ha'm za'n'gileride alti'nnan, ko'kirek qalqanlari' bolsa mi'stan islengen. Wolar alti'n ha'm mi's ka'nleri ko'p bolg'anli'g'i' sebepli, gu'mis ha'm temirden paydalanbag'an».

[1] O'TIL. – T.: «ЎзМЭ». 2006. 2-tom. 522-bet.
[2] O'TIL. – T.: «ЎзМЭ». 2006. 2-tom. 569-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Jazba dereklerde ko'rsetip wo'tilgenindey, saklar — ha'zirgi Si'rda'rya boylari'nda, Tashkent wa'layati' ha'm Tu'slik Qazaqstan jerlerinde, Ferg'ana woypati'nda, massagetler — ha'zirgi A'miwda'ryani'n' quyar ag'i'si' ha'm wog'an tutasqan jerlerde, sog'dlar bolsa ha'zirgi Zarafshan ha'm Qashqada'rya oazisinde turmi's keshirgen.

Ata-babalari'mi'z suwg'ari'li'p yegiletug'i'n diyqanshi'li'q, sharwashi'li'q ha'm wo'nermentshilik penen shug'i'llang'an.

**Xorezm ma'mleketi**. Bizin' erami'zg'a shekemgi VII a'sirde ha'zirgi O'zbekistan aymag'i'nda Xorezm ha'm Baktriya ma'mleketleri payda bolg'an.

A'yyemgi Xorezm woraylari'nan biri Ko'zaliqir qalasi' bolg'an. Wol qali'n' ha'm bekkem qorg'ani'w diywallari' menen qorshalg'an.

Bizin' erami'zdi'n' II — III a'sirlerinde quri'lg'an Topi'raqqala Xorezm ma'mleketinin' iri qalalari'ni'n' biri bolg'an. Arxeologlar




**Xorezm, Baktriya, Nisa ha'm Sog'diyana ma'mleketleri kartasi'.**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE





**Xorezm ten'geleri.**



**A'yyemgi Baktriya u'y qorg'ani'.**

bul qaladag'i' xanlar sarayi' bo'lmelerinin' birinen basi'na taj kiygen ha'm qoli'na bu'rkit uslag'an patshani'n' mu'sinin tapqan.

Sarayda, sonday-aq, «jawi'ngerler zali'», «jen'is zali'» si'yaqli' zallardi'n' bolg'anli'g'i' da ani'qlang'an. Xorezm ma'mleketinde suwg'ari'p yegiletug'i'n diyqanshi'li'qti' rawajlandi'ri'w maqsetinde A'miwda'ryadan suw shi'g'ari'w ushi'n arnawli' quri'lmalar quri'lg'an.

A'yyemgi Xorezmde wo'nermentshilik, quri'li's ha'm sawda-sati'q joqari' da'rejede rawajlang'an. Tawlardan qazi'p ali'ng'an qi'mbat bahali' ga'whar taslardan ha'r tu'rli buyi'mlar islengen. Wolar Iran, Qi'tay, Hindstan, Mi'sr si'yaqli' ma'mleketlerde sati'lg'an. Qi'mbat bahali' metallardan ten'geler quyi'lg'an. A'yyemgi Xorezm ma'mleketi wo'zbek ma'mleketshiliginin' da'slepki fundamenti boli'p, 2700 ji'lli'q tariyxqa iye.

**Buni' di'qqat penen woqi'n'!**

Wo'zbek ma'mleketshiliginin' irge taslari' bunnan 2700 ji'l buri'n ha'zirgi Xorezm oazisinde qoyi'lg'an Xorezm tariyxi' wo'zbek ma'mleketshiliginin' tiykari', woni'n' qu'direti ha'm a'yyemgi yekenligin tasti'yi'qlaydi'.[1]

**Baktriya ma'mleketi**. Baktriya ma'mleketi ha'zirgi O'zbekistanni'n' qublasi'nda jaylasqan.

---

[1] *Islam Karimov*. «Go'zal diyorimiz gavhari». (Ma'naviy yuksalish yo'lida). – T.: «O'zbekiston» NMIU. 1999-ji'l.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Baktriya, Qi’zi’ltepa, Baktriyani’n’ iri qalalari’ bolg’an.

Baktriya qalasi’ Baktriya ma’mleketinin’ paytaxti’ yedi. Wol biyik ha’m bekkem qorg’ani’w diywallari’ menen qorshalg’an. Qala ishinde ma’mleket patshasi’ni’n’ bekkem qorg’ani’ jaylasqan. Baktriyada alti’n, merwert (rubin) si’yaqli’ qi’mbat bahali’ metallar qazi’p ali’ng’an. Baktriya merwertinen tayarlang’an wo’nimler Qi’tay, Hindstan, Mi’sr si’yaqli’ ma’mleketlerde sati’lg’an. Qi’mbat bahali’ metallar qazi’p ali’ni’wi’ ma’mlekette zergerlik, ko’rkem wo’nermentshiliktin’ rawajlani’wi’na ali’p keldi.

**Sog’d ma’mleketi**. Zarafshan ha’m Qashqada’rya oazisi a’ti-rapi’ndag’i’ jerler Sog’diana dep atalg’an. Keyin bul aymaqta Sog’d ma’mleketi du’zildi. Xalqi’, tiykari’nan, diyqanshi’li’q penen shug’i’llang’an. Diyqanshi’li’q qoldan suwg’ari’p yegiliwge tiykarlang’an. Afrasiab (ha’zirgi Samarqand qalasi’ni’n’ shi’g’i’s bo’limi) worayli’q qala bolg’an.

Wo’nermentshilik ha’m sawda u’lken wori’n iyelegen. Sog’d Aziyani’n’ basqa ma’mleketleri menen sawda-sati’q baylani’si’n wornatqan.

### Tariyxi’y wori’nlardi’ bilip ali’n’

**Qi’zi’ltepa** — ha’zirgi Surxanda’rya wa’layati’ aymag’i’ndag’i’ a’yyemgi qala.

### Soraw ha’m tapsi’rmalar

*1. A’yyemgi ata-babalari’mi’z haqqi’nda nelerdi bilip aldi’n’i’z?*
*2. A’yyemgi Xorezm ma’mleketi haqqi’nda ayti’p berin’.*
*3. Baktriya ma’mleketinde qanday qalalar bolg’an?*
*4. Sog’d ma’mleketi haqqi’nda nelerdi bilip aldi’n’i’z?*

### WO’Z BETINSHE JUMI’S

Ata-anan’i’zdi’n’ ja’rdeminde «Ma’mleketshilik tariyxi’» tu’siniginin’ ma’nisin ani’qlawg’a ha’reket yetin’.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



# V bap.
# SAWDA HA'M BAYLANI'S

## 17-§. TEN'GELER — TARIYX GUWASI'

**Da'slepki ten'geler**. Du'nya xali'qlari' turmi'si'nda pul u'lken a'hmiyetke iye. Wol mi'n' ji'llar dawami'nda adamzatqa almaslaw qurali' boli'p xi'zmet yetip kelmekte.

Adamzat tariyxi'nda pul bolmag'an da'wirler de bolg'an. Wolar da'slep paydalanatug'i'n barli'q zatlardi' wo'zleri islep shi'g'arg'an. Waqi't wo'tiwi menen diyqanshi'li'qtan sharwashi'li'q ha'm wo'nermentshiliktin' wo'z aldi'na xi'zmet tu'ri boli'p aji'rali'p shi'g'i'wi' sawda-sati'qti'n' ku'sheyiwine ali'p kelgen. Yendi wolar islep shi'g'arg'an wo'nimlerin wo'z ara almaslawg'a wo'tken. Sol taqi'lette bir-birinin' mu'ta'j zatlari'n shi'g'arg'an.

Sawda baylani'si'ni'n' barg'an sayi'n wo'sip bari'wi', qalalardi'n' ko'beyiwi insan ushi'n paydalani'w yen' qolay bolg'an almaslaw qurali' — puldi'n' za'ru'rligin keltirip shi'g'ardi'. Metall (mi's, gu'mis ha'm alti'n)dan islengen da'slepki pul — ten'ge usi'lay payda boldi'.

**Yeste saqlan'!**

**Ten'ge** —(tu'rkiy tamg'a so'zinen kelip shi'qqan) — arnawli' belgiler sali'ng'an ha'm belgili awi'rli'qqa ja'ne quni'na iye bolg'an metaldan islengen pul.

Arxeolog ilimpazlar ten'ge da'slep b.e.sh. VIII — VII a'sirlerde Lidiya (Aziyada) ma'mleketinde payda bolg'anli'g'i'n ani'qladi'.

Lidiya aymag'i'nda alti'n ko'p bolg'an. Bul ma'mlekette alti'nnan quyi'lg'an ten'ge **starter** dep atalg'an.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Iran patshasi' Doro I da'wirinde bolsa sol da'wirdin' ataqli' «darik» dep atali'wshi' ten'ge puli' yengizilgen. Bul ten'genin' ha'rbiri 8,4 gramm sap alti'nnan quyi'lg'an.



Grek-Baktriya ma'mleketi ten'geleri.

**Ten'geler tariyxtan guwali'q beredi**. Ten'geler aldi' menen wo'zinin' qanday metaldan jasalg'ani'na qarap sol ten'geni islep shi'qqan ma'mleketler, wolardi'n' jer asti' bayli'qlari' haqqi'nda guwali'q beredi. Yekinshiden, ten'gelerdin' awi'rli'g'i' ha'm woni'n' jasali'w usi'li', sonday-aq sapasi' haqqi'nda da guwali'q beredi.

U'shinshiden, ma'mlekettin' ati', hu'kimdari'ni'n' ismi, woni'n' taxtqa woti'rg'an waqti' ha'm hu'kimdarli'q qi'lg'an ji'llari' haqqi'nda guwali'q beredi.

To'rtinshiden, anaw yaki mi'naw ma'mleket ten'gesinin' basqa ma'mleket aymag'i'nan tabi'li'wi'na qarap, bul ma'mlekettin' qaysi' ma'mleketler menen sawdasati'q baylani'si'n wornatqanli'g'i', si'rtqi' sawda da qaysi' ma'mlekettin' puli' u'lken rol woynag'anli'g'i' haqqi'nda da mag'luwmat ali'w mu'mkin.



Aleksandr ten'gesi.

**A'yyemgi ha'm ha'zirgi ten'gelerde arnawli' belgilerdin' sa'wleleniwi.** A'yyemgi ma'mleketlerdin' ten'gelerinde tu'rli arnawli' tamg'alar ha'm hu'kimdarlardi'n' su'wreti tu'sirilgen. Sonday-aq, hu'kimdardi'n' da'rejesi, ismi ha'm qol tan'basi' ha'm de ten'geni shi'g'arg'an ma'mlekettin' yaki qalani'n' ati', jasalg'an ji'li' jazi'lg'an.

Atap aytqanda, Lidiya patshali'g'i'ni'n' ten'ge puli' — starterdin' bir ta'repine li-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Evkratid ten'gesi.



O'zbekistanni'n' yubiley ten'geleri.



Tashkenttin' yubiley ten'gesi.

diyali'lar ushi'n muqaddes yesaplang'an **tu'lkinin'** su'wreti tu'sirilgen. Sol waqi't-larda, tu'lki lidiyali'lardi'n' bas qudayi' — Bassareydin' ti'msali' boli'p sanalg'an.

Bir qatar ma'mleketlerdin' hu'kimdarlari' atlari'n ma'n'gilestiriw maqsetinde ten'gelerge wo'z su'wretlerin qoydi'rg'an. Ma'selen, Doro I, makedoniyali' Aleksandr, Rim hu'kimdari' Yuliy Cezar, Grek-Baktriya hu'kimdari' Evkratid ha'm basqalar quydi'rg'an ten'geler bug'an da'lil boladi'.

Zamanago'y ten'gelerde de ha'r tu'rli tamg'alardi' tu'siriw da'stu'ri dawam yetip kelmekte. O'zbekistan Respublikasi'ni'n' pul birligi — swm 1999-ji'ldi'n' 1-iyuli'nan aylani'sqa kirgizildi. 10, 25 ha'm 50 swmli'q ten'ge pullar da islendi. Bul ten'gelerdin' ju'zinde woni'n' neshe swm yekenligi, arqa ta'repinde bolsa «O'zbekistan Respublikasi'» degen jazi'w ha'm ma'mleketimiz gerbi tu'sirilgen.

O'zbekistanda belgili babalari'mi'z yubileyleri mu'nasibeti menen de wolardi'n' su'wreti tu'sirilgen ten'ge pullar islendi. Ma'selen, 1996-ji'li' ulli' babami'z Amir Temur yubileyinin' 660 ji'lli'g'i' mu'nasibeti menen, 2009-ji'li' bolsa Tashkent qalasi'ni'n' 2200 ji'lli'g'i'na arnap 100 swmli'q ten'ge puli' islengeni buni'n' da'lilli.

### Atamani'n' mazmuni'n bilip ali'n'

**Yubiley** — tariyxi'y waqi'yalar, ulli' tariyxi'y shaxslardi'n' belgili bir jasi'ni'n' saltanatli' belgileniwi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

### Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. *Pul payda bolg'ang'a shekem sawda-sati'q isleri qalay a'melge asi'ri'lg'an?*
2. *Da'slepki payda bolg'an ten'ge pullar haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?*
3. *Ten'geler ne ushi'n tariyxti'n' guwasi' delinedi?*
4. *Ten'gelerde su'wretlengen tu'rli belgiler, su'wretler ha'm sa'neler nelerdi an'latatug'i'ni'n tu'sindirip berin'.*
5. *O'zbekistan ma'mleketinin' ten'ge pullari' haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?*

## 18-§. SAWDA JOLLARI'

**A'yyemgi ka'rwan sawda jollari'.** Sawda-sati'q isleri barli'q da'wirlerde adamlar turmi'si'nda u'lken a'hmiyetke iye bolg'an. Sawda-sati'q ma'mleket ekonomikasi'ni'n' rawajlani'wi'na da u'lken ta'sir jasag'an. Sol sebepli de tu'rli ma'mleketler wo'z ara paydali' sawdadan ma'pdar bolg'an. Bul bolsa a'yyemde de a'hmiyetli sawda jollari' ashi'li'wi'na ali'p keldi. Wo'z aymag'i'nan sawda ha'm ka'rwanlar wo'tetug'i'n ma'mleketler jol boyi'na sawdagerler ushi'n ha'mme za'ru'r qolayli'qlardi' jarati'p bergen. Wolardi'n' zatlari'ni'n' qa'wipsizligin ta'miyinlew sharalari'n ko'rgen.

A'yyemgi ka'rwan sawda jollari'ni'n' biri «Merwert joli'» dep atalg'an. Bul jol bizin' erami'zg'a shekemgi 3 — 2 mi'n' ji'lli'qlarda ashi'lg'an.

**Yeste saqlan'!**

Joldi'n' «Merwert joli'» dep atali'wi'na bul joldag'i' qi'mbat bahali' lal tasi'ni'n' tasi'li'wi' sebep bolg'an. Wol lojivard dep te ataladi'.

«Merwert joli'» Pamir tawi'nan baslani'p, Iran, Mesopotamiya ha'm Mi'sr arqali' wo'tken. Merwert taslari'nan jasalg'an buyi'mlar ha'tte Mi'sr faraonlari' maqbaralari' (piramidalari')nan da tabi'lg'an.

A'yyemgi belgili sawda jollari'nan ja'ne biri «Shah joli'» dep ataladi'. Wog'an Iran shahi' Doro I tiykar saldi'. Woni' Iran shahlari' qadag'alap turg'an. «Shah joli'» yeki bag'i'tta boli'p,



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




**Ulli' Jipek joli'.**

birinshi Jer worta ten'izi boyi'ndag'i' tu'rli qalalardi' Iran menen baylani'sti'rg'an bolsa, yekinshisi Iran ha'm Baktriya arqali' wo'tip Altay ha'm Hindstang'a deyin barg'an.

**Ulli' jipek joli'**. Uzi'nli'g'i' 12000 km bolg'an Ulli' Jipek joli' bizin' erami'zg'a shekemgi II a'sirde ashi'ldi'. Bul jol tek sawda joli' yemes yedi. Wol bir waqi'tti'n' ishinde du'nya xali'qlari' arasi'nda ma'deniy ha'm de ma'mleketler arali'q baylani's jol si'pati'nda xi'zmet yetti. Jol Qi'taydi'n' Xuanxe da'ryasi' boyi'nda jaylasqan Cian qalasi'nan baslani'p, yeki bag'darda bolg'an.

Birinshi bag'dar — Qi'taydan Samarqandqa deyingi bag'dar yedi. Samarqandta jol ja'ne yekige bo'lingen. Biri Iran arqali' Jer worta ten'izine deyin, yekinshisi Arqa Kavkaz arqali' Qara ten'izge deyin jetip barg'an.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Ulli' Jipek joli'ndag'i' bazar.**

Yekinshi bag'dar Qi'taydan baslani'p, Pamir — Tyan-Shan taw dizbeklerinen wo'tip, Awg'anstang'a wonnan Hindstang'a wo'tken.

**Yeste saqlan'!**

«Ulli'» so'zi joldi'n' ju'da' uzi'n bolg'anli'g'i'n ha'm de ju'da' ko'p xali'qlar ta'g'dirine baylani'sli' bolg'anli'g'i'n an'latadi'. «Jipek» so'zi bolsa joldi'n' tiykari'nan jipek sawdasi'na xi'zmet yetkenligin bildiredi.

Jipek wo'nimleri Evropa xali'qlari'n a'bden su'ysindirgen. Wol zamanlarda Evropa xali'qlari' jipektin' ne yekenligin bilmegen. Bizin' babalari'mi'z ha'm Qi'tayli'lar jipekten a'jayi'p tawarlar toqi'g'an. Bul tawarlar evropali'lardi' lal qaldi'rg'an. Ayi'ri'm jazba dereklerde jazi'li'wi'nsha ha'tte bir waqi'tlar jipek tawarlar worami' pul worami'na da paydalani'lg'an. Ulli' Jipek joli' qaysi' ma'mleket u'stinen wo'tken bolsa sol ma'mleket hu'kimdarlari' joldi'n' boyi'na ba'ndirgiler, ka'rwansaraylar qurdi'rg'an. Joldi'n' qa'wipsizligin ta'miyinlegen.

Sebebi, bul jol sebepli sol ma'mlekettin' de sawda-sati'q isleri rawajlang'an. Qalaberse, sawda ka'rwanlari'ni'n' iyeleri baji' puli'



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

to'legen. Bul ma'mleket g'a'ziynesine u'lken da'ramat keltirgen. Ulli' Jipek joli' yelimiz tariyxi'nda da u'lken iz qaldi'rdi'. Ulli' Jipek joli' du'nya xali'qlari'na won jeti a'sir dawami'nda xi'zmet yetti.

**A'yyemgi ten'iz sawda joli'.** A'yyemgi da'wirlerde ten'iz sawda jollari' da bolg'an. Solardan biri Jer worta ten'izinin' shi'g'i's jag'alawi'nda jasag'an a'yyemgi finikiyali'lar ashqan ten'iz sawda joli' yedi.

Finikiyali'lar wo'z da'wirinin' ma'rt ten'izshileri bolg'an. Finikiyali'lar birinshi boli'p Jer worta ten'izine jol ashqan. Wolar arqada, Gibraltar bug'azi' arqali' Britaniya atawlari'na deyin, Qi'zi'l ten'iz arqali' Hind okeani'na deyin ju'zip barg'an. Finikiyali'lar sol da'wir ushi'n mi'qli' sawda kemelerin islegen. Wolar jelqomlar ja'rdeminde ju'rgen ha'm ko'p mug'dardag'i' ju'klerdi tasi'w mu'mkinshiligine iye bolg'an.

Finikiyali'lar tu'nde joldan adasi'p ketpew ushi'n juldi'zlarg'a qarap ju'riw usi'li'n bilgen.

### Atamani'n' mazmuni'n bilip ali'n'

**Finikiya** — ha'zirgi Livan ha'm Siriya ma'mleketlerinin' bir bo'leginde payda bolg'an a'yyemgi ma'mleket.[1]

### Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. *Ne ushi'n a'yyemgi da'wirlerde de sawda jollari' ashi'lg'an?*
2. *«Merwert joli'» ha'm «Shah joli'» haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?*
3. *Ulli' Jipek joli'ni'n' ashi'li'wi' ha'm woni'n' du'nya xali'qlari' turmi'si'nda tutqan worni' haqqi'nda ayti'p berin'.*
4. *A'yyemgi finikiyali'lar ashqan ten'iz sawda jollari' haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?*

### WO'Z BETINSHE JUMI'S

O'zbekistanni'n' bu'gingi ku'nde Qi'tay ma'mleketi menen si'rtqi' sawda baylani'si'nda qanday jollardan paydalani'p ati'rg'anli'g'i'n ani'qlap kelin'.

[1] O'zME. — T.: «ЎзМЭ». 2008. 9-tom. 252-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 19-§. JAN'A TEN'IZ SAWDA JOLLARI'NI'N' ASHI'LI'WI'

**Ten'iz sawda jollari'na za'ru'rliliktin' ku'sheyiwi.** B.e.sh. XV a'sirinin' aqi'ri' ha'm XVI a'sirdin' baslari'nda Evropa materigindegi ma'mleketlerde jan'a ten'iz sawda jollari'na bolg'an za'ru'rlik ja'ne de ku'sheydi. Bug'an neler sebep boldi'?

Birinshiden, XV a'sirdin' aqi'ri' — XVI a'sirdin' baslari'nda Evropada tovar islep shi'g'ari'w tez pa't penen wo'se basladi'. Bul bolsa, ha'r tu'rli shiyki zatlarg'a bolg'an talapti' asi'ri'p jiberdi. Biraq, Evropa materiginin' wo'zinde shiyki zat kem yedi. Sol sebepli woni'n' mug'dari' talapti' qanaatlandi'ra almadi'. Bunnan basqa, Evropada sawda-sati'qti'n' rawajlani'wi; pulg'a bolg'an talapti' da asi'ri'p jiberdi'. Ko'p mug'darda pul islep shi'g'ari'w ushi'n ko'plep alti'n ha'm gu'mis kerek yedi. Evropada bolsa bunday qi'mbat metallar az bolg'an. Sol sebepli Evropali'lar wolardi' basqa materiktegi ma'mleketlerden ali'p keliwdi woylay basladi'. Wolardi'n' pu'tkil woyi'n wo'zge u'lkelerdegi xali'qlardi'n' alti'n-gu'mislerin ha'm basqa da bayli'qlari'n iyelep ali'w niyeti biylep aldi'. Biraq, evropali'lar Ulli' Jipek joli'nan ha'm Jer worta ten'izi arqali' wo'tetug'i'n ten'iz sawda joli'nan paydalana almas yedi. Wo'ytkeni, bul jollardi'n' baqlaw yerki evropali'lardi'n' tiykarg'i' ba'sekilesi Osmani'ylar (Turkiya) qoli'nda yedi. Soni'n' ushi'n da bul jollar evropali'lar ushi'n qa'wipli boli'p qaldi'.

Bunday sharayatta jan'a ten'iz sawda jollari'n ashi'w za'ru'rligi kelip shi'qti'. Bul da'wirde evropali'larg'a jan'a ten'iz sawda jollari'n ashi'wg'a imkaniyat beriwshi mi'qli' kemeler ha'm de wo'zlerin qorg'awg'a zamanago'y a'skeriy qurallar bar yedi.

Bunnan ti'sqari', wolar ten'izde **kompas** ha'm **astrolyabiya**dan paydalani'w usi'li'n biletug'i'n yedi.

**Jan'a ten'iz sawda jollari'ni'n' ashi'li'wi'.** Portugaliya ha'm Ispaniya ten'izshileri jan'a ten'iz jollari'ni'n' ashi'li'wi'ni'n' baslawshi'lari' boldi'. Jan'a ten'iz sawda jollari'n ten'izshilerden u'lken dawju'reklikti de talap yetti.

Jan'a ten'iz sawda joli'n ashi'wg'a birinshi boli'p Ispaniya korolli'g'i'na xi'zmet yetken, ten'iz sayaxatshi'si', admiral Xristofor



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Xristofor Kolumb.

Kolumb basshi'li'q yetti. Wol wo'z aldi'na Evropadan Atlantika okeani' arqali' Hindstang'a barati'rg'an ten'iz joli'n ashi'wdi' maqset yetip qoydi'.

Aqi'ri'nda, 1492-ji'ldi'n' jazi'nda X.Kolumb basshi'li'g'i'ndag'i' 3 keme Atlantika okeani' arqali' ha'reketin basladi'. Sol ji'ldi'n' oktyabr ayi'nda sayaxatshi'lar qurg'aqli'qqa kelip jetti. X. Kolumb Hindstang'a jetip keldim dep woyladi'. Biraq, wol Hindstang'a yemes, jan'a materik — Amerikag'a kelip qalg'an yedi. Usi' jag'dayda Amerika materigi ashi'ldi'.

**Yeste saqlan'!**

1492-ji'ldi'n' 12-oktyabr Amerika materiginin' ashi'lg'an ku'ni boli'p tariyxqa kirdi.

X. Kolumb ashqan u'lkeler Ispaniya korolliginin' mu'lkine aylandi'.

**Keyingi ashi'li'wlar.** 1498-ji'li' Atlantika okeani' arqali' Hindstang'a bari'latug'i'n ten'iz joli'n portugaliyali' sayaxatshi'lar Vasko da Gama ashi'wg'a muwapi'q boldi'. Keyin evropali' basqa sayaxatshi'lar Avstraliya (Tu'slik jer) materigin de ashti'.

**Yeste saqlan'!**

Adamlar ushi'n wo'zleri jasag'an da'wirge deyin belgisiz bolg'an jan'a jerlerdin' izlep tabi'li'wi'na ulli' geografiyali'q ashi'li'wlar delinedi.

**Du'nya ju'zini'n' sawda baylani'slari'.** Ulli' geografiyali'q ashi'li'wlar sebepli jan'a sawda jollari' ashi'ldi'. Bul jollardi'n' ashi'li'wi' wo'z gezeginde du'nya sawdasi'n ju'zege keltirdi. Na'tiyjede adamzat ja'miyetinin' rawajlani'wi' ja'ne de tezlesti. Ulli' geografiyali'q ashi'li'wlardan keyin Angliya yen' basli' ten'iz sawda jollari' u'stindegi ma'mleketke aylandi'. Bul demek wog'an du'nya ju'zi sawda-sati'g'i'nda jetekshilik yetiwge imkaniyat jaratti'. London qalasi' sawda kemeleri kelip toqtaytug'i'n u'lken port qalasi'na aylandi'.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




**XV a'sir Amerika kartasi'.**

## Atamalardi'n' mazmuni'n bilip ali'n'

**Admiral (ten'iz hu'kimdari')** — a'skeriy ten'iz floti' komandirlerine beriletug'i'n joqari' a'skeriy da'reje.[1]

**Astrolyabiya** — XVIII a'sirge deyin qaysi' bir jerdin' geografiyali'q jaylasi'w jag'dayi'n, waqti'n, juldi'zlardi'n' shi'g'i'w ha'm bati'w waqti'n ani'qlaw da paydalani'p kelingen a'sbap.[2]

**Kompas** — du'nya ju'zinin' ta'replerin ani'qlaytug'i'n, tili ba'rha'ma arqani' ko'rsetip turatug'i'n a'sbap.[3]

**Port** — ten'iz yaki da'rya jag'asi'nda keme turatug'i'n ha'm remont yetiletug'i'n, ju'k tasi'w ha'm tu'siriwge arnalg'an ha'm de jolawshi'larg'a xi'zmet yetetug'i'n arnawli' u'skenelengen jer.[4]

---

[1] O'zME. — T.: «ЎзМЭ». 2006. 1-tom. 40-bet.
[2] O'TIL. — T.: «ЎзМЭ». 2006. 1-tom. 111-bet.
[3] O'TIL. — T.: «ЎзМЭ». 2006. 2-tom. 396-bet.
[4] O'TIL. — T.: «ЎзМЭ». 2007. 3-tom. 298-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

### Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. *Qanday faktorlar evropali'lardi'n' aldi'na jan'a ten'iz joli'n ashi'w wazi'ypasi'n keskin qoyg'an?*
2. *Jan'a ten'iz jollari'ni'n' ashi'li'wi'nda X.Kolumb qanday rol woynadi'?*
3. *Portugaliyali' ten'iz sayaxatshi'lari' jan'a ten'iz jollari'ni'n' ashi'li'wi'na qanday u'les qosti'?*
4. *Ulli' geografiyali'q ashi'li'wlar dep nege ayti'lg'an ha'm woni'n' tariyxi'y a'hmiyeti nelerden ibarat bolg'an?*

### WO'Z BETINSHE JUMI'S

G'a'rezsiz O'zbekistan ma'mleketinin' ten'iz sawda floti'na iye yemesligi qanday faktorlar menen tu'sindiriledi? Bul haqqi'nda juwaplari'n'i'zdi' tayarlap kelin'.

## 20-§. ISLEP SHI'G'ARI'W TEXNIKASI'NI'N' PAYDA BOLI'WI'

**Islep shi'g'ari'w texnikasi' degen ne?** Islep shi'g'ari'w texnikasi' insan miynetin jen'illestiretug'i'n ha'm miynet wo'nimdarli'g'i'n birneshe ma'rtebe asi'ri'wg'a imkaniyat jarati'p beretug'i'n miynet qurallari' boli'p yesaplanadi'.

**Yeste saqlan'!**

«Islep shi'g'ari'w texnikasi'» degen so'z worni'na «mashina» dep te ataladi'.

Texnikani'n' a'welgi miynet qurallari'ni'n' tiykag'i' parqi' — woni'n' wo'ndiriste insan qol miynetin keskin kemeytiwi yaki wog'an uluwma wori'n qaldi'rmasli'g'i' boli'p tabi'ladi'. Bunday mi'sallardi' ko'plep keltiriw mu'mkin. Matiga, gu'nde, plug, shi'g'i'r, urshi'q, sharx, toqi'mashi'li'q u'skeneleri, hawa digirmani' ha'm basqalar adam miynetin yen' ko'p ma'rtebe jen'illestiriwge imkaniyat beretug'i'n texnikalardi' jarati'wda da'slepki jetiskenlikler boldi'.

**Sanaatta islep shi'g'ari'w texnikasi'ni'n' payda boli'w sebepleri.** Sanaat xojali'qti'n' texnika ja'rdeminde shiyki zattan tayar wo'nim islep shi'g'aratug'i'n tarawi' boli'p yesaplanadi'. Sanaatta islep shi'g'ari'w texnikasi'ni'n' qollani'li'wi' XVIII a'sirge kelip da'slep Angliyada ju'z berdi. Bug'an qanday jag'daylar sebep boldi'?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



«Jenni» mexanikali'q jip iyiriw mashinasi'.

Bul da'wirde Angliyada wo'ndiris tez pa't penen rawajlandi'. Wol iri a'skeriy ten'iz ha'm sawda floti'na iye yedi. Bul jag'day wog'an shet yellerge ko'p mug'darda tovarlar shi'g'ari'p sati'w imkaniyati'n berdi. Angliya mu'lkdarlari' shet yellerge ja'ne de ko'birek, birinshi gezekte yen' wo'timli toqi'mashi'li'q sanaati'ni'n' wo'nimlerin shi'g'ari'p sati'w ha'm wonnan ko'p bayli'q artti'ri'wg'a umti'ldi'. Sol waqi'tta, Angliya wo'zi basi'p alg'an yellerdin' yesabi'nan u'lken shiyki zat deregine de iye boli'p aldi'.

Usi'ni'n' na'tiyjesinde Angliya mu'lkdarlari'ni'n' bayli'qlari' barg'an sayi'n arti'p bara berdi. Bara-bara wolardi'n' qoli'nda ko'plegen turi'ni'w tovarlari'n islep shi'g'ari'wi' mu'mkin bolg'an fabrikalar quri'w ha'm wolarda jetilisken texnikadan paydalani'wg'a joqari' imkaniyat beretug'i'n da'rejede bayli'qlar toplandi'. Solay yetip, Angliyada islep shi'g'ari'w texnikalari'n (mashinalardi') woylap tabi'w da'wir talabi'na aylandi'.

**Ulli' woylap tabi'wlardi'n' baslani'wi'.** Angliyada wo'ndiris texnikasi'ndag'i' woylap tabi'wlar da'slep toqi'mashi'li'q tarawi'nda baslandi'. Bug'an sapali' gezlemelerge bolg'an talapti'n' barg'an sayi'n arti'p bari'wi' sebepshi boldi'. Bul talapti' tek islep shi'g'ari'w texnikasi' (mashinalar) ja'rdeminde qanaatlandi'ri'w mu'mkin yedi. Da'slepki woylap tabi'w XVIII a'sirde a'melge asi'ri'ldi'. Sonli'qtan, 1733-ji'li' mexanik ha'm toqi'wshi' Jon Key toqi'w u'skenesin woylap tapti'. Wog'an deyin toqi'wshi' wo'rmekti dog'alaq jipler arasi'nan wo'zi qol menen wo'tkerip turi'wg'a ma'jbu'r bolatug'i'n yedi. Jan'a u'skene jarati'lg'annan keyin toqi'wshi' bul jumi'sti' ayaq quri'lmasi'n basi'p turi'w arqali' isleytug'i'n boldi'. Solay yetip, Jon Keydin' woylap tapqan u'skenesi miynet wo'nimdarli'g'i'n yeki yese artti'ri'wg'a mu'mkinshilik berdi.

Bul da'wirde Angliyada iyirilgen jipke de talap ku'sheydi. Bul bolsa, wo'z gezeginde Jeyms Xargrivs ta'repinen bir waqi'tti'n'



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

wo'zinde 15 — 18-qatar jip iyiretug'i'n mexanikali'q urshi'q woylap tabi'li'wi'na sebepshi boldi'. Wol wo'zinin' woylap tapqan u'skenesin qi'zi'ni'n' ati' menen «Jenni» dep atadi'. Yendi, fabrika iyeleri ushi'n iyirilgen jiplerden tawar toqi'p shi'g'ari'w texnikasi' da kerek yedi. Bul mashinani' Edvard Kartrayd sheshiwge miyasar boldi'. Wol mexanikali'q toqi'w texnikasi'n woylap tapti'. Bul mashina toqi'wshi'ni'n' miynet wo'nimdarli'g'i'n 40 yesege artti'rdi'.

**Puw mashinasi'ni'n' payda boli'wi'.** Fabrika wo'ndiristin' ja'ne de wo'nimlirek boli'wi' ushi'n tek suw bar jerde yemes, qa'legen jerde isletiw mu'mkin bolg'an texnika kerek yedi. Tez arada bunday texnikani' angliyali' Jeyms Uatt woylap tapti'. Bul — birinshi dvigatel (motor), yag'ni'y, ha'reketke keltiriwshi texnika yedi.

Ha'zirgi zaman jen'il avtomobil dvigatelin (motori'n) ko'z aldi'n'i'zg'a keltirin'. Dvigatel iske tu'skennen keyin benzin yaki gaz arqali' ha'reketke keledi. Jeyms Uatt jasag'an da'wirde benzin yaki gazden paydalani'w woylap tabi'lmag'an yedi. Soni'n' ushi'n da'slepki dvigatel puw menen ha'reketke keltirildi ha'm wol puw mashinasi' dep ataldi'. Puw-suwdi' qaynati'w joli' menen ali'ndi'.

Jip iyiriwshi ha'm gezleme toqi'wshi' texnikalar sol puw mashinasi' menen ha'reketke keltirildi. Bul jag'day sol da'wir ushi'n u'lken jetiskenlik yedi. Puw mashinasi'ni'n' jarati'li'wi' keyinirek transport qurallari' ushi'n da dvigatel jarati'wg'a tu'rtki boldi'. XVIII a'sirde a'melge asi'ri'lg'an usi' si'yaqli' woylap tabi'wlar Angliyani'n' du'nyani'n' yen' rawajlang'an ma'mleketine ayla-ni'wi'na sebepshi boldi'.

### Atamalardi'n' mazmuni'n bilip ali'n'

**Mexanik** — texnika jarati'wshi', texnikani' qadag'alap turi'wshi' ha'm islewshi qa'nige.[1]

**Fabrika (ustaxana)** — texnika u'skeneleri ja'rdeminde shiyki zattan tayar wo'nim islep shi'g'aratug'i'n sanaat ka'rxanasi'.[2]

**Puw** — suwdi'n' (suyi'qli'qti'n') gaz taqi'lettegi bo'legi.

**Transport** — ju'k ha'm jolawshi' tasi'wshi' qurallar. (ma'selen, avtomobil, keme, poezd, samolyot ha'm basqalar)

[1] O'TIL. — T.: «ЎзМЭ». 2006. 2-tom. 584-bet.
[2] O'TIL. — T.: «ЎзМЭ». 2008. 4-tom. 317-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

### Soraw ha’m tapsi’rmalar

1. *«Islep shi’g’ari’w texnikasi’» tu’siniginin’ mazmuni’n tu’sindirip berin’.*
2. *XVIII a’sirde Angliyada qanday faktorlar texnika tarawi’nda ulli’ ashi’li’wlarg’a sebep boldi’?*
3. *Jon Key ha’m Jeyms Xargrivs a’melge asi’rg’an woylap tabi’wlardi’n’ uqsasli’g’i’ ha’m bir-birinen ayi’rmashi’li’q ta’replerin ani’qlan’.*
4. *E.Kartrayt a’melge asi’rg’an woylap tabi’wdi’n’ a’hmiyeti haqqi’nda nelerdi bilip aldi’n’i’z?*
5. *Puw mashinasi’ni’n’ woylap tabi’li’wi’na neler sebep boldi’ ha’m mashina nege puw mashinasi’ dep ataldi’?*

### WO’Z BETINSHE JUMI’S

Bu’gingi ku’nde jani’lg’i’ni’n’ qanday tu’rleri menen isleytug’i’n dvigatel (motor)lerden paydalanatug’i’nli’g’i’ ha’m wolar nelerge qollani’latug’i’nli’g’i’n ani’qlap kelin’.

## 21-§. TRANSPORT QURALLARI’NI’N’ WOYLAP TABI’LI’WI’

**Puw mashinasi’nan paydalani’w tarawi’ni’n’ ken’eyiwi.** Waqi’tti’n’ wo’tiwi menen konstruktorlar ha’m woylap tabi’wshi’lar puw mashinasi’nan basqa tarawlarda da paydalani’wg’a ha’reket yetti.



Birinshi paroxod.

Na’tiyjede, 1807-ji’li’ amerikali’ mexanik Robert Fulton puw menen ju’retug’i’n birinshi yeskekli parikleri bolg’an paroxodti’ isledi. Uzi’nli’g’i’ 40,5 metr, yeni 5,5 metrge jaqi’n bolg’an bul paroxod «Klermont» dep ataldi’.

Paroxod si’nawdan wo’tkeriletug’i’n ku’ni ju’da’ ko’p adam ji’ynaldi’. Wolar tamashag’a kelgen yedi. Usi’ waqi’tqa shekem paydalani’li’p kelingen jelqomli’ kemeler shamal bolsa g’ana ju’zetug’i’n yedi. R. Fulton jaratqan kemenin’ ha’tte samalg’a qarsi’ da ju’ze alatug’i’ni’n ko’rgen adamlar tan’ qali’sti’. Si’naw payti’nda paroxod saati’na 8 km tezlik penen ju’zdi. Usi’lay yetip ten’iz kemeshiligi a’ste-aqi’ri’n



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

samalg'a g'a'rezlilikten quti'la basladi'. Paroxodlar barg'an sayi'n jetilistirilip bari'ldi'. Birinshi ma'rte paroxod Atlantika okeani'nan ju'zip wo'tip, 26 ku'nde Evropadan Amerikag'a jetip bardi'.

Wo'z waqti'nda X.Kolumb bul jerge jelqomli' keme menen 70 ku'nde jetip kelgen yedi. Puw mashinasi'nan paydalani'w kemesazli'q penen sheklenip qalmadi'. 1814-ji'li' angliyali' konstruktor ha'm woylap tabi'wshi' Jorj Stefenson puw menen ju'retug'i'n birinshi parovozdi' jaratti'.

Parovoz temir jolda si'nap ko'rilgeninde 8 vogondi' tarti'p saati'na 10 km. tezlik penen ju'rdi.

**Qosi'msha mag'luwmat**

J.Stefenson jaratqan birinshi transport qurali' — parovozdi' «Blyuxer», keyin jetilistirilgen tu'rin «Raketa» dep atadi'.



**Birinshi parovoz.**

**Du'nya ju'zinde temir jollar quri'li'si'ni'n' baslani'wi'.** Temir jollar quri'w ne ushi'n kerek yedi? Angliya portlari'na bag'i'ni'shli' u'lkelerden ju'da' ko'p mug'darda shiyki zatlar ali'p keline baslandi'.

Wolardi' ma'mlekettin' ha'r tu'rli qalalari'na quri'lg'an toqi'mashi'li'q fabrikalari'na qi'sqa mu'ddette arzan bahada tasi'p beriw, fabrikalarda islep shi'g'ari'lg'an tayar wo'nimlerdi bolsa ma'mleket portlari'na jetkizip beriw za'ru'rlikke aylandi'. Bul za'ru'rlik temir jol quri'li'si'na ali'p keldi.

Solay yetip, 1825-ji'li' J. Stefenson yeki qala arali'g'i'na da'slepki temir joldi' quri'wg'a miyasar boldi'. Aradan to'rt ji'l wo'tkennen keyin wol Angliyali' yeki u'lken qalalari' — Manchester ha'm Liverpul arasi'nda gezektegi temir joldi' qurdi'. Keyin, da'slepki xali'q arali'q temir jollar quri'ldi'.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Bul jol London qalasi'n Tu'rkiyani'n' Stambul qalasi' menen baylani'sti'rdi'. Temir jollar keyinirek du'nyani'n' ko'plegen ma'mleketlerinde de quri'la baslandi'.

**Samolyotlardi'n' jarati'li'wi'.** Adamzat yerte zamanlardan baslap-aq aspang'a ushi'wdi' a'rman yetken. XIX a'sirdin' aqi'ri' — XX a'sirdin' baslari'na kelip insanni'n' bul a'rmani' iske asti'.

Rus ilimpazi' A.F. Mojayskiy 1885-ji'li' yeki puw dvigateli wornati'lg'an birinshi samolyotti' jaratti'.



**Mojayskiy samolyoti'.**



**Ag'a-inili Raytlar samolyoti'.**

**Yeste saqlan'!**

Samolyot (russha so'z — *sam* — wo'zim, *letat* — ushi'w) — wo'zi ushatug'i'n hawadan awi'r, ushi'wshi' mashina.

Ilimpazlar ha'm konstruktorlar dvigateldi jani'lg'i' (benzin, kerosin) menen isleytug'i'n samolyot islew u'stinde de bas qati'rdi'.

Na'tiyjede 1902-ji'li' amerikali' ag'a-inili Uliber ha'm Orvill Raytlar du'nyada birinshi sonday samolyot jaratti'.

Wolar 1903-ji'li' bolsa 3 metr ba'lentlikte birin-shi pa'rwazdi' a'melge asi'rdi'.

Ushi'w tek 12 sekund g'ana dawam yetti. Sol waqi't ishinde 30 metr arali'q basi'p wo'tildi.

Ushi'w ju'da' qi'sqa waqi't dawam yetken bolsa da, bul u'lken tariyxi'y ha'diyse yedi. Sebebi, bul ushi'p ha'm qong'an haqi'yqi'y pa'rwaz boldi'.








**Zamanago'y samolyotlar.**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Keyingi ji'llarda ag'a-inili Raytlar samolyotti' jen'illestiriwdi dawam yetti ha'm saati'na 60 km tezlik penen usha-tug'i'n samolyot jaratti'.

1913-ji'li' bolsa rossiyali' konstruktor I.Sikorskiy «Русский Витязь» dep atal-g'an a'jayi'p samolyot islep shi'g'ardi'. Wol du'nyadag'i' birinshi to'rt dvigatelli samolyot yedi.

Bu'gingi ku'nde samolyot millionlag'an adamlardi'n' uzag'i'n jaqi'n yetpekte. Mi'n'-mi'n'lag'an tonna ju'kler tasi'lmaqta. Wolardi'n' arasi'nda «O'zbekistan hawa jollari'» aviakompaniyasi'-ni'n' samolyotlari' da bar.

### Atamalardi'n' mazmuni'n bilip ali'n'

**Vagon** — temir jollarda jolawshi' ha'm ju'klerdi tasi'wg'a arnalg'an da'slepki arnawli' quri'lma.[1]

**Konstruktor** — mashina ha'm quri'lmalardi'n' joybari'n du'ziwshi qa'nige.[2]

**Paroxod** — puw menen isleytug'i'n dvigatel (motor) wornati'lg'an keme.[3]

**Parovoz** — puw menen isleytug'i'n dvigatel wornati'lg'an ha'm vagonlardi' tarti'wg'a arnalg'an mashina.[4]

### Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. *Amerikali' R.Fulton ha'm angliyali' J.Stefensonlardi'n' woylap tabi'wlari' haqqi'nda ayti'p berin'.*
2. *Qanday faktorlar Angliyada da'slepki temir jol quri'li'si'ni'n' payda boli'wi'na sebep boldi'?*
3. *Tiykarg'i' transport qurallari'ni'n' biri — samolyotlardi'n' jarati'li'w tariyxi' haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?*

### WO'Z BETINISHE JUMI'S

«O'zbekistan hawa jollari'» haqqi'nda ata-analari'n'i'z benen sa'wbet quri'n'. Sa'wbet waqti'nda O'zbekistanda qaysi' markali' samolyotlardan paydalani'p ati'rg'anli'g'i'nda ani'qlan'.

---

[1] O'TIL. — T.: «ЎзМЭ». 2006. 1-tom. 430-bet.
[2] O'TIL. — T.: «ЎзМЭ». 2006. 2-tom. 401-bet.
[3] O'TIL. — T.: «ЎзМЭ». 2007. 3-tom. 227-bet.
[4] O'TIL. — T.: «ЎзМЭ». 2007. 3-tom. 226-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 22-§. BAYLANI'S QURALLARI'NI'N' WOYLAP TABI'LI'WI'

**Telegrafti'n' woylap tabi'li'wi'.** Telegraf ha'r tu'rli xabarlardi' uzaq arali'qlarg'a jazi'w hali'nda tez jetkeretug'i'n baylani's qurali'. Bunday quri'lmani' birinshi boli'p 1832-ji'li' rus ilimpazi' P.Shilling woylap tapti'. Quri'lma xabarlardi' noqat ha'm tire (si'zi'q) tu'rinde jetkerip bergen.

1837-ji'li' amerikali' ilimpaz S.Morze de usi'nday a'sbap ha'm wonda paydalani'w ushi'n arnawli' a'lipbe jaratqan. Bul a'lipbe «Morze a'lipbesi» degen at penen tariyxqa kirdi. Bul a'lipbede ha'ripler worni'na noqat ha'm tire (si'zi'q)ler isletiledi. Ma'selen, noqat ha'm bir tire A. ha'ribi, tire ha'm u'sh noqat «B» ha'ribi, noqat, tire ha'm ja'ne yeki noqat «V» ha'ribin bildirgen. Bul a'lipbe du'nya xali'qlari' ushi'n ko'p ji'l xi'zmet yetti.

Ha'zirgi ku'nde wonnan yelege deyin ten'iz apatshi'li'g'i' ju'z bergenligi haqqi'ndag'i' xabardi' beriw waqti'nda paydalani'ladi'.

Ba'lkim siz ten'iz apatshi'li'g'i' ju'z bergenligin bildiretug'i'n «SOS» belgisinen xabardar shi'g'arsi'z? Ten'izlerde apatshi'li'qqa ushi'rag'an kemeler «SOS» xabari'n jiberiw ushi'n Morze a'lipbesindegi «U'sh noqat, u'sh tire ha'm ja'ne u'sh noqat» belgisin (signali'n) jiberedi.

Bul belgilerdi qabi'l yetip alg'an basqa keme yaki jag'adag'i' qutqari'w topari' tezden ja'rdemge jetip keliw ilajlari'n ko'redi. Xali'qarali'q qag'i'ydani'n' talaplari' usi'nday.

**Yeste saqlan'!**

Ten'izden jiberilgen apatshi'li'q xabarlari'n qabi'l yetip ali'w ushi'n ha'r 5 minutta «radiosukunat» waqti' yengizilgen.

Morze quri'lmasi'nda noqat ha'm tireler telegraf gilti ja'rdeminde jiberiledi. Xabar beriwshi giltin basqanda quri'lmadag'i' batareya quri'lma tarmag'i'na tok beredi. Elektr toki suyi'q boyaw ishine bati'ri'p qoyi'lg'an do'n'gelekshe (ha'rip basi'wshi')ni' ha'reketke keltiredi. Do'n'gelekshe bolsa lentag'a uqsas tayarlang'an qag'azg'a ha'ripler belgisin tu'siredi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE





**Teletayp quri'lmasi'.**

Gilt basi'la sala jiberilse «noqat», uzag'i'raq basi'p turi'lsa «tire» belgisin tu'siredi. Ha'rbir belginin' qaysi' ha'ripti an'latatug'i'ni'n bilip alg'an adam Morze a'lipbesinde jazi'lg'an jazi'wdi' biyma'lel woqi'y aladi'. Ha'zirgi ku'nde Morze a'lipbesine sa'ykeslestirilgen telegraf quri'lmasi' worni'na teletayp quri'lmasi'nan payda-lani'lmaqta.

**Di'qqat penen woqi'n'!**

**Teletayp** — jazi'w markasi'na uqsas klaviaturali', uzaqtan jiberilgen xabarlardi' qag'az lentag'a avtomatikali'q tu'rde jazi'p alatug'i'n mexanizmli telegraf apparati'.

Teletaypta gilt joq, lekin jazi'w mashinasi'ndag'i' yaki kompyu-terlerdegige uqsas ha'rip basqi'shlari' bar. Xabar jiberiwshi



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

jetkeriwshi quri'lmag'a xabardi'n' tekstin jazadi'. Qabi'l yetiwshi quri'lma bolsa xabardi' qag'az lentag'a jazi'p aladi'. Ali'mlardi'n' izleniwleri na'tiyjesinde usi' quri'lma jetilisti.

Bu'gingi ku'ndegi qolayli' baylani's qurallari'nan ja'ne biri — faks boli'p yesaplanadi'. Wol tekstli, kesteli, su'wretli ha'm basqa sog'an uqsag'an xabarlardi' qanday bolsa sonday halda belgilengen jerge jetkizip bere aladi'. Bul baylani's qurali' derlik ha'mme ka'rxana ha'm ma'kemelerde bar. Faks quri'lmasi' bunnan basqa da xi'zmetlerdi atqara aladi'. Ma'selen, wol qa'legen su'wret yaki hu'jjetten nusqa (kopiya) da ali'wi' mu'mkin. Bunnan ti'sqari', qa'legen, tilde jazi'lg'an xabardi' da qabi'l yete aladi'.

**Telefonni'n' jarati'li'wi'.** Bu'gingi ku'nde ha'mme shan'a-raqlarda joq degende birewden uyali' telefonlar bar.



Zamanago'y telefon apparatlari'.

Wol xabar jetkeriw ha'm qabi'l yetip ali'w ushi'n ju'da' qolayli'. Bir so'z benen aytqani'mi'zda adamlardi'n' uzag'i'n jaqi'n yetetug'i'n kerekli u'skene. Xosh, bul kerekli u'skene wo'tmishi bolg'an si'mli' telefon apparati' qashan jara-ti'lg'an?

Da'slepki telefon apparati'n 1876-ji'li' Angliyada tuwi'li'p, Amerikada jasag'an A.Bell jaratti'. Keyinnen du'nya ju'zinin' basqa ma'mleketlerindegi woylap tabi'w-shi'lar woni' jetilistirdi. Bu'gingi ku'nde adamlar du'nyani'n' qa'legen mu'yeshi menen telefonda baylani'sa aladi'.



A.S. Popov.

**Radioni'n' tariyxi'.** Radioni'n' ne yekenligin ha'mmemiz jaqsi' bilemiz. Wol ha'r tu'rli xabarlardi' tarqati'wda u'lken a'hmiyetke iye. Du'nya ju'zinde birinshi radioni' rus ilimpazi' A. S. Popov 1895-ji'li' woylap tapti'. Sol ji'ldi'n' 7-may ku'ni Rossiya paytaxti' Peterburg qalasi'n-da wol woylap tapqan radio ko'rsetildi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

A.S.Popov keyinirek du'nya ju'zinde birinshi boli'p xabardi' da'slep 250 metrge, keyinirek 45 km ge, bari'p-bari'p 150 km ge radio arqali' jetkiziwge miyasar boldi'. Radio ushi'n sanlardi'n' keregi joq. Radiotolqi'nlarg'a heshqanday arali'q tosi'q bola almaydi'.

**Yeste saqlan'!**

Radiotolqi'nlar sekundi'na 300 km tezlikte tarqaladi'.

Biz benen siz tamasha yetip ati'rg'an televizordag'i' tele-ko'rsetiwler de radiotolqi'nlar arqali' ekrani'mi'zg'a jetip keledi.

Ha'zirgi ku'nde radioni'n' a'hmiyeti sheksiz. Radio baylani'si' ja'rdeminde samolyotlar qa'wip-qa'tersiz ushadi'. Kosmosqa ushqan kosmosli'q raketalar menen de radiotolqi'nlar arqali' turaqli' baylani's jasali'p turi'ladi'. Awa, radioni'n' xi'zmetinin' ten'i-tayi' joq. Soni'n' ushi'n da adamlar rus ilimpazi' A.S.Popovti'n' ati'n hu'rmet penen tilge aladi'.

## Atamalardi'n' mazmuni'n bilip ali'n'

**Faks** (wori'nla) — tekst, keste, su'wret ha'm basqalardi'n' ko'rinislerin telefon tarmag'i' arqali' jetkeriw.[1]

**Radio** (tarqataman) — xabarlardi' radiotolqi'nlar arqali' si'msi'z jetkeriwshi ha'm qabi'l yetiwshi u'skene.[2]

## Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. *Telegrafti'n' woylap tabi'li'wi' adamlar ushi'n qanday a'hmiyetke iye boldi'?*
2. *«SOS» xabari'n jiberiw ushi'n Morze a'lipbesinen teriletug'i'n belgilerdi ayti'p berin'.*
3. *Telefonni'n' jarati'li'wi' ha'm woni'n' adamlar turmi'si'nda tutqan worni' haqqi'nda ayti'p berin'.*
4. *Radioni'n' jarati'li'wi' qanday a'hmiyetke iye boldi'?*

## WO'Z BETINSHE JUMI'S

Woqi'wshi'lardi'n' mektepte qol telefoni'nan paydalani'w ta'rtibi haqqi'nda nelerdi biletug'i'ni'n'i'zdi' da'pterge jazi'p kelin'.

---

[1] O'TIL. – T.: «ЎзМЭ». 2008. 4-tom. 59-bet.
[2] O'TIL. – T.: «ЎзМЭ». 2007. 3-tom. 337-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




## 23-§. MEKTEP — BILIM WOSHAG'I'

**Insaniyat turmi'si'nda mekteptin' worni'.** Mine, besinshi ji'l siz mekteptin' doslari'n'i'z ha'm wo'zin'izdin' jeke turmi'si'n'i'zda qanday wori'n tutatug'i'nli'g'i'n bilip aldi'n'i'z.

**Yeste saqlan'!**

«**Mektep**» arabsha so'z boli'p, bizin' tilimizde «woqi'w worni'», «jazi'wg'a u'yretetug'i'n jer» degen ma'nislerdi an'latadi'.[1]

Adamlar mekteplerde xat-sawat u'yrenedi. Ha'r tu'rli pa'nlerge tiyisli bilimlerdi iyeleydi.

Mektepte ha'mme pa'nlerden joqari' bahag'a woqi'g'an woqi'wshi'lardi'n' turmi'sta qanday jetiskenliklerge yerisetug'i'nli'g'i'na wo'zin'iz guwasi'z.

«U'mit na'lsheleri» sport jari'slari'nda, «Zulfiyaxani'm qi'zlari'» si'yaqli' tan'lawlarda yaki pa'n olimpiadalari'nda jen'impaz boli'p ati'rg'anlari'n ko'z aldi'n'i'zg'a keltirin'. Wolardi'n' ha'mmesi mekteplerde ayri'qsha bahalarg'a woqi'g'an.



Mektep (XX a'sir baslari').

Wo'tmishte du'nya ju'zi ilimnin' rawajlani'wi'na u'lken u'les qosqan ulli' babalari'mi'z da mekteplerde

[1] O'TIL. — T.: «ЎзМЭ». 2006. 2-tom. 532-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ayri'qsha bahalarg'a woqi'g'an. Sonli'qtan, Sizin' keleshekte qanday adam boli'p jetilisiwin'iz, bu'gingi ku'nde mekteplerde qalay woqi'p ati'rg'anli'g'i'n'i'zg'a da baylani'sli'.

Mektep soni'n' menen birge ta'rbiya woshag'i' boli'p ta tabi'ladi'. Ha'mme zamanlarda da sonday bolg'an, ha'zir de sonday. Siz mekteplerde ta'lim-ta'rbiya berip ati'rg'an adamlardi' mug'a'llim yaki ustaz degen so'zler menen de atalatug'i'ni'n bilesiz. Wolar bir so'z benen pedagog dep te ataladi'.

**Yeste saqlan'!**

«Pedagog» — grekshe so'z boli'p «bala jeteklewshi adam» degen ma'nisti an'latadi'.[1]

A'yyemgi Greciyada qul iyelewshilerdin' balalari'n mektepke jetelep aparatug'i'n adamlardi' *pedagog* dep atag'an. Da'slepki mektepler Mi'sr, Bobil, Qi'tay ha'm Hindstanda, Worta Aziyada, Evropada bolsa Greciya ha'm Rim ma'mle-ketlerinde payda boldi'. Mektepler da'slep ibadatxanalarda xi'zmet ko'rsetti.



**Yan Amos Komenskiy.**

Duri's, da'slepki mektepler ha'zirgi zaman mektepleri ko'rinisinde bolmag'an. Wolarg'a qabi'l yetiwde balalardi'n' jasi' yesapqa ali'nbag'an. Balalar bu'gingi ku'ndegidey klaslarg'a bo'lip woqi'ti'lmag'an. Balalardi'n' jasi'na qarap klaslarg'a bo'lip woqi'ti'w ha'm sabaqlardi' woqi'w kestesi tiykari'nda sho'lkemlestiriw XVII a'sirde da'slep Evropada a'melge asi'ri'ldi'. Bul jan'ali'qti'n' tiykari'n sali'wshi' chexiyali' belgili ilimpaz Yan Amos Komenskiy boldi'.

**Worta Aziyada bilimlendiriw.** Worta Aziyada, soni'n' ishinde bizin' jurti'mi'zda ha'mme zamanlarda balalardi'n' ta'lim-ta'rbiyasi'na u'lken itibar menen qarag'an.

[1] O'TIL. – T.: «ЎзМЭ». 2007. 3-tom. 245-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Mektepte balalarg'a xat-sawat tani'ti'w menen bir qatarda wolardi'n' minez-qulq ha'm fizikali'q ta'rbiyasi'na da u'lken itibar berilgen. Buni' Xorezmli babami'z Zardushttin' «Ta'rbiya ti'rmi'sti'n' yen' a'hmiyetli tayani'shi'» degen hikmetli so'zi de da'lilleydi.

VIII a'sirde arablar jurti'mi'zdi' iyelep alg'annan keyin, arab a'lipbesi yengizildi. Meshitlerdin' qasi'nda mektepler ashi'ldi'. Mekteplerde woqi'w arab jazi'wi' tiykari'nda ali'p bari'ldi'. Yer ha'm qi'z balalar ushi'n wo'z aldi'na baslang'i'sh bilim beriw mektepleri ashi'ldi'. Wolar *mektepxana* dep atalg'an. Yer balalar mekteplerinin' ko'pshiligi meshitlerdin' qasi'nda, qi'z balalardi'n' mektepleri bolsa mug'allim hayallardi'n' u'ylerinde ashi'lg'an. Yer balalardi' woqi'tatug'i'n yer mug'allim «domla» (molla), qi'z balalardi' woqi'tatug'i'n hayal mug'allim bolsa otinoyi, otinbibi, bibiotin, bibixalifa dep atalar yedi. Balalar mekteplerge 5 — 6 jastan, ayi'ri'm jag'daylarda 6 — 8 jaslari'nda qabi'l yetilgen. Woqi'w mu'ddeti 5 — 8 ji'l dawam yetken. Mektepxanalarda balalar woqi'wg'a ha'm jazi'wg'a u'yretilgen ha'm medreselerge woqi'wg'a kiriwge tayarlang'an.

**Qariyxana.** Woqi'w-jazi'w usi'li'n men'gergen, yadlaw qa'bileti ku'shli, hawazi' ju'da' ta'sirli yer balalar 10 jasi'nan qariyxanalarg'a qabi'l yetilgen. Qariyxanalarda bilim ali'wshi'lar tiykari'nan, Qurani' ka'rimdi yadlag'an ha'm woni' qi'ra'a'tke sali'p woqi'wdi' u'yrengen. Qariyxanada woqi'w 3 — 4 ji'l dawam yetken. Son' bolajaq qariylar imtixan tapsi'rg'an. Yen' ali'q woqi'wshi'g'a «qariylar qariyi» degen da'reje berilgen. Sonnan son' wolar xali'q ha'm din joli'nda xi'zmet yetken. Qa'lewshileri medresede woqi'wdi' dawam yetken.

Medreseler, tiykari'nan, ma'mlekettin' basqari'wshi' xi'zmetkerlerin ha'm diniy ulamalardi' tayarlag'an. Jurti'mi'zda da'slepki medrese X a'sirde Buxara qalasi'nda ashi'ldi'. Medreselerde woqi'w talabalardi'n' wo'zlestiriwine qarap 7 — 12 ji'l dawam yetken.

Medrese woqi'ti'wshi'lari' *mudarrisler* dep atalg'an. Medreselerde talabalarg'a diniy bilimlerden ti'sqari' astronomiya, matematika, medicina, ximiya, geografiya, tariyx, a'debiyat, muzi'ka, minez



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

qulq ko'nlikpeleri ha'm so'z wo'neri, sawda si'yaqli' pa'nlerden sabaq berilgen.

**Wo'zin'izdi si'nan'**

- Mektep — ... .
- Pedagog — ... .



**Mamun akademiyasi'.**

**Xorezm Mamun akademiyasi'.** Anaw yaki mi'naw ma'mlekette ilimnin' rawajlani'wi' ma'mleket hu'kimdari'ni'n' ilim tarawi'nda tutqan joli'na baylani'sli' bolg'an. Yag'ni'y, joqari' hu'kimdar ilim-pa'nge g'amxorli'q ko'rsetse, wol rawajlang'an. Ilimpazlarg'a g'amxorli'q yetken bolsa, wolar ilim tarawi'nda u'lken ashi'li'wlardi' a'melge asi'rg'an.

Tariyxi'mi'zda Xorezmshahlar ma'mleketin to'rt dinastiya basqarg'an. Wolardan yekinshisi — mamuniylar dinastiyasi' hu'kimdarli'g'i' da'wirinde (995 — 1017-ji'llar) ilimnin' rawajlani'wi'na u'lken itibar berildi. Dinastiyani'n' son'g'i' hu'kimdari' Mamun ibn Mamun (999 — 1017-ji'llar) a'sirese, bul ma'selede tariyxta wo'shpes iz qaldi'rdi'.

Wol wo'z da'wirinin' ilimlerin puqta iyelegen hu'kimdar yedi. Sol waqi'tta ilim ha'm ma'deniyatti'n' rawajlani'wi'na g'amxorli'q ko'rsetti. Woni'n' g'amxorli'g'i' ha'm basshi'li'g'i' menen 1004-ji'li' ma'mleket paytaxti'nda «Dor-ul hikma va maorif» ilim-pa'n worayi' sho'lkemlestirildi.

Keyin ali'mlar woni' Xorezm «Mamun akademiyasi'» dep atadi'. Bul ilimiy worayda Abu Nasi'r ibn Iraq, Abu Rayxan Beruniy, Abu Ali Ibn Sino, Abulxayi'r ibn Hammar si'yaqli' sol da'wirdin' wonlag'an ulli' woyshi'llari' xi'zmet yetti.

**Yeste saqlan'!**

«Ilim — insanlar mu'ta'jin wori'nlawg'a xi'zmet yetsin» degen so'z akademiya woyshi'llari'ni'n' urani' yedi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Akademiya woyshi'llari' matematika, astronomiya, topi'raqtani'w, geografiya, medicina ha'm huquqtani'w si'yaqli' pa'nler menen shug'i'llandi' ha'm du'nya iliminin' rawajlani'wi'na u'lken u'les qosti'. A'tten', akademiya 14 ji'l g'ana islegen.

1017-ji'li' Xorezmshahlar ma'mleketi wo'z g'a'rezsizliginen ayri'lg'annan son' akademiyani'n' xi'zmeti toqtap qalg'an.

**Wo'zin'izdi si'nan'**

- Mamun ibn Mamun – ... .
- 1004-ji'li' – ... .

1997-ji'li' O'zbekistan Prezidenti Islam Karimovti'n' Xorezm Mamun akademiyasi'n qayta tiklew haqqi'nda pa'rmani' qabi'l yetildi. Awa, aradan sa'l kem mi'n' ji'l wo'tip solay islendi. Akademiyani' qayta tiklewde bir qatar ilimiy ha'm a'meliy maqsetler na'zerde tuti'lg'an.

Biraq, wolar arasi'nda Siz si'yaqli' jas a'wlad ju'reginde maqtani'sh, wo'tmish tariyxi'mi'zg'a bolg'an teren' hu'rmet sezimlerin woyati'w si'yaqli' jaqsi' niyetler ayri'qsha wori'n iyeleydi. Qayta tiklengen akademiya O'zbekistan Ilimler Akademiyasi'ni'n' bo'limi si'pati'nda is ali'p barmaqta. Woni'n' ishinde arxeologiya, tariyx, til ha'm a'debiyat, biologiya si'yaqli' bo'limler sho'lkemlestirildi.

2006-ji'li' yelimizde Xorezm Mamun akademiyasi'ni'n' 1000 ji'lli'g'i' belgilendi.[1]

### Atamalardi'n' mazmuni'n bilip ali'n'

**Akademiya** — ataqli' ali'mlar ja'mlesken ilimnin' worayi'.[2]

**Ali'm** — ilim-pa'nnin' birneshe tarawi'n toli'q iyelegen shaxs.[3]

**Meshit** — islam dinine si'yi'ni'wshi'lar ja'mlesip namaz woqi'ytug'i'n jay.[4]

**Ilim** — du'nya haqqi'ndag'i' bilimler ji'yi'ndi'si'.[5]

---

[1] *Q. Rajabov* va boshq. O'zbekiston tarixining eng asosiy sanalari. – T.: 2012. «O'zbekiston» NMIU. 410-bet.

[2] O'TIL. – T.: «ЎзМЭ». 2006. 1-tom. 61-bet.

[3] O'TIL. – T.: «ЎзМЭ». 2006. 1-tom. 72-bet.

[4] O'TIL. – T.: «ЎзМЭ». 2006. 2-tom. 550-bet.

[5] O'TIL. – T.: «ЎзМЭ». 2008. 4-tom. 324-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

### Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. *Ne ushi'n siz mektepte ayri'qsha bahalarg'a woqi'wi'n'i'z ha'm go'zzal minez-quli'qqa iye boli'wi'n'i'z kerek?*
2. *Da'slepki mektepler haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z? 81-bettegi su'wretke qarap ha'zirgi mektep penen yeski mektepti sali'sti'ri'n'.*
3. *Medreseler qanday maqsette ashi'lg'an yedi?*
4. *Xorezm Mamun akademiyasi'ni'n' sho'lkemlestiriliwi ha'm wonda xi'zmet yetken ulli' woyshi'lar haqqi'nda ayti'p berin'.*
5. *O'zbekistanni'n' g'a'rezsizlik ji'llari'nda Xorezm Mamun akademiyasi'ni'n' qayta tikleniwi haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?*

## 24-§. JURTI'MI'ZDI'N' ULLI' WOYSHI'LLARI'

**Ani'q ha'm ta'biyiy pa'nlerdin' rawajlani'wi'.** IX — XII a'sirlerde jurti'mi'zda ilim joqari' jetiskenliklerge yeristi. Bul da'wirde jasap do'retiwshilik penen shug'i'llang'an ulli' babalari'mi'z du'nya ju'zilik ilimnin' rawajlani'wi'na u'lken u'les qosti'. A'sirese, ani'q ha'm ta'biyiy ilimlerdin' rawajlani'wi'na qosqan biybaha u'lesi menen wo'z atlari'n tariyxta ma'n'gi qaldi'radi'. Bul ma'n'gilikke mo'rlengen dizimi ulli' babami'z **Muxammed ibn Muwsa al-Xorezmiy ati'** menen baslanadi'.



Al-Xorazmiy.




Rim cifri'nda qosi'w a'meli.

Al-Xorezmiy 783-ji'li' Xorezmnin' Xiywa qalasi'nda tuwi'lg'an. Da'slep Xiywa qalasi'nda ilim u'yrenip jetik ali'm boli'p jetisti. Son' Worta Aziyani'n' sol da'wirdegi u'lken ilimnin' worayi' bolg'an Mari' qalasi'nda (ha'zirgi Tu'rkmenstandag'i' qala) do'retiwshilik penen shug'i'llandi'. Keyin Bag'dad qalasi'ndag'i' (ha'zirgi Irak ma'mleketinin' paytaxti') ilimnin' worayi'ni'n' «Bayt ul-hikmat» ta xi'zmetin dawam yettirdi. Woni'n' yen' u'lken xi'zmetlerinen biri hindler woylap tapqan «0» den «9» g'a deyin bolg'an won san menen



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ha'rqanday sandi' jazi'w mu'mkinligin, woni'n' quramali' rim sanlari'nan abzalli'g'i'n da'lillep berdi. To'rt a'mel — qosi'w, ali'w, ko'beytiw ha'm bo'liwdin' qag'i'ydalari'n islep shi'qti'.

Al-Xorezmiy Siz 7-klastan baslap u'yrenetug'i'n algebra pa'ninin' tiykari'n sali'wshi'si' da. Woni'n' bul pa'nge bag'i'shlap jazg'an shi'g'armasi' qi'sqasha «Al-jabr val muqabala» dep ataladi'.

Al-Xorezmiydin' bul shi'g'armasi' XII a'sirden baslap Evropag'a tarqala basladi'. Evropani'n' ayi'ri'm xali'qlari' «al-jabr» worni'na «algebra» so'zin isletken. Ali'mni'n' wo'z ati' bolsa matematika pa'ninde ko'p qollani'latug'i'n (bul haqqi'nda joqari' klaslarda bilip alasi'z) «algoritm» atamasi'nda jasap kelmekte. Du'nyada wo'zinin' ati' yaki shi'g'armasi'ni'n' ati' ilimnin' ati'na aylani'p ketken dani'shpanlar ju'da' az. Siz bul ha'diyse menen qansha maqtansan'i'z da arzi'ydi'. Al-Xorezmiy 850-ji'li' Bag'dad qalasi'nda du'nyadan wo'tken.



Ahmad al-Farg'aniy.

**Axmad al-Farg'aniy.** Du'nya ju'zi iliminin' rawajlani'wi'na salmaqli' u'les qosqan ja'ne bir ulli' babami'z Axmad al-Farg'aniy 797-ji'li' Ferg'anani'n' Quva qalasi'nda tuwi'ladi'. Wol jasli'g'i'nan ilim tiykarlari'n teren' u'yrenedi. Wo'z ilimin ja'ne de jetilistiriw maqsetinde Worta Aziyani'n' sol da'wirdegi yen' iri ilim worayi' bolg'an Mari' qalasi'na keldi. Son' Bag'dad qalasi'ndag'i' «Bayt ul-hikmat» ta astronomiya, matematika ha'm geografiya si'yaqli' ilimler tarawi'nda do'retiwshilik miynet yetedi. Woni'n' ati'n belgili yetip jibergen «Astronomiya tiykarlari' haqqi'nda kitap» shi'g'armasi' XII a'sirde Evropada lati'n tiline awdari'ldi'.

Bul shi'g'arma Axmad al-Farg'aniydi Evropag'a «Alfraganus» ati' menen belgili yetti. Sol waqi'tta, shi'g'armani'n' wo'zi Evropa ma'mleketinin' universitetlerinde (joqari' woqi'w wori'nlari'nda) birneshe a'sir dawami'nda sabaqli'q retinde woqi'ti'ldi'.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Du'nya ju'zi iliminin' rawajlani'wi'na u'lken u'les qosqan ulli' babami'z 865-ji'li' Mi'srda qayti's boldi'.

Prezidentimiz Islam Karimovti'n' baslamasi' menen 1998-ji'li' ulli' babami'zdi'n' tuwi'lg'ani'ni'n' 1200 ji'lli'g'i' tek O'zbekistanda yemes, al du'nya ju'zi ko'leminde de ken' belgilendi.

**Wo'zin'izdi si'nan'**

- Al-Xorazmiydin' belgili shi'g'armasi'— ... .
- Alfraganus — ... .



**Abu Rayxan Beruniy.**

**Abu Rayxan Beruniy** (973—1048). Abu Rayxan Beruniy babami'z da du'nya ju'zi iliminin' rawajlani'wi'na u'ken u'les qosqan ulli' dani'shpanlardi'n' biri. Wol Xorezmnin' Kat qalasi'nda tuwi'ldi'.

Zeyini wog'ada ilgir bolg'an Beruniy, Xorezm Mamun akademiyasi'nda do'retiwshilik penen shug'i'llang'an.

Beruniy a'sirese, astronomiya, matematika, fizika, mineraltani'w, geografiya, til, tariyx si'yaqli' ilimlerdi teren' iyelegen. Sol waqi'tta wo'zi de bul ilimlerdin' rawajlani'wi'na u'lken u'les qosqan.

Bizge Beruniyden ko'p shi'g'armalar miyras boli'p qaldi'. Wolardi'n' ishinde astronomiya tarawi'ndag'i' shi'g'armasi' wog'ada u'lken a'hmiyetke iye bolg'an. Woni'n' «A'yyemgi xali'qlardan qalg'an yestelikleri» ha'm «Hindistan» si'yaqli' shi'g'armalari' tariyx ilimi ushi'n a'hmiyetli derek boli'p yesaplanadi'.

Wol «Hindstan» shi'g'armasi'nda okean arti'nda materik barli'g'i' haqqi'ndag'i' shamalawdi' alg'a su'rgen. Evropali' sayaxatshi' ali'mlar bolsa Beruniyden 500 ji'l son' bul materiktin' bar yekenligin is ju'zinde da'lilledi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Buni' woqi'n'!**

«XI a'sir Beruniy a'siri» — dep jazg'an yedi AQSh ti'n' ilimler tariyxi' menen shug'i'llanatug'i'n ilimpaz J. Sarton.



Abu Ali ibn Sino.

**Abu Ali ibn Sino**. Wo'z zamani'nda Shayx ur-rais, yag'ni'y «ali'mlar basshi'si'», dep hu'rmet yetilgen ulli' woyshi'l Abu Ali ibn Sino 980-ji'li' Buxara qalasi'na jaqi'n jerdegi Afshana awi'li'nda tuwi'lg'an. Ibn Sino wo'z da'wirinin' ha'mme bilimlerin puqta iyelegen. Ibn Sino du'nyag'a, da'slep ulli' medicina ali'mi' boli'p tani'ldi'. Woni'n' medicinag'a arnalg'an belgili shi'g'armasi' «Tib qonunlari» dep ataladi'. Shi'g'arma XII a'sirde Evropada lati'n tilinde basi'p shi'g'ari'ladi' ha'm Ibn Sino Evropada «Avicenna» ati' menen belgili boldi'. «Tib qonunlari» XVII a'sirge deyin Evropa ma'mleketleri universitetinde sabaqli'q retinde xi'zmet yetti. Ibn Sinoni'n' ati' jer ju'zinde yele belgili boli'p kiyati'r.

2000-ji'li' Evropani'n' Belgiya ma'mleketinde woni'n' hu'rmetine yestelik wornati'li'wi' buni'n' ayqi'n da'lili boli'p tabi'ladi'.

**Wo'zin'izdi si'nan'**

- Beruniyden tariyxqa tiyisli ... shi'g'armalari' qalg'an.
- Ibn Sino ... ati' menen hu'rmetke iye bolg'an.

**Soraw ha'm tapsi'rmalar**

1. *IX—XII a'sirler yelimiz iliminin' rawajlani'wi'nda qanday wori'n tutadi'?*
2. *Al-Xorazmiy matematika pa'ninin' rawajlani'wi'nda tutqan worni' ne menen belgilenedi?*
3. *Axmad al-Farg'aniydin' du'nya ju'zi iliminin' rawajlani'wi'na qosqan u'lesi haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?*
4. *Amerikali' ali'm J.Sarton «XI a'sir Beruniy a'siri» dep jazg'anda nelerge tiykarlang'anli'g'i' haqqi'nda piker ju'ritip ko'rin'.*
5. *Ibn Sinoni'n' du'nya ju'zi medicina iliminin' rawajlani'wi'na qosqan u'lesi haqqi'nda ayti'p berin'.*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**WO'Z BETINSHE TAPSI'RMA**

*(Kesteni tolti'ri'n')*

| T/n | Ulli' woyshi'llar | Tuwi'lg'an jeri ha'm ji'li' | Do'retiw-shilik yetken jerleri | Jazi'p qal-di'rg'an belgili shi'-g'armalari' | Qayti's bolg'an ji'li' ha'm jeri | Tuwi'lg'an ji'li'n belgilegen ji'llari' |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | Al-Xorazmiy | | | | | |
| 2. | Axmad al-Farg'aniy | | | | | |
| 3. | Beruniy | | | | | |
| 4. | Ibn Sino | | | | | |

## 25-§. MI'RZA ULUG'BEK HA'M WONI'N' AKADEMIYASI'

**Mi'rza Ulug'bektin' jasli'q ji'llari'.** XIV—XV a'sirler yelimizde ilim ha'm ma'deniyatti'n' rawajlani'wi'nda alti'n a'sir boli'p sanaladi'. Bul da'wirde jasap ha'm do'retiwshilik miynet yetken dani'shpan babalari'mi'z ilim ha'm ma'deniyatti' ja'ne de joqari' shi'n'larg'a ko'terdi.



**Mi'rza Ulug'bek.**

Bul jetiskenlik, wo'z gezeginde, Evropada da ilim ha'm ma'deniyatti'n' joqari'lawi'na u'lken ta'sir ko'rsetti.

Bul waqi'ya ulli' babami'z Amir Temur ha'm woni'n' aqli'g'i' Mi'rza Ulug'bektin' ilim ha'm ma'deniyati'mi'zdi'n' rawajlani'wi'na ko'rsetken ayri'qsha g'amxorli'g'i'ni'n' na'tiyjesi yedi.

Mi'rza Ulug'bektin' a'kesi Amir Temurdin' to'rtinshi balasi' Shahrux Mi'rza yedi. Ulug'bek 1394-ji'li' tuwi'ldi'. Amir Temur bul quwani'shli' xabardi' yesitip aqli'g'i'na Muxammed Tarag'ay dep wo'z a'kesinin' ati'n qoydi'. Astrologlar woni'n' keleshekte u'lken ali'm ha'm ulli' hu'kimdar bolatug'i'ni'n boljadi'.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Ulug'bek observatoriyasi'.

Sol sebepten de Amir Temur keleshegi ulli' aqli'g'i'n Ulug'bek dep te atay basladi'. Ulug'bek Mawarawnnahrda 40 ji'l hu'kimdarli'q yetti. Wo'z da'wirinin' ilim si'rlari'n u'yreniwde ataqli' matematik ha'm astronom ali'mlar Ma'wlana Axmad ha'm Qazi'zada Rumiy wog'an ustazli'q yetti. Bul Ulug'bektin' keleshekte ulli' astronom ha'm matematik boli'p jetilisiwin belgilep berdi.

**Ulug'bek ulli' dani'shpan.** Ulug'bek iliminin' ko'p tarawlari' menen shug'i'llang'an dani'shpan ali'm. Wolarg'a tiyisli bir qatar shi'g'armalar da jazi'p qaldi'rdi'. Biraq, ilimde wol, da'slep, ulli' astronom si'pati'nda belgili boldi'. Ulug'bek aspan denelerin baqlaw maqsetinde observatoriya qurdi'rdi'.

Observatoriyani'n' ishine wornati'lg'an ju'da' u'lken a'sbap ja'rdeminde Quyash, Ay planetalari'n ha'm juldi'zlardi' u'yrendi. Observatoriyada ali'p bari'lg'an baqlawlar na'tiyjesinde «Ulug'bek ziji» dep atalatug'i'n du'nyag'a belgili shi'g'armasi'n jazdi'. Shi'g'armada 1018 juldi'zdi'n' worni' ha'm jag'dayi' ko'rsetip berildi.

Ulug'bek tariyx ilimi boyi'nsha «To'rt uli's tariyxi'» shi'g'armasi'nda jazi'p qaldi'rdi'.

**Ulug'bek akademiyasi'.** Ulug'bek Samarqandta qurdi'rg'an medrese observatoriya menen birgelikte «Ulug'bek akademiyasi'» ati' menen tariyxqa kirdi. Bul Xorezm Mamun akademiyasi'nan keyin aradan to'rt a'sir wo'tkennen son' sho'lkemlestirilgen yekinshi akademiya yedi.

**Buni' woqi'n'!**

... Amir Temurdin' worni'na taxtqa woti'rg'an belgili Ulug'bek Samarqandta ... akademiyag'a tiykar saldi'.

*Volter*, XVIII a'sirde jasap do'retiwshilik penen shug'i'llang'an Franciya ali'mi'.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ulug'bek sol da'wirdin' ko'plegen talantli' ali'mlari'n akademiyag'a topladi'. Wolardi'n' ilim menen shug'i'llani'wi' ushi'n ha'mme sharayatlardi' jarati'p berdi.

Ulug'bektin' ustazi' Qazi'zada Rumiy, G'iyasiddin Jamshid Koshiy ha'm sha'kirti Ali Qusshi'lar akademiyani'n' yen' ataqli' ali'mlari' yedi.

**Di'qqat penen woqi'n'!**

«Ulug'bek du'nya ju'zi ilimnin' rawajlani'wi'na qosqan ten'i-tayi' joq u'lesi menen wo'zine tiri waqti'nda-aq u'lken yestelik wornati'p ketken dani'shpan ali'm».

*B. Axmedov,* tariyxshi' ali'm.

**Wo'zin'izdi si'nan'**

- ..., ... Ulug'bekke ustazli'q yetken.
- Ulug'bekten tariyxqa tiyisli ... shi'g'arma qalg'an.

**Ulug'bek ilimnin' qorg'awshi'si'.** Ulug'bek tek g'ana ma'mleket basqari'w isleri ha'm do'retiwshilik penen sheklenip qalmadi'. Wol sol waqi'tta ma'mlekette ilimnin' rawajlani'wi'na g'amxorli'q yetti.

Buxara, Samarqand ha'm G'ijdiwan qalalari'nda 3 medrese qurdi'rg'ani' buni'n' ayqi'n da'lili boli'p tabi'ladi'.

Samarqand medresesinde studentlerge tiykarg'i' bayanatlari'n Qazi'zada Rumiy, Ulug'bek, Koshiy ha'm Ali Qusshi'lar woqi'di'. Buxara medresesinin' yesiklerine «Bilim ali'w ha'rbir musi'lman yer adam ha'm hayal ushi'n pari'zdur» dep woyi'p jazi'lg'an yedi. Ulug'bek bul medresege kelgen payti'nda studentlerge sawg'alar u'lestirgen.

**Ulug'bektin' tuwi'lg'an ku'ninin' belgileniwi.** 1994-ji'li' yelimizde ha'm xali'q arali'q ko'lemde ulli' ali'm Mi'rza Ulug'bektin' tuwi'lg'ani'ni'n' 600 ji'lli'g'i' belgilendi. Samarqandtag'i' saltanatli' ma'jilislerde O'zbekistan Prezidenti Islam Karimov ta qatnasti' ha'm shi'g'i'p so'yledi.

Prezidentimiz wo'z so'zinde Ulug'bekti «Shi'g'i'sti'n' jaqti' juldi'zi'» dep atadi'.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Birlesken Milletler Sho'lkemi 2009-ji'ldi' Ulug'bektin' hu'rmetine «Xali'q arali'q astronomiya ji'li'» dep ja'riyalawi' bolsa, Ulug'bektin' xi'zmetinin' ja'ne bir ma'rte joqari' bahalani'wi' boldi'.

**Di'qqat penen woqi'n'!**

Ataqli' astronom Jan Geveliy ta'repinen 1647-ji'li' basi'p shi'g'ari'lg'an «Selenografiya» atli' kitabi'nda Aydag'i' kraterlerden yekewi Axmad Farg'aniy ha'm Mi'rza Ulug'bek atlari' menen atalg'an.[1]

**Wo'zin'izdi si'nan'**

- Watani'mi'zda sho'lkemlestirilgen birinshi akademiya — ...
- Watani'mi'zda sho'lkemlestirilgen yekinshi akademiya — ... .

**Soraw ha'm tapsi'rmalar**

1. *Mi'rza Ulug'bektin' jasli'q ji'llari' haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?*
2. *Ulug'bek ta'repinen jazi'lg'an belgili shi'g'armalardi'n' atlari'n atan'.*
3. *Ulug'bek akademiyasi' menen Xorezm Mamun akademiyasi'ni'n' xi'zmetin sali'sti'ri'n'. Uqsasli'q ha'm ayi'rmashi'li'q ta'replerin ani'qlan'.*
4. *Ulug'bektin' ilimnin' qorg'awshi'si' bolg'anli'g'i'n da'liller menen tiykarlap berin'.*
5. *Ulug'bektin' tuwi'lg'ani'na 600 ji'lli'g'i' yelimizde ha'm du'nya ko'leminde belgileniwi haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?*

## 26-§. JURT ABADANSHI'LI'G'I', A'DEBIYAT HA'M KO'RKEM-WO'NER

**Qalalardi'n' abadanlasti'ri'li'wi' ha'm arxitektura.** Amir Temur ma'mlekettin', a'sirese, paytaxt Samarqandti'n' abadanlasi'wi'na ayri'qsha a'hmiyet berdi ha'm woni' du'nyani'n' go'zzal qalasi'na aylandi'ri'wg'a qarar yetti.

Wol u'lken quri'li's islerin Samarqandti'n' qorg'ani'w diywallari'n quri'wdan basladi'. Qalag'a usi' diywallarg'a qoyi'lg'an alti' da'rwaza arqali' kiriletug'i'n boldi'. Samarqandqa

---

[1] *Islam Karimov.* «Yuksak ma'naviyat – yengilmas kuch». «O'zbekiston» NMIU. – T.: 2008. 42-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Gur Amir maqbarasi'.**

Zarafshan da'rwazasi'nan suw ali'p kelindi.

Temuriyler da'wiri arxitekturasi'ni'n' a'jayi'p u'lgisi Amir Temur sarayi' — Ko'ksaray qalani'n' ko'rkine ko'rk qosatug'i'n da'rejede sawlatli' yetip quri'ldi'.

Amir Temur sol waqi'tta wo'mirlik joldasi' Bibixani'm (Saraymu'likxani'm) ati' menen atalatug'i'n Juma meshitin de saldi'rdi'.

Amir Temur 1403-ji'li' jas qayti's bolg'an aqli'g'i' Muxammed Sultan ushi'n maqbara qurdi'rdi'.

1405-ji'li' Amir Temur qayti's bolg'annan keyin woni'n wo'zi de sol jerge jerlendi ha'm maqbara «Gur Amir maqbarasi'» dep atala basladi'. Bul maqbara du'nyadag'i' ataqli' arxitekturali'q quri'lma boli'p tabi'ladi'.

Wol Temuriyler a'wladi' jerlenetug'i'n maqbarag'a aylandi'. Keyin, bul maqbarag'a Amir Temurdi'n' balalari' Umar Shayx, Miranshah ha'm Shahrux, aqli'g'i' Mi'rza Ulug'bek ha'm de Amir Temurdi'n' piri Sayyid Barakani'n' da qa'birleri qoyi'ldi'. Maqbara gu'mbezinin' nag'i'slari' ha'rqanday adamdi' ta'n qaldi'radi'.

Amir Temur paytaxt Samarqand a'tirapi'nda bir-birinen go'zzal wonlag'an bag' jaratti'. Wolardi'n' yen' ataqli'si' «Bag'i' Dilkusho» dep ataladi'.

1404-ji'li' Samarqandqa kelgen Ispaniya yelshisi Gonzales de Klavixo wo'z yesteliklerinde bul bag'da fontannan suw ag'i'p turg'anli'g'i'n, bag'qa kiretug'i'n da'rwaza ju'da' ken' ha'm alti'n ha'm de basqa qi'mbat bahali' taslar menen bezetilgenligin, sonday-aq, u'stine taxt wornati'lg'an alti' pildin' de bar yekenligin jazi'p qaldi'rg'an. Bir so'z benen aytqanda, Amir Temur da'wirinde Samarqandti'n' ta'riypi tillerde da'stan boldi'.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Buni' di'qqat penen woqi'n'!**

Amir Temur ruwxi'y miyrasi'ni'n' worni' Samarqand boli'p yesaplanadi'. Samarqand du'nya ju'zi arxitekturasi'ni'n' du'rdanasi'.

*Islam Karimov.*

**Wo'zin'izdi si'nan'.**

♦ Gur Amir — bul... .

Amir Temur Mawarawnnahrdi'n' basqa qalalari'na, soni'n ishinde, Shahrisabz qalasi'nda a'jayi'p arxitekturali'q yestelikler qurdi'rdi'. Wolardan biri a'kesi ha'm uli' Jahangirdin' qa'birinin' u'stine quri'lg'an maqbara yedi.

Tu'rkstan qalasi'nda ulli' woyshi'l Axmed Yassawiy qa'biri u'stine quri'lg'an maqbara, Tashkent wa'layati'ndag'i' Za'n'giata arxitekturali'q kompleksin de joqari' u'lgidegi arxitekturali'q quri'lmalar boli'p tabi'ladi'.

**Alisher Nawayi'** (1441—1501). Wo'zbek xalqi'ni'n' ulli' dani'shpan shayi'ri', ma'mleketlik g'ayratker, ilim ha'm ma'deniyat qorg'awshi'si', wo'zbek a'debiy tilinin' tiykari'n sali'wshi' Alisher Nawayi' 1441-ji'ldi'n' 9-fevrali'nda Gerat qalasi'nda tuwi'ldi'.



**Alisher Nawayi'.**

Atasi' G'iyasiddin Bahadi'r Temuriyler xi'zmetinde boldi'. Sol sebepli wol temuriyzada, keyin hu'kimdar boli'p jetisken Xusayn Bayqara menen birge ta'rbiyalandi'.

Alisher Nawayi' 4 jasi'nda mektepke bari'p ilim u'yrendi. Tu'rkiy ha'm parsi' tillerindegi qosi'qlardi' yadtan bildi. 10 — 12 jasi'nan baslap wo'zi de qosi'q jaza basladi'.

Woni'n poeziyag'a bolg'an i'qlasi' ha'm talanti' ha'tte wo'z da'wirinin' ataqli' shayi'ri' Lutfiydi de ta'n qaldi'rdi'. Alisher



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Nawayi' 15 jasi'nda shayi'r si'pati'nda yelge tani'ldi'. Tu'rkiy tildegi qosi'qlari'n «Nawayi'», parsi' tildegi qosi'qlari'n «Faniy» degen laqab penen jazdi'. Tu'rkiy tilde birinshi u'lken bes kitap — shah sh'g'armasi' «Xamsa»ni' do'retti. Wog'an shekem poeziya, tiykari'nan, parsi' tilinde jazi'lg'an.

Bul shi'g'arma wo'zbek a'debiyati'ni'n' dan'qi'n a'lemge jaydi'. Du'nya ju'zi a'debiyati' du'rdanalari'nan birine aylandi'.

Bunnan ti'sqari', wo'zbek tilindegi qosi'qlari'n toplap, to'rt bo'limnen ibarat «Ma'nolar xazinasi» devoni'n du'zdi.

Keyin parsi' tilinde jazg'an qosi'qlari'n toplap, «Devoni Foniy» di do'retti. Buni'n' menen parsi' poeziyasi'ni'n' rawajlani'wi'na da mu'nasip u'les qosti'.

**Buni' di'qqat penen woqi'n'!**

Du'nyada tu'rkiy ha'm parsi' tilde so'yleytug'i'n birde-bir insan joq, wol Nawayi'ni' bilmese, Nawayi'ni' jaqsi' ko'rmese, Nawayi'g'a sadi'qli'q ha'm isenim menen qaramasa[1].



**Wo'zin'izdi si'nan'**

- 1441-ji'l — ... .
- «Nawayi'» — ... .
- «Foniy» — ... .

**Kamaliddin Bekzad** (1455 — 1536)[2]. Wo'z da'wirinin' ulli' xudojnigi Kamaliddin Bekzad Alisher Nawayi'ni'n' zamanlasi' yedi. Wol Alisher Nawayi'ni'n' mu'riwbeti menen ulli' miniatyurashi' xudojnik boli'p kamalg'a keldi. A'jayi'p talant iyesi bolg'an Bekzad Xusayin Bayqarani'n' ma'mleketlik kitapxanasi'na basshi' yetip tayi'nlandi'. Bul kitapxana wo'z da'wirinin' ko'rkem akademiyasi'na aylandi'. Akademiyag'a keyin «Bekzad akademiyasi'» degen at berildi.

Bekzad Sharafiddin Ali Yazdiydin' «Zafarnama», Jamiydin' «Solomon ha'm Absol», Saadiydin' «Bo'ston», Xatifiydin' «Temurnama» shi'g'armalari'na, sonday-aq, Alisher Nawayi'ni'n'

[1] *Islam Karimov.* «Yuksak ma'naviyat — yengilmas kuch». — T.: «O'zbekiston» NMIU. 2008. 47-bet.

[2] *Q. Rajabov* va boshq. O'zbekiston tarixining eng asosiy sanalari. — T.: «O'zbekiston» NMIU. 2012. 102-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

kitaplari'na ta'kirarlanbaytug'i'n miniatyuralar si'zdi'. Sultan Xusayin Bayqarani'n' ma'jlisleri su'wretlengen miniatyuralari'n do'retti.

Sultan Xusayin, Alisher Nawayi', Shaybaniyxan ha'm basqa ma'mleket g'ayratkerleri ha'm de basqa da ulli' insanlardi'n' su'wretlerin de sali'p qaldi'rdi'. Kamaliddin Bekzadti'n' shi'g'armalari' go'zzalli'q shaydalari'n yelege deyin tan' qaldi'ri'p kelmekte.

G'a'rezsizlik ji'llari'nda Bekzadti'n' ismin ma'n'gilestiriw boyi'nsha u'lken jumi'slar islendi. Tashkenttegi «Milliy su'wretshilik ha'm dizayn» instituti'na Kamaliddin Bekzad ati' berildi.

2000-ji'li' yelimizde «YUNESKO» ni'n' sho'lkemlestiriliwinde Bekzadti'n' tuwi'lg'ani'ni'n' 545-ji'lli'g'i' belgilendi[1].

**Wo'zin'izdi si'nan'.**

- Bekzad ko'rkemlew wo'nerinin', tiykari'nan ... shug'i'llandi'.

### Atamalardi'n' mazmuni'n bilip ali'n'

**Miniatyura** — ju'da' na'zik yetip islengen kishi ko'lemli su'wretlew ko'rkem wo'neri shi'g'armasi'.

**Gerat** — ha'zirgi Awg'anstan ma'mleketi aymag'i'ndag'i' qala.

### Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. *Amir Temur ma'mleket paytaxti' Samarqandti' abadanlasti'ri'w bari'si'nda qanday quri'li's jumi'slari'n a'melge asi'rdi'?*
2. *Amir Temur qanday arxitekturali'q yesteliklerdi qurdi'rg'an yedi?*
3. *Alisher Nawayi' wo'zbek a'debiyati'nda qanday wori'n tutti'?*
4. *Alisher Nawayi'ni'n' wo'zi ha'm jazg'an shi'g'armalari' haqqi'nda ayti'p berin'.*
5. *Kamaliddin Bekzadti'n' do'retiwshiligi haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?*

## 27-§. EVROPADAG'I' ILIMIY ASHI'LI'WLAR

**Nikolay Kopernik**. XVI a'sirden baslap Evropada da ilim rawajlana basladi'. A'sirese, ta'biyiy ilimler tarawi'nda u'lken woylap tabi'li'wlar a'melge asi'ri'ldi'. Bul woylap tabi'li'wlar polshali' Nikolay Kopernik, Italiya ilimpazlari' Jordano Bruno

[1] *Q. Rajabov* va boshq. O'zbekiston tarixining eng asosiy sanalari. — T.: «O'zbekiston» NMIU. 2012. 383-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Nikolay Kopernik.

ha'm Galileo Galiley ati' menen baylani'sli'. Polshali' astronom ilimpaz Nikolay Kopernik wo'zine deyingi astronomiya iliminde ju'rgizilgen qag'i'yda ha'm pikirlerdin' duri's yemes yekenligin da'lillep berdi. Kopernikke deyin astronomiya da qanday qag'i'yda u'stem bolg'an?

B.e di'n' yekinshi a'sirinde grek ali'mi' Ptolemey Jer a'lemnin' worayi', degen qag'i'ydani' ilimge kirgizgen. Bul qag'i'yda boyi'nsha, quyash, ay ha'm juldi'zlar jerdin' do'gereginde aylanadi'. Jerdin' wo'zi ha'reket yetpeydi. Ptolemeydin' qag'i'ydasi'ni'n' qa'te yekenligin birinshi boli'p Nikolay Kopernik da'lilledi. Wol 30 ji'lli'q baqlawlari' na'tiyjesinde Ptolemey qag'i'ydasi'n biykarladi'. Kopernik jer wo'z ko'sheri do'gereginde bir sutkada bir ma'rte, bir ji'lda bolsa quyash a'tirapi'nda bir ma'rte aylani'p shi'g'atug'i'nli'g'i'n da'lillep berdi. Demek, quyash jer a'tirapi'nda yemes, jer quyash a'tirapi'nda aylanadi'. Du'nyani'n' worayi' jer yemes, quyash boli'p yesaplanadi'. Bul haqi'yqat ilimdegi ulli' ashi'li'w yedi.

**Yeste saqlan'!**

Nikolay Kopernik du'nyani'n' worayi' quyash yekenligin da'lillep berdi.

Bul ashi'li'w sol waqi'tta diniy isenimdegi qag'i'ydalarg'a da shek qoydi'. Kopernik «Aspan denesinin' aylani'si' haqqi'nda» g'i'




Quyash — du'nyani'n' worayi'.

kitabi'nda ilimdegi jan'a ashi'li'wdi'n' mazmuni'n bayan yetti. Bul kitap tez arada belgili boli'p ketti. Biraq, kitap ruwxaniylerdin' g'a'zebine ushi'radi' ha'm qadag'an yetip qoyi'ldi'.

**Jordano Bruno**. Italiyali' ali'm Jordano Bruno jas waqti'nan-aq astronomiya ilimine u'lken qi'zi'g'i'wshi'li'q penen qatnas jasadi'. Usi' taraw ali'mlari'ni'n' shi'g'armalari'n qunt penen u'yrendi. Nikolay Kopernik



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

qag'i'ydasi'n jaqladi'. Woni'n' pikirinshe, a'lem sheksiz. A'lem yesap-sansi'z juldi'zlardan ibarat. Wolardi'n' ha'rbiri jerden wog'ada uzaqta jaylasqan quyash boli'p yesaplanadi'. Jordano Bruno bunday pikirleri ushi'n ruwxaniyler ta'repinen zindang'a taslandi'. Biraq, zindan azabi' da woni' wo'z pikirinen qaytara almadi'. Brunoni'n' dushpani' bolg'an ruwxaniyler woni' 1600-ji'li' wotta jag'i'p jiberdi.



**Jordano Bruno.**

**Galileo Galiley**. Italiyani'n' ja'ne bir ali'mi' Galiley du'nyada birinshi boli'p Nikolay Kopernik ha'm Jordano Bruno aytqan pikirlerdin' tuwri' yekenligin aspan denelerin wo'zi jaratqan teleskop ja'rdeminde baqlaw arqali' da'lillep berdi. Bul isi ushi'n 1633-ji'li' woni' ruwxaniylar qatti' qi'si'mg'a aldi'. Wo'lim menen qorqi'ti'p, u'lken azap-aqi'retler berdi. Na'tiyjede, Galiley wo'z pikirinen waz keshiwge ma'jbu'r boldi'.



**Galileo Galiley.**

Lekin, wol kewlinde Kopernik jaratqan ta'liymatti'n' ta'repdari' boli'p qala berdi.

### Wo'zin'izdi si'nan'

- Nikolay Kopernikten ... shi'g'armasi' miyras boli'p qaldi'.

### Atamani'n' mazmuni'n bilip ali'n'

**Teleskop** — aspan denelerin baqlawshi', su'wretke ali'w ha'm u'yreniw ushi'n arnalg'an a'sbap.



**Teleskop.**

### Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. *Evropa ali'mlari' astronomiya iliminin' rawajlani'wi'na qanday u'les qosti'?*
2. *Ne ushi'n ruwxaniylar astronom ilimpazlardi' qi'si'mg'a alg'an?*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 28-§. TU'RKSTAN AG'ARTI'WSHI'LARI'

**Ag'arti'w ha'm ag'arti'wshi'li'q haqqi'nda**. Ag'arti'w — ta'lim-ta'rbiya arqali' adamlardi'n' bilimin ha'm sanasi'n wo'siriw joli'nda islenetug'i'n ha'reket. Wo'z xi'zmetlerin bul jumi'sqa bag'i'shlag'an adamlar bolsa ag'arti'wshi'lar dep ataladi'. Yelimizde ag'arti'wshi'li'q ha'reketi XIX a'sirdin' aqi'ri' — XX a'sirdin' basi'nda ju'zege keldi ha'm wol ja'didshilik ha'reketi ati' menen abi'royg'a yeristi. Ja'didshilik ha'reketinin' janku'yerleri ja'didshiler dep atalg'an. Ja'didlerdi Rossiyani'n' koloniyasi'na aylani'p qalg'an jurti'mi'zdi'n' rawajlani'wi'nda artta qali'p ketkenligi ta'shwishke salg'an. Wolar yelimizdi azat ha'm abat ko'riwdi qa'legen yedi.

**Yeste saqlan'!**

**Ja'did** (arabsha — jan'a) — jan'ali'q ta'repdari', jan'ali'q ushi'n gu'resiwshi.[1]

Ja'didler Tu'rkstanni'n' rawajlang'an ma'mleketleri da'rejesine ko'teriliwi, da'slep, zamanago'y bilimlerdi iyelegen adamlardi'n' qanshelli ko'p boli'wi'na baylani'sli' yekenligin jaqsi' tu'singen. Sol waqi'ttag'i' bar mektepxana ha'm medreseler menen bul wazi'ypani' iske asi'ri'w mu'mkin yemes yedi. Soni'n' ushi'n da wolar wo'z aldi'na, birinshi gezekte, jurti'mi'z mekteplerinde ju'rgizilip kiyati'rg'an yeski ta'rtip ha'm yeski woqi'ti'w usi'llari'n jan'alaw maqsetlerin qoydi'.

Yeski mekteplerde, tiykari'nan, diniy bilimler woqi'ti'latug'i'n yedi. Ta'biyiy pa'nleri bolsa (fizika, astronomiya, ximiya, biologiya, zamanago'y medicina si'yaqli' pa'nler) derlik woqi'ti'lmag'an. Jas a'wladlar bunday pa'nlerdi u'yrenbey turi'p, yeldin' rawajlani'wi'na yerisiw mu'mkin yemes yedi.

Ja'didshilik ha'reketine yelimizdin' zi'yali'lari' basshi'li'q yetti. Wolar jumi'sti' da'slep jan'a usi'l (usi'li' ja'did) mekteplerin ashi'wdan basladi'. Jan'a usi'l mekteplerinde diniy ta'lim menen bir

[1] O'TIL. — T.: «ЎзМЭ». 2006. 2-tom. 64-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

qatarda ta'biyat pa'nlerinen de sabaq berildi. Ja'didler zeyinli balalardi' shet yellerge woqi'wg'a jiberiwdi de sho'lkemlestirdi.

Rawajlani'wdan artta qalg'an xali'qti'n' sanasi'n wo'zgertiw ushi'n ha'r tu'rli gazeta ha'm jurnallar basi'p shi'g'ardi'. Teatrlar sho'lkemlestirilip, wolarda adamlardi' teren'irek woylawg'a bag'darlaytug'i'n shi'g'armalar saxnalasti'ri'ldi'. Maxmudxoja Behbudiy, Abdulla Avloniy, Minawwarqari' Abdurashidxanov ha'm basqalar Tu'rkstan ja'didlerinin' iri wa'killeri yedi.

**Maxmudxoja Behbudiy**. Tu'rkstan ja'didshilik ha'reketinin' tiykari'n sali'wshi' Behbudiy 1875-ji'li' Samarqandta tuwi'ldi'. Wo'z da'wirinin' diniy ha'm du'nyali'q ilimlerin teren'nen iyeledi. Wol da'slep Samarqand qalasi' a'tirapi'ndag'i' bir awi'lda du'nya ilimlerinen sabaq beriwge qa'nigelestirilgen jan'a usi'l mektebin ashti'. Bul mektep ushi'n birneshe sabaqli'q jazdi'. Sonli'qtan «Sawat ashi'w kitabi'», «Qi'sqasha uluwma geografiya», «Yelatlar geografiyasi'na kirisiw» si'yaqli' sabaqli'qlar solar qatari'nan yedi.



**Mahmudxoja Behbudiy.**

Behbudiy jas a'wlad ta'rbiyasi'nda teatrdi'n' da u'lken rol woynaytug'i'ni'n bahaladi'. Soni'n' ushi'n saxnali'q shi'g'arma da jazdi'. Woni'n' «Padarkush» atli' saxnali'q shi'g'armasi' u'lken dan'qqa iye boldi'. Bul shi'g'arma woqi'mag'an, jawi'z ha'm nadan perzenttin' qalay wo'z a'kesin wo'ltirgen qanxorg'a aylang'anli'g'i' haqqi'nda gu'rrin' yetedi.

Behbudiy «Samarqand» dep atalg'an gazeta ha'm «Ayna» atamasi'ndag'i' jurnal da shi'g'ardi'. Wolarda jas a'wladti' watan su'yiwshilikke, du'nya ju'zi iliminin' jetiskenliklerin puqta iyelewge shaqi'rdi'.

**Di'qqat penen woqi'n'!**

«Zaman iliminen biyxabar xali'q basqalarg'a jaltaq boladi'».

*Behbudiy*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Abdulla Avloniy.



Minawwar qari' Abdurashidxanov.

Behbudiy, sol waqi'tta, jas a'wladti' watani'mi'zdi'n' rawajlani'wi joli'nda birneshe shet tilin u'yreniwge de shaqi'rdi'.

**Abdulla Avloniy.** Wo'z da'wirinin' ataqli' ag'arti'wshi'si', shayi'ri', jurnalist, ma'mleketlik g'ayratkeri bolg'an Avloniy 1878-ji'li' Tashkent qalasi'nda tuwi'ldi'. Mektepxana ha'm medresede bilim aldi'. Wol arab, parsi' ha'm rus tillerin jaqsi' u'yrendi. Jan'a usi'l mekteplerinin' a'hmiyetin jaqsi' tu'singenligi ushi'n Tashkentte sonday mektep ashti'. Wo'zi ana tili ha'm a'debiyattan sabaq berdi. Woqi'wshi'lar ushi'n «Birinshi mug'allim», «Yekinshi mug'allim», «Tu'rkiy gu'listan yaki etika», si'yaqli' sabaqli'qlar (Woqi'w kitaplari') jaratti'. «Turan» dep atalg'an teatr ja'ma'a'tin du'zdi. Bir qatar saxna shi'g'armalari'n, soni'n' ishinde, Behbudiydin' «Padarkush», shi'g'armasi'nda saxnalasti'rdi'.

**Minawwar qari' Abdurashidxanov.** Minawwar qari' Abdurashidxanov 1878-ji'li' Tashkentte zi'yali'lar shan'arag'i'nda tuwi'ldi'. 1901-ji'li' Tashkentte jan'a usi'l mektebin ashti'. Jan'a usi'l mektepleri ushi'n «Dawi's shi'g'ari'p woqi'w usi'li'», «Woqi'w kitabi'», «Jer ju'zi» (Geografiya) si'yaqli' sabaqli'qlar jazdi'. Minawwar qari' bara-bara Tu'rkstan ja'didlerinin' jolbasshi'si'na aylandi'. Wol qalaqli'qti' qaralap, jaslardi' Evropa ilimin u'yreniwge shaqi'rdi'. Tu'rkstanni'n' g'a'rezlilik jag'dayi'na qatti' qayg'i'rdi'. Bul bolsa kolonizator ku'shlerge jaqpadi'. Soni'n' ushi'n da wolar ha'r tu'rli jalalarg'a giriptar yetip, wog'an jala japti' ha'm 1931-ji'li' ati'p tasladi'.

**Azatli'q ushi'n gu'reskenler ati' ha'm yesteligi ma'n'gi.** Watan azatli'g'i' joli'nda qurban bolg'anlardi'n' ati' hesh qashan umi'ti'lmaydi'. O'zbekistan g'a'rezsizlikke yeriskennen keyin wolardi'n' mu'ba'rek isimleri, abi'rayi' qayta tiklendi. Bul iske



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

jurtbasshi'mi'z Islam Karimov tikkeley basshi'li'q yetti. Woni'n' baslamasi' menen 2000-ji'li' Tashkentte «Shahidlar xotirasi» yestelik kompleksi quri'ldi'.

2002-ji'li' bolsa usi' komplekstin' quramli'q bo'limi si'pati'nda, «Qatag'on qurbonlari xotirasi» muzeyi quri'ldi'. Solay yetip, Watan azatli'g'i' ushi'n qurban bolg'anlardi'n' yesteligi ma'n'gilestirildi.

### Wo'zin'izdi si'nan'

- Ja'didshilik — bul ... .
- Ja'didler — ... . ushi'n gu'resti.

### Atamalardi'n' mazmuni'n bilip ali'n'

**Zi'yali'** — ilim-bilim tarqati'wshi'si'.[1]
**Koloniya** — ku'shli ma'mleket ta'repinen basi'p ali'ng'an ma'mleket.
**Qatag'on** — yerkin pikirlewshi adamlardi' quwdalaw joq yetiw.[2]

### Soraw ha'm tapsi'rmalar

*1. Tu'rkistanda ag'arti'wshi'li'q ha'reketinin' kelip shi'g'i'w sebeplerin ani'qlan'.*
*2. Ja'didler ne ushi'n woz ha'reketlerin jan'a usi'l mekteplerin ashi'wdan basladi'?*
*3. Behbudiydin' wo'miri ha'm xi'zmetleri haqqi'nda nelerdi bilesiz?*
*4. A. Avloniy qanday sabaqli'qlar jazdi'?*
*5. Mi'nawwar qari' Abdurashidxanovti'n' wo'miri ha'm xi'zmetleri haqqi'nda ayti'p berin'.*

## WO'Z BETINSHE JUMI'S

**Tu'rkstan ag'arti'wshi'lari' *(Ja'didler)***

*(Kesteni tolti'ri'n')*

| T/n | Tu'rkstan ag'arti'w-shi'lari' | Qashan ha'm qay jerde tuwi'lg'an yedi | Maq-setleri | Qashan ha'm qay jerde jan'a usi'l mekteplerin ashqan | Jaratqan sabaqli'qlari' | Jazg'an saxna shi'g'ar-malari' |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | Behbudiy | | | | | |
| 2. | Avloniy | | | | | |
| 3. | Munawwar qari' | | | | | |

[1] O'TIL. — T.: «ЎзМЭ». 2006. 2-tom. 147-bet.
[2] O'TIL. — T.: «ЎзМЭ». 2008. 5-tom. 259-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




## 29-§. TUMARIS HA'M SHI'RAQ YERLIGI

**Ahamaniylerdin' Worta Aziyag'a kirip keliwi.** B.e.sh. VI a'sirdin' wortalari'nda Iran aymag'i'nda ahamaniyler dinastiyasi' tiykar salg'an Parsi' patshali'g'i' hu'kimdari' Turandi' da bag'i'ndi'ri'wdi' wo'z aldi'na maqset yetip qoydi'.

A'wlad wa'kili shah Kir II bul maqsetti a'melge asi'ri'w ushi'n da'slep massagetler jurti'n basi'p ali'wdi' qarar yetti. Kir II nin' hu'jimi waqti'nda massagetler jurti'nda malika Tumaris hu'kimdar yedi. Aqi'lli' ha'm ma'rt hu'kimdar Tumaris haqqi'nda ko'p a'psanalar saqlani'p qalg'an. Solardan biri Gerodotti'n' «Tariyx» kitabi'nda keltirilgen.



Kir II a'skerleri menen.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Jawi'z Kir II massagetler yelin boy-si'ndi'ri'w ushi'n b.e.sh. 530-ji'li' A'miw-da'ryani' keship wo'tti. Sheshiwshi sawash aldi'nan Kir II hiylekerlik jol menen Tuma-ristin' balasi' Sparangizdi tutqi'ng'a aldi'.



Tumaris.

Kir II tutqi'ng'a tu'sken Sparangizge bi'lay dedi:

— Anan'a ayt: mag'an turmi'sqa shi'qsi'n. Sonda sizlerdi azat yetemen.

Sparangiz wonnan qoli'n sheshiwdi wo'tinish yetti. Qollari' kisennen bosag'an jigit nami'si' kelip, qasi'nda turg'an saqshi'-ni'n' qanjari'n tarti'p ali'p wo'zine urdi'. Ma'rtligine ta'n bergen parslar Sparangizdi hu'rmet penen jerledi. Balasi'ni'n' wo'li-minen g'a'zeblengen Tumaris Kir II ge to'-mendegi xatti' jiberdi: «O, qanxor Kir! Maqtanba, balamdi' ashi'q sawashta yemes, hiyle menen jen'din'. Yendi yelin'e qayt. Bolmasa ta'n'irdin' ati' menen ant yetemen, seni wo'z qani'n'a toydi'raman».

Kir II woni'n' ga'pine qulaq aspadi'. Tumaris bar la'shkerlerin ji'ynap, Kir II nin' u'stine ju'ris qi'ldi'. Yeki ta'rep wortasi'nda qanli' sawash boli'p wo'tti. Sawashta Kir II wo'ltirildi. Massagetlerden bir jigit Kir II nin' kesilgen basi'n Tumaristin' ayag'i' asti'na tasladi'. Malika Kir II nin' basi'n qan tolti'-ri'lg'an meske sali'wdi buyi'rdi' ha'm ba'lent hawaz benen «Ba-lamdi' wo'ltirdin', yelimnin' qa-ni'n ishpekshi boldi'n'. Tiri-ligin'de insan qani'na toymag'an yedin'. Mine, yendi toyg'a-ni'n'sha ish, qanxor! — dep ba-qi'rdi'.



Tumaris sawashqa atlanbaqta.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Massagetler menen Kir II nin' wortasi'ndag'i' bul uri's tillerde da'stan boldi'. «Menin' biliwimshe, sawashlar ishinde bunday sawashti' heshkim ko'rmegen», dep jazg'an yedi Gerodot gu'r-rin'inin' juwmag'i'nda.

**Wo'zin'izdi si'nan'**

- Kir II — ... .
- Tumaris — ....



**Doro I.**



**Shi'raq dushpanlar arasi'nda.**

**Shi'raqti'n' yerligi**. Kir II jen'iliske ushi'rag'an bolsa da, ahamaniylar Turandi' basi'p ali'w niyetinen waz keshpedi. Sol a'wlad wa'kili Doro I b.e.sh 519-ji'li' saklar jasap ati'rg'an jerlerdi basi'p ali'w ushi'n la'shker tartti'. Saklar dushpang'a qatti' qarsi'li'q ko'rsetti. Buni' saklar qa'wiminen shi'qqan Turanni'n' ma'rt perzenti Shi'raqti'n' mi'sali'nda ko'riw mu'mkin. Shi'raq qa'wimleslerine basqi'nshi'lardi' joq yetiw rejesin aytti' ha'm wo'zinin' qulaq, murni'n kesiwin talap yetti. Son' wol shah Doro I din' aldi'na bari'p, watanlaslari'nan wo'k-peli yekenligin, wolardan wo'sh ali'w ushi'n parslarg'a ja'rdem beriwin, wolardi' sak a'skerleri jaylasqan jerge jaqi'n joldan baslap baratug'i'nli'g'i'n aytti'.

Doro I qulaq-murni' kesilgen Shi'-raqti'n' ga'plerine isendi. Shi'raq wolardi' sho'ldin' tu'pkirine qaray basladi'. Doro la'shkerleri qansha ju'rmesin, ma'nzilden da'rek bolmadi'. Parslar a'skerlerinin' azi'q-awqati' tawsi'ldi'. Ashi'wi' kelgen parslar aldang'ani'n tu'sindi. Sonda Shi'raq wolarg'a qarap:



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

— Men bir wo'zim Doro I din' la'shkerlerin apatshi'li'qqa ushi'ratti'm. Watanlaslari'mdi' bolsa wo'limnen, talan-tarajli'qtan saqlap qaldi'm. Dushpan la'shkerleri apatshi'li'qqa ushi'radi', — dep shaqalaqlap ku'ldi.

Turanni'n' ma'rt perzenti Shi'raq dushpan qoli'nda qaza boladi'. Lekin, xalqi'n, watani'n basqi'nshi'lardan saqlap qaldi'. Doroni'n' la'shkerleri sho'lde qali'p ketip, apatshi'li'qqa ushi'radi'. Biraq ahamaniyler bul jen'ilisten keyin de Turandi' boysi'ndi'ri'w niyetinen qaytpadi'. Dushpan a'skeriy ku'sh jag'i'nan ba'ribir ku'shli yedi. Aqi'ri' Pars patshali'g'i' jurti'mi'zdi' boysi'ndi'rdi' ha'm ha'r ji'li' ko'p mug'darda sali'q to'lep turi'wg'a ma'jbu'r yetti.

**Wo'zin'izdi si'nan'**

♦ Doro I – ... .  ♦ Shi'raq – ... .

**Atamani'n' mazmuni'n bilip ali'n'**

**Ahamaniyler** — a'yyemgi Iranda b.e.sh. 558 — 330-ji'llari' hu'kimdarli'q yetken a'wlad.[1]

**Soraw ha'm tapsi'rmalar**

1. *Ahamaniyler kimler yedi ha'm wolar Turang'a qashan basti'ri'p kirdi?*
2. *Tumaristin' yerligi haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?*
3. *Shi'raqti'n' yerligi haqqi'nda ayti'p berin'.*

## 30-§. SPITAMENNIN' QAHARMANLI'G'I'

**Makedoniyali' Aleksandrdi'n' Worta Aziyag'a ju'risi.** B.e.sh. IV a'sirdin' wortalari'nda Evropada Makedoniya ma'mleketi payda boldi'. Woni'n' patshasi' Filip II basqi'nshi'li'q uri'slari'na ko'p mug'darda la'shker topladi'.

Biraq wol wo'ltirilgennen keyin taxtti' 20 jasar balasi' Aleksandr iyeledi. (b.e.sh. 356 — 323-ji'llar) Wol ju'da' ko'p ma'mleketlerdi basi'p ali'p, Makedoniyali' Aleksandr ati' menen belgili boldi'. Basqa basqi'nshi'lar qatari' Aleksandrdi' da yelimizdin' yesapsansi'z bayli'qlari' qi'zi'qti'ri'p, woni' basi'p ali'wg'a umti'ldi'.

[1] *Q. Rajabov* va boshq. O'zbekiston tarixining eng asosiy sanalari. – T.: «O'zbekiston» NMIU. 2012. 26-бет.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Makedoniyali' Aleksandr.

B.e.sh. 329-ji'li' Baktriyani' basi'p aldi'. Son' Sogdianag'a qarsi' ju'ris basladi' ha'm Marokanda (ha'zirgi Samarqand) qalasi'n iyeledi, woni' wo'zinin' sarayi'na aylandi'rdi'. Son' Si'rda'rya ta'repke ju'risin dawam yetti.

**Wo'zin'izdi si'nan'**

- Makedoniyali' Aleksandr — ... .
- B. erami'g'a shekemgi 329-ji'li' — ... .

**Spitamen qaharmanli'g'i'.** Basqi'nshi'lar jurti'mi'zdi' heshqashan an'satli'q penen basi'p ala almag'an. Turanni'n' ma'rt perzentleri bul sapari' da Watan azatli'g'i' joli'nda ma'rtlershe gu'resti. Bul azatli'q ha'reketi u'sh ji'l dawam yetti. Wog'an sogdianali' ma'rt la'shkerbasshi' Spitamen basshi'li'q yetti.

Sogdianali'lar to'mendegi qosi'qti' xor menen aytar yedi:

*Gu'llep-jayna, go'zzal Sogdiana,*
*Biz sol Watan perzentlerimiz,*
*Senin' ushi'n bizler pa'rwana,*
*Sag'an qurban bolsi'n jani'mi'z.*



Spitamen.

Spitamen basshi'li'g'i'ndag'i' qozg'alan'shi'lar da'slep Marokanda qalasi'nda qaldi'ri'lg'an Aleksandrdi'n' la'shkerlerin qi'yrati'p qalani' iyeledi. Buni' yesitken Aleksandr Spitamen qozg'alan'i'n basti'ri'wg'a la'shker jiberdi. Biraq, Spitamen wolardi' da qi'yratti'. Yendi Aleksandrdi'n' wo'zi u'lken armiya menen kelip Marokandani' qatti' qi'si'wg'a



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

aldi'. Qatan' sawashlardi'n' birinde Aleksandr ha'tte jaradarda boldi'. Sonday bolsa da, jaqsi' a'skeriy bilim alg'an Aleksandrdi'n' la'shkerlerinin' qoli' ba'lent keldi. Na'tiyjede Spitamen sheginiwge ma'jbu'r boldi'. Basqi'nshi'li'q uri'si' da'wirinde Aleksandr jurti'mi'zdi' boysi'ndi'ri'w an'sat yemesligin tu'sindi ha'm basqa usi'ldi' qollandi'.

Wol Spitamenge yeger qozg'alan'di' toqtatsa, wog'an Sog'dianani'n' hu'kimdarli'g'i'n bermekshi yekenligin ayti'p xabar jiberdi. Biraq, Spitamen Watandi' sati'wdan ko're wo'lim abzalli'g'i'n maqul ko'rip, wol usi'ni'stan bas tartti'. Yendi Aleksandr hiylekerlik joli'na wo'tti. «Spitamen joq yetiliwi kerek!» — dep woylar yedi Aleksandr. Ilaji' bari'nsha tezirek! Pu'tkil Aziyani' ayaqqa turg'i'zbastan buri'n joq yetiliwi tiyis. Lekin, qalay yetip? Aqi'ri', bul «quti'rg'an Qaplan»g'a mi'n'lag'an a'skerler hu'jim qi'lsada, heshqanday ku'sh woni' jen'e almay ati'r g'o. Ku'sh penen ala almadi'q pa, demek hiylekerlik penen alami'z. «Quti'rg'an qaplan»ni'n' a'skerlerinin' arasi'nda bir «sag'al tabi'lmasa?!»

Watanlaslari' Spitamendi qaplan dep atar yedi. Woni'n' bunday at beriliwine qaplan terisin u'stine jami'li'p ju'riwi g'ana yemes, al qaplanday da'wju'rek ha'm shaqqanli'g'i' da sebep bolg'an.

Solay yetip, Aleksandr Watan satqi'nlari'nan paydalani'wg'a qarar yetti ha'm wog'an yeristi. Aleksandr Spitamendi satqi'nlar ja'rdeminde hiylekerlik joli' menen jen'di. Bul waqi'ya b.e.sh. 328-ji'li' ju'z berdi.[1] Sog'dianali'lar Spitamendi u'lken izzet-hu'rmet penen jerledi.

Spitamen wo'lgen menen basqi'nshi'larg'a qarsi' xali'q ko'terilisi ja'ne bir ji'l dawam yetti. Azatli'q qozg'alan'i' jen'ilgen bolsa da, wol Watan perzentlerinin' ma'rtligin, yerligin ko'rsetti.

Aleksandr jurti'mi'zdi' wo'zine bag'i'ndi'ri'wg'a yeristi. Biraq, bul wog'an ju'da' qi'mbatqa tu'sti. Wol jan'a sawashlarg'a tayarli'q ko'riw payi'ti'nda bezgek keseline shali'ni'p, 33 jasi'nda qayti's boldi'. Aleksandrdi'n' wo'liminen son' wol tiykar salg'an ma'mleket de i'di'rap ketti.

[1] O'zME. – T.: «ЎзМЭ». 2004. 8-tom. 43-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Wo'zin'izdi si'nan'**
- Spitamen ... bolg'an yedi.
- Spitamen ... joli' menen joq yetildi.

### Soraw ha'm tapsi'rmalar

*1. Makedoniya ma'mleketi qashan ha'm kim ta'repinen quri'ldi'?*
*2. Makedoniyali' Aleksandr Watani'mi'zdi' basi'p ali'wdan qanday maqsetti go'zlegen yedi?*
*3. Spitamen basshi'li'g'i'nda Watani'mi'z azatli'g'i' ushi'n ali'p bari'lg'an qozg'alan' haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?*
*4. Aleksandr Spitamendi qanday jol menen jen'gen yedi?*

## 31-§ ARABLARG'A QARSI' XALI'Q AZATLI'Q GU'RESI

**Muqanna qozg'alan'i'ni'n' sebepleri.** Watani'mi'zdi'n' qolayli' ta'biyiy klimat sharayati', yesapsi'z bayli'qlari' arablardi'n' da di'qqat itibari'n wo'zine tartti'. Soni'n' ushi'n da wolar VIII a'sirde Watani'mi'zdi' basi'p ali'wg'a kiristi.

Bul basqi'nshi'li'q uri'si'na ta'jiriybeli arab sa'rkardasi' Qutayba ibn Muslim basshi'li'q yetti. Basqi'nshi'li'q uri'si' baslang'an da'wirde Watani'mi'z da birden-bir qu'diretli ma'mleket joq yedi. Bul arab basqi'nshi'lari' ushi'n ju'da' qol keldi.

Sog'an qaramastan, babalari'mi'z basqi'nshi'larg'a qarsi' qatti' qarsi'li'q ko'rsetti. Biraq, qu'diretli armiyag'a iye bolg'an arablar 715-ji'li' jurti'mi'zda wo'z hu'kimdarli'g'i'n wornatti'.

**Yeste saqlan'!**

Arablar jurti'mi'zdi' Mawarawnnahr (da'ryani'n' arg'i' jag'asi') dep atadi'.

Arablar Mawarawnnahr xalqi'na zuli'mli'g'i'n wo'tkere basladi'. Wolar jergilikli xali'qtan ali'natug'i'n sali'qti'n' mug'dari'n asi'rdi'.

Bul da jetpegendey, yen' jaqsi' jerler ko'shirip a'kelingen arablarg'a ali'p berildi. Yelimizdin' bayli'qlari' talandi'. Sol



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Qutaybani'n' a'skeriy ju'risi.

waqi'tta wo'zlerin rawajlani'wda wolardan aldi'nda bolg'an jergilikli xali'qtan u'stin qoydi'. Bul a'dalatsi'zli'qlar ha'm wo't-kizilgen zuli'mli'q jergilikli xa-li'qta keskin narazi'li'q payda yetti. Aqi'betinde, 769-ji'li' Mu-qanna basshi'li'g'i'nda qozg'a-lan'ni'n' baslani'wi'na ali'p keldi.

**Qozg'alan'ni'n' na'tiyjesi.** Muqannani'n' negizgi ati' Hoshim ibn Hakim yedi. Wol ba'rha' ju'zin ni'qap penen jawi'p ju'rgen. Qoz-g'alan'shi'lar arab-lardan aji'rali'p turi'w ushi'n aq kiyim kiyip alg'an. Soni'n' ushi'n, bul ko'terilis tariyxqa «Aq kiyim-liler qozg'alan'i'» degen ati' menen kirdi.

783-ji'lg'a deyin dawam yetken bul qozg'alan' arab bas-qi'nshi'lari'n qa'wip-qa'terge saldi'. Wolar qozg'alan'di' basti'ri'w ushi'n ha'mme ilajlardi' ko'rdi. Sog'an qaramastan qozg'a-lan'shi'lar qatti' qarsi'li'q ko'rsetti. Biraq, ku'shler ten' yemes yedi. Bul bolsa arablarg'a qozg'alan'shi'lardi' izbe-iz jen'iliske ushi'-rati'wg'a mu'mkinshilik berdi. Son'i'nda, arablar Qashqada'rya oazisine basti'ri'p kirdi.

Bul jerde qozg'alan'shi'lardi'n' tiykarg'i' tiregi bolg'an Som qalasi'n qamal yetti ha'm woni' iyeledi. Solay yetip Muqanna qozg'alan'i' jen'iliske ushi'radi'. Sharasi'z qalg'an Muqanna jani'p turg'an tandi'rg'a boyi'n ati'p, qayti's boldi'. Arab basqi'nshi'lari' jaqsi' a'skeriy ta'lim alg'an turaqli' a'skerlerge iye bolg'anli'g'i' ushi'n jen'iske yeristi.

A'skerler ma'mleket ta'repinen barli'q za'ru'r zatlar menen wo'z waqti'nda ta'miyinlenip turg'an. Muqanna a'skerleri ma'mleket a'skerleri bolmag'anli'g'i' sebepli arnawli' a'skeriy ta'lim (tayarli'q) ko'rmegen yedi. Muqanna qozg'alan'i' jen'ilgen bolsa da, wol arablar basqi'nshi'li'g'i'ni'n' tami'rlari'na soqqi' berdi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Muqanna qozg'alan'i'.**

Sol waqi'tta, bul ko'terilis xali'qti'n' ku'sh-qu'dreti woni'n' bekkem birliginde yekenligin de ko'rsetti.



**Muqanna.**

**Wo'zin'izdi si'nan'**

- Arablarg'a qarsi'... ji'li' ... .
- «Aq kiyimliler» — ... .

**Soraw ha'm tapsi'rmalar**

1. *Watani'mi'z qaysi' ta'repleri menen arablardi'n' di'qqati'n tartqan yedi?*
2. *Muqanna qozg'alan'i'ni'n' sebepleri haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?*
3. *Muqanna qozg'alan'i' ne ushi'n jen'iliske ushi'rag'an yedi?*
4. *Muqanna qozg'alan'i' qanday a'hmiyetke iye?*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 32-§. JALALIDDIN MANGUBERDI XALQI'MI'ZDI'N' MILLIY QAHARMANI'

**Mongollarg'a qarsi' ma'rtlershe gu'res.** 1206-ji'li' Mongolistanda «Jeke mongol uli'si'» dep atalg'an ma'mleket payda boldi'[1]. Bul ma'mleketti wo'z da'wirinin' ataqli' sa'rkardasi' Temushin du'zdi. Ma'mleket hu'kimdari' Temushin Shi'n'g'i'sxan degen at penen atala basladi'.

Shi'n'g'i'sxan wo'z da'wiri ushi'n qu'diretli la'shker du'ze aldi'. Yendi, wol pu'tkil du'nyag'a hu'kimdarli'q yetiwge umti'ldi'. Qi'sqa waqi't ishinde ju'da' ko'p aymaqlardi' basi'p ali'p, wo'z ma'mleketin u'lken ma'mleketke aylandi'rdi'. Aqi'ri'nda woni'n' ma'mleketinin' shegarasi' ja'ne bir u'lken ma'mlekettin' shegarasi' — Xorezmshahlar ma'mleketine deyin jetip keldi.



Shi'n'g'i'sxan.

Bul da'wirde Xorezmshahlar ma'mleketinin' hu'kimdari' Alawaddin Muxammed yedi. Shi'n'g'i'sxanni'n' maqseti — Xorezmshaxlar ma'mleketin qulati'p, Aziyada birden-bir hu'kimdar boli'w yedi.

1219-ji'li' Shi'n'g'i'sxan Xorezmshahlar ma'mleketine qarsi' a'skeriy ha'reketlerin baslap jiberdi. Xorezmshah Sultan Alawaddin Muxammed ma'mleket qorg'ani'si'n sho'lkemlestiriwde qa'tege jol qoydi'. A'skeriy ku'shlerdi birlestiriwdin' worni'na, ha'rbir qala-qorg'an wo'z qorg'ani'si'n sho'lkemlestiriwi haqqi'nda ko'rsetpe berdi.



Xorezmshah sultan Alawaddin Muxammed.

---

[1] *Q. Rajabov* va bosh. JTA'S. — T.: «Sharq» NMAK. 2011. 150-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Alawaddin Muxammed uli' Jalaliddin Manguberdige almaz qi'li'shti' usi'nbaqta.

Xorezmshahlardi'n' ha'rbir qorg'ani' dushpang'a qarsi' ma'rtlershe gu'resti.

Biraq, qu'diretli Shi'n'g'i'sxan Mawarawnnahr qalalari'n izbe-iz qi'yrati'p bara berdi. Tez arada ma'mleket paytaxti' U'rgenish qalasi'na hu'jim basladi'. U'rgenishliler wo'z zamani'ni'n' ulli' dani'shpani' Najmiddin Kubro basshi'li'g'i'nda dushpang'a qarsi'li'q ko'rsetti.

Najmiddin Kubro qorg'awshi'larg'a qaray: «Ya Watan, ya dan'qli' wo'lim», — dep mu'raja'a't yetti. Qalada sawash jeti ay dawam yetti.

Aqi'ri', qoli'na qural uslawg'a hali' qalmag'an qala qorg'awshi'lari' ilajsi'zli'qtan bag'i'ndi'. U'rgenish qorg'ani'si'nda Najmiddin Kubroda ma'rtlershe qaza tapti'. U'rgenishti iyelegen mongollar qalani' qarabaxanalarg'a aylandi'rdi'. Na'tiyjede, bul a'jayi'p qalada tirishilik toqtadi'.

**Jalaliddin Manguberdi (1198 — 1231) ma'rt ha'm ku'shli sa'rkarda.** Awi'r keselge shali'ng'an sultan Alawaddin Muxammed wo'liminen aldi'n u'lken uli' Jalaliddin Manguberdini taxt miyrasxori' yetip tayi'nladi'. Biraq bug'an deyin ha'mme imkaniyat qoldan ketken yedi. Ma'mleket ushi'n awi'r sharayatta Jalaliddin basqi'nshi'larg'a qarsi' gu'res basladi'.



Jalaliddin Manguberdi.

1221-ji'li' Valiyon qorg'ani'n qamal yetip turg'an mongollarg'a hu'jim yetip, wolardi' qi'yratti'. Bul mongollar u'stinen yerisilgen birinshi



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

jen'is yedi. Bunnan xabar tapqan Shi'n'g'i'sxan Jalaliddinge qarsi' 45 mi'n' adamli'q a'sker jiberdi.

Jalaliddin a'skerlerdi G'azna jani'ndag'i' Pa'rwanda qarsi' aldi' ha'm sawashta jen'iske yeristi.

**Yeste saqlan'!**

Tariyxqa «Pa'rwan sawashi'» degen at penen kirgen bul sawashta Jalaliddin mongollarg'a qarsi' ba'rshe la'shkerdi atlari'nan tu'sirip, dushpandi' woq jaydan woqqa tuti'w ha'm birden hu'jimge wo'tiw usi'li'n qollandi'.

Yendi Shi'n'g'i'sxanni'n' wo'zi u'lken la'shkerlerge basshi'li'q yetip, Jalaliddinge qarsi' sawashqa atlandi'.

**Sheshiwshi sawash.** Yeki ta'rep wortasi'ndag'i' sheshiwshi sawash Sind da'ryasi'ni'n' qasi'nda 1221-ji'ldi'n' 24 — 26-noyabr ku'nleri boli'p wo'tti ha'm tariyxqa «Sind sawashi'» degen at penen kirdi.[1]



**Wo'zin'izdi si'nan'**
- Jalaliddin Pa'rwan sawashi'nda ... qollandi'.
- Sind sawashi' ... ji'li' boli'p wo'tti.

Jalaliddin la'shkerleri az sanli' boli'wi'na qaramastan, qu'diretli dushpan menen ma'rtlershe ali'sti'. Sawash ta'g'dirin Shi'n'g'i'sxanni'n' jasi'ri'ng'an saylandi' a'skerleri sheshti. Jen'iliske ushi'rag'an Jalaliddin az sanli' la'shkeri menen da'ryani'n' arg'i' jag'asi'na ju'zip wo'tip, sho'l qoyni'na kirip ketti. Shi'n'g'i'sxan dushpani' bolsa da, Jalaliddinnin' yerligine qayi'l qali'p: «Atag'a usi'nday ma'rt ul lazi'm. Wol yeki qa'wip wot ha'm suw qa'wpinen azatli'q maydani'na shi'g'a aldi'» degen. Sultan Jalaliddin Manguberdi jen'ilgen bolsa da, 1231-ji'lg'a shekem mongollarg'a qarsi' ti'ni'm bilmey gu'resti. Wol jen'iske yeristi, jen'iliwdin' azabi'n shekti, biraq jen'ilmedi. Jalaliddin Manguberdi 1231-ji'ldi'n' avgust ayi'nda ha'zirgi Tu'rkiya aymag'i'nda qayti's boldi'.

**Xalqi'mi'zdi'n' milliy qaharmani' ma'n'gige tiri.** Ma'mleketimiz ta'repinen g'a'rezsizlik ji'llari'nda Sultan Jalaliddin Man-

[1] *Q. Rajabov* va bosh. JTMS. — T.: «Sharq» NMAK. 2011. 83-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

guberdinin' mongol basqi'nshi'lari'na qarsi' gu'reste ko'rsetken a'jayi'p yerligi, Watang'a ha'm xalqi'na sadi'qli'g'i', sheksiz muhabbati' joqari' bahalandi'.

**Di'qqat penen woqi'n'!**

«Jalaliddin Manguberdi — ana Watan qorg'awshi'si', ma'rt sa'rkarda ... , xalqi'mi'z tariyxi'nda ... wo'shpes iz qaldi'rg'an milliy qaharmani'».

*Islam Karimov.*




**«Jalaliddin Manguberdi» ordeni.**

Prezident Islam Karimovti'n' baslamasi' menen 1999-ji'li' Jalaliddin Manguberdinin' tuwi'lg'ani'ni'n' 800 ji'lli'g'i' belgilendi. Jalaliddin Manguberdige Xorezmde yestelik wornati'ldi'. Ko'she ha'm maydanlarg'a woni'n' ati' berildi.

2000-ji'li' bolsa ma'mleketimizdin' Joqari' a'skeriy si'yli'qlari'nan biri — «Jalaliddin Manguberdi» ordeni sho'lkemlestirildi.

### Atamalardi'n' mazmuni'n bilip ali'n'

**Valiyon** — ha'zirgi Awg'anstan aymag'i'ndag'i' a'yyemgi qala.

**Pa'rwan** — Awg'anstandag'i' kishi qala.

**Sind** — ha'zirgi Pakistanni'n' arqa ta'repinen ag'i'p wo'tetug'i'n u'lken da'rya.

### Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. *Shi'n'g'i'sxan du'zgen mongollar ma'mleketi haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?*
2. *Nege Alawaddin Muxammed Xorezmshah ma'mleket qorg'ani'si'n sho'lkemlestire almag'an?*
3. *Jalaliddin qaysi' qalalarda mongollar u'stinen jen'iske yeristi?*
4. *Sind da'ryasi' boyi'ndag'i' sawash haqqi'nda ayti'p berin'.*
5. *Watani'mi'z g'a'rezsizligi ji'llari'nda Jalaliddin Manguberdinin' yesteligin ma'n'gilestiriw boyi'nsha qanday isler a'melge asi'ri'ldi'?*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## WO'Z BETINSHE JUMI'S

**Watan azatli'g'i' ushi'n gu'resken qaharmanlar**

*(Kesteni tolti'ri'n')*

| T/n | Qahramanlar | Qashan ha'm kimlerge qarsi' gu'resken? | Qaharmanlardi'n' ta'g'diri |
|---|---|---|---|
| 1 | Tumaris | | |
| 2 | Shi'raq | | |
| 3 | Spitamen | | |
| 4 | Muqanna | | |
| 5 | Jalaliddin Manguberdi | | |

# 33-§. SAHI'PQI'RAN AMIR TEMUR

**Amir Temurdin' wo'miri ha'm xi'zmeti.** Amir Temur 1336-ji'li' 9-aprelde ha'zirgi Qashqada'rya wa'layati'ni'n' Yakkabag' rayoni'nda Xoja Ilg'or awi'li'nda tuwi'ldi'. Woni'n' a'kesi Amir Tarag'ay Bahadi'r wo'zbeklerdin' barlas ruwi' ha'm Kesh wa'layati'ni'n' abi'rayli' a'mirlerinen biri bolg'an.



**Amir Temur.**

Anasi' Takina Mahbegim Buxarani'n' bilimli ali'mlari'ni'n' birinin' qi'zi' bolg'an. Amir Temurdin' jasli'g'i' Shahrisabzde wo'tedi. Jeti jasqa tolg'annan keyin, atasi' woni' woqi'wg'a beredi. Amir Temur jasli'g'i'nan-aq ustazlari'ni'n' basshi'li'g'i'nda shabandozli'q, an'shi'li'q, woq jaydan ni'shang'a woq ati'w ha'm a'skeriy woyi'nlar menen shug'i'llandi'. Wol wo'z da'wirinin' ilimlerin puqta iyeledi. Atasi'ni'n' piri shayx Shamsiddin Kulaldan sabaq aldi'. Teren' bilimli, joqari' pazi'yletli, ziyrek ha'm da'wju'rek boli'p kamalg'a keldi.

17 jasi'nda atasi'ni'n' barli'q mu'lkin yerkin basqara basladi'. Amir Temur tuwi'lg'an da'wirde Watani'mi'z aymag'i' Shi'n'g'i's-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Amir Temur ma'mleketi bayrag'i'.

xanni'n' ullari'nan biri Shi'g'ataydi'n' ati' menen atalatug'i'n ma'mlekettin' qurami'nda yedi. XIV a'sirdin' wortalari'nda Shi'g'atay ma'mleketinde ha'kimiyat ushi'n gu'res keskin ku'sheydi. Na'tiyjede ma'mleket i'di'rap ketti. Amir Temur mine usi'nday awi'r payi'tta tariyx saxnasi'na shi'qti'. Wol wo'zinin' birinshi a'skeriy ha'reketin qol asti'ndag'i' a'skerleri menen tu'rli wa'layatlardi'n' a'mirlerine xi'zmet yetiwden basladi'. Wolardi'n' wo'z ara gu'reslerine qatnasi'p, yerlik ko'rsetti. Bul bolsa woni'n' ati'n Qashqada'rya u'lkesine tani'tti'. Gu'reslerde shi'g'i'ni'p barg'an Amir Temur wo'z aldi'na Watandi' mongollardan azat yetiwdey muqaddes wazi'ypani' qoydi'.

**Amir Temur qu'diretli ma'mlekettin' tiykari'n sali'wshi'.** Tez arada Amir Temur mongollarg'a qarsi' azatli'q gu'resin baslap jiberdi. Bul gu'res segiz ji'l dawam yetti. Na'tiyjede, azatli'q gu'resshileri mongol la'shkerlerin Mawarawnnahr jerinen quwi'p shi'g'ardi'. 1370-ji'ldi'n' 9-aprel ku'ni bolsa Amir Temur Mawarawnnahr hu'kimdari' dep dag'azalandi'. Bul waqi'tta wol 34 jasqa tolg'an yedi. Amir Temurge piri shayx Sayyid Baraka joqari' ha'kimiyat ni'shani' bolg'an u'lken nog'ara baraban ha'm bayraqti' uslatti'. Samarqand ma'mleketinin' paytaxti' yetip belgilendi.

**Yeste saqlan'!**

1370-ji'li' Sahi'pqi'ran Amir Temur ulli' ma'mleketke tiykar saldi'.

**Amir Temur Evropa xali'qlari'ni'n' azat yetiwshisi.** Bul da'wirde Amir Temur ma'mleketine mongollar du'zgen Alti'n Orda ma'mleketi qa'wip sala basladi'. Bul ma'mleket taxti'nda Toxtami'sxan woti'rar yedi. Amir Temur Alti'n Ordani'n' basqi'nshi'li'qlari'n joq yetiwge kiristi. 1395-ji'li' Amir Temur Toxtami'sxanni'n' la'shkerlerin qi'yratti'.

Bul jen'is Alti'n Orda ma'mleketin ha'lsiretip qoydi'. Alti'n Ordag'a bag'i'ni'shli' bolg'an Rusti'n' (Rossiyani'n') mongollar zuli'mli'g'i'nan azat boli'wi'n tezlestirdi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Di'qqat penen woqi'n'!**

«Amir Temur Rossiyani' Alti'n Orda zuli'mi'nan qutqari'wi'n ha'm de bul ma'mlekettin' rawajlani'wi'n tezlestirdi».

*M. Ivanin* (rus tariyxshi' ali'mi') «Yeki ulli' sa'rkarda» kitabi'.

Amir Temur Bati's Evropa xali'q-lari'na u'lken qa'wip tuwdi'rg'an Osmaniyler imperiyasi' (Turkiya) sultani' Bayazid armiyasi'n 1402-ji'li' Ankara jani'nda bolg'an sawashta qi'yratti'. Osmaniylardi'n' bul jen'ilisi woni'n' Evropa ma'mleketlerine tuwdi'rg'an qa'wpin joqqa shi'g'ardi'. Bayazidtin' qa'wpinen quti'lg'an Evropa ma'mleketleri Amir Temurge minnetdarshi'li'q xatlari'n jiberdi'.




**Amir Temur yesteligi**

Franciya ha'm Ispaniya korollari' bolsa yelshiler de jiberdi. Sahi'pqi'-rang'a Bati's Evropada XV a'sirde-aq yestelik wornati'li'p, wog'an «Evro-pani' azat yetiwshi» degen teren' ma'-nili so'zler jazi'p qoyi'ldi'.

Amir Temur jurtti' qu'diretli woraylasqan ma'mleketke aylandi'ra aldi'. Sol waqi'tta Evropani'n' azat yetiwshisine de aylandi'. Amir Temurdi'n' du'nya ju'zi tariyxi'nda tutqan worni' u'lken. Sol sebepten de YUNESKO sho'lkeminin' qarari' menen 1996-ji'li' Amir Temur tuwi'lg'ani'na 660 ji'lli'g'i' xali'q arali'q ko'lemde ken' belgilendi.

**Di'qqat penen woqi'n'!**

«Amir Temur bizin' ar-nami'si'mi'z, maqtani'shi'mi'z».

*Islam Karimov*

Tashkent, Samarqand ha'm Shahrisabz qalalari'nda Amir Temur yestelikleri wornati'ldi'. Tashkent qalasi'nda Temuriyler tariyxi'



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ma'mleketlik muzeyi quri'ldi'. Watani'mi'zdi'n' joqari' si'yli'q-lari'nan biri — «Amir Temur» ordeni sho'lkemlestirildi.

**Wo'zin'izdi si'nan'**

- 1395-ji'li' ... .
- Ankara uri'si' – ... .
- M. Ivanin – ... .

**Atamani'n' mazmuni'n bilip ali'n'**

**Ankara** — ha'zirgi Turkiya Respublikasi'ni'n' paytaxti'.

**Soraw ha'm tapsi'rmalar**

*1. Amir Temur gu'res maydani'na shi'qqan da'wirde Watani'mi'zdi'n' awhali' qanday yedi?*

*2. Amir Temurdin' Watan g'a'rezsizligi joli'nda ali'p barg'an gu'resi ha'm ulli' ma'mleket du'zilgenligi haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?*

*3. Nege Amir Temur Evropani' azat yetiwshisi dep ataldi'?*

*4. G'a'rezsizlik ji'llari'nda ulli' Amir Temurdin' pa'k ati'n tiklew boyi'nsha qanday isler a'melge asi'ri'ldi'?*

**QOSI'MSHA MAG'LUWMAT**

**Ulli' babami'z Amir Temurdin' «Temur tuzikleri» (ni'zamlari') shi'g'armasi'nda jazi'p qaldi'rg'an wa'siyatlari'nan**

- Millettin' da'rtine da'rman bol.
- Ku'sh a'dalatta.
- Jaqsi' adam jurt du'zer, jaman adam jurt buzar.
- Isbilermen, ma'rtlik ha'm bekkem yerk iyesi, qatan', isbilermen ha'm sergek bir adam mi'n'-mi'n'lag'an uqi'psi'z, jalqaw adamlardan jaqsi'.

## 34 — 35-§. ROSSIYA IMPERIYASI' HA'M SOVET KOLONIZATORLI'G'I'

**Rossiya imperiyasi'ni'n' maqseti.** Watani'mi'zdi'n' sheksiz bayli'qlari' Rossiya patshasi' Pyotr I din' de ha'wesin keltirdi. Soni'n' ushi'n wol wo'z aldi'na jurti'mi'zdi'n' bul bayli'qlari'n qolg'a kirgiziw maqsetin qoydi'. Wo'z maqsetin a'melge asi'ri'wdan aldi'n, Worta Aziya (Xiywa, Buxara ha'm Qoqand) xanli'q-lari'ndag'i' ishki jag'daydi' u'yreniw ha'm alti'n qorlari' bar jerlerdi ani'qlawg'a qarar yetti. Sol maqsette 1717-ji'li' Xiywa xanli'g'i'na 10 mi'n'nan zi'yat a'skerler ha'm ha'r tu'rli qa'nigelikten ibarat



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE


Pyotr I.

ekspediciya jiberdi. Biraq ekspediciya apatshi'li'qqa ushi'radi'.

Pyotr I bunnan xabar tapsa da, Xiywa xanli'g'i'nan wo'sh ali'w ushi'n a'sker jibere almadi'. Sebebi, Rossiya basqa uri's penen ba'nt yedi. Pyotr I din' arzi'wlari'n XIX a'sirde woni'n' keyingi a'wladlari' a'melge asi'rdi'. Jurti'mi'zdi' basi'p ali'wda Worta Aziya xanli'qlari'ni'n' ekonomikali'q jaqtan artta qali'wi', zamanago'y qurallandi'ri'lg'an ha'm ta'lim berilgen armiyani'n' joqli'g'i' ha'm de wolar wortasi'nda wo'z ara qarama-qarsi'li'qti'n' ku'shliligi Rossiya imperiyasi'na qol keldi.

**Basqi'nshi'li'qti'n' baslani'wi'.** 1864-ji'li' Rossiya imperatori' Aleksandr II Worta Aziya xanli'qlari'na qarsi' a'skeriy ha'reket baslawg'a buyri'q berdi. Da'slep, Qoqan xanli'g'i'na qarasli' birqansha qorg'an ha'm qalalar basi'p ali'ndi'. 1865-ji'li' general Mixail Chernyaev basshi'li'g'i'ndag'i' armiya Tashkent qalasi'na hu'jim jasadi'. Qoqan xanli'g'i'ni'n' armiyasi' a'mirlashkerleri bas sarkarda Molla Aliqul basshi'li'g'i'nda qala ma'rtlershe qorg'aldi'. Biraq a'skeriy ku'shler ten' yemes yedi. Molla Aliqul ma'rtlershe qayti's boldi'. M.Chernyaev qalag'a keletug'i'n suw joli'n beklep qoydi'. Na'tiyjede qala basi'p ali'ndi'. Basi'p ali'ng'an jerlerde Tu'rkstan oblasti' sho'lkemlestirildi. M.Chernyaev Tu'rkstan oblasti' a'skeriy gubernatori' (ha'kimi) yetip tayi'nlandi'. 1867-ji'li' bolsa Tu'rkstan general-gubernatorli'g'i' sho'lkemlestirildi. 1868-ji'li' Buxara amirligi, 1873-ji'li' bolsa Xiywa xanli'g'i' Rossiyag'a bag'i'ni'shli' ma'mleketlerge aylandi'ri'ldi'. Wolardan tarti'p ali'ng'an jerler Tu'rkstan general-gubernatorli'g'i'na qosi'p ali'ndi'.

**Qoqan xanli'g'i'ni'n' saplasti'ri'li'wi'.** Tu'rkstan general-gubernatori' Kaufman Qoqan xanli'g'i'n pu'tkilley joq yetiwge kiristi. Buni'n' ushi'n Qoqan xanli'g'i'nda qolay imkaniyat ju'zege keldi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Wo'ytkeni, Qudi'yarxan waqti'n woyi'n-ku'lki, sayaxat, an'shi'li'q penen wo'tkerip ulama ha'm aqi'lgo'ylerinin' ma'sla'ha'tlerine qulaq aspadi'. Na'tiyjede xali'q Qudi'yarxan zuli'mi'na qarsi' qozg'alan' ko'terdi. Xan qozg'alan'di' basti'ri'w ushi'n mi'n'basi' Abduraxman basshi'li'g'i'nda la'shker jiberdi. Biraq Abduraxmanni'n' wo'zi qozg'alan'shi'lar ta'repine wo'tip ketti. Bul bolsa Rossiya basqi'nshi'lari'na ju'da' qol keldi. Kaufman Ferg'ana oazisine qaray u'lken armiya jiberdi. Ten'siz sawashta Qoqan la'shkerleri qi'yrati'ldi'. 1876-ji'li' Rossiya imperatori' Aleksandr II nin' pa'rmani' menen Qoqan xanli'g'i' saplasti'ri'ldi'. Woni'n' worni'na Ferg'ana oblasti' du'zilip, Tu'rkstan general-gubernatorli'g'i'ni'n' qurami'na kirgizildi.

**Milliy azatli'q gu'resi.** Rossiya imperiyasi' jurti'mi'zdi' basi'p alg'annan keyin u'stemshilik ta'rtiplerin yengizdi. Bayli'qlari'mi'z talan-taraj qi'li'ndi'. Awi'r sali'qlar ha'm minnetlemeler yengizildi. Yen' wo'nimdar jerler Rossiyadan ko'ship kelgenlerge bo'lip berildi.

Milliy qa'diriyatlari'mi'z, u'rp-a'detlerimiz ayaq asti' yetildi. Bul faktorlar Tu'rkstan xalqi'ni'n' kolonizatorlari'na qarsi' azatli'q ko'terilisine sebep boldi'. A'sirese, 1898-ji'li' Andijanda Muxammedali Iyshan basshi'li'g'i'nda ko'terilgen qozg'alan' keskin tu's aldi'. Qozg'alan'ni'n' maqseti Qoqan xanli'g'i'n qayta tiklew yedi. Biraq ku'shler ten' bolmag'anli'g'i' ha'm puqta tayarli'q ko'rilmegenligi ushi'n qozg'alan' jen'iliske ushi'radi'.

Basqi'nshi'lar qozg'alan'di' rehimsizlik penen basti'rdi'.

Muhammedali ha'm woni'n' jaqi'n qurallaslari' asi'p wo'ltirildi. Ju'zlegen qatnasi'wshi'lar su'rginge jiberildi. Biraq bul jawi'zli'qlar xalqi'mi'zdi'n' yerkin si'ndi'ra almadi'.

**Sovet kolonizatorli'g'i'ni'n' wornati'li'wi'.** 1917-ji'ldi'n' fevral ayi'nda Rossiyada 300 ji'ldan arti'q taxtta woti'rg'an Romanovlar dinastiyasi'ni'n' ha'kimiyati' saplasti'ri'ldi'. Ma'mleket basi'nan awi'r krizisti keshire basladi'. Biraq jan'a hu'kimet bul krizisti saplasti'ra almadi'. Na'tiyjede ha'kimiyatti' kommunistler partiyasi' (jeke mu'lik bolmaytug'i'n ja'miyet ushi'n gu'resiwshi) iyelep aldi'.

Biraq kommunistler partiyasi' Rossiya imperiyasi' da'wirinde basi'p ali'ng'an u'lke xali'qlari'na yerkinlik bermedi. Soni'n' ishinde, bizin' jurti'mi'z da Sovet Rossiyasi' koloniyasi' boli'p qala berdi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Sovet imperiyasi' (Sovet Rossiyasi') 1917-ji'li' da'slep Qoqan qalasi'nda du'zilgen milliy hu'kimetimizdi awdari'p tasladi'. Qalada topalan' sho'lkemlestirdi. Bul buzaqi'li'q pu'tkil Tu'rkstandi' la'rzege keltirdi. Bolshevikler xali'qlardi'n' milliy qa'diriyati', ma'deniyati' ha'm u'rp-a'detlerin mensinbedi. Kolonizatorli'q bag'i'ndi'ri'li'wi' ja'ne de ku'sheyttirildi. Bul bolsa milliy azatli'q gu'resinin' baslani'wi'na sebepshi boldi'. Bul gu'reste Madaminbek ha'm Shermuhammedbek si'yaqli' qurbasshi' (komandir) babalari'mi'z basshi'li'q yetti. Gu'res birneshe ji'l dawam yetip turdi'.

Biraq a'skeriy ku'shler ten' yemes yedi. Buni'n' u'stine milliy azatli'q gu'resinin' jolbasshi'lari' wo'z ara toli'q birlesiwge yerise almadi'. Na'tiyjede Tu'rkstanni'n' azatli'g'i' ushi'n ali'p bari'lg'an gu'res jen'iliske ushi'radi'. Tu'rkstan azatli'g'i' ushi'n gu'reskenler quwdalani'p «baspashi'lar» dep ataldi'.



**«Shahidlar xiyoboni» yesteligi.**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Jan’a hu’kimet jergilikli ziyali’lardi’ ayawsi’z quwdaladi’. Sebebi, wolar Watani’mi’z azatli’g’i’ni’n’ yen’ pidayi’ gu’resshileri yedi. Wolar arasi’nda Siz 30-temada bilip alg’an, g’a’rezsizligimiz ushi’n janlari’n pida’ yetken Maxmudxoja Behbudiy, Munawwar qari’ Abdurashidxanov, Abdurawf Fitrat, Sholpan ha’m Abdulla Qadiriylar, ataqli’ shayi’r Usman Nasi’r si’yaqli’ ju’zlegen babalari’mi’z bar yedi.

Sovet kolonizatorli’g’i’ ji’llari’ F. Xojaev, A.Ikramov si’yaqli’ ko’plegen ma’mleket basshi’lari’ da repressiya qurbani’ boldi’.

Rossiya imperiyasi’ ha’m sovet ma’mleketine bag’i’ni’wshi’li’q 130 ji’lg’a jaqi’n dawam yetti.

**Azatli’q ushi’n gu’reskenler umi’ti’lmaydi’.** 1991-ji’li’ O’zbekistan g’a’rezsizlikke yeriskennen keyin, Watani’mi’z azatli’g’i’ joli’nda qurban bolg’anlardi’n’ ati’, hu’rmeti wo’z worni’n tapti’. Prezidentimiz Islam Karimovti’n’ baslamasi’ menen 2000-ji’li’ Tashkentte «Shahidlar xotirasi» yestelik kompleksi quri’ldi’. 2002-ji’li’ bolsa bul komplekste «Qatag‘on qurbonlari’ xotirasi» muzeyi ashi’ldi’. Solay yetip kolonizatorli’q da’wiri qurbanlari’ni’n’ yesteligi ma’n’gilestirildi.

### Atamalardi’n’ mazmuni’n bilip ali’n’

**Rossiya imperiyasi’** — Patsha Rossiyasi’ — rus tilinde patshar — «царь» dep ataladi’. Tu’rkstan xalqi’ woni’ «patsha» dep atag’an. Kitaplarda patsha Rossiyasi’ worni’nda Rossiya imperiyasi’ atamasi’ da qollani’ladi’.

**Sovet imperiyasi’** — buri’ng’i’ Rossiya imperiyasi’ni’n’ 1922-ji’ldan baslap atala baslag’an ati’. «Sovet» (Ken’es) so’zi sovet imperiyasi’nda ma’mleketti jumi’sshi’lar, diyqanlar ha’m soldatlar ta’repinen saylang’an wa’killer (deputatlar)di’n’ wo’z ara ken’esip basqari’w ta’rtibi yengizilgenligin an’latadi’.

### Soraw ha’m tapsi’rmalar

1. *Nege Rossiya imperiyasi’ jurti’mi’zdi’ basi’p ali’wdi’ rejelestirgen?*
2. *Rossiya imperiyasi’ wo’zbek ma’mleketlerin ne sebepten boysi’ndi’rg’an?*
3. *Buxara a’mirligi ha’m Xiywa xanli’g’i’ni’n’ koloniallі’q ma’mleketlerge aylani’wi’ haqqi’nda ayti’p berin’.*
4. *Nege Qoqand xanli’g’i’ saplasti’ri’lg’an?*
5. *Tu’rkstan xalqi’ni’n’ milliy azatli’q gu’resi haqqi’nda ayti’p berin’.*
6. *Jurti’mi’zda sovet kolonizatorli’g’i’ qalay wornati’ldi’?*
7. *Jurti’mi’zda milliy azatli’q ushi’n gu’reste qurban bolg’anlar yesteligin ma’n’gilestiriw boyi’nsa qanday jumi’slar a’melge asi’ri’ldi’?*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



# VIII bap. O'ZBEKISTANNI'N' A'YYEMGI QALALARI', TARIYXI'Y YESTELIKLERI

## 36-§. O'ZBEKISTANNI'N' TARIYXI'Y QALALARI'

**Samarqand qalasi'.** Samarqand O'zbekistanni'n' yen' a'yyemgi qalasi' yesaplanadi'.

**Yeste saqlan'!**

2007-ji'li' Samarqandti'n' 2750 ji'lli'g'i' xali'q arali'q ko'lemde belgilendi. Samarqand qalasi' watani'mi'zdi'n' joqari' si'yli'g'i' — «Amir Temur» ordeni menen si'yli'qlandi'.[1]

Sog'd jazba dereklerinde qala Samarqand ati' menen jazi'lg'an. A'yyemgi Greciya tariyxshi'lari' bolsa Samarqandti' Marokanda ati' menen jazi'p qaldi'rg'an. Marokanda da'slep a'tirapi' qorg'ani'w diywallari' menen qorshalg'an qorg'an qala yedi.




**«Amir Temur» ordeni.**

Samarqand b.e. shekemgi IV a'sirde Sog'd ma'mleketinin' paytaxti' bolg'an. Keyinnen shet yelli basqi'nshi'lardi'n' hu'jimi na'tiyjesinde qala birneshe ma'rtebe wayran yetilgen.

Samarqandti'n' gu'llep-jasnawi', du'nyani'n' yen' dan'qli' ha'm go'zzal qalalari'ni'n' birine aylani'wi' ulli' babami'z Amir Temur ati' menen baylani'sli'.

[1] *Q. Rajabov* va bosh. JTMS. — T.: «Sharq» NMAK. 2011. 412-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Samarqand Amir Temur saltanati’ni’n’ paytaxti’ si’pati’nda du’nya ju’zine belgili boldi’ ha’m «ma’n’gi qalalar» qatari’na qosi’ldi’.

**Yeste saqlan’!**

Samarqand wog’ada go’zzal qalag’a aylang’ani’ ushi’n «Du’nyani’n’ ko’rki» dep te at shi’g’arg’an.

Samarqandta 70 ten arti’q iri tariyxi’y arxitekturali’q yestelikler bar. Bul yestelikler 2001-ji’li’ xali’q arali’q YUNESKO sho’lkeminin’ qarari’ menen «Ja’ha’nnin’ ma’deniy miyrasi’» dizimine kirgizildi.

Ma’mleketimiz g’a’rezsizligi ji’llari’nda O’zbekistanni’n’ yen’ a’yyemgi qalasi’ bolg’an Samarqandti’n’ ko’rinisi ja’ne de go’zzallandi’.

**Wo’zin’izdi si’nan’**

- «Ma’n’gilik qala» — ...
- «Du’nyani’n’ ko’rki» — ...

**Buxara qalasi’.** Buxara qalasi’ da O’zbekistanni’n’ yen’ a’yyemgi ha’m ba’rqulla na’wqi’ran, dan’qli’ qalalari’ni’n’ qatari’nda turadi’. 1997-ji’li’ Buxara qalasi’ni’n’ 2500 ji’lli’g’i’ belgilendi.

Ayi’ri’m tariyxshi’ ali’mlardi’n’ shamalawi’nsha, qalani’n’ ati’ «Ta’n’ri jamali’» degen ma’nini an’latadi’. Buxarani’ babalari’mi’z — «Jaqsi’li’q sha’ha’ri» dep te atag’an. Buxara da’slep IX — X a’sirlerde, keyin XVI a’sirden baslap paytaxt statusi’na iye bolg’an.

Bu’gingi ku’nde Buxara qalasi’nda ju’zden zi’yat iri tariyxi’y arxitekturali’q yestelikler saqlani’p qalg’an. Buxara arki (hu’kimdarlar woti’ratug’i’n jay), Ismayi’l Samaniy maqbarasi’, Minarayi’ Kalon, Mir Arab ha’m Ulug’bek medreseleri wolardi’n’ yen’ belgilileri boli’p yesaplanadi’.

A’yyemgi Buxara soni’n’ menen birge jas qala dewge de boladi’. G’a’rezsizlik ji’llari’nda qalani’n’ ko’rinisi tani’p bolmas da’rejede wo’zgerdi. Qala ja’ne de shi’raylandi’. A’sirese, 107 gektardan ibarat «Buxara ma’deniyat worayi’» O’zbekistanni’n’ ha’rbir puqarasi’ni’n’ Watan menen maqtani’sh seziminin’ ja’ne de



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Buxara arki.**

arti'wi'na xi'zmet qi'lmaqta. 2010-ji'li' bul worayda «Yeski ha'm ma'n'gi Buxara» monumenti quri'ldi'.

**Xiywa qalasi'.** Xiywa ha'zirgi Xorezm wa'layati'ndag'i' qala. Wol jasi' jag'i'nan Buxara menen qatar. 1997-ji'li' Xiywa qalasi'ni'n' da 2500 ji'lli'g'i' belgilendi. Qala Shi'g'i'sti'n' du'rdanasi' yesaplanadi'. Wog'an qosi'msha «Mi'n' gu'mbez qalasi'» dep te ataladi'. Xiywadag'i' Iyshan qala aldi'ng'i' jag'dayi'n pu'tinliginshe saqlap qalg'anli'g'i' sebepli 1967-ji'ldi'n' wo'zinde-aq «qori'qxanaqala» dep ja'riyalandi'. 1990-ji'li' bolsa «Ja'ha'nnin' ma'deniy miyrasi'» dizimine kirgizildi.

Ayi'ri'm ilimpazlardi'n' pikirinshe, qalani'n' ati' «qumli'qtan ibarat jer», «qorg'an» degen ma'nini an'latadi'. Xiywa XVII a'sirdin' baslari'nda Xiywa xanli'g'i'ni'n' paytaxti'na aylandi'. Qalani'n' bul statusi' 1920-ji'llarg'a deyin dawam yetti. Buri'n Xiywani'n' do'gerek-a'tirapi' suw tolti'ri'lg'an ha'wiz benen qorshalg'an yedi. Qalag'a arnawli' quri'lg'an ko'pir arqali' kirgen. Bul ko'pir tu'nde joqari' ko'terip qoyi'lg'an.

**Shahrisabz qalasi'.** Shahrisabz qalasi' ha'zirgi ku'nde Qashqada'rya wa'layati'ndag'i' Shahrisabz rayoni'ni'n' worayi'. Qala wo'tmishte Kesh dep atalg'an. Jap-jasi'l bag'lari' ha'm ko'z quwandi'rar-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




**Aqsaraydi'n' bu'gingi jag'dayi'.**

li'q gu'lzarlari' menen insanni'n' di'qqati'n tarti'p turatug'i'nli'g'i' sebepli Shahrisabz (jasi'l qala) ati' berilgen. Usi' qalag'a jaqi'n Xoja Ilg'or awi'li'nda ulli' babami'z Amir Temur tuwi'lg'an. Amir Temur ma'mleketine kelgen Ispaniya koroli'ni'n' yelshisi Klavixo wo'z yeske tu'siriwlerinde qalada ko'plep sawlatli' imaratlar quri'lg'anli'g'i'n, wolardi'n' yen' dan'qli'si' Aqsaray yekenligin jazi'p qaldi'rg'an. Tilekke qarsi' bul sawlatli' ha'm go'zzal Aqsaray yesteligi toli'q saqlap qali'nbag'an. Sonday bolsa da, G'a'rezsizlik ji'llari'nda sarayg'a u'lken qayta won'law jumi'si' ju'rgizilip, 1996-ji'li' Shahrisabz Amir Temur babami'zdi'n' 660 ji'lli'g'i' mu'nasibeti menen «Amir Temur» ordeni menen si'yli'qlandi'. Qalada ulli' babami'zdi'n' sawlatli' yesteligi wornati'ldi'. 2002-ji'li' qalani'n' 2700 ji'lli'g'i' belgilendi ha'm Shahrisabz «Ja'ha'nnin' ma'deniy miyrasi'» dizimine kirdi.[1]

---

[1] *Q. Rajabov* va bosh. JTMS. — T.: «Sharq» NMAK. 2011. 394-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Qarshi’ qalasi’.** Qala da’slep Naxshab, keyin Navtaka ha’m Nasaf atlari’ menen atalg’an. XIV a’sirden baslap Qarshi dep atala baslang’an. Qarshi’ so’zi saray degen ma’nini an’latadi’.

**Yeste saqlan’!**

«Naxshab» — suw abat qi’lg’an ma’nzil, «Navtaka» bolsa jan’a imarat degen ma’nisti an’latadi’. Arablar «Naxshab»ti’ «Nasaf» dep atag’an.

Qala b.e. shekemgi VII a’sirde quri’lg’an. Qarshi’ qalasi’ bu’gingi ku’nde Qashqada’rya wa’layati’ni’n’ worayi’ O’zbekistan g’a’rezsizligi ji’llari’nda Qarshi’ qalasi’nda da u’lken quri’li’s isleri a’melge asi’ri’ldi’. 2006-ji’li’ qalani’n’ 2700 ji’lli’g’i’ belgilendi.[1]

**Termiz qalasi’.** O’zbekistanni’n’ ja’ne bir ayyemgi qalasi’ Termiz boli’p tabi’ladi’. Bul at a’yyemgi baktriya tilinde «Arg’i’ jag’adag’i’ ma’nzil» degen ma’nisti bildiredi. Qala Worta Aziyani’n’ iri wo’nermentshilik ha’m sawda worayi’ bolg’an. Wo’tmishtegi Ulli’ jipek joli’ni’n’ worayi’nda jaylasqan bul qala tu’rli xali’qlardi’ ha’m wolardi’n’ ma’deniyati’n wo’z ara baylani’sti’ri’p turg’an. Du’nyag’a belgili dani’shpanlar, muhaddis Imam at-Termiziy ha’m sufiylik filosofi’ Ha’kim at-Termiziyler de usi’ qalada tuwi’lg’an. Qala wo’z tariyxi’nda birneshe ma’rtebe basqi’nshi’lar hu’jimine ushi’radi’ ha’m wayran yetildi. Termiz qalasi’ bu’gingi ku’nde Surxanda’rya wa’layati’ni’n’ worayi’. 2002-ji’li’ qalani’n’ 2500 ji’lli’g’i’ xali’q arali’q ko’lemde belgilendi. 2014-ji’li’ bolsa «Amir Temur» ordeni menen si’yli’qlandi’.

**Wo’zin’izdi si’nan’**

- 2500 ji’lli’g’i’ belgilengen qalalar ... .
- «Amir Temur» ordeni menen si’yli’qlang’an qalalar ... .
- Ma’mleket paytaxti’ bolg’an qalalar ... .

**Atamani’n’ mazmuni’n bilip ali’n’**

**Muhaddis** — ha’dislerdi toplaw, tan’law ha’m tu’sindiriw menen shug’i’llani’wshi’ shaxs.

[1] *Q. Rajabov* va bosh. JTMS. — T.: «Sharq» NMAK. 2012. 410-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

### Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. *Samarqand qalasi' haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?*
2. *Buxara qalasi' haqqi'nda alg'an bilimlerin'izdi ayti'p berin'.*
3. *Buxara ha'm Xiywa qalalari' haqqi'ndag'i' mag'luwmatlardi' sali'sti'ri'n': uqsas ha'm wo'zine ta'n ta'replerin ani'qlan'.*
4. *Samarqand ha'm Buxara qalalari' haqqi'ndag'i' mag'luwmatlardi' sali'sti'ri'n': uqsas ha'm wo'zine ta'n ta'replerin ani'qlan'.*
5. *Shahrisabz, Qarshi' ha'm Turmiz qalalari'ni'n' tariyxi' haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?*

### WO'Z BETINSHE JUMI'S

*(Kesteni tolti'ri'n')*

| Qalalar | Qalalar ati'ni'n' ma'nisi | Qalag'a baylani'sli' qollani'lg'an uqsasli'qlar | Paytaxt statusi'na iye da'wiri | Qala yubileyleri belgilengen ji'llar |
|---|---|---|---|---|
| Samarqand | | | | |
| Buxara | | | | |
| Xiywa | | | | |
| Shahrisabz | | | | |
| Qarshi' | | | | |
| Termiz | | | | |

## 37-§. O'ZBEKISTAN PAYTAXTI' TASHKENT — 2200 JASTA

**Tashkenttin' a'yyemgi worni'.** Bu'gingi Tashkent qalasi' 2200 ji'lli'q tariyxqa iye. Arxeolog ilimpazlar izertlewlerden son' Tashkent qalasi'ni'n' a'yyemgi worni' ha'zirgi temir jol vokzali'ni'n' jani'nda, Salar kanali'ni'n' jag'asi'nda jaylasqani'n ani'qladi'. Bul jer «Mi'n' yerik» ha'm «Mi'n' yerik to'be» dep atalg'an. Qalani'n' bunday at penen atali'wi'na bul jerde u'lken yerik bag'i' jarati'li'wi' menen baslani'sli' bolg'an. Qala VI a'sirde Shosh (Tashkent) wa'layati'ni'n' worayi'na aylang'an.

**«Toshkent» atamasi' haqqi'nda.** B.e. da'slepki a'sirlerine tiyisli Qi'tay dereklerinde Tashkent «Shi» degen at penen tilge ali'nadi'. Bul at «Tas qala» degen ma'nini an'latadi'. Ulli' babami'z Abu



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Rayxan Beruniy «Hindistan» kitabi'nda «Tashkent» atamasi'n qollang'an. Qala arablar biyligine wo'tkennen keyin arab a'lipbesinde «ch» ha'ribi joqli'g'i' sebepli «Chosh», «Shosh», «Shoshkent», «Madinat ash-Shosh», «Binkat» atlari' menen atalg'an. Qala a'tirapi' ku'shli qorg'ani'w diywali' menen qorshalg'an. Arablarg'a shekemgi da'wirde qala ishi ark ha'm shahristang'a bo'lindi. Arkda hu'kimdar sarayi' ha'm ibadatxana jaylasqan. Qalani'n' ha'meldarlar jasaytug'i'n bo'legi shahristan wo'nermentler jasaytug'i'n bo'legi rabat dep atalg'an.

Tashkent xali'q arali'q ka'rwan joli'nda jaylasqanli'g'i' sebepli qalada wo'nermentshiliktin' ha'r tu'rli tarawlari' joqari' da'rejede rawajlang'an.

Arxeologlar qala aymag'i'nan ha'r tu'rli ma'mleketlerdin' ten'ge pullari'n tapti'. Bul bolsa Tashkenttin' qi'zg'i'n sawda worayi' bolg'anli'g'i'n da tasti'yi'qlaydi'.

**Wo'zin'izdi si'nan'**

- Mi'n' yerik — ... .
- Binkat — ... .

**Tashkent — g'a'rezsiz O'zbekistan ma'mleketinin' paytaxti'.** Tashkenttin' paytaxtli'q da'rejesi O'zbekistan Konstituciyasi'ni'n' 6-statyasi'nda da jazi'p qoyi'lg'an. Tashkent qalasi' bu'gingi ku'nde tek worayli'q Aziyani'n' yemes, sonday-aq, du'nyani'n' yen' suli'w qalalari'ni'n' birine aylanbaqta.



**Tashkent qalasi'ni'n' gerbi.**

**G'a'rezsizlik ha'm u'lken quri'wshi'li'q.** Paytaxti'mi'zdag'i' bul wo'zgerisler g'a'rezsizligimiz sharapati' menen a'melge asi'ri'lg'an u'lken quri'li's jumi'slari'ni'n' na'tiyjesi.

1991-ji'li' qalada quri'lg'an Alisher Nawayi' ati'ndag'i' O'zbekistan Milliy bag'i' bul jarati'wshi'li'q islerdin' baslamasi' boldi'. Bag'da babami'zdi'n' sawlatli' yesteligi de wornati'li'p, wol u'lkemizdin' yen' go'zzal ha'm tiykarg'i' seyil yetetug'i'n worni'na aylandi'.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



«Mustaqillik ha'm jaqsi'li'q monumenti».

Ha'r ji'li' yelimizde belgilenip kiyati'rg'an «G'a'rezsizlik ku'ni» ha'm Nawri'z bayramlari'na arnalg'an saltanatlar usi' bag'da wo'tkeriledi.

Bas maydani'mi'z — Mustaqi'lli'q maydani'nda a'melge asi'ri'lg'an quri'li's isleri ha'mmemizdin' kewlimizdi maqtani'sh sezimlerine tolti'rdi'. 1992-ji'li' maydanda wornati'lg'an Mustaqi'lli'q monumentide O'zbekistan kartasi'ni'n' ko'rinisi tu'sirilgen. Bul ko'rinis du'nyada O'zbekistanday g'a'rezsiz ma'mleket barli'g'i'n an'lati'p turadi'. Buni' ko'rgen watanlaslari'mi'zdi'n' ko'kireginde milliy maqtani'sh sezimleri payda boladi'.

2005-ji'li' bul monument aldi'nan «Baxti'yar ana» tulg'asi' wori'n aldi' ha'm Mustaqi'lli'q monumenti yendi «Mustaqillik va ezgulik monumenti» dep atalatug'i'n boldi'. «Mustaqillik va ezgulik monumenti»ne jol «Ezgulik arkasi'»nan baslanadi'.

Woni'n' to'besine wornati'lg'an appaq la'ylek ti'ni'shli'q ha'm pa'rawanli'qti'n', qanat qag'i'p ati'rg'an ti'rnalar bolsa — ma'm-



Jaqsi'li'q arkasi'.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Oliy Majlis Ni'zamshi'li'q palatasi' imarati'.**

leketimizdin' ulli' keleshekke qaray pa'rwaz yetip ati'rg'anli'g'i'ni'n' ti'msali' boli'p tabi'ladi'.

«Baxtiyar ana» yesteligi bolsa ma'mleketimizde shan'araq tayani'shi' bolg'an hayallarg'a ko'rsetilip ati'rg'an joqari' itibar ha'm hu'rmet-izzettin' ayqi'n ko'rinisi. Woni' zi'yarat qi'lg'an adam perzentin bawi'ri'na basi'p turg'an Ana tulg'asi'nda wo'z anasi'n, biyg'am balali'g'i'n ko'rgendey boladi'.

Qala worayi'ndag'i' yen' u'lken dem ali'w worni' Amir Temur ati' menen atali'p, 1993-ji'li' bul jerde Sahi'pqi'rang'a yestelik wornati'ldi'.[1] Yestelik xalqi'mi'zg'a maqtani'sh sezimin bildirip turi'pti'.

Bunnan ti'sqari', O'zbekistan Respublikasi' Oliy Majlisinin' palatalari' ushi'n quri'lg'an imaratlar, Amir Temur dem ali'w worni'ni'n' ku'n shi'g'i's ta'repine quri'lg'an sawlatli' «O'zbekistan xali'q arali'q anjumanlar sarayi'», Alisher Nawayi' ati'ndag'i' Milliy kitapxana ha'm Marifat worayi'ni'n' imarati', Ha'zireti Imam (Xasti Imom) kompleksi ha'm 2014-ji'li' quri'lg'an «Minar» meshiti si'yaqli' arxitekturami'zdi'n' a'jayi'p

[1] *Q. Rajabov* va bosh. JTMS. — T.: «Sharq» NMAK. 2012-y. 329-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Oliy Majlis Senati imarati'.

u'lgileri wo'zinin' go'zzalli'g'i' ha'm sawlati' menen paytaxti'mi'z ko'rkine ko'rk qosi'p turi'pti'.

Bilimlendiriw, ilim ha'm ma'deniyat ma'seleleri boyi'nsha xali'q arali'q islam sho'lkemi 2007-ji'li' Tashkent qalasi'n «Islam ma'deniyati' paytaxti'» dep ja'riyaladi'.




«Mustaqillik» ordeni.

Xali'q arali'q YUNESKO sho'lkeminin' qarari' menen 2009-ji'li' Tashkenttin' 2200 ji'lli'g'i' belgilenip, ma'mleketimizdin' joqari' ordeni — «Mustaqillik» ordeni menen si'yli'qlandi'. O'zbekistan Prezidenti Islam Karimov yubiley saltanati'nda so'ylegen so'zinde Tashkentti: «Tariyxi' bay, bu'gingi go'zzal, keleshegi ulli' qala» dep atadi'.

**Atamani'n' mazmuni'n bilip ali'n'**

**Binkat** — uzaqtan ko'rinip turi'wshi' qala.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

### Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. *Sizin'she ilimpazlar Tashkent qalasi'ni'n' 2200 jasta yekenligin qalay ani'qlag'an?*
2. *Tashkenttin' wo'tmish tariyxi' haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?*
3. *«Tashkent» atamasi' ha'm Tashkenttin' ha'r tu'rli da'wirlerde qanday atlar menen atalg'ani' haqqi'nda ayti'p berin'.*
4. *O'zbekistan g'a'rezsizligi ji'llari'nda Tashkent qalasi'nda a'melge asi'ri'lg'an u'lken do'retiwshilik jumi'slari' haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?*

## 38 — 39-§. O'ZBEKISTANNI'N' TARIYXI'Y ARXITEKTURALI'Q YESTELIKLERI

**Ismayi'l Samaniy maqbarasi'.** Buxara qalasi'ni'n' ma'deniyat ha'm dem ali's bag'i' aymag'i'nda Ismayi'l Samaniydin' maqbarasi' boy tiklep turi'pti'. Wol IX a'sirde Mawarawnnahrdi'n' dan'qli' hu'kimdari' Ismayi'l Samaniy ta'repinen quri'lg'an. Maqbarani'n' to'rt ta'repi de bir qi'yli' wo'lshemde ha'm bir qi'yli' ko'riniste. Pisken gerbishten wo'rilgen



Ismayi'l Somoniy maqbarasi'.



Minarayi Kalon.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Registan arxitekturali'q kompleksi.**

bul maqbarani'n' diywali' boyra toqi'masi'ndag'i' ko'rinisti yesletedi. Maqbarani'n' u'sti gu'mbez benen qaplang'an. Gu'mbezdin' do'geregine to'rt gu'mbez wornati'lg'an.

**Minarayi' Kalon.** Minarayi' Kalon (u'lken minara) Buxara qalasi'ni'n' yen' suli'w tariyxi'y yesteliklerinin' biri. Woni' Mawarawnnahr hu'kimdari' Ari'slanxan 1127-ji'li' qurdi'rdi'.[1]

Minarani'n' ti'rnag'i' jer betinen 9 metr teren'likte quri'lg'an. Wol tas ha'm arnawli' aralaspadan ko'terilgen. Biyikligi 50 metrge ten' bolg'an minara pisken gerbishten wo'rilgen boli'p, joqarsi'nda a'tirapti' baqlaw maqsetinde 16 ko'zgenek ashi'lg'an. Minara to'besine woni'n' ishine quri'lg'an 104 tekshe arqali' shi'g'i'lg'an. Minarayi' Kalon yele sawlatli' qa'ddin buzbay turi'pti'.

**Registan kompleksi.** Registan degende Shi'g'i's ma'mleketlerinde, soni'n' ishinde, O'zbekistanda da qalani'n' worayli'q maydani' tu'sinilgen. Tariyxta bunday maydanlarda ha'r tu'rli ilajlar — bayramlar, seyiller, tamashalar wo'tkizilgen. Maydan woyi'li'p qalmawi' ushi'n woni'n' u'stine mayda tas to'selgen.

---

[1] *Q. Rajabov* va bosh. JTMS. — T.: «Sharq» NMAK. 2012. 75-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Keyinnen Registan maydani'nda Ulug'bek, Sherdar ha'm Tillaka'ri medreselerinen ibarat arxitekturali'q kompleks quri'lg'an. *Ulug'bek medresesi* XV a'sirde quri'ldi'. Wol yeki qabattan ibarat boli'p, a'tirapi' wo'jire menen sabaq woqi'tatug'i'n jaylar menen qorshalg'an.

Medreselerdin' qalg'an yekewi — Sherdar ha'm Tillaka'ri medreselerin XVII a'sirde Samarqand ha'kimi Yalantosh Bahadi'r qurdi'rg'an. Sherdar medresesi Ulug'bek medresesinin' aldi'nda jaylasqan. Medrese to'rt mu'yeshli ha'm yeki qabatli' yetip quri'lg'an. Arkag'a qi'zg'i'sh sari' tu'sli ari'slanni'n' aq kiyikti quwi'p barati'rg'ani' su'wretlengen. Quyash bolsa badamqabaq, qi'yi'q ko'zli yetip su'wretlengen. Arkani'n' yeki ta'repinde gu'mbezli sabaq jayi' ha'm meshit jaylasqan.

Tillaka'ri (alti'n menen islengen) medresesi da'slep Yalantoshbiydin' kishi medresesi dep ataldi'. Medrese jayi'nan wori'n alg'an meshittin' bezeliwine ko'p mug'darda alti'n sarplang'ani' ushi'n medrese Tillika'ri ati'n alg'an.

Samarqand qalasi'ni'n' 2750 ji'lli'g'i' mu'nasibeti menen Tillaka'ri medresesinde de u'lken won'law jumi'slari' a'melge asi'ri'ldi'.

Bu'gingi ku'nde Registan maydani'nda atqli' «Sharq taronalari'» xali'q arali'q muzi'ka festivallari' wo'tkerilip kelmekte. Bul xali'q arali'q festivaldi'n' a'hmiyeti haqqi'nda O'zbekistan Prezidenti Islam Karimov bi'lay degen yedi: «Sharq taronalari'» muzi'ka festivali' xali'qlari'mi'z ma'deniyatlari'n wo'z ara bayi'tadi'..., xali'qlari'mi'zdi' ... bir-birine jaqi'nlasti'radi'».

**Aqsaray.** Aqsaray yesteligi ha'zirgi Qashqada'rya wa'layati'ni'n' Shahrisabz qalasi'nda jaylasqan. Woni' ulli' babami'z Amir Temur wo'z anasi'ni'n' hu'rmetine qurdi'rg'an. Yesteliktin' nag'i'slari'na berilgen ren'ler aydi'n' jaqti'si'nda ji'lti'rap, ag'ari'p turg'anli'g'i' ushi'n Aqsaray ati' berilgen. Wol wo'z da'wirinin' yen' suli'w ha'm sawlatli' arxitekturali'q quri'lmasi' yedi. Bul yesteliktin' to'besine aylanba teksheler arqali' shi'g'i'lg'an. Aqsaray devonxanasi'ni'n' arkasi'na Quyash, Ari'slan ha'm Amir Temir ma'mleketinin' u'sh halqa tu'rdegi su'wreti tu'sirilgen. A'sirese, Aqsaraydi'n' to'besine islengen ha'wiz saraydi'n' yen' a'jayi'p jag'i' yedi. Bul ha'wizge suw



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Iyshan qala kompleksi.**

to'mennen qorg'asi'n trubalar arqali' ali'p kelingen. Ha'wizdegi arti'qmash suw sarqi'rama payda yetiw joli' menen pa'ske ag'i'zi'lg'an. Ha'zirgi ku'nde Aqsaray arxitekturali'q kompleksi qayta won'lani'p worayli'q maydanda Amir Temurg'a yestelik wornati'ldi'.

Aqsaraydi'n' go'zzalli'g'i' ha'm sawlati' ha'tte shet yelli saya-xatshi'lardi' da tan' qaldi'rg'an.

**Di'qqat penen woqi'n'!**

Ha'tte sheber ustalari' du'nya ju'zine belgili bolg'an Parijde de bul is ju'da' go'zzal yesaplang'an bolar yedi.

*Gonzales de Klavixo — Ispaniya korolligi yelshisi.*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Wo'z da'wirinde du'nyani' lal qaldi'rg'an Aqsaraydan ha'zirgi ku'nde u'lken arkani'n' yeki qaptali'ndag'i' minara ha'm ti'rnag'i'ni'n' bir bo'legi g'ana saqlani'p qalg'an.

**Iyshan qala (qorg'ani').** Du'nya ju'zinin' du'rdana yestelikleri-nen biri bolg'an Iyshan qala Xiywa qalasi'ni'n' ishki bo'legi. Wol wo'tmishte babalari'mi'z sheberlik penen qurg'an 54 tariyxi'y-arxitekturali'q yestelikler kompleksine kiredi. Bul kompleks Yeski Ark (ari'zxana), medrese, meshit, maqbaralar ha'm basqa sol si'yaqli' quri'lmalardi' wo'z ishine aladi'. Du'nya ju'zinde bunday a'jayi'p ha'm go'zzal yestelikleri menen saqlani'p qalg'an qalalar ju'da' az.

Soni'n' ushi'n da 1961-ji'li'-aq Iyshan qala kompleksi muzeyge aylandi'ri'ldi'. Bul muzey qori'qxanani'n' maydani' 26 gektardi' quraydi'. 1990-ji'li' bolsa xali'q arali'q YUNESKO sho'lkeminin' qarari' menen Iyshan qala «Ja'ha'n ma'deniy miyrasi'» dizimine kirgizildi.

### Atamalardi'n' mazmuni'n bilip ali'n'

**Maqbara** — qayti's bolg'an adamni'n' denesi qoyi'latug'i'n arxitekturali'q quri'lma.

**Minara** — pa'sten joqari'g'a qaray kishireyip baratug'i'n ta'rizde quri'lg'an biyik quri'lma. Minaralar, tiykari'nan, meshit ha'm medreseler jani'nda quri'lg'an. Minaralar din wa'kilinin' azan ayti'wi' ha'm qaladag'i' arxitekturali'q komplekslerge ko'rk, sawlat beriw ha'm de woni' qurdi'rg'an adamni'n' ku'sh-qu'diretin ko'rsetiw ushi'n quri'lg'an.

**Registan — (mayda tas to'selgen jer)** — Shi'g'i's ma'mleketlerinde qalani'n' worayli'q maydani'.

**Arka** — gu'mbezdin' ishki ta'repine uqsati'p basti'ri'lg'an, da'rwazasi'z u'lken yesik.

### Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. *Ismayi'l Samaniy maqbarasi' ha'm Minarayi' Kalan haqqi'nda ayti'p berin'.*
2. *Aqsaray haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?*
3. *Iyshan qalani'n' muzey-qori'qxanag'a aylandi'ri'lg'anli'g'i' ha'm ja'ha'n miyrasi' dizimine kirgiziliwi neni an'latadi'?*

### WO'Z BETINSHE JUMI'S

Siz jasap ati'rg'an aymaqta qanday tariyxi'y yestelikler barli'g'i'n ani'qlap kelin'.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# IX bap. INSANIYAT TARIYXI'NDAG'I' JA'HA'N URI'SLARI'



## 40-§. BIRINSHI JA'HA'N URI'SI'

**Uri'sti'n' sebepleri.** Uri'slardi'n' ba'ri de qorqi'ni'shli'. Lekin, wolardi'n' ishinde yen' qorqi'ni'shli'si' ja'ha'n uri'slari' boldi'. Sebebi, bul uri'slarda du'nyani'n' ko'plegen ma'mleketleri qatnasti'. Sonli'qtan qi'rg'i'nshi'li'q, wayranshi'li'q, xali'qlar basi'na tu'setug'i'n awi'r mu'siybetler de ju'da' ko'p bolg'an. Insaniyat bu'gingi ku'nge deyin yeki ma'rte ja'ha'n uri'si'n basi'nan keshirdi. Wolardi'n' birinshisi 1914-ji'li' baslani'p, 1918-ji'li' tamamlandi'.

Xosh, bul uri'slardi'n' sebepleri nelerden ibarat yedi? Ku'shli ma'mleketler 1914-ji'lg'a deyin, du'nya ju'zinin' ma'mleketlerinin' aymaqlari'n basi'p ali'p, wolardi' wo'z koloniyalari'na aylandi'ri'p boldi'. Ulli' Britaniya (Angliya), Franciya ha'm Rossiya imperiyasi' du'nya ju'zinin' yen' iri kolonizatorli'q ma'mleketlerine aylandi'.

> **Yeste saqlan'!**
>
> Basqa ma'mleketler aymaqlari'n zorli'q penen basi'p alg'an ma'mleketler kolonizator ma'mleketler delinedi.

Germaniya, Avstriya-Vengriya ha'm Italiyani'n' koloniyalari' azi'raq yedi. Germaniya soni' si'ltaw yetip, du'nyani' qayta bo'listiriwdi talap yete basladi'.

Avstriya-Vengriya sorag'an aymaqlar tiykari'nan, Rossiya ta'siri asti'nda, Italiya talap yetken aymaqlar bolsa Franciya i'qti'yari'nda



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

yedi. Soni'n' ushi'n da wolar Germaniyani' qollap-quwatladi'. Ulli' Britaniya, Franciya ha'm Rossiya Germaniyani'n' talaplari'n qabi'llamadi'.

Na'tiyjede Evropani'n' ku'shli ma'mleketleri arasi'ndag'i' qarama-qarsi'li'q ja'ne de ku'sheydi. Aqi'betinde wolar bir-birine dushpan bolg'an yeki awqamg'a birlesti. Germaniya, Avstriya-Vengriya ha'm Italiyani' birlestirgen birinshi awqam «U'shlik awqami'», Ulli' Britaniya, Franciya ha'm Rossiyani' birlestirgen awqam bolsa «Antanta» dep ataldi'.

**Yeste saqlan'!**

«U'shlik awqam» ha'm «Antanta» wortasi'nda du'nyani' qayta bo'lisip ali'wg'a uri'ni'w — Birinshi ja'ha'n uri'si'ni'n' tiykarg'i' sebebi boldi'.

**Uri'sti'n' baslani'wi' ha'm woni'n' na'tiyjeleri.** Birinshi ja'ha'n uri'si' 1914-ji'ldi'n' jazi'nda Avstriya-Vengriyani'n' Serbiyag'a hu'jim jasawi' menen baslani'p ketti. Bug'an juwap retinde Rossiya Avstriya-Vengriyag'a, Germaniya Rossiya ha'm Franciyag'a, Ulli' Britaniya bolsa Germaniyag'a uri's ja'riyaladi'.



Tankler.

Solay yetip, Evropani' Birinshi ja'ha'n uri'si'ni'n' jali'ni' qaplap aladi'. Uri's du'nya ju'zinin' 38 ma'mleketine jayi'ldi'.



«Luzitaniya» kemesinin' sho'giwi.

Uri's baslang'annan keyin «Antanta» u'lken wa'deler yesabi'na Italiyani' wo'z ta'repine awdi'ri'p aladi'.

Birinshi ja'ha'n uri'si'nda uluwma jan'a qurallar — suw asti' kemesi, xlorli' gaz ha'm tankler qollani'ldi'.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Germaniyani'n' suw asti' kemeleri ha'tteki jolawshi' tasi'wshi' kemelerge de hu'jim yetti. Soni'n' ishinde, 2000 nan arti'q jolawshi'si' bolg'an «Luzitaniya» kemesi solardan biri yedi. Hu'jim na'tiyjesinde wolardi'n' ko'pshiligi nabi't boldi'.

Birinshi ja'ha'n uri'si' 1918-ji'ldi'n' gu'zinde Germaniya ha'm woni'n' awqamlaslari'ni'n' jen'ilisi menen tamam boldi'. Bul jen'ilis na'tiyjesinde Germaniya, Avstriya-Vengriya ha'm Osmaniyler imperiyalari' tarqap ketti. Germaniyada imperator taxttan awdari'ldi'. Wol shet yelge qashi'p ketiwge ma'jbu'r boldi'. Ulli' Britaniya ha'm Franciya jen'ilgenlerdin' koloniyalari'n iyelep aldi'. Biraq, uri's wolardi' ha'lsiretip te taslag'an yedi.

Rossiyada bolsa 300 ji'ldan zi'yat hu'kimdarli'q yetken Romanovlar dinastiyasi'ni'n' ha'kimiyati' 1917-ji'li' saplasti'ri'ldi'. 1917-ji'li' uri'sqa qosi'lg'an AQSH uri's qatnasi'wshi'lari'na qural-jaraq sati'w ha'm qari'z beriw arqali' u'lken bayli'q artti'rdi'.

Wol ha'tte du'nya ju'zinin' yen' iri kolonizator ma'mleketi Ulli' Britaniyani' da qari'zdar yetip qoydi' ha'm du'nya ju'zinin' jetekshi ma'mleketine aylandi'.

**Wo'zin'izdi si'nan'**

- «U'shlik awqam»g'a ...
- «Antanta» — bul ...
- Birinshi ja'ha'n uri'si' ... baslandi'.

**Uri'sti'n' adamzat ushi'n qayg'i'li' aqi'betleri.** To'rt ji'ldan arti'q dawam yetken bul qorqi'ni'shli' uri's du'nya ju'zi xali'qlari'na ju'da' u'lken qayg'i' ali'p keldi. Uri'sta 10 mln. adam nabi't boldi'. 20 mln adam bolsa jaradar, mayi'p boli'p qaldi'. Ma'mleketler ju'da' u'lken mug'darda materialli'q zi'yan ko'rdi.

**Soraw ha'm tapsi'rmalar**

1. *Qanday sebepler Birinshi ja'ha'n uri'si'ni'n' kelip shi'g'i'wi'na ali'p keldi?*
2. *Uri'sti'n' kelip shi'g'i'wi'na tiykarg'i' ayi'pker bolg'an ma'mleketler topari'n jazi'n'.*
3. *Uri's qanday jag'dayda baslandi' ha'm wol qanday juwmaqlandi'?*
4. *Uri'sti'n' na'tiyjeleri ha'm qayg'i'li' aqi'betleri haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

### WO'Z BETINSHE JUMI'S

*(Kesteni tolti'ri'n')*

| Birinshi ja'ha'n uri'si'ni'n' kelip shi'g'i'wi'na sebepshi bolg'an ma'mleket toparlari' | Uri'sti'n' baslang'an ha'm tamamlang'an ji'llari' | Uri'sti'n' Germaniya ha'm woni'n' awqamlaslari' ushi'n aqi'betleri | Uri'sti'n' Ulli' Britaniya, Franciya ha'm Rossiya imperiyasi' ushi'n aqi'betleri | Uri'sti'n' AQSH ushi'n aqi'betleri | Uri'sti'n' du'nya xali'qlari'na keltirgen qayg'i'lari' |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | |

## 41-§. BIRINSHI JA'HA'N URI'SI' HA'M TU'RKSTAN

**Uri'sti'n' Tu'rkstang'a ta'siri.** Birinshi ja'ha'n uri'si' watani'miz Tu'rkstandi' da shetlep wo'tpedi. Sebebi Tu'rkstan Rossiya imperiyasi'ni'n' koloniyasi' yedi. Tu'rkstan aymag'i'nda uri's ha'reketleri ali'p bari'lmadi'. Biraq, uri's ji'llari' kolonizator Rossiyani'n' Tu'rkstanni'n' jergilikli xalqi'na wo'tkergen zuli'mi' ja'ne de ku'sheydi. Sonli'qtan, uri's ushi'n dep xali'qtan ali'natug'i'n sali'qlar mug'dari' ko'beyttirildi. U'lkeden ali'p ketiletug'i'n' paxta, da'n ha'm basqa awi'l xojali'q wo'nimlerinin' mug'dari' artti'.

Bul da jetpegendey, 1916-ji'li' Rossiya imperatori' Nikolay II nin' pa'rmani' menen Tu'rkstanni'n' 19 jastan 43 jasqa deyingi yer adamlari' ma'rdikarli'qqa ali'na baslandi'. Wolar Rossiyag'a bari'p armiya ushi'n qorg'ani'w quri'lmalari'; temir jollar quri'w si'yaqli' jumi'slarda islewi kerek yedi. Ma'rdikarg'a ali'w na'tiyjesinde ko'plegen shan'araqlar wo'z asi'rawshi'lari'nan ayri'li'p qaldi'. Awi'l xojali'g'i' bolsa kriziske ushi'radi'. Imperatordi'n' qarari' Tu'rkstan xalqi'ni'n' narazi'li'g'i'na sebep boldi'. Bul demek xali'qti'n' milliy-azatli'q ko'terilisin baslawi'na ali'p keldi.

**Qozg'alan'ni'n' baslani'wi'.** Milliy-azatli'q ko'terilisi pu'tkil Tu'rkstan u'lkesin wo'z ishine aldi'. Wori'nlarda kolonizatorlardi'n' a'skerleri menen qanli' sawash boldi'. Tashkentte baslang'an



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

qozg'alan' qatnasi'wshi'lari' Besag'ashtag'i' policiya ken'sesinin' aldi'na ji'ynaldi'. Qozg'alan'ni'n' belsendi qatnasi'wshi'si' Rizbanbibi Axmedjanova ha'meldarlarg'a qarata: «Bizdi wo'ltirsen'ler de balalari'mi'zdi' bermeymiz», — dep ashi'q aytti'. Policiyashi'lar Rizbanbibige qarata woq atti'. Bunnan g'a'zeplengen xali'q policiya ma'kemesin basi'p aldi'. Policiyashi'larg'a ja'rdemge kelgen a'skerler wonnan aslam qozg'alan'shi'lardi' ati'p tasladi'. Sonday jawi'zli'q usi'l menen qozg'alan' basti'ri'ldi'.

**Jizzax qozg'alan'i'.** Ma'rdikarg'a ali'w haqqi'ndag'i' pa'rmannan narazi'li'q, a'sirese, Jizzaxta keskin ha'wij aldi'. Jizzaxtan ja'mi 11 mi'n' adam ma'rdikarli'qqa jiberiliwi kerek yedi. Jizzaxli'lar ma'rdikarg'a ali'w haqqi'ndag'i' pa'rmandi' biykar yetiwdi ha'm ma'rdikarli'qqa baratug'i'nlardi'n' dizimin ali'wdi' toqtati'wdi' talap yetip shi'qti'. Biraq, bul talap biykar yetildi. Na'tiyjede ku'shli qozg'alan' payda boldi'.



**Policiyani'n' Rizvanbibige woq ati'wi'.**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Tiykari'nda bul milliy azatli'q gu'resi de yedi. Qozg'alan'g'a Na'zirxoja Abdisalamov ha'm Abdiraxman jebashi'lar basshi'li'q yetti. Biraq ku'shler ten' yemes yedi. Na'tiyjede, qozg'alan'shi'lar jen'iliske ushi'radi'. Kolonizatorlar qozg'alan'shi'lardi' ha'm wolardi'n' basshi'lari'n ayawsi'z jazaladi'. Qozg'alan' ko'tergen awi'llarg'a wot berildi. Ha'tte qozg'alan'shi'lardi'n' shan'araq ag'zalari'na da rehimsizlik yetildi.

Qozg'alan' basshi'lari'n bolsa wo'lim jazasi'na hu'kim yetildi. Qalg'an qatnasi'wshi'lar ha'r tu'rli mu'ddetke qamaqqa ha'm su'rginge jiberildi.

Qozg'alan'shi'lardi' qollap-quwatlag'anlar, wolardi' tabi'wg'a ja'rdem bermegenler sho'llerge aydap jiberildi.

**Wo'zin'izdi si'nan'**
- Ma'rdikarli'q — bul ... .
- 1916-ji'lg'i' qozg'alan' ... yedi.

**Qozg'alan'ni'n' jen'iliw sebepleri ha'm a'hmiyeti.** Qozg'alan'shi'lar kolonizatorlarg'a qarsi' gu'reste heshqanday ta'jiriybege iye yemes yedi. Wolar heshqanday arnawli' tayarli'qlardan da wo'tpegen. Wolardi'n' qurallari', tiykari'nan, ketpen, jaba ha'm tayaqlardan ibarat yedi.

Kolonizatorlardi'n' a'skerleri bolsa zamanago'y qural-jaraq penen ta'miyinlengen yedi. Qalaberse, qozg'alan'g'a aldi'nnan puqta tayarlani'lmadi'. Sog'an qaramastan, milliy azatli'q ko'terilisinin' qatnasi'wshi'lari' kolonizatorlar ta'repinen ayaq-asti' yetilgen huquqlari'n tiklew ushi'n gu'resti. Watanni'n' pidayi' perzentleri yekenligin ko'rsetti. Ku'shler ten' bolmag'an sawashta ko'rsetken yerlikleri menen Watani'mi'z tariyxi'nda wo'shpes at qaldi'rdi'.

1916-ji'li' milliy azatli'q ha'reketi Rossiya imperiyasi'n qatti' ta'shwishke saldi'. Woni'n' Tu'rkstandag'i' ku'sh-quwati'n ha'lsiretti.

Qozg'alan' Tu'rkstan xalqi'n ma'rdikarli'qqa ali'w haqqi'ndag'i' pa'rmani'ni'n' toli'q wori'nlani'wi'na jol qoymadi'. Na'tiyjede, ma'rdikarg'a rejedegiden yeki yese az — uluwma 120 mi'n'nan zi'yat adam jiberildi. Wolar Rossiyani'n' ha'r tu'rli mu'yeshlerinde



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ashli'qtan, qorli'qtan azap shekti. Ko'pshiligi qatti' suwi'qtan ha'm ha'r tu'rli keselliklerden wo'lip ketti. Bir bo'legi bolsa wo'mirlik mayi'p boli'p qaldi'.

Qozg'alan' Watanlaslari'mi'zdi'n' wo'z huquqlari' ushi'n gu'rese ali'w mu'mkinshiligin da'lilledi. Kolonizator hu'kimetke azatli'q ha'm g'a'rezsizlik ushi'n gu'res tuyg'i'lari' heshqashan so'n-beytug'i'nli'g'i'n ja'ne bir ma'rtebe ko'rsetip qoydi'.

### Atamalardi'n' mazmuni'n bilip ali'n'

**Jebashi'** — qural-jaraq saqlanatug'i'n sklad basli'g'i'.
**Ma'rdikar** — waqti'nsha jumi'sqa jallani'wshi' jumi'sshi'.

### Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. *Birinshi ja'ha'n uri'si' nege Tu'rkstang'a ta'sir yetpey qalmadi'?*
2. *Ma'rdikarg'a jiberiwdin' ma'nisi ne?*
3. *1916-ji'ldi'n' jazi'nda Tu'rkstanda baslang'an milliy-azatli'q qozg'alan'i'ni'n' sebepleri haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?*
4. *Nege 1916-ji'lg'i' milliy azatli'q qozg'alan'i' jen'iliske ushi'radi'?*
5. *1916-ji'lg'i' milliy azatli'q qozg'alan'i'ni'n' tariyxi'y a'hmiyeti haqqi'nda ayti'p berin'.*

## 42-§. YEKINSHI JA'HA'N URI'SI'

**Yekinshi ja'ha'n uri'si'ni'n' sebepleri.** 1933-ji'li' Germaniyada nemislerdin' basqa xali'qlar u'stinen hu'kimdarli'q yetiwin talap yetiwshiler ha'kimiyat basi'na keldi. Wolardi'n' jolbasshi'si' Adolf Gitler ma'mlekette wo'zinin' jeke hu'kimdarli'g'i'n wornatti'.

Wol wo'z aldi'na birinshi ja'ha'n uri'si'ndag'i' jen'ilis ushi'n jen'impazlardan wo'sh ali'w, du'nyani' qayta bo'liw, pu'tkil Evropani' boysi'ndi'ri'w, son' du'nya ju'zine hu'kimdar boli'wdi' maqset yetip qoydi'. Bul jawi'z maqsetin a'melge asi'ri'w ushi'n ku'shli jan'a uri'sqa tayarli'q ko'rdi. Italiya ha'm Yaponiya menen wo'z ara awqam du'zdi. Tez arada wo'z maqsetlerin iske asi'ri'wg'a kiristi. Sonli'qtan, 1939-ji'ldi'n' 1-sentyabrinde Germaniya Polshag'a hu'jim yetti. Bug'an juwap retinde Ulli' Britaniya ha'm Franciya Germaniyag'a qarsi' uri's ja'riyaladi'. Solay yetip,



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Yekinshi ja'ha'n uri'si' baslani'p ketti. Ulli' Britaniya, Franciya ha'm buri'ng'i' Sovet Awqami' wo'z ara qarama-qarsi'li'qlar ha'm isenimsizlikler sebepli uri'sti'n' aldi'n ala almadi'.

**Yeste saqlan!**

Gitler Germaniyasi'ni'n' du'nya ju'zine hu'kimdar boli'wg'a umti'li'wi' Yekinshi ja'ha'n uri'si'ni'n' tiykarg'i' sebebi boldi'.

Ulli' Britaniya ha'm Franciya Polshani' saqlap qali'w ushi'n qatan' sharalar ko'rmedi. Aqi'betinde Polsha 17 ku'nde bag'i'ndi'.

**Uri'sti'n' bari'si'.** Uri's baslang'annan keyin, Germaniya ju'da' qi'sqa mu'ddette pu'tkil Bati's Evropa ma'mleketlerin basi'p aldi'.



Yekinshi ja'ha'n uri'si' ji'llari'nda buri'ng'i' Sovet Awqami' isletken qural — katyusha.

1940-ji'li' ha'tte Franciyani' da qi'yratti'. Woni'n' gezektegi maqseti Ulli' Britaniya ha'm buri'ng'i' Sovet Awqami'n boysi'ndi'ri'w yedi. Biraq, Ulli' Britaniyani'n' a'skeriy-ten'iz floti' ha'm a'skeriy hawa ku'shleri qu'diretli bolg'anli'g'i' ushi'n woni' basi'p ala almadi'. Soni'n' ushi'n Gitler da'slep buri'ng'i' Sovet Awqami'n basi'p ali'wg'a qarar yetti ha'm 1941-ji'li' 22-iyunde wog'an hu'jim jasadi'.

Dekabr ayi'nda bolsa Yaponiya Ti'ni'sh okeanda AQShqa qarsi' uri's ha'reketlerin baslap jiberdi. Gitler buri'ng'i' Sovet Awqami'n ju'da' qi'sqa mu'ddette basi'p ali'wdi' rejelestirgen yedi.

Germaniya armiyasi' da'slep izli-izinen jen'iske yerisip, alg'a ji'lji'y basladi'. Buri'ng'i' Sovet Awqami'ni'n' paytaxti' Moskva qalasi'n basi'p ali'wg'a az qaldi'. Biraq buri'ng'i' Sovet Awqami' armiyasi' ma'rtlik penen qarsi'li'q ko'rsetti. Na'tiyjede, Gitlerdin' Sovet Awqami'n qi'sqa mu'ddette basi'p ali'w rejesi iske aspadi'. Qurami'nda o'zbekistanli' jawi'ngerler de bolg'an buri'ng'i' Sovet Awqami' armiyasi'ni'n' ayawsi'z soqqi'lari' na'tiyjesinde Germaniya



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Germaniya bag'i'ng'anli'g'i' haqqi'nda hu'jjetke qol qoymaqta.

armiyasi' sheginiwge ma'jbu'r boldi'. Sol waqi'tlari' buri'ng'i' Sovet Awqami', AQSh ha'm Ulli' Britaniya Germaniyag'a qarsi' uri'sta wo'z ara birlesiwge kelisim jasadi'. Solay yetip Gitler Germaniyasi'na qarsi' awqam payda boldi'. AQSh ha'm Ulli' Britaniyani'n' birlesken armiyasi' Germaniyani'n' awqamlasi' Italiyani' bag'i'ni'wg'a ma'jbu'r yetti. Buri'ng'i' Sovet Awqami' armiyasi' 1944-ji'li' Germaniya armiyasi'n wo'z aymag'i'nan pu'tkilley quwi'p shi'g'ardi'. Awqamlas ma'mleketlerdin' Germaniyani' bag'i'ndi'ri'wi' ani'q boldi'. 1945-ji'li' Adolf Gitler ha'm woni'n' ayi'ri'm a'skeriy xi'zmette bir sapta bolg'anlar wo'z janlari'na qast yetti.

Son'i'nda, 1945-ji'l 8-may ku'ni Germaniya awqamlas ma'mleketler aldi'nda birotala bag'i'ndi'. Bul haqqi'nda tiyisli hu'jjetke qol qoyi'ldi'.

Buri'ng'i' Sovet Awqami' hu'kimeti fashistler Germaniyasi' u'stinen yerisilgen jen'is hu'rmetine 9-may ku'nin «Jen'is ku'ni» dep ja'riyaladi'.

2-sentyabr ku'ni Yaponiyani'n' bag'i'ng'anli'g'i' haqqi'nda hu'jjetke qol qoyi'ldi'. Solay yetip, Yekinshi ja'ha'n uri'si' woni' baslag'an ma'mleketlerdin' jen'ilisi menen tamam boldi'.

**Uri'sti'n' qayg'i'li' aqi'betleri.** Yekinshi ja'ha'n uri'si' uri'slar tariyxi'ndag'i' yen' qorqi'ni'shli' uri's boldi'. Uri'sta 60 tan arti'q ma'mleket qatnasti'.

**Yeste saqlan!**

Yekinshi ja'ha'n uri'si' 6 ji'l dawam yetti.

Alti' ji'l ishinde 60 mln. nan zi'yat adam qayti's boldi'. 90 mln. nan arti'q adam jaradar ha'm mayi'p boli'p qaldi'. Gitlershiler wo'zleri basi'p alg'an aymaqlarda tek u'lken adamlardi' g'ana yemes, ha'tte balalardi' da jumi's isletiw ushi'n ali'p ketti. Wolar da



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

tutqi'ng'a tu'sken jawi'ngerler arnawli' lagerlerde saqlandi'. Bunday lagerlerde saqlang'anlardi'n' 16 mln. nan aslami' azap-aqi'retlerde wo'lip ketti.

Wolar lagerlerdegi arnawli' wori'nlarda gaz benen tu'nshi'q-ti'ri'li'p wo'ltirildi. Wo'lgenlerdin' deneleri arnawli' wot jag'atug'i'n wori'nlarda jag'i'li'p, ku'lleri to'gin ushi'n paydalani'ldi'. Bular insaniyat ne ushi'n jer ju'zinde bekkem ti'ni'shli'q ushi'n gu'resedi degen sorawg'a juwap boladi'.

**Ji'nayat jazasi'z qalmaydi'.** Joqari'da keltirilgen sanlar gitlershilerdin' insaniyatqa qarsi' islegen jawi'zli'q ji'nayatlari' yedi. Soni'n' ushi'n da 1946-ji'li' bul ji'nayatti'n' aman qalg'an ayi'pkerleri u'stinen xali'q arali'q sud hu'kimi woqi'ldi'. Hu'kimge baylani'sli' ji'nayatshi'lardan 12 si wo'lim jazasi'na hu'kim yetildi. Qalg'anlari'na uzaq mu'ddetli yaki wo'mirlik qamaq jazasi' belgilendi.

### Wo'zin'izdi si'nan'

- 1939-ji'li' — ... .
- 1945-ji'li' 8-may — bul ... .
- 1945-ji'l 2-sentyabr ... .

### Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. *Gitler Germaniyasi'ni'n' maqseti ne yedi?*
2. *Nege buri'n'g'i' Sovet Awqami' Ulli' Britaniya ha'm Franciya Yekinshi ja'ha'n uri'si'ni'n' aldi'n ala almadi'?*
3. *Yekinshi ja'ha'n uri'si'ni'n' juwmaqlari' haqqi'nda ayti'p berin'.*
4. *Yekinshi ja'ha'n uri'si'ni'n' qayg'i'li' aqi'betleri insaniyatqa qanday sabaq boldi'?*

### WO'Z BETINSHE JUMI'S

*(Faktlerdi sali'sti'ri'p, kesteni toltiri'n')*

| T/n | Sorawlar | Birinshi ja'ha'n uri'si' | Yekinshi ja'ha'n uri'si' |
|---|---|---|---|
| 1. | Uri'sti'n' baslang'an ji'li' ha'm sa'nesi | | |
| 2. | Uri's qalay baslandi'? | | |
| 3. | Uri'sqa qatnasqan tiykarg'i' ma'mleketler | | |
| 4. | Uri's na'tiyjeleri | | |
| 5. | Uri'sti'n' qayg'i'li' aqi'betleri | | |



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 43-§. GITLER GERMANIYASI' U'STINEN YERISILGEN JEN'ISKE O'ZBEKISTANNI'N' QOSQAN U'LESI

**O'zbekistan xalqi'ni'n' miynet yerlikleri.** Yekinshi ja'ha'n uri'si' ji'llari' O'zbekistan buri'ng'i' Sovet Awqami' qurami'nda yedi. Sonli'qtan, 1941-ji'ldi'n' 22-iyuni'nda Gitler Germaniyasi' buri'ng'i' Sovet Awqami'na hu'jim qi'lg'annan keyin, O'zbekistan da uri'sqa tarti'ldi'.

Solay bolsa da, O'zbekistan frontti' za'ru'r qural-jaraq, woqda'ri', azi'q-awqat, kiyim-kenshek penen ta'miyinlep turdi'. Uri'sqa O'zbekistannan 1 mln 500 mi'n'nan arti'q jawi'nger qatnasti'. Xali'qtan ji'ynalg'an pullar ma'mleketlik qorg'ani'w fondi'na tapsi'ri'ldi'. Buri'ng'i' Sovet Awqami' hu'kimeti Germaniya basi'p ali'wi' mu'mkin bolg'an aymaqlarda jaylasqan sanaat ka'rxanalari'ni'n' ju'zden zi'yati'n O'zbekistang'a ko'shirdi. O'zbekistan jumi'sshi'lari'ni'n' pida'kerlik miynetleri menen ko'shirip a'kelingen ka'rxanalar qi'sqa mu'ddet ishinde qayta quri'ldi' ha'm front ushi'n za'ru'r wo'nimler islep shi'g'ara basladi'. Jan'adan 280 ka'rxana da quri'ldi'.

O'zbekistan uri's ji'llari'nda frontqa 2100 samolyot, 1700 den arti'q samolyotti'n' motori', 2 millionnan zi'yat aviabomba, 330 mi'n' dana parashyut ha'm basqa qural-jaraq ha'm de a'skeriy a'njamlar jetkerip berdi. O'zbekistan fabrikalari' bolsa jawi'ngerlerge ji'lli' kiyim-kenshekler jetkerip beriwge u'lken u'les qosti'.

**Awi'l miynetkeshlerinin' yerligi.** O'zbekistanni'n' awi'l xalqi' bolsa frontti' za'ru'r azi'q-awqat ha'm kiyim-kenshek penen ta'miyinlewge u'lken pidayi'li'q ko'rsetti. Yer adamlar uri'sqa ketkenlikten awi'l xojali'g'i'na isshi ku'shi jetispey qaldi'. Wolardi'n' worni'n hayallar ha'm balalar iyeledi. Awi'l miynetkeshleri awi'r qi'yi'nshi'li'qlardi' ma'rdana jen'e aldi'.

**Yeste saqlan'!**

Uri's ji'llari' ja'mi 4 million tonnadan zi'yat paxta, 5 million tonnadan zi'yat da'n jetistirildi.

Basqa awi'l xojali'q wo'nimlerin islep shi'g'ari'w da ko'beyip bardi'.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**O'zbekistan miynetkeshleri ta'repinen islengen tankler.**

Xalqi'mi'z mine sonday awi'r jag'dayda ku'ndi ku'n, tu'ndi tu'n demesten, mashaqatli' miynet yetip, front ushi'n, jen'is ushi'n u'les qosti'.[1]

**U'lken qayi'r-saqawat**. Gitler Germaniyasi'na qarsi' gu'reste O'zbekistan xalqi' da u'lken qayi'r-saqawatli'q ko'rsetti. Solay yetip, wolar ma'mleket qorg'ani'w fondi'na 650 mln sumnan zi'yat pul, 55 kg g'a jaqi'n alti'n ha'm basqa qi'mbat bahali' buyi'mlar tapsi'rdi'. Bul qa'rejetlerge front ushi'n bronepoezd, tank ha'm samolyotlar isledi ha'm wolar frontqa jiberildi.

Buri'ng'i' Sovet Awqami' hu'kimeti ma'mleket aymag'i'ndag'i' uri's boli'p ati'rg'an jerlerde jasawshi' ti'ni'sh xali'qti'n' bir bo'limin ma'mleket ishkerisine ko'shirdi. Solardan bir milionnan zi'yati' O'zbekistang'a ali'p kelindi.

**Yeste saqlan'!**

O'zbekistang'a ko'shirip a'kelingenlerdin' 200 mi'n'i' jetim balalar yedi.

---

[1] *Islam Karimov*. Wo'tkenlerdi yeslew, kekselerdi qa'dirlew — bizin' perzentlik minnetimiz boli'p tabi'ladi'. «Xalq so'zi» gazetasi'. 2015-ji'l. 11-may.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

O'zbekistan xalqi' wolardi' doslarsha ku'tip aldi'. Wolarg'a g'amxorli'q ko'rsetti ha'm jasaw ushi'n u'ylerinen wori'n berdi. Azi'q-awqati'n ha'm kiyim-kenshegin wolar menen birge bo'listi. Ko'shirip a'kelingen balalardi'n' tiykarg'i' bo'legi balalar u'ylerine jaylasti'ri'ldi'. Bes yari'm mi'n'nan aslami'n bolsa bawi'ri' ken' xalqi'mi'z wo'z u'ylerine perzentlikke aldi'. Bunday shan'araqlardan biri tashkentli Shamaxmudovlar shan'arag'i' yedi. Bul shan'araq ha'r tu'rli millet wa'killerinen bolg'an 16 balani' perzentlikke aldi'. Wolardi' bag'i'p, ta'rbiyalap kamalg'a keltirdi. Bul jag'day bizin' xalqi'mi'zdi'n' bawri' ken'liginen, qayi'r-saqawatli'li'g'i'nan u'lgi yedi.

**O'zbekistanli' a'skerlerdin' fronttag'i' yerlikleri.** Yekinshi ja'ha'n uri'si' fronti'na jiberilgen bir yari'm millionnan ko'birek O'zbekistanli' a'skerler dushpang'a qarsi' ma'rtlik penen sawash ju'rgizdi. Gitler Germaniyasi'ni'n' hu'jimin birinshilerden boli'p qarsi' alg'an Germaniyag'a shegaralas Brest qorg'ani' boldi'.

Qorg'andi' qorg'awshi'lardi'n' arasi'nda o'zbekistanli'lar da bar yedi. Wolar basqa millet wa'killeri menen ten' turi'p bir ay dawami'nda qorg'andi' qorg'adi'. O'zbekistanli'lar Yekinshi ja'ha'n uri'si'ni'n' qaysi' fronti'nda bolmasi'n, usi'nday ma'rtlik penen sawash ju'rgizdi. Bizin' ata-babalari'mi'z ayawsi'z sawash maydanlari'nda ma'rtlik ha'm shi'damli'li'q ko'rsetkeni ushi'n wolardi'n' 338 i «Sovet Awqami' Qaharmani'» atag'i'na iye bolg'an.[1] Yekinshi ja'ha'n uri'si' ji'l-lari' 500 mi'n'g'a jaqi'n o'zbekistanli' jawi'ngerler qazalandi'. 60 mi'n'nan arti'q a'sker bolsa mayi'p boli'p qaldi'.



**«Motamsaro ona» yesteligi.**

---

[1] *Islam Karimov.* Wo'tkenlerdi yeslew, kekselerdi qa'dirlew — bizin' perzentlik minnetimiz boli'p tabi'ladi'. «Xalq so'zi» gazetasi'. 2015-ji'l. 11-may.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Yesteligi ma'n'gilik.** Prezident Islam Karimovti'n' baslamasi' menen Yekinshi ja'ha'n uri'si' fronti'nda qayti's bolg'anlardi'n' yesteligin ma'n'gilestiriw ushi'n 1998-ji'li' O'zbekistanda Gitler Germaniyasi' u'stinen jen'iske yerisilgen ku'n — 9-may uluwma milliy «Yeslew ha'm qa'dirlew ku'ni» dep belgilendi. 1999-ji'li' Tashkenttin' Bas maydani' — Mustaqillik Maydani' jani'nda «Xotira maydoni» kompleksi quri'ldi'. Bul jerdegi yestelik diywallari'na kitap betleri formasi' wornati'ldi'. Wolarg'a Yekinshi ja'ha'n uri'si'nda qayti's bolg'an o'zbekistanli' jawi'ngerlerdin' atlari' jazi'ldi'. Komplekste «Motamsaro ona» (Ha'siretli ana) yesteligi de wornati'ldi'. Yestelikte uri'sta wo'z perzentin jog'altqan anani'n' qayg'i'si' ko'rsetilgen. Yestelik jani'nda uri'sta qayti's bolg'anlar hu'rmetine ma'n'gi wot jani'p turadi'.

### Wo'zin'izdi si'nan'

- U'lken qayi'r-saqawat degende ... .
- O'zbekistang'a ... bala ko'shirip a'kelindi.

### Atamalardi'n' mazmuni'n bilip ali'n'

**Brest qorg'ani'** — ha'zirgi Belarussiya respublikasi'ni'n' Brest qalasi'na jaqi'n jaylasqan qorg'an.

**Saqawat** (qoli' ashi'qli'q) — adamlardan ja'rdemin ayamaw.

**Front** — uri's boli'p ati'rg'an aymaq.

### Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. *Uri's ji'llari' o'zbekistanli' miynetkeshlerinin' miynette ko'rsetken yerlikleri haqqi'nda ayti'p berin'*
2. *O'zbekistanni'n' awi'l miynetkeshleri uri's ji'llari' qanday tabi'slarg'a yeristi?*
3. *O'zbekistan xalqi'ni'n' uri's ji'llari' ko'rsetken ken' peyilligi ha'm saqawatli'li'g'i' haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?*
4. *O'zbekistali' jawi'ngerlerdin' sawash maydani'nda ko'rsetken qaharmanli'qlari'na mi'sallar keltirin'.*
5. *Yekinshi ja'ha'n uri'si'nda qayti's bolg'an o'zbekistanli' jawi'ngerlerdin' yesteligin ma'n'gilestiriw boyi'nsha qanday isler a'melge asi'ri'ldi'?*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



# X bap. JA'HA'NDE TI'NI'SHLI'Q HA'M BIRGE ISLESIW USHI'N GU'RES

## 44-§. BIRLESKEN MILLETLER SHO'LKEMI (BMSH)

**BMShti'n' du'ziliw sebepleri.** 1945-ji'ldi'n' avgust ayi'nda Yekinshi ja'ha'n uri'si' yele dawam yetip ati'r yedi. AQSh du'nya ju'zine wo'z ku'sh-qu'diretin ko'rsetiw maqsetinde 6 — 9-avgust ku'nleri Yaponiyani'n' Xirosima ha'm Nagasaki qalalari'na qi'rg'i'n keltiretug'i'n qural — atom bombasi'n tasladi'. Wo'zinin' bul ha'reketin Yaponiyani' tezirek bag'i'ni'wg'a ma'j-bu'r yetiw ba'nesi menen aqlawg'a uri'ndi'. Atom bombasi' — yen' qorqi'ni'shli', qi'rg'i'n keltiriwshi qural. Bul bombani'n' tolqi'ni' imaratlardi' awdari'p taslaydi'. Wonnan tarqalatug'i'n nur bolsa hawani', suwdi' ha'm jerdi za'ha'rleydi. Mi'n'-mi'n'lag'an adamlar nabi't boladi'. Woni'n' u'stine, atom bombasi'nan tarqalatug'i'n nur (radiaciya) uzaq waqi'tlarg'a shekem wo'zinin' zi'yanli' aqi'betlerin ko'rsetip turadi'.

1945-ji'li' Yaponiyada mine usi'nday boldi'.

Yaponiyani'n' Xirosima qalasi'nan wonsha uzaq bolmag'an jerde Sadako Sasaki degen kishkene qi'z jasar yedi. Bomba jari'lg'an waqi'tta Sadako bari'-jog'i' yeki jasta yedi. Sadakoni'n' ju'zi, yeki denesi ku'ymegen bolsa da, Xirosima qalasi' qayta tiklengennen keyin 9 ji'ldan son', 11 jasi'nda Sadako kesellenedi. Shi'pakerler woni'n' qan raki menen awi'rg'anli'g'i'n ani'qlap, woni'n' bir ji'lli'q wo'miri qalg'ani'n aytadi'. Bul kesellik 1945-ji'li' Xirosima qalasi'na taslang'an atom bombasi' nurlari'ni'n' aqi'beti yedi. Sadako wo'zin wo'lim ku'tip turg'anli'g'i'n biler yedi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Yaponiyadag'i' «Balalar ti'ni'shli'q yesteligi».

Sadakodan Tidzuko degen dosti' ba'r-qulla xabar ali'p turar yedi. Bir ku'ni Tidzuko Sadakog'a Yaponiyada muqaddes yesaplanatug'i'n ti'rna qusi'ni'n' tariyxi' haqqi'nda ayti'p berdi. Yaponlar ti'rna 1000 ji'l jasaydi', yeger kesel adam qag'azdan mi'n' dana ti'rna islese wol sawali'p ketedi, dep isener yedi.

Sadako sol ku'nnen baslap 1000 dana ti'rna jasawg'a kirisedi. Biraq, wol 644 dana ti'rna jasawg'a u'lgeredi. Sadako qayti's boladi', woni'n' klaslaslari' qalg'an 356 dana ti'rnani' sog'i'p, 1000 dana ti'rnani' Sadako menen qosi'p jerleydi. Atom bombasi'ni'n' qurbani' bir Sadako yemes yedi.

Yaponiyani'n' balalari' Sadakoni'n' hu'rmetine yestelik worna-ti'w ushi'n u'sh ji'l dawami'nda za'ru'r puldi' ji'ynawg'a yerisedi.

Sadakoni'n' hu'rmetine qoyi'lg'an yestelik «Balalar ti'ni'shli'q yesteligi» dep ataladi'. Wol Xirosimadag'i' Ti'ni'shli'q qiyabani'na wornati'lg'an.

Yestelik tasi'na to'mendegi so'zler woyi'p jazi'lg'an:

*Bul bizin' ko'z jasi'mi'z*
*Bul bizin' tilegimiz*
*Du'nyaga' — ti'ni'shli'q.*

Mine, sonday. Du'nyag'a ti'ni'shli'q kerek. Sonda g'ana Sada-kolar ta'g'diri qaytalanbaydi'. Sonda g'ana adamlar baspanasi'z, perzentleri ata-anasi'z jetim qalmaydi'. Ata-analar da wo'z per-zentlerinen ayi'ri'li'p qalmaydi'. Jer ju'zinin' balalari' ashli'qtan, kesellikten nabi't bolmaydi'.

Yeger jan'adan uri's bolatug'i'n bolsa, da'selepkisinen de qorqi'ni'shli' qi'rg'i'nshi'li'q, wayranshi'li'q ju'z beredi.

Sonli'qtan, ma'mleketler ha'm yelimiz g'ayrakterleri keleshek haqqi'nda woylawlari', uri'sqa jol qoymawlari' kerek. Soni'n' ushi'n da, ma'mleket g'ayratkerleri bunnan keyin ja'ha'n uri'si'n boldi'rmaw maqsetinde jer ju'zinde bekkem ti'ni'shli'q worna-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ti'wg'a xi'zmet qi'latug'i'n xali'q arali'q sho'lkem du'ziwge qarar yetti.

**BMShni'n' du'ziliwi ha'm woni'n' maqsetleri**. Tez arada sonday xali'q arali'q sho'lkem du'zildi. Wol Birlesken Milletler Sho'lkemi (BMSh) dep ataldi'.

**Yeste saqlan'!**

Birlesken Milletler Sho'lkemi 1945-ji'ldi'n' 24-oktyabrinde du'zildi.

Birlesken Milletler Sho'lkeminin' tiykarg'i' maqsetleri yetip to'mendegiler belgilep qoyi'ldi':



**Birlesken Milletler Sho'lkemi ni'shani'.**

— pu'tkil du'nyada ti'ni'shli'qti' ta'miyinlew;

— du'nya ju'zi xali'qlari' wortasi'nda dosli'q qatnasi'qlardi' rawajlandi'ri'w;

— du'nya ju'zinde asharshi'li'q, kesellik ha'm sawatsi'zli'qti' saplasti'ri'w boyi'nsha birge islesiw;

— ekologiya apatshi'li'g'i'ni'n' aldi'n ali'w;

— insan huquqlari' ha'm yerkinliklerine hu'rmet penen qarawdi' xoshametlew.

BMSh turatug'i'n jeri AQSh ti'n' Nyu-York qalasi'nda jaylasqan. BMShg'a Bas xatker basshi'li'q yetedi.

Du'nya ju'zinin' qaysi' bir mu'yeshinde bolmasi'n, uluwma ti'ni'shli'qqa qa'wip tuwdi'ratug'i'n jag'day ju'zege kelse, BMSh woni' dodalaydi' ha'm ti'ni'shli'qti' saqlap qali'w ushi'n za'ru'r ila'jlardi' ko'redi. Ha'zirgi ku'nde du'nyani'n' 200 ge jaqi'n ma'mleketi BMSh ti'n' ag'zasi'. Mine, Yekinshi ja'ha'n uri'si'nan keyin wo'tken ji'llar dawami'nda BMSh Jer ju'zinde bekkem ti'ni'shli'q ushi'n gu'resip kelmekte.

**O'zbekistan xali'q arali'q sho'lkemnin' ag'zasi'.** O'zbekistan 1992-ji'ldi'n' 2-mart ku'ni Birlesken Milletler Sho'lkemine qabi'l yetildi. Bul waqi'ya O'zbekistanni'n' xali'q arali'q ko'lemde ta'n ali'ng'anli'g'i'n toli'q tasti'yi'qlaydi'. Sol ku'nnen baslap O'zbekistan xali'q arali'q birge islesiwdin' ten' huquqli' ag'zasi'na



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

aylandi'. BMSh imarati' aldi'nda wog'an ag'za ma'mleketlerdin' bayraqlari' qatari'nda. O'zbekistan Respublikasi'ni'n' Ma'mleketlik bayrag'i' da jelbirey basladi'.

G'a'rezsizliktin' da'slepki ji'llari'nda-aq Tashkentte BMShni'n' yelshixanasi' ashi'ldi'. O'zbekistan Prezidenti Islam Karimov 1993-ji'li' BMShnin' Bas Assambleyasi' 48-sessiyasi' ma'jilisinde birinshi ma'rte qatnasti' ha'm so'z so'yledi. Bul tariyxi'y waqi'ya du'nyag'a g'a'rezsiz O'zbekistan ma'mleketi barli'g'i'n ja'ne bir ma'rte ko'rsetti.

**Yeslen'!**

Birlesken Milletler Sho'lkemi qashan ha'm qanday maqsetlerde du'zilgen yedi?

Islam Karimov 2010-ji'li' BMShnin' Bas Assambleyasi' XXI a'sirdin' yen' a'hmiyetli xali'q arali'q mashqalalari'na bag'i'shlang'an sessiyasi'nda da qatnasti'.

Prezidentimiz wo'z so'zinde jalpi' Bas Assambleya sessiyasi' qatnasi'wshi'lari'ni'n' di'qqati'n O'zbekistandi' ta'shwishke sali'p ati'rg'an mashqalalarg'a' qaratti'. O'zbekistan BMShnin' bir qatar xali'q arali'q sho'lkemlerinin' xi'zmetinde de belsendilik penen qatnasi'p kelmekte. Solardi'n' ishinde Siz YUNESKO ha'm YUNISEF haqqi'nda mag'luwmatlarg'a iyesiz.

O'zbekistan YUNESKOni'n' ag'zali'g'i'na qabi'l yetildi. Aldi'ng'i' temalarda bul sho'lkemnin' O'zbekistanda a'melge asi'rg'an jumi'slari' menen tani'sti'n'i'z.

YUNESKO bilim, ilim ha'm ma'deniyatti' rawajlandi'ri'w tarawi'nda xali'q arali'q baylani'slardi' jedellestiriw jumi'si'na u'lken u'les qosqan adamlardi' si'yli'qlaw ushi'n wo'z si'yli'qlari'n da sho'lkemlestirdi. YUNESKOni'n' jumi's worni' Parij qalasi'nda jaylasqan.

**Yeste saqlan'!**

YUNESKO bir qatar si'yli'qlar (alti'n medallar) sho'lkemlestirgen. Wolardan biri Abu Ali ibn Sino ati'ndag'i' alti'n medali' boli'p tabi'ladi'.

1998-ji'li' Prezidentimiz Islam Karimov YUNESKOni'n' usi' alti'n medali' menen si'yli'qlandi'.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

### Soraw ha'm tapsi'rmalar

*1. AQSH ne maqsette Yaponiyag'a atom bombasi'n tasladi'?*
*2. Atom bombasi' haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?*
*3. Yaponiyali' qi'z Sadakoni'n' qayg'i'li' ta'g'diri haqqi'nda ayti'p berin'.*
*4. BMSh qanday sho'lkem ha'm wol ne ushi'n du'zildi?*
*5. BMSh ha'm O'zbekistanni'n' birge islesiwi haqqi'nda ayti'p berin'.*

## 45-§. BMSH HA'M DU'NYA JU'ZI BALALARI'

**BMSh balalar huquqi'ni'n' qorg'awshi'si'.** BMSh ba'r-qulla du'nya balalari' haqqi'nda da g'amxorli'q yetip kelmekte. Wol Yekinshi ja'ha'n uri'si'ni'n' balalardi'n' basi'na salg'an qayg'i'li' aqi'betin saplasti'ri'w maqsetinde 1946-ji'li' «Balalarg'a ja'rdem ko'rsetiw xali'q arali'q qori'»n du'zdi.

**YUNISEFtin' xi'zmeti.** 1946-ji'li' du'zilgen «Balalarg'a ja'rdem ko'rsetiw xali'q arali'q qori'» qi'sqarti'lg'an tu'rinde YUNISEF dep ataladi'. Wol da'slep uri'stan yen' ko'p ja'bir shekken Evropa balalari'na ja'rdem ko'rsetti. Keyinnen Aziya, Afrika ha'm Qubla Amerika materigi balalari'na ja'rdem ko'rsetiwdi basladi'.

**Yeste saqlan'!**

YUNISEF du'nya ju'zi balalari'na ko'rsetken ja'rdemi ushi'n 1965-ji'li' xali'q arali'q Nobel si'yli'g'i' menen si'yli'qlandi'.

Sebebi, bul materikler balalari'ni'n' turmi'si' menen baylani'sli' mashqalalar aktualli'g'i' menen qalmaqta. Sonli'qtan, balalardi'n' wortasha wo'limshiligi yele joqari', millionlap balalar toyi'p awqat jey almaydi'.

UNICEF

**YUNISEF ni'shani'.**

130 millionnan zi'yat balalar mektepke barmaydi'. Bulardi' yesapqa alg'an YUNISEF wo'z jumi'si'n to'mendegilerge qaratti':

— wo'limge sebep bolatug'i'n kesellikler menen keselleniwdin' aldi'n ali'w ushi'n balalardi' yemlew;

— balalardi' ha'm analardi' taza ishimlik suwi' menen ta'miyinlew;



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

— balalar arasi’nda ashli’qqa, toyi’p awqat jemeslikke ha’m sawatsi’zli’qqa qarsi’ gu’res;

— balalardi’n’ soqi’r boli’p qali’wi’na sebep bolatug’i’n «A» vitamininin’ jetispewshiliginin’ aldi’n ali’w’;

— balalar huquqlari’ haqqi’ndag’i’ xali’q arali’q Konvenciyani’n’ barli’q ma’mleketler ta’repinen tasti’yi’qlani’wi’na yerisiw.

YUNISEF ji’li’na 3 mln balani’n’ wo’mirin saqlap qalmaqta. Bu’gingi ku’nde YUNISEF ke 140 tan aslam ma’mleketler ag’za. O’zbekistan Respublikasi’ wog’an 1994-ji’li’ ag’za boli’p kirdi ha’m woni’n’ menen turaqli’ birge islesip kelmekte. YUNISEF O’zbekistan hu’kimeti menen balalardi’ yemlew, vakcinalar jetkerip beriw ha’m Aral boyi’ xalqi’na ja’rdem ko’rsetiw si’yaqli’ tarawlarda birge islespekte.

O’zbekistanda balalar haqqi’nda g’amxorli’q yetiw ma’mleket siyasati’ni’n’ tiykarlari’nan biri boli’p yesaplanadi’.

BMSh 1989-ji’li’ «Balalar huquqlari’ haqqi’nda» dep atalatug’i’n xali’q arali’q Konvenciyani’ qabi’l yetti. Wonda 18 jasqa deyingi puqaralardi’n’ bala yesaplanatug’i’ni’ ko’rsetilgen. Sonday-aq, BMSh ag’zalari’na balalardi’n’ jasaw, tiri qali’w ha’m saw-salamat rawajlani’wi’n ta’miyinlew wazi’ypasi’ ju’kletildi. Ha’zirgi waqi’tta balalardi’n’ bilim ali’w huquqi’ da kepillikke ali’ndi’. Balalardan arzan isshi ku’shi si’pati’nda paydalani’w ha’m a’skerlikke ali’w qadag’an yetildi. Balalardi’ na’shebentlik zatlar qabi’l yetiwden saqlaw ilajlari’n ko’riw wazi’ypasi’ ju’klendi. O’zbekistan Respublikasi’ da bul Konvenciyag’a qosi’ldi’.

2007-ji’li’ bolsa «Bala huquqlari’ni’n’ kepilligi haqqi’nda» O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ ni’zami’ qabi’llandi’. Bul ni’zam 18 jasqa deyin bolg’an O’zbekistan puqaralari’ni’n’ ma’plerin qorg’ap kelmekte.

**YUNISEF qa’rejetleri.** Sho’lkemge ag’za ma’mleketler ha’r ji’li’ sho’lkemge belgili mug’darda qa’rejet aji’ratadi’. Sonday-aq, ayi’ri’m shaxslardi’n’ qayi’r-saqawati’ yesabi’nan da qa’rejet toplanadi’. Bunnan ti’sqari’, Qor ha’r ji’li wo’zinin’ emblemasi’ tu’sirilgen millionlag’an ashi’q qutli’qlaw buklet xatlari’n sati’w arqali’ da qa’rejet toplaydi’. Ashi’q qutli’qlaw buklet xatlari’n sati’w qalayi’nsha da’stu’r bolg’an?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

1949-ji'l... Qor Chexiya balalari'na ja'rdem ko'rsetip ati'r yedi. Ja'rdem ko'rsetilip ati'rg'an balalardi'n' arasi'nda su'wret sali'wg'a ju'da' uqi'pli' 7 jasar Yitka Samkova da bar yedi. Qordi'n' ja'rdeminen quwang'an Yitka (woni'n' klaslaslari' da ju'da' quwani'shli' yedi) maydalang'an qi'yaq bo'leklerinen Qor ushi'n ren'li su'wret sali'p beredi. Klass mug'allimi Yitkani'n' salg'an su'wretlerin Chexiya paytaxti' Pragada jaylasqan Qor worni'na jiberedi. Bul su'wretler Qordi'n' xi'zmetkerlerine ju'da' unap qaladi'. Wolar su'wretlerdi Nyu-York qalasi'na jiberedi.

Qor xi'zmetkerleri Yitka salg'an su'wretlerden ashi'q qutli'qlaw bukletlerin tayarlawg'a qarar yetedi ha'm wolardi' Isa payg'ambar tuwi'lg'an ku'ni — Rojdestvo bayrami' mu'nasibeti menen pu'tkil du'nya boylap sati'li'wi'n sho'lkemlestiredi. Bul ilaj Qorg'a u'lken payda keltiredi.

Keyinnen ha'r ji'li' usi'nday ashi'q qutli'qlaw bukletlerin sati'w da'stu'rge aylanadi'.

### Wo'zin'izdi si'nan'

- BMSh ... .
- YUNISEF ... .
- 1989-ji'li' ... .

### Atamalardi'n' mazmuni'n bilip ali'n'

**Vakcina** — insan denesinin' kesellikten qorg'ani'w da'rejesin ku'sheytiw maqsetinde yemlew ushi'n qollani'latug'i'n da'ri.

**Qor** — belgili bir xi'zmet tu'rine, adamlardi'n' belgili topari'na ja'rdem beriw maqsetinde du'zilgen sho'lkem.

**Konvenciya** — qandayda bir arnawli' ma'selege baylani'sli' xali'q arali'q sha'rtnama.

### Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. *BMSH ni'n' du'nya ju'zi balalari'ni'n' huquqlari'n qorg'aw boyi'nsha xi'zmetleri haqqi'nda nelerdi bilip aldi'ni'z?*
2. *YUNISEF sho'lkemi ha'm woni'n xi'zmeti haqqi'nda ayti'p berin'.*
3. *«Balalar huquqlari' haqqi'nda»g'i' Konvenciyani'n' maqseti ne?*
4. *O'zbekistan Respublikasi ha'm YUNISEF qaysi' bag'darlarda birge islespekte?*

### WO'Z BETINSHE JUMI'S

Sizin' shan'arag'i'n'i'zda balalar qanday kesselliklerge qarsi' yemlengenligin ani'qlan' ha'm wolardi' da'pterin'izge jazi'p qoyi'n'.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




## 46-§. O'ZBEKISTAN G'A'REZSIZLIGININ' QOLG'A KIRGIZILIWI

**O'zbekistanni'n' birinshi Prezidenti.** O'zbekistan buri'ng'i' Sovet Awqami' qurami'nda koloniya yedi. XX a'sirdin' 80-ji'llari' buri'ng'i' Sovet Awqami'ni'n' kriziske ushi'rag'ani' ani'q ko'rindi. Koloniallі'q xali'qlardi'n', soni'n' ishinde, O'zbekistanni'n' g'a'rezsizlik ushi'n gu'resi bul krizisti ja'ne de ku'sheyttirdi.



**Islam Karimov.**

Usi'nday payi'tlarda O'zbekistang'a woni' g'a'rezsizlikke baslaytug'i'n, kerek bolsa, jani'n da pida' yetetug'i'n jolbasshi' — basshi' za'ru'r yedi. Bul za'ru'riyat Islam Abdig'anievich Karimovti' siyasat maydani'na shi'g'ardi'. Islam Karimov tez arada O'zbekistan basshi'si' yetip saylandi'. Wol ma'mleketimizdin' bir qatar basshi' lawazi'mlari'nda islep ta'jiriybe toplag'an yedi.

1990-ji'ldi'n' 24-marti'nda O'zbekistan tariyxi'nda birinshi ma'rte prezidentlik lawazi'm sho'lkemlestirildi. Sol ku'ni keleshekti aldi'nnan ko're ali'wshi' ha'm dani'shpan basshi', wo'zbek xalqi'ni'n' watandi' su'yiwshi perzenti, jolbasshi' Islam Karimov O'zbekistan Prezidenti yetip saylandi'.

Bul O'zbekistanni'n' g'a'rezsizligi ushi'n gu'resiw joli'nda a'hmiyetli tariyxi'y waqi'ya boldi'.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Yeste saqlan'!**

Prezident — belgili mu'ddetke saylanatug'i'n ma'mleket basshi'si'. Prezidentlik ma'mlekettegi yen' joqari' lawazi'm «Prezident» atamasi' lati'nsha so'z boli'p, bizin' tilimizde «aldi'nda woti'ri'wshi'» degen ma'nisti an'latadi'.

**O'zbekistanda ma'mleket g'a'rezsizliginin' ja'riyalani'wi'.** Prezident Islam Karimov O'zbekistanni'n' g'a'rezsizligin ta'miyinlewdi wo'zinin' tiykarg'i' wazi'ypasi' dep ja'riyaladi'. Sol waqi'tta O'zbekistandi' ma'mleketlik g'a'rezsizlikke ali'p keletug'i'n ilajlardi' izbe-izlik penen a'melge asi'ra basladi'. Wolardi'n' arasi'nda 1990-ji'li' qabi'l yetilgen «G'a'rezsizlik Deklaraciyasi'» u'lken tariyxi'y a'hmiyetke iye boldi'.

Tarqaw aldi'nda turg'an buri'ng'i' Sovet Awqami'ni'n' basshi'lari' 1991-ji'ldi'n' avgust ayi'nda ku'sh isletiw joli' menen buri'ng'i' Sovet Awqami'n saqlap qali'wg'a uri'ndi'. Biraq bul uri'ni'w sa'tsizlikke ushi'radi'. Isalm Karimovti'n' baslamasi' menen O'zbekistan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi 31-avgust ku'ni «O'zbekistan Respublikasi' Ma'mleketlik G'a'rezsizligi tiykarlari' haqqi'nda» Ni'zam qabi'l yetti. 1-sentyabr bolsa O'zbekistan Respublikasi'ni'n' G'a'rezsizlik ku'ni dep belgilendi. Solay yetip, du'nyani'n' siyasiy kartasi'nda jan'a ma'mleket — O'zbekistan Respublikasi' payda boldi'.

1991-ji'ldi'n' 29-dekabrinde Islam Abdig'anievich Karimov alternativ tiykari'nda g'a'rezsiz O'zbekistan Respublikasi'ni'n' Prezidenti yetip saylandi'.

**Wo'zin'izdi si'nan'**

- 1990-ji'l 24-mart — ... .
- 1991-ji'l 31-avgust — ... .
- 1991-ji'l 1-sentyabr — ... .

**O'zbekistan Respublikasi'ni'n' ma'mleketlik ni'shanlari'.** O'zbekistan ma'mleketlik g'a'rezsizlikke yeriskeninen keyin, wo'z ko'rinisin xali'q arali'q wo'lshemler tiykari'nda ko'rsetiwi tiyis yedi. Ma'mleketttin' ko'rinisin bolsa woni'n' ni'shanlari'nda ko'rinedi'. Ni'shanlar ma'mlekettin', xali'qti'n' wo'zine ta'n ta'replerin su'wretlewshi ti'msallar boli'p, ma'mleketti xali'q arali'q ko'lemde tani'tadi'. Woni'n' g'a'rezsiz yekenligin ko'rsetedi. Ma'mleketlerdi



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

bir-birinen aji'rati'p turadi'. Xali'qti'n' wo'z tag'dirin wo'zi belgilew huquqi'na iye bolg'anli'g'i'n an'latadi'. Wo'zinde xali'qti'n' wo'tmishi, bu'gini ha'm keleshegin, maqset tileklerin sa'wlelendiredi. Soni'n' ushi'n O'zbekistan da qi'sqa waqi't ishinde wo'z ma'mleketlik ni'shanlari'n qabi'l yetiwge kiristi.



O'zbekistan Respublikasi' Ma'mleketlik bayrag'i'.

> **Itibar berin'!**
>
> O'zbekistan Respublikasi' ni'zam menen belgilenetug'i'n wo'z ma'mleketlik ni'shanlari'na — bayraq, gerb ha'm gimine iye.
>
> O'zbekistan Respublikasi'
> Konstituciyasi', 5-statya



O'zbekistan Respublikasi' Ma'mleketlik gerbi.

Sonli'qtan, O'zbekistan Respublikasi' Ma'mleketlik bayrag'i' 1991-ji'ldi'n' 18-noyabrinde, Ma'mleketlik gerbi 1992-ji'l 2-iyulde, Ma'mleketlik gimni bolsa 1992-ji'li' 10-dekabrde tasti'yi'qlandi'. Siz ma'mleketimiz belgilerinin' mazmuni'n wolarda sa'wlelendirilgen ha'rbir ko'rinistin' qanday mag'anani' an'lati'wi'n «Konstituciya a'lemine sayaxat» sabaqlari'nda bilip alg'ansi'z.



Qaraqalpaqstan Respublikasi' bayrag'i'.

**Qaraqalpaqstan Respublikasi'.** O'zbekistan ma'mleketlik g'a'rezsizlikke yeriskennen son', Qaraqalpaqstang'a O'zbekistan qurami'ndag'i' g'a'rezsiz Respublika statusi' berildi. O'zbekler ha'm qaraqalpaqlar a'sirler dawami'nda birge, ag'a-inililerdey jasap keldi. Wolardi'n' qatnasi'qlari' dosli'q ha'm tuwi'sqanli'qqa tiykarlanadi'. Wolardi'n' tilleri de bir-birine jaqi'n.



Qaraqalpaqstan Respublikasi' gerbi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

O'zbekistan qurami'ndag'i' Qaraqalpaqstan Respublikasi' wo'zinin' Konstituciyasi'na, ma'mleketlik ni'shanlari'na, ni'zam shi'g'ari'wshi' ha'kimiyati'na ha'm hu'kimetine iye. Qaraqalpaqstan Respublikasi'nda ni'zam shi'g'ari'wshi' ha'kimiyatti' Joqarg'i' Ken'es a'melge asi'radi'.

### Wo'zin'izdi si'nan'

- 1991-ji'l 18-noyabr ... .
- 1992-ji'l 2-iyul ... .
- 1992-ji'l 10-dekabr ... .

### Atamalardi'n' mazmuni'n bilip ali'n'

**Gerb** — ma'mleket mo'rinde, pul ha'm hu'jjetlerde su'wretlengen, ma'mleketti tani'ti'wshi' ayri'qsha ayi'rmashi'li'qqa iye belgi.

**Bayraq** — qaysi' bir ma'mleketke yaki sho'lkemge qarasli' yekenligin an'latatug'i'n belgiler tu'sirilgen belgili wo'lshemdegi gezleme, ma'mleket g'a'rezsizliginin' tiykarg'i' ni'shani'.

**Alternativ** — saylanatug'i'n lawazi'mlarg'a talabanlardi'n' yekewden az bolmaytug'i'n qag'i'ydasi'.

**Ni'shan** — qandayda bir waqi'yani', jag'daydi' ko'rsetiwshi sha'rli belgi.

### Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. *O'zbekistanda Prezidentlik lawazi'mi'ni'n' sho'lkemlestiriliwi haqqi'nda ayti'p berin'.*
2. *«Prezident» so'zi ha'm woni'n' statusi'n ta'riyiplep berin'.*
3. *O'zbekistan Respublikasi' Ma'mleketlik g'a'rezsizliginin' ja'riyalani'wi' procesi qalay wo'tti?*
4. *Ma'mleketlerge ma'mleketlik ni'shanlardi'n' ne ushi'n kerekligin tu'sindirin'.*
5. *Qaraqalpaqstan Respublikasi' haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?*

## WO'Z BETINSHE JUMI'S

**A'hmiyetli tariyxi'y sa'neler**

*(Kesteni tolti'ri'n')*

| T/n | A'hmiyetli tariyxi'y sa'neler | Ju'z bergen a'hmiyetli tariyxi'y waqi'yalar ha'm qabi'llang'an hu'jjetler |
|---|---|---|
| 1 | | |
| 2 | | |
| 3 | | |
| 4 | | |



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 47-§. O'ZBEKISTAN EKONOMIKASI'NDAG'I' JETISKENLIKLER

**O'zbekistanni'n' da'n g'a'rezsizligi.** Biyday xalqi'mi'zdi'n' i'ri'sqi'si'. O'zbekistan g'a'rezsizlikke shekemgi da'wirlerde buri'ng'i' Sovet Awqami'n paxta menen ta'miyinlep keldi. O'zbekistanni'n' paxtasi'si'z buri'ng'i' Sovet Awqami'ni'n' toqi'mashi'li'q ka'rxanalari' jumi's ju'rgize almag'an. O'zbekistan wo'z xalqi' ushi'n za'ru'r g'a'llenin' tiykarg'i' bo'limin buri'ng'i' Sovet Awqami'nan wo'z paxtasi' yesabi'nan alatug'i'n yedi ha'm wol ji'li'na 3 million tonnag'a shamalasi'n quraytug'i'n yedi. Buri'ng'i' Sovet Awqami' tarqag'annan keyin, g'a'lleni shet yellerden sati'p ali'wg'a tuwra keldi. Biraq wo'z ara baylani'slardi'n' buzi'li'wi' na'tiyjesinde Respublikami'zda tek bir ha'ptege jeterlik g'a'lle menen qalg'an ku'nlerdi de basi'nan keshirdi.



G'a'lle wori'mi'.

Bunday awi'r sharayattan shi'g'i'w ushi'n Islam Karimovti'n' baslamasi' menen ma'mlekettin' da'n g'a'rezsizligine yerisiw haqqi'nda qarar qabi'llandi'. Wog'an baylani'sli' respublikada paxta yegiletug'i'n jer maydanlari' qi'sqarti'ldi'. Paxtadan bosag'an jerlerde g'a'lle jetistirile baslandi'. Sol waqi'tta ha'r gektar jerden ali'natug'i'n da'n wo'nimdarli'g'i'n artti'ri'w sharalari' ko'rildi. Bul ha'reket tez arada wo'z na'tiyjesin berdi.

**Yeste saqlan'!**

2003-ji'li' O'zbekistan da'n g'a'rezsizligine yeristi. Sol ji'li' O'zbekistan diyqanlari'ni'n' pida'kerlik miynetleri na'tiyjesinde ma'mleketimizde 5 mln. 100 mi'n' tonna g'a'lle jetistirildi. Bul 1991-ji'lg'a sali'sti'rg'anda 5,5 yese ko'p yedi.

O'zbekistan Qaharmani', O'zbekistan xali'q shayi'ri' Abdulla Oripov bul tabi'slarg'a yerisilgen ku'nlerde wo'zinin' «Wo'zbek nani'» degen qosi'g'i'nda to'mendegi qatarlardi' jazg'an yedi:



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

*Jurti'm, ulli'li'g'i'n' bildi ken' ja'ha'n,*
*Qoymalari'n' toldi' wo'z da'nin' menen.*
*Si'ylaysan' a'lemdi jayi'p dasturqan,*
*Miynetin'nen wo'ngen sol nani'n' menen.*

Miynetsu'ygish diyqanlari'mi'zdi'n' miynettegi yerlikleri na'tiyjesinde 2014-ji'li' respublikami'zda 8 mln. tonnadan zi'yat g'a'lle jetistirildi. Bu'gin O'zbekistan g'a'llesi ha'tte basqa ma'mleketlerge de sati'lmaqta.



**Neftti qayta islew zavodi'.**

**Neft g'a'rezsizligi.** Siz nefttin' ne yekenligin jaqsi' bilesiz. Woni'n' ja'miyet turaqli'li'g'i' ushi'n a'hmiyeti u'lken.

Soni'n' ushi'n da wol «qara alti'n» dep ataladi'. Neftten ali'natug'i'n wo'nimlerdi ko'z aldi'n'i'zg'a keltirin'. Bular benzin, kerosin, solyarka ha'm basqa da jani'lg'i'lar. Bularsi'z xali'q xojali'g'i'ni'n' heshbir tarawi' turaqli' xi'zmet ko'rsete almaydi'. Sonli'qtan, kerosinsiz samolyotlar usha almaydi'. Solyarkasi'z awi'l xojali'q texnikalari' ju'rmeydi. Benzinsiz transport qurallari' ha'reketlene almaydi'. Bir so'z benen aytqanda, neftti xali'q xojali'g'i'ni'n' tami'rlari'nda ag'i'p turg'an qang'a ten'ewimiz mu'mkin. Soni'n' ushi'n da neft wo'nimlerine bolg'an talap ji'ldan-ji'lg'a arti'p barmaqta. Wo'zin-wo'zi neft wo'nimleri menen ta'miyinlegen ma'mleket birewlerdin' qoli'na qarap woti'rmaydi'. O'zbekistanda AQSh ha'm Yaponiya menen birge islesiwde bir qatar neft ka'nleri iske tu'sti. Na'tiyjede, neft qazi'p ali'w ji'ldan-ji'lg'a arti'p bardi'.

**Yeste saqlan'!**

1995-ji'ldan O'zbekistan neft g'a'rezsizligine yeristi.

Ferg'ana ha'm Buxara neftti qayta islew zavodlari' respublikami'zdi'n' neft wo'nimlerine bolg'an talabi'n qanaatlandi'ri'p kelmekte.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Paxta qi'rmani'.

**O'zbekistan paxtasi'ni'n' du'nya ju'zindegi worni'.** O'zbekistan du'nya ju'zinde wo'zinin' paxtasi' menen de belgili. Respublikami'z du'nya ju'zinde paxta jetistiriw ha'm woni' shet ma'mleketlerge sati'w boyi'nsha jetekshi wori'nda turadi'. Paxta qi'mbat bahali' shiyki zat.

**Yeste saqlan'!**

Bir tonna paxtadan wortasha 320—350 kg paxta talshi'g'i' ali'nadi'. Bul talshi'qtan bolsa 3500 kvadrat metr gezleme toqi'w mu'mkin. Sonday-aq, 620 kg shigit ali'nadi'. Bul shigitten bolsa 110 kg paxta mayi', 225 kg gu'njara ha'm 175 kg sheluxa ha'm basqa wo'nimler ali'nadi'.

O'zbekistan paxtasi'nan ali'natug'i'n talshi'qti'n' sapasi' ju'da' joqari'. Soni'n' ushi'n da wog'an du'nya bazari'nda talap ju'da' u'lken.

Prezident Islam Karimovti'n' baslamasi' menen Tashkentte «Xali'q arali'q O'zbekistan paxta yarmarkasi'» wo'tkerilip kelmekte ha'm bul O'zbekistan paxtasi'ni'n' wo'zine ta'n du'nya bazari' wazi'ypasi'n atqarmaqta.

**Zamanago'y sanaat.** Zamanago'y sanaatsi'z xali'q xojali'g'i'n rawajlandi'ri'p bolmaydi'. Ko'z aldi'n'i'zg'a keltirin', elektr energiyasi'n (tok) islep shi'g'ari'w kemeyip ketti. Xosh, wonda ne boladi'? A'lbette, ha'mme sanaat ka'rxanalari' toqtap qaladi'. Mashinasazli'q sanaati'n ali'p qarayi'q. Zamanago'y awi'l xojali'q texnikalari'si'z qalay yetip awi'l xojali'g'i'nda jumi's ju'rgiziw mu'mkin? Mashinasazli'q sanaati'si'z O'zbekistan zamanago'y jen'il avtomobiller islep shi'g'ari'wshi' ma'mleketke aylana alarma yedi? Bir-birinen a'jayi'p jen'il mashinalar islep shi'g'ari'li'p ati'rg'anli'g'i'na wo'zlerin'iz de guwasi'z.

Ximiya sanaati'si'z da awi'l xojali'g'i'ni'n' rawajlani'wi'n ko'z aldi'mi'zg'a keltirip bolmaydi'. Mineral to'ginler ja'rdeminde



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

yeginlerdin' hasi'ldarli'g'i'n artti'ri'w, ximiyali'q da'riler menen bolsa awi'l xojali'g'i' zi'yankeslerine qarsi' gu'resiw mu'mkin.

Azi'q-awqat sanaati' xali'qti' ha'r tu'rli azi'q-awqat wo'nimleri menen ta'miyinlew imkaniyati'n beredi. Solay yeken, respublikami'zda sanaatti' rawajlandi'ri'w ma'selesine bunnan keyin de u'lken itibar beriledi.

### Wo'zin'izdi si'nan'

- Ximiya sanaati' bolmasa ... .
- Neft sanaati' bolmasa ... .

### Atamalardi'n' mazmuni'n bilip ali'n'

**Ekonomika** — ma'mleket xalqi'n barli'q za'ru'r zatlar menen ta'miyinlewshi xojali'q, wo'ndiris.

**Texnika** — insan miynetin jen'illestiriwshi ha'm miynet wo'nimdarli'g'i'n artti'ri'wg'a xi'zmet yetetug'i'n wo'ndiris qurallari'.

**Yarmarka** — isbilermenler ha'm islep shi'g'ari'wshi'lardi'n' ko'rgizbege qoyi'lg'an wo'nimlerin ko'tere sati'w ha'm sati'p ali'w maqsetinde wo'tkeriletug'i'n ji'yi'n.

### Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. *Ne ushi'n O'zbekistanda da'n g'a'rezsizligin ta'miyinlew za'ru'r yedi?*
2. *Da'n g'a'rezsizligine yerisiw joli'nda qanday ilajlar a'melge asi'ri'ldi' ha'm wolar qanday na'tiyje berdi?*
3. *Neft g'a'rezsizligine yerisilmey turi'p, wo'ndiristi rawajlandi'ri'w mu'mkin yemesligine da'liller keltirin'.*
4. *O'zbekistan paxtasi'ni'n' ja'ha'n bazari'nda tutqan worni' haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?*
5. *Sanaatti'n' ma'mleket ekonomikasi'nda tutqan worni' wog'ada u'lken yekenligine da'liller keltirin'.*

### WO'Z BETINSHE JUMI'S

1. Siz jasap ati'rg'an rayonda sanaatti'n' qaysi' tarmag'i' bar? Ata-anan'i'zdi'n' ja'rdeminde sol tarmaqti'n' rayon turmi'si'nda tutqan worni' haqqi'nda mag'luwmat toplan'.
2. Ata-anan'i'z ja'rdeminde paxta ha'm g'a'lle jetistiriwde wo'zin'iz jasap ati'rg'an rayonda usi' ji'li' qanday jetiskenliklerge yeriskenligi haqqi'nda mag'luwmat toplan'.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 48-§. RUWXI'Y HA'M AG'ARTI'WSHI'LI'Q JAQTAN JETILISIW

**Milliy ha'm ruwxi'y qa'diriyatlari'mi'zdi'n' tikleniwi.** Milliy ha'm ruwxi'y qa'diriyatlar a'sirler dawami'nda jarati'ldi'. Wolar da'wir ha'm turmi's wo'zgeriwi menen joq boli'p ketpeydi.

Kerisinshe, keyingi a'wladlar ushi'n miyras boli'p qaladi'. Keyingi a'wladlar bolsa wolardi' ja'ne de bayi'tadi'. Wolar da wo'zinen keyingi a'wladqa miyras yetip qaldi'radi'.

**Yeste saqlan'!**

Qa'diriyat (a'hmiyetli, qi'mbat bahali', xali'q bayli'g'i')insanlar ushi'n wog'ada qa'dirli, qi'mbatli' bolg'an barli'q zatlar boli'p yesaplanadi'.

Wo'zbek xalqi' wo'tmishte barli'q xali'qlar ha'wes qi'lsa arzi'y-tug'i'n qa'diriyatlar jaratqan. Biraq wolardi'n' ko'pshiligi O'zbekistan koloniya bolg'an ji'llari' jerge uri'ldi'. G'a'rezsizlikten son' bul qa'diriyatlar basqi'shpa-basqi'sh tiklene basladi'.

Wo'zbek tili — wo'zbek xalqi'ni'n' ana tili, ulli' qa'diriyati'. Kolonialli'q ji'llari' wol yekinshi da'rejeli til qatari'na tu'sirip qoyi'ldi'. Woni'n' qollani'w worni' shegaralani'p qaldi'. Bul jag'day wo'zbek xalqi'ni'n' milliy maqtani'shi'n kemsitti. Bul awhalg'a shek qoyi'w ushi'n Prezidentimiz Islam Karimovti'n' baslamasi' menen 1989-ji'li'-aq wo'zbek tiline ma'mleketlik til biyligi berildi.

**Nawri'zdi'n' tikleniwi.** Nawri'z bayrami' xalqi'mi'zdi'n' a'y-yemgi qa'diriyatlari'nan biri. Wol a'yyemde sonday qa'dirli bayram bolg'an, wol belgilenip ati'rg'an ku'nlerde ha'tte uri'slar toqtati'lg'an.

Nawri'z jaqsi'li'q, miyrim-sha'pa'ha't ha'm mu'riybet bayrami' si'pati'nda da ju'da' qa'dirlengen. Nawri'zdi'n' ja'ne bir wo'zine ta'n ta'repi sonda, tap wol belgilenetug'i'n waqi'tta xalqi'mi'z i'ri'sqi'-nesiybesinin' tiykari' bolg'an diyqanshi'li'q islerin baslag'an. Nawri'z mine usi'nday wo'zgesheliklerine qaray yen' su'yikli bayramg'a aylang'an. Biraq O'zbekistan koloniya bolg'an



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

da'wirlerde Nawri'z yeskilik qaldi'g'i' dep dag'azalani'p ha'm woni' bayramlaw qadag'an yetip qoyi'ldi'.

1990-ji'li' O'zbekistan hu'kimeti bug'an shek qoydi'. Sol ji'l-dan baslap respublikami'zda Nawri'z qayta tiklendi. 21-mart Nawri'z milliy xali'q bayrami' ha'm de dem ali's ku'ni dep belgilendi. Respublika xalqi' buni' u'lken ko'terin'kilik penen ku'tip aldi'.

Nawri'z bir ay dawam yetedi. Xalqi'mi'z Nawri'z ku'nlerinde uluwma xali'qli'q shembilikler sho'lkemlestiredi. Jaqi'n-a'tirapti' tazalaydi', abadanlasti'ri'w ilajlari'n wo'tkeredi. Na'ller ha'm gu'ller woti'rg'i'zi'ladi'. Xalqi'mi'zdi'n' yen' su'ykimli tag'ami' — su'melek dastu'rqang'a tarti'ladi'.

Bunnan ti'sqari', Nawri'zda jetim-jesirler, mayi'plar ha'm kem ta'miyinlengen shan'araqlarg'a mu'riybet ko'rsetiledi.

**Diniy bayram-hayi'tlardi'n' tikleniwi.** O'zbekistan musi'l-manlari' da ha'r ji'li' mu'ba'rek Qurban hayi'ti' ha'm Woraza (Ramazan) hayi'ti'n belgileydi. O'zbekistan Prezidenti Islam Karimovti'n' baslamasi' menen 1991-ji'ldan baslap Qurban hayti' ha'm 1992-ji'ldan baslap Ramazan hayi'ti'ni'n' birinshi ku'ni demali's ku'ni dep belgilengen.



Imam al-Buxariy maqbarasi'.

**Ulli' babalari'mi'z atlari'ni'n' tikleniwi.** 1991-ji'li'-aq ulli' sha-yi'r, wo'zbek klassik a'debiya-ti'ni'n' tiykari'n sali'wshi' Alisher Nawayi'ni'n' 550 ji'lli'g'i' bel-gilendi. Bul ulli' sa'nege bag'i'shla-ni'p woni'n' shi'g'armalari' qayta basi'p shi'g'ari'ldi'. Tashkent qa-lasi'nda sawlatli' yestelik wor-nati'ldi'. Woni'n' ati' menen ata-li'wshi' O'zbekistan Milliy bag'i' jarati'ldi'. Islam Karimov yestelik ha'm Milliy bag'di'n' ashi'li'w ma'resiminde so'ylegen so'zinde Alisher Nawayi'ni' milliy maqtani'-shi'mi'z dep qa'dirledi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

O'zbekistanni'n' g'a'rezsizlikten aldi'ng'i' ji'llari'nda ati' ha'm ulli' xi'zmetleri umi'ti'li'wi' kerek bolg'an, negizinde maqtani'shi'mi'z bolg'an babami'z Amir Temurdin' ati'ni'n' qayta tikleniwi u'lken tariyxi'y waqi'ya boldi'.

O'zbekistan du'nyag'a tek ilimnin' ali'mlari'n g'ana yemes, wol sol waqi'tta, diniy ulamalari'n da tayarlap bergen u'lke boli'p tabi'ladi'. Prezident Islam Karimovti'n' baslamasi' menen ma'mleketimiz g'a'rezsizligi ji'llari'nda wolardi'n' da atlari' tiklendi. Sonli'qtan, watanlaslari'mi'z — hadis iliminin' ulli' tulg'alari' Imam al-Buxariy tuwi'lg'ani'ni'n' 1225 ji'lli'g'i', Abu Isa at-Termiziy tuwi'lg'ani'ni'n' 1200 ji'lli'g'i' belgilendi.

Bunnan ti'sqari', ataqli' islam ni'zam tani'wshi'si' Burhaniddin Marg'inaniy tuwi'lg'ani'ni'n' 910 ji'lli'g'i', islam dini tiykarlari'n tu'sindirip beriw iliminin' belgili tulg'asi' Abu Mansur Maturidiy tuwi'lg'ani'ni'n' 1130 ji'lli'g'i' da belgilendi. Wolardi'n' hu'rmetine bag'i'shlap a'jayi'p arxitekturali'q yestelikler wornati'ldi'.



**Burhaniddin Marg'inaniy maqbarasi'.**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Yubiley saltanatlari'ni'n' ha'mmesinde Prezident Islam Karimov qatnasti'.

**Ma'mleketimizde milletler arali'q tati'wli'q.** O'zbekistan da ko'p milletli ma'mleket. Wonda 130 dan aslam millet ha'm yelat wa'killeri jasaydi'. Wo'zbek xalqi'na basqa milletlerdi mensinbewshilik yamasa wolarg'a to'men ko'zqaras penen qaraw a'deti jat na'rse. Wol a'sirler dawami'nda basqa xali'qlar wa'killeri menen ti'ni'sh-tati'w jasap kelgen ken' peyil, dosli'qti' qa'dirlewshi xali'q. G'a'rezsizlik ji'llari' hu'kimetimiz milletler arali'q tati'wli'qti' ja'ne de bekkemlew ilajlari'n ko'rdi. Da'slep, O'zbekistanni'n' ha'rbir puqarasi' qaysi' milletke tiyisliligine qaramastan, ni'zam aldi'nda ten' dep ja'riyalandi'. Milletine qaramastan ha'rbir puqara qa'lbine, sanasi'na birden-bir Watan ideyasi' sin'dirile basladi'.

Wo'zbek tiline ma'mleketlik til biyligi berilgen bolsa da, basqa tiller de kemsitilgen joq.

Sonli'qtan, Respublikami'zdi'n' uluwma worta bilim beriw mekteplerinde woqi'ti'w wo'zbek tilinen basqa ja'ne 6 tilde (qaraqalpaq, qazaq, tu'rkmen, rus, ta'jik, qi'rg'i'z tillerinde) ali'p bari'lmaqta. Sabaqli'qlar da 7 tilde basi'p shi'g'ari'ladi'.

Barli'q millet ha'm yelatlardi'n' tilleri, u'rp-a'detleri ha'm da'stu'rleri ni'zam menen qorg'almaqta. Wolardi'n' rawajlani'wi' ushi'n barli'q sharayatlar jarati'li'p berildi.

Basqa millet wa'killerine wo'zlerinin' milliy talaplari'n yerkin qanaatlandi'ri'w ushi'n wo'zinin' milliy-ma'deniy woraylari'n du'ziwge ruqsat yetildi. Milletler arali'q tati'wli'qti' ta'miyinlew boyi'nsha a'melge asi'ri'lg'an jumi'slar O'zbekistan xalqi'ni'n' birligin, bekkemligin ha'm ti'ni'shli'g'i'n ta'miyinlewge xi'zmet yetedi. Bul bolsa O'zbekistanni'n' biybaha bayli'g'i' boli'p yesaplanadi'.



Qurani' Karim.

**Diniy ken' peyillik**. Ha'rbir ma'mleket turmi'si'ni'n' ti'ni'sh wo'tiwi, puqaralari'ni'n' ti'ni'sh-tati'w jasawi' diniy ken' peyilliktin' qanshelli bekkemliginede baylani'sli'.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Yeste saqlan'!**

Diniy ken' peyillik — watani' bir, biraq diniy isenimi ha'r qi'yli' bolg'an puqaralardi'n' bir-birinin' diniy isenimlerin hu'rmet yetiw boli'p tabi'ladi'. Birden-bir ulli' maqset joli'nda ja'mlesip, birgelikte ha'm tati'wli'qta jasawi' boli'p tabi'ladi'.

Insaniyatti'n' wo'tmish tariyxi' diniy qi'rg'i'nlarg'a da toli' bolg'an. Sonli'qtan, Franciyada bir 1572-ji'li' ju'z bergen diniy qi'rg'i'nshi'li'qta bir ha'pte ishinde 30 mi'n' adam qurban bolg'an. Tilekke qarsi', ha'zirgi ku'nde de du'nya diniy qi'rg'i'nlardan toli'q quti'la alg'an joq.

O'zbekistan aymag'i'nda buri'nnan ha'r tu'rli dinler birge jasap keldi. Wolarg'a iseniwshiler wo'z diniy ma'resimlerin yerkin atqari'p kelgen. Sebebi, wo'zbek xalqi' a'zelden ken' peyil xali'q. Bu'gingi ku'nde Respublikami'zda 15 ten arti'q diniy isenimge tiyisli diniy sho'lkemler xi'zmet yetpekte.



**Tashkenttegi rus pravoslav chirkewi.**

Wolardi'n' ni'zam aldi'nda ten'ligi haqqi'nda qag'i'yda belgilep qoyi'ldi'. Wo'z xi'zmetlerin yerkin a'melge asi'ri'wlari' ushi'n sharayat jarati'p berildi. Solay yetip, ha'r tu'rli diniy isenimlerge a'mel yetiwshi ma'mleketimiz puqaralari' wortasi'nda diniy ken' peyillik ja'ne de bekkemlendi.

Wolar basli' ideyami'zg'a tiykar bolg'an «Azat ha'm abat Watan, yerkin ha'm pa'rawan turmi's jarati'w»day ulli' wa'zi'ypani' iske asi'ri'wda bahali' u'les qosi'p kelmekte.

**Wo'zin'izdi si'nan'**

- O'zbekistanda ... jasaydi'.
- O'zbekistanda 15 ten arti'q ... .

**Atamani'n' mazmuni'n bilip ali'n'**

**Hadis ilimi** — Muxammed payg'ambardi'n' aytqan so'zleri, islegen isleri ha'm ko'rsetpelerin toplap, wolardi'n' isenimlerin tan'law ilimi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

### Soraw ha’m tapsi’rmalar

1. *«Qa’diriyat» so’zinin’ ma’nisine tu’sinik berin’. Ne ushi’n qa’diriyatlardi’ tiklew za’ru’r yedi?*
2. *O’zbekistanda wo’zbek xalqi’ni’n’ a’sirlik qa’diriyatlari’ni’n’ tiklengenligine da’liller keltirin’.*
3. *Ulli’ babalari’mi’z atlari’ni’n’ tikleniwi haqqi’nda nelerdi bilip aldi’n’i’z?*
4. *Milletler arali’q tati’wli’q qalay ta’miyinlendi?*
5. *«Diniy ken’peyillik» tu’sinigine ta’riyip berin’. O’zbekistanda diniy ken’peyillikti bekkemlew boyi’nsha qanday isler a’melge asi’ri’ldi’?*

### WO’Z BETINSHE JUMI’S

1. Ma’ha’llen’izde bul ji’l Nawri’z bayrami’ qalay belgilengenligi haqqi’nda mag’luwmat toplap kelin’.
2. Ma’ha’llen’izde Woraza ha’m Qurban haytlari’ni’n’ qalay belgileniwi haqqi’nda mag’luwmat toplap kelin’.

## 49-§. O’ZBEKISTAN HA’M DU’NYA JU’ZI

**O’zbekistanni’n’ ma’mleketlik g’a’rezsizligin du’nya ju’zi ma’mleketlerinin’ ta’n ali’wi’.** O’zbekistanni’n’ ma’mleketlik g’a’rezsizligi du’nya ju’zi ma’mleketleri ta’repinen izbe-iz ta’n ali’na basladi’. G’a’rezsiz O’zbekistan shet ma’mleketler menen ten’lik tiykari’nda birge islesiwdi basladi’. O’zbekistan Prezidenti Islam Karimov tan’lang’an jol haqqi’nda bi’lay degen yedi: «O’zbekistan hesh kimnen sadaqa soramaydi’, tek ten’be-ten’ birge islewge tayar».

O’zbekistan, da’slep, Rossiya Federaciyasi’ menen ha’r ta’repleme birge islesiwge u’lken itibar berdi. Yeki ma’mleket wortasi’nda awqamlasli’q qatnasi’qlari’ haqqi’nda sha’rtnamag’a qol qoyi’ldi’. Sha’rtnama ha’r yeki ma’mleket ma’plerine birdey xi’zmet yetpekte. Rossiya Federaciyasi’ O’zbekistanni’n’ sawda boyi’nsha yen’ iri birge islewshisi boli’p yesaplanadi’.

O’zbekistan Aziyani’n’ Qi’tay, Qubla Koreya, Yaponiya, Malaziya ha’m Singapur si’yaqli’ yen’ rawajlang’an ma’mleketleri menen bekkem birge islesiwdi jolg’a qoya aldi’. Yelimizde bul ma’mleketlerdin’ qatnasi’nda sho’lkemlestirilgen ko’plegen qospa ka’rxanalar xi’zmet ko’rsetpekte. Wolar menen sawda-ekonomikali’q baylani’slar barg’an sayi’n rawajlani’p barmaqta.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Sonli'qtan, 2013-ji'li' O'zbekistan menen Qi'tay wortasi'nda sawda aylani'si' 5 mlrd. AQSh dollari'nan asti'.



O'zbekistan Prezidenti Islam Karimov ha'm Rossiya Federaciyasi' Prezidenti Vladimir Putin.

O'zbekistan Qi'tay menen Aziyada bekkem ti'ni'shli'q ha'm qa'wipsizlikti ta'miyinlew boyi'nsha da, jaqi'nnan birge islemekte. Islam Karimovti'n' 2014-ji'li' Qi'tayda Qi'tay basshi'si'ni'n' O'zbekistanda boli'wi' ha'r yeki ma'mleket wortasi'ndag'i' baylani'slardi' ja'ne de bekkemlewge xi'zmet yetpekte.

Qubla Koreya Respublikasi' da O'zbekistanni'n' Aziyadag'i' iri sherikleslerinin' biri yesaplanadi'.



O'zbekistan Prezidenti Islam Karimov ha'm Qi'tay Xali'q Respublikasi' basli'g'i' Su Szinpin.

Qubla Koreya menen birge islesiw O'zbekistanni'n' du'nyada jen'il avtomobil islep shi'g'ari'wshi' ma'mleketke aylani'wi'nda a'hmiyetli rol woynadi'. Qubla Koreyani'n' «DAEWOO» kompaniyasi' menen birlikte Asaka qalasi'nda avtomobil zavodi' quri'ldi'.

1996-ji'li' 26-mart ku'ni birinshi avtomobil islep shi'g'ari'ldi'. Solay yetip, O'zbekistan du'nya ju'zinde avtomobil islep shi'g'ari'wshi' 28-ma'mleketke aylandi'. O'zbekistan Yaponiya menen de wo'z ara ma'pdar birge islesip kelmekte. Ma'mleketimizde wonnan aslam O'zbekistan — Yaponiya qospa ka'rxanalari' xi'zmet ko'rsetpekte.

O'zbekistan du'nyani'n' yen' qu'diretli ma'mleketi AQSh penen, woni'n' bir qatar kompaniya ha'm korporaciyalari', atap aytqanda, «Jeneral Motors» korporaciyasi' menen birge islespekte. Bul korporaciya menen birgelikte «Asaka» zavodi'nda ha'r tu'rli modellerdegi zamanago'y jen'il avtomobiller, Tashkent wa'layati'nda bolsa wolar ushi'n dvigatel (motor) islep shi'g'ari'lmaqta.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



O'zbekistan Prezidenti Islam Karimov ha'm Qubla Koreya Respublikasi' Prezidenti Pak Kin Xe.

**O'zbekistan regionalli'q sho'lkemler ag'zasi'.** O'zbekistan regionalli'q sho'lkemler menen de birge islesedi. Wolardi'n' ishinde G'a'rezsiz Ma'mleketler Dosli'q Awqami' (G'MDA) ha'm Shanxay birge islesiw sho'lkemi (ShBSh) ayri'qsha wori'n tutadi'. 1991-ji'li' sho'lkemlestirilgen G'a'rezsiz Ma'mleketlerdin' Dosli'q Awqami' sho'lkemine Rossiya Federaciyasi', Ukraina, Belarussiya, O'zbekistan, Tajikstan, Qazaqstan, Qi'rg'i'zstan, Tu'rkmenstan, Azerbayjan, Armeniya ha'm Moldaviya ma'mleketleri ag'za. Wolardi'n' barli'g'i' buri'ng'i' Sovet Awqami' qurami'ndag'i' respublikalar yedi. G'MDAni' du'ziwden go'zlengen tiykarg'i' maqset — wog'an ag'za ma'mleketler wortasi'nda uzaq ji'llar dawami'nda wornati'lg'an ekonomikali'q baylani'slardi' saqlap qali'w yedi. Bug'an ha'r ta'repleme yerisildi de. Sol waqi'tta, G'MDA buri'ng'i' Sovet Awqami' aymag'i'nda puqaralar uri'si'ni'n' aldi' ali'ndi'. Ag'za ma'mleketlerdin' wo'z g'a'rezsizligin bekkemlewde bir-birine ja'rdem beriwge yeristi.

O'zbekistan ag'za bolg'an ja'ne bir regionalli'q sho'lkem — Shanxay Birge islesiw Sho'lkemi (ShBSh). Bul sho'lkem Qi'taydi'n' Shanxay qalasi'nda Qi'tay, Rossiya Federaciyasi', Qazaqstan, Ta'jikstan, Qi'rg'i'zstan ha'm O'zbekistan ma'mleketleri ta'repinen du'zildi. Sho'lkemge ag'za ma'mleketler terrorshi'li'q, bo'liniwshilik ja'ne ekstremizmdi «u'sh jawi'z ku'sh» dep yesaplaydi'.

### Atamalardi'n' mazmuni'n bilip ali'n'

**Bo'liniwshilik** — ma'mleket aymag'i'ni'n' bir bo'limin aji'rati'p ali'p, wol jerde jan'a ma'mleket du'ziw ushi'n gu'res.[1]

**Kompaniya** — sawda yaki sanaat tarawi'nda is ju'rgiziwshi isbilermenler birlespesi.[2]

---

[1] O'TIL. — T.: «ЎзМЭ». 2006. 1-tom. 53-bet.
[2] O'TIL. — T.: «ЎзМЭ». 2006. 2-tom. 396-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Korporaciya** — rawajlang'an iri akcionerlik ja'miyeti.[1]

**Region** — jer ju'zinin' qandayda bir bo'legi.

**Terrorizm** (terrorshi'li'q) — wo'z maqsetine yerisiw joli'nda qarsi'laslari'n qorqi'ti'w, joq qi'li'w, xali'q arasi'nda qa'weter keltirip shi'g'ari'w maqsetinde islenetug'i'n zorli'q ha'reketi.[2]

**Ekstremizm** — wo'z maqsetine yerisiw joli'nda yen' keskin sharalardi' qollani'wg'a ta'repdarli'q.[3]

## Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. *O'zbekistan ha'm Rossiya Federaciyasi' qatnasi'qlari' O'zbekistanni'n' basqa ma'mleketleri menen bolg'an qatnasi'qlari'nan qaysi' ta'repleri menen aji'raladi'?*
2. *O'zbekistanni'n' Aziyadag'i' tiykarg'i' sawda-ekonomikali'q sheriklesleri bolg'an ma'mleketler menen qatnasi'qlari'na tiyisli mag'luwmatlardi' keltirin'.*
3. *O'zbekistanni'n' AQSh penen birge islesiwi haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?*
4. *G'a'rezsiz Ma'mleketler Dosli'q Awqami' qanday maqsette du'zilgen?*
5. *Shanxay Birge islesiw Sho'lkeminin' tiykarg'i' wazi'ypalari' nelerden ibarat?*

## WO'Z BETINSHE JUMI'S

**O'zbekistan ag'za bolg'an xali'q arali'q ha'm regionalli'q sho'lkemler haqqi'nda nelerdi bilesiz?**

*(Kesteni tolti'ri'n')*

| T/n | Xali'q arali'q sho'lkemlerdin' ati' | Sho'lkemlestirilgen sa'ne | Sho'lkemnin' tiykarg'i' wazi'ypasi' | O'zbekistan ag'za boli'p kirgen waqi't | Xali'q arali'q sho'lkem du'zgen si'yli'q |
|---|---|---|---|---|---|
| 1. | BMSh | | | | |
| 2. | YUNESKO | | | | |
| 3. | YUNISEF | | | | |
| 4. | G'MDA | | | | |
| 5. | ShBSh | | | | |

[1] O'TIL — T.: «ЎзМЭ». 2006. 2-tom. 408-bet.
[2] O'TIL — T.: «ЎзМЭ». 2006. 4-tom. 76-bet.
[3] O'TIL — T.: «ЎзМЭ». 2006. 8-tom. 28-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



# XII bap. DU’NYA JU’ZI XALI’QLARI’ XXI A’SIRDE

## 50 — 51-§. DU’NYA JU’ZI QA’WIPSIZLIGINE QA’WIP

**Insaniyat ti’ni’shli’g’i’na qa’wip tuwdi’ri’p ati’rg’an ku’shler.** Bu’gingi ku’nde insaniyat ti’ni’shli’g’i’na regionli’q kelispewshilikler, xali’q arali’q terrorshi’li’q, diniy ekstremizm ha’m de insaniyatti’n’ ta’biyatqa bolg’an woysi’zli’q mu’nasibeti na’tiyjesinde payda bolg’an ekologiyali’q mashqalalar yen’ ko’p da’rejede qa’wip tuwdi’rmaqta.

O’zbekistan Prezidenti Islam Karimov 1997-ji’li’-aq «O’zbekistan XXI a’sir bosag’asi’nda» atli’ shi’g’armasi’nda bulardi’n’ insaniyat ti’ni’shli’g’i’na keltirgen qa’wpinin’ ko’lemi ha’m aqi’betleri haqqi’nda toli’q ayti’p wo’tken yedi.

**Regionli’q kelispewshilikler ha’m wolardi’n’ qa’wpi.** Regionli’q kelispewshilik — Jer ju’zinin’ qaysi’ bir bo’liminde ma’mleketler wortasi’nda kelip shi’qqan wo’z ara kelispewshilikler yaki qaysi’ bir ma’mleket aymag’i’nda boli’p ati’rg’an puqaralar uri’si’ boli’p yesaplanadi’. Qon’si’mi’z Awg’anstanda ju’z bergen puqaralar uri’si’ bug’an ani’q mi’sal boladi’. Bul ma’mleket puqaralari’ 35 ji’ldan arti’q waqi’ttan berli ti’ni’shli’q ne yekenligin bilmeydi.

Regionli’q kelispewshiliklerdin’ insaniyat ti’ni’shli’g’i’na tuwdi’ri’p ati’rg’an qa’wip nede?

Da’slep, wolar qon’si’ ma’mleketlerde ti’ni’shli’qti’ qa’wip asti’na qoyadi’. Yekinshiden, puqaralar uri’si’ qashaqlar mashqalasi’n keltirip shi’g’aradi’.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

U'shinshiden, regionli'q kelispewshilikler aralasi'p qalg'an aymaqlar na'shebentlik zatlar aylani'si'ni'n' ko'beyiwine, xali'q arali'q terrorshi'li'q ha'reketinin' ku'sheyiwine, ni'zamsi'z qural-jaraq sawdasi'ni'n' ha'wij ali'wi'na ali'p ketmekte.

Biz du'nyani'n' ha'r tu'rli u'lkelerinde dawam yetip ati'rg'an qarama-qarsi'li'qlardi' tek g'ana siyasiy jol menen ti'ni'shli'q joli' menen sheshiw ta'repdari'mi'z.[1]

**Xali'q arali'q terrorshi'li'q.** XX a'sirdin' aqi'ri' XXI a'sirdin' baslari'nda xali'q arali'q terrorshi'li'q insaniyat basi'na u'lken qa'wip tuwdi'ra basladi'.

Xali'q arali'q terrorshi' ku'shler ma'mleket basshi'lari'na, yelshilerge qasti'yanshi'li'q yetiw ha'm urlaw, adamlardi' girewge ali'w, xali'q arali'q sho'lkemler imaratlari'n, aeroport ha'm vokzallardi' jari'p jiberiw, samolyotlardi' ali'p qashi'w si'yaqli' qa'wipli ji'nayatlardi' islemekte.

Ha'zirgi ku'nde du'nya ju'zinin' heshbir ma'mleketi wo'zin xali'q arali'q terrorshi'li'q qa'wpinen awlaqpi'z dep yesaplay almaydi'. Xali'q arali'q terrorshi' ku'shler 2001-ji'ldi'n' 11-sentyabrinde ha'tte AQShta da qa'wipli ji'nayatlar isledi. Terrorshi'lar sol ku'ni wo'zleri iyelep alg'an samolyotlarda Nyu-York qalasi'nda jaylasqan xali'q arali'q «Sawda worayi'»ni'n' ko'kke tiyip turg'an biyik imarati'n wayran yetti. Aqi'betinde mi'n'lap adamlar qurban boldi'.

Xali'q arali'q terrorshi' ku'shler Rossiya Federaciyasi'nda da bir qatar qa'wipli ji'nayatlardi' islegenine tariyx guwa. A'sirese, 2004-ji'li' Beslan qalasi'ndag'i' worta mektepte jan'a woqi'w ji'li' baslanatug'i'n 1-sentyabr ku'ni islengen ji'nayat yen' jawi'zli'q ji'nayatlardi'n' biri boldi'.

Bul ji'nayat du'nya ju'zinin' barli'q ti'ni'shli'q ta'repdarlari'n la'rzege keltirdi. Sebebi ji'nayat na'tiyjesinde mektep woqi'wshi'lari' da qurban boldi'.

**Diniy ekstremizm.** XX a'sirdin' aqi'rlari'nda diniy ekstremizm de ku'sheydi.

---

[1] *Islam Karimov.* Wo'tkenlerdi yeslew, kekselerdi qa'dirlew — bizin' perzentlik wazi'ypami'z. «Xalq so'zi» gazetasi'. 2015-ji'l. 11-may.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ekstremizm — maqsetke yerisiwdin' keskin sharalari' — qorqi'ti'w, ku'sh isletiw ha'm terrorshi'li'q joli' degendi bildiredi. Ekstremizmdi diniy aidaparastli'q (iseniwshilik) keltirip shi'g'ardi'.

Diniy aqidaparastli'q — wo'z wo'mirin jasap bolg'an, yeskirgen diniy qag'i'ydalardi' saqlap qali'w ushi'n gu'resiw boli'p tabi'ladi'. Diniy aqidaparastlar jer ju'zinin' ha'r tu'rli ma'mleketlerinde, soni'n' ishinde O'zbekistanda da diniy ni'zamlar tiykari'nda basqari'latug'i'n ma'mleket du'ziw ushi'n gu'resti. Wolar 1999-ji'ldi'n' 16-fevrali'nda Tashkentte O'zbekistan Prezidenti Islam Karimovqa qarsi' qasti'yanshi'li'q islerin sho'lkemlestirdi, 2005-ji'li' bolsa Andijan qalasi'nda ja'ne bas ko'terdi.

Biraq, O'zbekistan xalqi' wolardi'n' talabi'n qabi'l yetpedi. Aqi'betinde, aqidaparast-lardi'n' rejeleri a'melge aspadi'. Biraq, diniy aqidaparast ku'shler wo'z maqsetlerinen yele de waz keshken joq.

**Wo'zin'izdi si'nan'**
- Diniy aqidaparastli'q — bul ... .
- Terrorshi'li'q — ... .

**Ekologiyali'q mashqalalar.** Insaniyat qa'wipsizligine ekologiyali'q mashqalalar da u'lken qa'wip tuwdi'rmaqta.

Bul mashqala insaniyatti'n' ta'biyatqa aqi'lg'a muwapi'q yemes, jawi'zli'q qatnasi' aqi'betinde kelip shi'qti'.

Du'nya ma'mleketleri qatari'nda O'zbekistan da ekologiyali'q mashqalalardan shette yemes. O'zbekistandi' a'sirese «Aral apatshi'li'g'i'» dep atali'wshi' ekologiyali'q mashqala ta'shwishke salmaqta. Aral apatshi'li'g'i' uzaq ji'llar dawami'nda Aral ten'izine A'miwda'rya ha'm Si'rda'ryadan jeterli mug'darda suw ag'i'p kelmewinin' aqi'betinen kelip shi'qti'. Bir waqi'tlari' a'jayi'p ha'm go'zzal bolg'an Aral ten'izi bu'gingi ku'nde derlik quri'p ha'm joq boli'p barati'rg'an ko'lge aylanbaqta.

---

[1] *I. Karimov*. «O'zbekiston XXI asr bo'sag'asida». — T.: «O'zbekiston» NMIU. 1997.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Yeste saqlan'!**

Keyingi 40 ji'l ishinde Aral ten'izinin' ko'lemi 7 ma'rtege, suwi'ni'n' ko'lemi bolsa 13 ma'rte azaydi'.[1]

Bar suwdi'n' da shorlani'w da'rejesi won yesege asi'p ketti. Ten'iz haywanlardi'n' jasawi' ushi'n jaramsi'z boli'p qaldi'. Na'tiyjede barli'q haywanat ha'm wo'simlik du'nyasi' apatshi'li'qqa ushi'radi'.

**Ti'ni'shli'q ushi'n gu'res joli'ndag'i' birge islesiw.** O'zbekistan g'a'rezsizliktin' da'slepki ku'nlerinen-aq Awg'anstan mashqalasi'n sheshiwge qarati'lg'an usi'ni'slardi' alg'a qoydi'. Islam Karimov 2010-ji'li' BMShtin' Bas Assambleyasi' sessiyasi'nda bul haqqi'nda O'zbekistanni'n' ko'z qarasi'n ja'ne bir ma'rte bayan yetti. O'zbekistanni'n' pikirinshe, shet ma'mleketlerdin' a'skeriy ku'shleri Awg'anstanda ti'ni'shli'q wornata almaydi'. Awg'anstanli'lar wo'z mashqalasi'n wo'zleri sheshiwi kerek. Rawajlang'an ma'mleketler bolsa Awg'anstang'a ekonomikasi'n tiklep ali'wi' ushi'n ja'rdem ko'rsetiwi tiyis.

O'zbekistan xali'q arali'q terrorshi'li'q ha'm diniy ekstremizmge qarsi' gu'reste Shanxay Birge islesiw Sho'lkemi, Aral apatshi'li'g'i'ni'n' ja'ne de teren'lesiwinin' aldi'n ali'w boyi'nsha BMSh ha'm Worayli'q Aziya ma'mleketleri menen jaqi'nnan birge islespekte.

«Bug'an qaramay, biz heshqanday a'skeriy-siyasiy blokqa qosi'lmaymi'z, O'zbekistan aymag'i'nda shet yel a'skeriy bazalari'ni'n' jaylasi'wi'na, a'skeriy xi'zmetshilerimizdin' ma'mleketimiz si'rti'nda boli'wi'na jol qoymaymi'z».[1]

Sonli'qtan, O'zbekistan Prezidenti Islam Karimovti'n' baslamasi' menen Worayli'q Aziyani'n' bes ma'mleketi wortasi'nda «Araldi' qutqari'w xali'q arali'q qori'» du'zildi.

Islam Karimovti'n' ha'reketleri menen 2010-ji'li' BMShti'n' Bas xatkeri Pan Gi Mun Aral boyi'na keldi. Bas xatker Aral apat-

---

[1] *Islam Karimov.* Wo'tkenlerdi yeslew, kekselerdi qa'dirlew — bizin' perzentlik wazi'ypami'z. «Xalq so'zi» gazetasi'. 2015-ji'l. 11-may.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



O'zbekistan Prezidenti Islam Karimov ha'm BMSh Bas xatkeri Pan Gi Mun.

shi'li'g'i'ni'n' aqi'betlerin wo'z ko'zi menen ko'rdi. Sapari' juwmag'i'nda Aral mashqalasi'n sheshiwge ja'rdem yetetug'i'nli'g'i'n bildirdi.

Islam Karimov BMShti'n' «Mi'n' ji'lli'q rawajlani'w maqsetleri»ne bag'i'shlang'an uluwma ma'jilisinde ji'ynali's qatnasi'wshi'lari'na qaray: «Aral mashqalasi' — bul sol regionda jasaytug'i'n, BMShday abi'rayli' sho'lkemge u'mit penen ja'rdem sorap mu'raja'a't yetip ati'rg'an millionlag'an adamlardi'n' mashqalasi' boli'p yesaplanadi'», — dep ayti'p wo'tti.

### Wo'zin'izdi si'nan'

- 1999-ji'li' 16-fevralda – ... .
- 2001-ji'li' AQShta ... .
- 2005-ji'li' Andijanda ... .

### Atamalardi'n' mazmuni'n bilip ali'n'

**Aqida** — duri'sli'g'i'na gu'man tuwdi'rmastan, pikir ju'ritpesten iseniwi lazi'm bolg'an qag'i'ydalar.[1]

**Ekologiya** — ta'biyatti', qorshag'an a'tirapti' saqlaw ha'm qorg'aw.

### Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. *Qanday ku'shler insaniyat ti'ni'shli'g'i'na qa'wip salmaqta?*
2. *Regionli'q kelispewshilikler ha'm woni'n' insaniyatqa tuwdi'ri'p ati'rg'an qa'wpi haqqi'nda ayti'p berin'.*
3. *Xali'q arali'q terrorshi'li'qti'n' insaniyat ti'ni'shli'g'i'na tuwdi'ri'p ati'rg'an qa'wpi haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?*
4. *Diniy aqidaparastlardi'n' maqsetleri ne ha'm wolar O'zbekistanda qanday ji'nayatlar isledi?*
5. *Ekologiya mashqalalari'ni'n' payda boli'wi'na neler sebep bolg'an?*
6. *«Aral apatshi'li'g'i'» degenimiz ne ha'm O'zbekistan hu'kimeti woni'n' aqi'betlerin azayti'wg'a qanday jumi'slardi' a'melge asi'rmaqta?*

[1] O'TIL. – T.: «ЎзМЭ». 2006. 1-tom. 126-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**WO'Z BETINSHE JUMI'S**

*(Kesteni tolti'ri'n')*

| Regionli'q mashqalalar ha'm wolardi'n' aqi'betleri | Xali'q arali'q terrorshi'li'q ku'shleri payda yetken qorqi'ni'shli' ji'nayatlar | Diniy aqidaparastlik | | Ekologiyali'q qa'wip | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Maqsetleri | Islegen ji'nayat-lari' | Ekologiyali'q mashqala-lardi'n' payda boli'w sebepleri | Aral apatshi'li'g'i'ni'n' aqi'betlerin kemeytiw boyi'nsha islenip ati'rg'an jumi'slar |
| | | | | | |

## 52-§. XXI A'SIR — ILIM HA'M RAWAJLANI'W A'SIRI

**Ne ushi'n XXI, a'sir ilim ha'm rawajlani'w a'siri dep ju'rgiziledi?** Siz derlik ha'r ku'ni «ilim» so'zin yesitesiz. Xosh, ilim ne wo'zi? Ilim du'nyadag'i' bar bilimler sistemasi'. «Ilim» so'zi worni'na «pa'n» so'zi de qollani'ladi'. Wolar bir ma'nini an'lati'wshi' so'zler boli'p yesaplanadi'. Insaniyatti'n' pu'tkil tariyxi' dawami'nda ilim rawajlani'p bardi'. Insanni'n' fizikali'q miynetin jen'illestiriwge umti'li'wi' texnika tarawi'nda u'lken ashi'li'wlar, woylap tabi'wlardi'n' payda boli'wi'na ali'p keldi.

**Yeste saqlan'!**

Texnika — insanni'n' miynetin jen'illestiretug'i'n ha'm insan ushi'n za'ru'r na'rselerdi jeterli mug'darda islep shi'g'ari'wg'a imkaniyat beretug'i'n mashina, a'sbap, qural ha'm u'skeneler ji'yi'ndi'si' boli'p tabi'ladi'.

Sonli'qtan, texnika — bul ekskovatorlar, ha'r qi'yli' traktorlar, kombaynlar, buldozerler, jen'il ha'm ju'k, jolawshi' tasi'wshi' transport qurallari', samolyot, kosmosli'q raketalar, televizor, kompyuter, elektron yesaplaw mashinalari', internet tarmaqlari' ha'm basqalar.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Bir payi'tlari' a'piwayi' bel-ketpen menen kanal qazg'an insan keyin ekskovator menen kanal qaza basladi'. Bul insan miynetinin' qa'nshelli jen'illestirilgenligin, miynet wo'nimdarli'g'i'ni'n' qanshelli artti'ri'lg'anli'g'i'n bir ko'z aldi'n'i'zg'a keltirip ko'rin'.

Samolyotlarsi'z, kompyuterlersiz, uyali' telefonlarsi'z yaki internetsiz insanni'n' bu'gingi turmi'si'n ko'z aldi'n'i'zg'a keltiriw mu'mkin be? U'lken texnikalar insang'a jer asti'nan tonnalap jer asti' bayli'qlari'n qazi'p ali'wg'a imkan jarati'p berip ati'rg'ani'ni'n' guwasi'si'z. Yaki medicina texnikalari'n alayi'q. Bul tarawda a'melge asi'ri'li'p ati'rg'an woylap tabi'li'wlar insaniyatqa nelerdi bermekte? Da'slep, wol insan denesinin' kesellengen ha'r tu'rli ag'zalari'n, soni'n ishinde, ju'rekti de almasti'ri'w mu'mkinshiligin berdi. Yamasa qanshadan-qansha nawqaslar xirurgiyali'q operaciyalarsi'z yemlenbekte.

Texnika rawajlani'wi' sebepli insan ha'tte Ayg'a qoni'wg'a kosmosli'q apparatlardi' basqa planetalarg'a da ushi'ri'wg'a miyasar boldi'. Adam balasi' bulardi'n' ba'rine ilimnin' rawajlani'wi' arqali' yeristi.

Ilim ha'm texnika rawajlani'wi'ndag'i' bunday jetiskenlikler ilimiy-texnika revolyuciyasi' ati' menen tariyxqa kirdi. Ilimnin' rawajlani'wi'na joqari' itibar bergen ma'mleketler bu'gingi ku'nde ha'r ta'repleme rawajlang'an ma'mleketlerge aylandi'. Xalqi' bolsa abadan turmi's keshirmekte.

Du'nya ju'zinde ilim tarawi'nda ulli' woylap tabi'wlardi' a'melge asi'rg'an ilimpazlar xali'q arali'q Nobel si'yli'g'i' ha'm milliy si'yli'qlar menen si'yli'qlanbaqta. Ilim-bilim XXI a'sirde XX a'sirge qarag'anda ju'da' tez pa't penen rawajlanbaqta. Bunnan bi'lay da ma'mlekettin' ekonomikali'q ku'sh-qu'diretin, yerten'gi ku'nin ha'm ta'g'dirin ilim-bilimnin' rawajlani'wi' sheshedi. Kompyuter ja'rdeminde u'lken ko'lemli mag'luwmatlar jarati'w, ji'ynaw, saqlaw, qayta islew ha'm wolardi' jetkerip beriw a'piwayi' jag'dayg'a aylani'p qaldi'. Ma'selen, kompyuterdin' bir g'ana kishkentay fleshkasi'n ali'n'. Wog'an pu'tin basli' birneshe wonlag'an, ju'zlegen kitaplardi' ha'm mag'luwmatlardi' qa'legen mug'darda jaylasti'ri'w mu'mkin.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Nobel si'yli'g'i' laureati' medali'.

Adamlar wolardan qa'legen jerde paydalana aladi'. Sonli'qtan axborot (xabar) texnologiyalari' barg'an sayi'n i'qshamlasi'p barmaqta. Texnologiyalardi'n' bunday i'qshamlasi'wi' nanotexnologiya (milliardti'n' bir bo'legi) dep ataladi'. Wol yen' zamanago'y texnologiya boli'p, wol barli'q xabar qurallari'n kishireytiwge imkan beredi. Na'tiyjede, keleshekte ha'mme wa'zi'ypalardi' wori'nlay alatug'i'n kompyuterler qol saati'ni'n' u'lkenligindey-aq boladi'. Sonli'qtan, barli'q tarawlarda qollani'latug'i'n a'sbap-u'skenelerge sarplanatug'i'n materiallar shi'g'i'ni' keskin kemeymekte. Nanotexnologiya tarawi'nda jarati'lg'an woylap tabi'li'wlardi' islep shi'g'ari'w, medicina, ekologiya, aviaciya, radiotexnika ha'm basqa ko'plegen a'hmiyetli tarawlarda joqari' na'tiyjelilikti ta'miyinlemekte.

Bunnan shi'g'atug'i'n juwmaq sonday, ilimge umti'li'w jog'alsa, ilim rawajlanbaydi'. Ilim-bilim rawajlanbasa, ma'mlekettin' keleshegin ko'z aldi'na keltiriw qi'yi'n.

Sonli'qtan, XXI a'sirde ilimnin' jetiskenlikleri ma'mleketler rawajlani'wi'ni'n' bas faktori' boli'p qaladi'. Soni'n' ushi'n da XXI a'sir — ilim ha'm rawajlani'w a'siri dep ju'rgiziledi.



**Wo'zin'izdi si'nan'**

- Ilim bul — ... .
- Texnika — ... ..

**«Ku'sh — bilim de woy-pikirde».** Bul hikmetli so'zler Prezidentimiz Islam Karimovqa tiyisli. Bul hikmettegi «Ku'sh» so'zi O'zbekistanni'n' maqseti keleshekte du'nyani'n' rawajlang'an, puqalari' bolsa ti'ni'sh, pa'rawan jasap ati'rg'an ma'mleketler qatari'nan wori'n ali'w yekenligin an'latadi'.

«Bilim» so'zi bul ulli' maqsetlerdin' ju'zege shi'g'i'wi'nda ma'mleketimizde ilimnin' qanshelli joqari' rawajlani'wi'na baylani'sli'g'i'n an'latadi'. «Woy-pikir» so'zi bolsa ma'mlekette qa'nige kadrlardi'n' zamanago'y ilimde toplang'an joqari' da'rejedegi



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Zamanago'y kolledj.

bilimlerdi teren' wo'zlestirip ali'w-lari', wo'zleri de du'nya iliminin' ra-wajlani'wi'na mu'nasip u'les qosi'w za'ru'rligin bildiredi.

O'zbekistan du'nyani'n' rawaj-lang'an, puqaralari' pa'rawan jasay-tug'i'n ma'mleketine aylani'wi' ushi'n barli'q imkaniyatlarg'a iye. Atap aytqanda, ma'mleketmiz jerasti' ha'm jeru'sti bayli'qlari'na bay. Ta'biyiy sharayati' ju'da' qolay. Jeri wo'nimdarli', quyashli' ku'nleri ko'p u'lke. Biraq, ma'mlekettin' joqari' da'rejede rawajlang'an ma'mleketke aylani'wi' ushi'n bulardi'n' wo'zi jeterli yemes. Bul, yen' da'slep, ilimnin' qanshelli da'rejede rawajlani'wi'na bayla-ni'sli'. Ilim rawajlanbay turi'p, u'lken ma'mleket quri'p bolmaydi'.

Yekinshiden, qa'nigelerdin' ilimnin' jetiskenliklerin wo'ndiriste wo'z minnetine, wa'ziypasi'na qanshelli sap hu'jdan menen qatnas jasawi'na baylani'sli'.

**Buni' di'qqat penen woqi'n'!**

Yaponiya ha'm Qubla Koreyani'n' bizlerdegidey u'lken ta'biyiy bayli'qlari' barma? Joq. Lekin, du'nya ju'zinin' yen' aldi'ng'i' texnologiyasi' mine, usi' ma'mleketlerde jaylasqan.

*Islam Karimov.*

Soni'n' ushi'n da O'zbekistan ma'mleketi yelimizde ilimnin' xi'zmetkerlerine — ilimpazlarg'a na'tiyjeli islewi ushi'n za'ru'r sharayatlar jarati'p beriwdi tiykarg'i' wa'zi'ypalardan biri dep yesaplaydi'.

G'a'rezsizlik ji'llari'nda O'zbekistan Ilimler akademiyasi'ni'n' haqi'yqi'y ilim worayi'na aylani'wi' ushi'n ko'p jumi'slar a'melge asi'ri'ldi'. Prezident Islam Karimov Ilimler akademiyasi' ali'mlari' menen birneshe ma'rtebe ushi'rasti'. Akademiyani'n' jumi's na'tiyjeligin asi'ri'wg'a qarati'lg'an hu'kimet qarari' da qabi'l yetildi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Soni'n' menen birge ilimpazlardi'n' du'nya ju'zi iliminin' jetiskenliklerinen toli'q xabardar boli'wi'na da u'lken a'hmiyet berildi. Bul ma'selede ha'rbir ilimpazdi'n' shet tilin puqta biliwi xoshametlenbekte.

1997-ji'li' Respublikami'zlda «U'mit» qori' du'zildi. Bunnan go'zlengen maqset — talantli' jaslardi' tan'lap ali'p, wolardi'n' shet yellerde woqi'wi'n qollap-quwatlaw yedi. Keyinnen «Istedod» (talant) dep atali'wshi' O'zbekistan Respublikasi' Prezidentinin' qori' du'zildi. Jaslardi' shet yellerde woqi'ti'w arqali' du'nya ju'zi ta'jiriybesin u'yrengen, joqari' bilimli qa'nigeler sani'ni'n' ko'beyiwine yerisildi. Joqari' woqi'w wori'nlari'nda ilimnin' ha'r tu'rli tarawlari'n jetik iyelep ati'rg'an, ilim-izertlew jumi'slari'n ali'p bari'p ati'rg'an yen' bilimli studentleri ha'm jas ilimpazlar wo'z bag'dari' boyi'nsha O'zbekistan Prezidenti stipendiyasi', «Nawayi', Beruniy» ha'm «Kamolot» stipendiyalari'n ali'wg'a miyasar bolmaqta. Hu'kimetimiz ilim ha'm texnika tarawi'nda u'lken jan'ali'qlardi' a'melge asi'ri'p ati'rg'an ilimpazlardi' da si'yli'qlaw ushi'n O'zbekistan Respublikasi' Ma'mleketlik si'yli'g'i'n sho'lkemlestirdi.

Qi'sqa waqi'tlar ishinde O'zbekistanda ilimnin' rawajlani'wi'nda du'nya ju'zinin' yen' aldi'ng'i' ma'mleketlerinin' birine aylanatug'i'ni'na hesh gu'man joq. Bunda bolsa, a'lbette, sizlerdin' ayri'qsha bahalarg'a woqi'wi'n'i'z u'lken a'hmiyetke iye.

### Tariyxi'y shaxs ha'm atamalardi'n' mazmuni'n bilip ali'n'

**Alfred Nobel** — shveciyali' woylap tabi'wshi', du'nyada birinshi boli'p dinamit (jari'li'wshi' zat) woylap tapqan. Wo'liminen aldi'n wo'z bayli'qlari' yesabi'nan xali'q arali'q si'yli'q sho'lkemlestiriwdi wa'siyat yetken.

**Stipendiya** — joqari' woqi'w wori'nlari' studentlerine belgilengen ta'rtipte ha'r ayda to'lep bari'latug'i'n pul.

**Ilimiy-texnikali'q revolyuciya** — ilim ha'm texnika tarawi'nda tu'pkilikli wo'zgerisler.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## PAYDALANI'LG'AN A'DEBIYATLAR

1. *Karimov I.A.* «Yuksak ma'naviyat — yengilmas kuch». — T.: «O'zbekiston» NMIU. 2008.

2. *Karimov I.A.* «Amir Temur — faxrimiz, g'ururimiz». — T.: «O'zbekiston» NMIU. 1998.

3. O'zbekiston Respublikasi Konstitutsiyasi. — T.: «O'zbekiston» NMIU. 2014.

4. *Иванин М.* «Икки буюк саркарда». — T.: «Fan» nashriyoti. 2000.

5. O'zbekiston milliy ensiklopediyasi. — T.: «ЎзМЭ». 1—12-jildlar. 2002—2005.

6. O'zbek tilining izohli lug'ati. — T.: «ЎзМЭ». 1—5-jildlar. 2006—2007.

7. *Mahkamov A.* Rasmlarda Vatan tarixi. – T.: «Cho'lpon» nashriyoti. 1996.

8. «Bola huquqlari to'g'risida»gi xalqaro Konvensiya. – T.: «Adolat» nashriyoti. 1991.

9. «O'zbekiston Respublikasining davlat ramzlari to'g'risida»gi qonuni. — T.: «O'zbekiston» NMIU. 2012.

10. *Q. Rajabov* va boshq. O'zbekiston tarixining eng asosiy sanalari». — T.: «O'zbekiston» NMIU. 2012.

11. *Q. Rajabov* va boshq. Jahon tarixining muhim sanalari. – T.: «Sharq» NMAK. 2011.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# MAZMUNI'

Kirisiw: Tariyxi'y wo'tmishsiz keleshek joq. .......... 3

## I bap. Tariyx pa'ni neni u'yretedi?

1-§. Tariyxi'y derekler .......... 7
2-§. Kalendarlar tariyxi'nan .......... 9
3-§. Tariyxta ji'l yesabi' .......... 12
4-§. Du'nya ju'zi kartasi'ni'n' tariyxi' .......... 15

## II bap. Yen' a'yyemgi da'wirlerde du'nya ju'zi xali'qlari'

5-§. Yen' a'yyemgi adamlar ha'm wolardi'n' jasag'an jerleri .......... 19
6-§. A'yyemgi adamlardi'n' turmi's ta'rizi .......... 22
7-§. Arxeologiya tariyxi'nan .......... 25

## III bap. Adamzat ma'deniyati'ni'n' qa'liplesiwi

8-§. Jartastag'i' su'wretler .......... 28
9-§. Jazi'w — adamzatti'n' ulli' woylap tabi'wlari' .......... 31
10-§. «Avesto» — ata-babalari'mi'z jaratqan tun'g'i'sh tariyxi'y jazba derek .......... 35
11-§. Muzeyler .......... 38

## IV bap. Da'slepki civilizaciyalar, qalalar ha'm ma'mleketler

12-§. Evropa ha'm Amerikadag'i' da'slepki civilizaciyalar .......... 42
13-§. A'yyemgi qalalardi'n' payda boli'wi' .......... 46
14-§. Du'nya ju'zinin' a'yyemgi ma'mleketleri .......... 50
15-§. A'yyemgi du'nyani'n' jeti ka'ramati' .......... 52
16-§. O'zbekistan aymag'i'ndag'i' a'yyemgi ma'mleketler .......... 56

## V bap. Sawda ha'm baylani's

17-§. Ten'geler — tariyx guwasi' .......... 60
18-§. Sawda jollari' .......... 63
19-§. Jan'a ten'iz sawda jollari'ni'n' ashi'li'wi' .......... 67
20-§. Islep shi'g'ari'w texnikasi'ni'n' payda boli'wi' .......... 70
21-§. Transport qurallari'ni'n' woylap tabi'li'wi' .......... 73
22-§. Baylani's qurallari'ni'n' woylap tabi'li'wi' .......... 77



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**VI bap. Watani'mi'zda ha'm Evropada ilimnin' rawajlani'wi'**

23-§. Mektep — bilim woshag'i' ........ 81
24-§. Jurti'mi'zdi'n' ulli' woyshi'llari' ........ 86
25-§. Mi'rza Ulug'bek ha'm woni'n' akademiyasi' ........ 90
26-§. Jurt abadanshi'li'g'i', a'debiyat ha'm ko'rkem-wo'ner ........ 93
27-§. Evropadag'i' ilimiy ashi'li'wlar ........ 97
28-§. Tu'rkstan ag'arti'wshi'lari' ........ 100

**VII bap. Azatli'q ushi'n gu'resken qaharmanlar**

29-§. Tumaris ha'm Shi'raq yerligi ........ 104
30-§. Spitamennin' qaharmanli'g'i'. ........ 107
31-§ Arablarg'a qarsi' xali'q azatli'q gu'resi ........ 110
32-§. Jalaliddin Manguberdi xalqi'mi'zdi'n' milliy qaharmani' ........ 113
33-§. Sahi'pqi'ran Amir Temur ........ 117
34—35-§. Rossiya imperiyasi' ha'm sovet kolonizatorli'g'i' ........ 120

**VIII bap. O'zbekistanni'n' a'yyemgi qalalari', tariyxi'y yestelikleri**

36-§. O'zbekistanni'n' tariyxi'y qalalari' ........ 125
37-§. O'zbekistan paytaxti' Tashkent — 2200 jasta ........ 130
38—39-§. O'zbekistanni'n' tariyxi'y arxitekturali'q yestelikleri ........ 135

**IX bap. Insaniyat tariyxi'ndag'i' ja'ha'n uri'slari'**

40-§. Birinshi ja'ha'n uri'si' ........ 140
41-§. Birinshi ja'ha'n uri'si' ha'm Tu'rkstan ........ 143
42-§. Yekinshi ja'ha'n uri'si' ........ 146
43-§. Gitler Germaniyasi' u'stinen yerisilgen jen'iske O'zbekistanni'n' qosqan u'lesi ........ 150

**X bap. Ja'ha'nde ti'ni'shli'q ha'm birge islesiw ushi'n gu'res**

44-§. Birlesken Milletler Sho'lkemi (BMSh) ........ 154
45-§. BMSh ha'm du'nya ju'zi balalari' ........ 158

**XI bap. O'zbekistan g'a'rezsiz rawajlani'w joli'nda**

46-§. O'zbekistan g'a'rezsizliginin' qolg'a kirgiziliwi ........ 161
47-§. O'zbekistan ekonomikasi'ndag'i' jetiskenlikler ........ 165
48-§. Ruwxi'y ha'm ag'arti'wshi'li'q jaqtan jetilisiw ........ 169
49-§. O'zbekistan ha'm du'nya ju'zi ........ 174

**XII bap. Du'nya ju'zi xali'qlari' XXI a'sirde**

50—51-§. Du'nya ju'zi qa'wipsizligine qa'wip ........ 178
52-§. XXI a'sir — ilim ha'm rawajlani'w a'siri ........ 183
Paydalani'lg'an a'debiyatlar ........ 188



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Usmon Toshpo'latovich JO'RAYEV,**
**Qamar USMONOV,**
**Adham Yarashboyevich NURQULOV,**
**Gulira'no Usmonovna JO'RAYEVA**

# TARIXDAN HIKOYALAR

***Umumiy o'rta ta'lim maktablarining 5-sinfi uchun darslik***

*(Qoraqalpoq tilida)*

***2-nashri***

*Awdarmashi'* ***M. Ni'zanov***
*Redaktor* ***S. Aytmuratova***
*Ko'rkemlik redaktor* ***Jahongir Badalov***
*Texnikali'q redaktor* ***Yelena Tolochko***
*Korrektor* ***E. Dawletbaeva***
*Operator* ***G. Serimbetova***

Licenziya nomeri AI № 163. 09.11.2009. Basi'wg'a 2015-ji'l 22-iyunda ruxsat yetildi. Wo'lshemi 70x90$^1/_{16}$. Tayms garniturasi'. Kegli 12. Sha'rtli baspa tabag'i 12,0. Yesap baspa tabag'i' 11,71. Sha'rtnama № 45—2015. Tiraji' 9771 nusqada basi'ldi'. Buyi'rtpa № 15–276.

O'zbekistan baspaso'z ha'm xabar agentliginin' Sholpan ati'ndag'i' baspa-poligrafiyali'q do'retiwshilik u'yi. 100129, Tashkent, Nawayi' ko'shesi, 30.
Telefon: (371) 244-10-45. Faks (371) 244-58-55.

O'zbekistan baspaso'z ha'm xabar agentliginin' «O'zbekiston» baspa-poligrafiyali'q do'retiwshilik u'yinde baspadan shi'g'ari'ldi'. 100129, Tashkent, Nawayi' ko'shesi, 30.

**Jurayev, U.**
J96 Tariyxtan gu'rrin'ler: uluwma worta bilim beriw mekteplerinin' 5-klasi' ushi'n sabaqli'q /U. Jurayev [ha'm basqa.]; arnawli' redaktor O. Mawlenov. – T.: Sholpan ati'ndag'i' BPDU', 2015 – 192 b.
ISBN 978-9943-05-739-5

**UOK: 372.893=512.121(075)**
**KBK 63.3(5O'zb-6Kar)ya72**

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

*1-qosi'msha*

***Ijarag'a berilgen sabaqli'qti'n' jag'dayi'n ko'rsetetug'i'n keste***

| T.s. | Woqi'wshi'ni'n' ati', familiyasi' | Woqi'w ji'li' | Sabaqli'qti'n' ali'ng'andag'i' jag'dayi' | Klass basshi'si'-ni'n' qoli' | Sabaqli'qti'n' tapsi'ri'lg'an-dag'i' jag'dayi' | Klass basshi'si'-ni'n' qoli' |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | | | | | | |
| 2. | | | | | | |
| 3. | | | | | | |
| 4. | | | | | | |
| 5. | | | | | | |
| 6. | | | | | | |

***Sabaqli'q ijarag'a berilip, woqi'w ji'li' aqi'ri'nda qaytari'p ali'ng'anda joqari'dag'i' keste klass basshi'si' ta'repinen to'mendegi bahalaw wo'lshemlerine tiykarlani'p tolti'ri'ladi'***

| | |
|---|---|
| **Jan'a** | Sabaqli'qti'n' birinshi ret paydalani'wg'a berilgendegi jag'dayi' |
| **Jaqsi'** | Muqabasi' pu'tin, sabaqli'qti'n' tiykarg'i' bo'liminen aji'ralmag'an. Barli'q betleri bar, ji'rti'lmag'an, betleri almasti'ri'lmag'an, betlerinde jazi'w ha'm si'zi'qlar joq. |
| **Qanaat-landi'rarli'** | Muqaba jelingen, bir qansha si'zi'li'p, shetleri qayri'lg'an, sabaqli'qti'n' tiykarg'i' bo'liminen ali'ni'p qali'w jag'dayi' bar, paydalani'wshi' ta'repinen qanaatlandi'rarli' qa'lpine keltirilgen. Ali'ng'an betleri jelimlengen, ayi'ri'm betlerine si'zi'lg'an. |
| **Qanaat-landi'rarsi'z** | Muqabag'a si'zi'lg'an, ji'rti'lg'an, tiykarg'i' bo'limnen aji'ralg'an yamasa pu'tkilley joq, qanaatlandi'rarsi'z won'lang'an. Betleri ji'rti'lg'an, betleri toli'q yemes, si'zi'p, boyap taslang'an. Sabaqli'qti' tiklew mu'mkin yemes. |

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE